

P K  
3796  
J3  
1924  
MAIN

UC-NRLF  
  
B 4 684 484

Y LIBRARY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / [https://hdl.handle.net/2027/uc1\\_b4684484](https://hdl.handle.net/2027/uc1_b4684484)  
Public Domain in the United States, Google-digitized / [http://www.hathitrust.org/access\\_use#pd-us-google](http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google)



No. 655.

Regi f 1.—

# Serat Kâlidâsâ

inggih serat

## Çakuntâlâ.

Kagoebah ing temboeng Djawi sinawoeng  
sekar matjapat déning

R. M. KARTADIRDJA.



WEDALAN

BALÉ POESTAKA

(VOLKSLECTUUR)

ewenangipoen pangarang sinenger, mitoeroet bab 11 Angger ingkang kapatjak ing  
Staatsblad 1912 No. 600.

Exchange from  
Balai Pustaka  
11-7-49

## SERAT-SERAT BASA DJAWI WEDALAN BALÉ POESTAKA.

Panoembasipoen datang Balé Poestaka ing Weltevreden.

Jatra reregènipoen kakintoenna roemijn sarana postwissel.

Meling rembours inggih kénging, nanging kedah

bajar wragading pangintoen. Inggang karsa

meling, njeboetna serie nomer oetawi na-

maning serat inggang kakarsakaken.

**Serie No. 1. Petikan serat Mahabharata.** R. Ng. Djaja-  
poespita. Tj. 2. Dj. 265 k. 8°. . . . . f 2.—

Njarjosaken petikan serat Mahabharata 3 Parwa, 1 Asrama-  
wasana Parwa, 2 Masala Parwa, toewin 3 Prastanika Parwa.  
Inggih poenika lelampahanipoen para Pandawa, sabibaring prang  
bratajoed.

Serat poenika tjarijos saking Indoe, saha moerih para maos  
saged nimbang kawontenan poenika kalijan inggang katjarijos  
ing tanah Djawi (lampahan ringgit Poerwa Kalima-taja), tem-  
boengipoen: sasisih gantjaranipoen, sasisih kawinipoen.

Boekoe poenika kadjawi adi tjarijosipoen, oegi prasasat pa-  
noentoenipoen para inggang sami marsoedi basa kawi.

**Serie No. 51. Pétroek dados ratoe.** Tj. 3. L. 12 k. 8°. (Rinengga ing gambar 16 idji). . . . . f 0,20.

Serat poenika sadjatosipoen baloengan pakem ringgit Poerwa,  
lampahan Pétroek dados ratoe, mila oegi nama serat Leloetjon.

Boten namoeng para laré inggang seneng sanget maos serat  
poenika, sanadyan tijang sepoeh oegi sami kémawon, djalaran  
kadjawi kajah tjarijos inggang perloe-perloe toemrap tijang  
sepoeh, oetawi laré, pantjèn loetjoe sajektos.

**Serie No. 59. Pakem Ringgit Poerwa I.** Tj. 2. L. 22  
k. 8°. (Rinengga ing gambar 9 idji). . . . . f 0,20.

Isi tigang lampahan: 1 Srimaha Poenggoeng, 2 Bremana-  
Bremani toewin 3 Kanoemajasa.

**Serie No. 59a. Pakem Ringgit Poerwa II.** Tj. 2. L. 25  
k. 8°. (Rinengga ing gambar 7 idji). . . . . f 0,20.

Isi tigang lampahan: 1 Arimba, 2 Palasara toewin 3 Déwa  
Brata.

**Serie No. 59b. Pakem Ringgit Poerwa III.** Tj. 2. L.  
42 k. 8°. (Rinengga ing gambar 9 idji). . . . . f 0,30.

Isi tigang lampahan: 1 Narasoma, 2 Bima boengkoes toewin  
3 Pandoe papa.

\*107  
244

PK3796  
J3  
1924  
MAIN

## PAMBOEKA.

Pandjenengan manawi kaleres wonten ing wana ageng, kados inggih asring priksa wit-witan ageng-ageng sarta inggil-inggil, poenapamalih djengker-djengker delegipoen, katingalipoen andjedjer inggilipoen ngoengkoeli wit-witan toewin tetoewoehan sanèsipoen; pangipoen kanginan koemrasak mobat mabit kados badé sempal-sempala. Sampoen kerep kémawon katradjang ing prahara sempal pangipoen, éwadéné inggih ladjeng rambah-rambah semi malih toekoel goðongipoen angrembaka, kados kadamel rerenggan poetjoekipoen ingkang sampoen sepoeh-sepoeh sanget, dados enèm malih déning ketoewoehan goðong enèm ingkang mangka pasrènipoen. Makaten malih manawi ngèneti babad kamadjenganipoen satoenggal-toenggaling bangsa, ladjeng soemerep, bilih ing loemahing boemi kita poenika bangsa maonoengsa toewin gegolonganing manoengsa asontan-santoen kagentosan ingkang enèm. Ing péranganing boemi ingkang naté kadoenoengan bangsa maonoengsa ingkang sampoen inggil kawroeh toewin kagoenanipoen ladjeng sirna kawroeh toewin kagoenanipoen, awit saking sabab warni-warni; éwadéné inggih ladjeng moentjoel wonten bangsa malih ingkang kawroeh toewin kagoenanipoen sampoen langkoeng 3000 taoen sepoehipoen boten saged sirna, malah oepaminipoen kekadjengan ladjeng troeboes malih déning mantepipoen anggèning kanggénan kawroeh toewin kagoenanipoen waoe kançi pangadjeng-adjeng babaripoen malih. Bangsa waoe doemoenoeng wonten ing tanah Inðoe ingkang soeboer sitinipoen, inggih poenika nagari ingkang sampoen katjarijos ing kala djamanipoen Praboe Iskandar Abdoel Karnèn, inggih Praboe Iskandar Agoeng (Alexander de Groot), panggénan kaélok-an, panggénan ngèlmoé patenoengan, panggénan moetyara toewin sesotya, panggénan kawroeh kasardjanan toewin kaadilan.

Sampoen lami sanget djamanipoen nalika Sang prawirèng djoe-rit ing Maçedonië Praboe Iskandar Agoeng mbedah nagari-nagari ing oeroet pinggiring lèpèn Sindhoe (1) toewin lèpèn Gangga (2),

- (1) Sindhoe oetawi Sindh, ing temboeng Walandi: Indes.
- (2) Sang Praboe Iskandar Agoeng Nata ing Maçedonië, poetranipoen Sang Praboe Philippus apatoetan kalihan Sang poetri Olympios, kababaraken kala ing taoen 356 ing sadèrèngipoen taoen Ngisa, sédanipoen ing taoen 323 oegi ing sadèrèngipoen taoen Ngisa. Ing taoen 325 ing sadèrèngipoen taoen Ngisa, Sang Praboe nelokaken nagari-nagari ing saeroeting lèpèn Sindhoe sarta lèpèn Gangga.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b4684484  
Public Domain in the United States; Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access\_use#pd-us-google

sarta sampoen lami sanget djamanipoen, malah mèh kesoepeñ nalikanipoen Sang Praboe Iskandar Abdoel Karnèn ngedoem djarahanipoen dateng para ingkang nggentosi ing kaprabon Nata.

Bangsa ingkang ageng-ageng sami sirna dados alit, gentos nagari-nagari ingkang koewasa sanèsipoen, ngatingalaken geng-ing pangoewasanipoen, temahan inggih sirna leboer pangoe-wasanipoen, inggih ladjeng wonten bangsa énggal ingkang sampoen kanti kawroeh toewin tatatjara ingkang saé, angenggèni ing djoegroeganing tilaran kina waoe agentos-gentos, satoenggilipoen sirna, sanèsipoen mantjoengoel; éwadéné bangsa Indoe taksih saged nahan pandoewanipoen mangsa-kala, sanadyan oepaminipoen ing wana-wana satjelaking lèpèn Djamoena kalihan lèpèn Gangga katempoeh ing prahara sindoeng riwoet aliwawar, soeprandéné wit witanipoen inggih meksa saged troeboes asemi malih.

Para moerka pangrajoet bangsa Arab ingkang tansah ngoembar angkaraning boedi, toewin gegolonganing bangsa Mongool ingkang alampah djarag-rajah sami anglebeti nagari-nagari ing Indoestan, saha nelokaken tetijang ngrikoe sabagéan, kaendih sarta ladjeng pinaréntah kalihan kentjeng saha kereng, poenapa-malih awit saking tjoepeating boedinipoen para pangrèh bangsa Islam, kawroeh toewin kagoenan Indoe kasirnakaken, mangka saweg megar-megaripoen; éwadéné poendi warnining kaloehoeran sarta kamoeljanipoen bangsa Islam ingkang ngerèhaken ingrikoe, poendi warnining karatonipoen bangsa Mongool? poenapa taksih loeloes doemoegi sapoenika? Nagarinipoen Ratoe Islam ingkang ngerèhaken ing Indoestan, kitanipoen ing Mongool, djinarah-rajah ing mengsah, toeroenipoen Ratoe Islam ingkang wekasan ndoemoegèkaken gesangipoen wonten ing pamboetjalan, temahan tjoeptet lelampahanipoen.

Makaten malih bangsa warni-warni ingkang kendel-kendel saking kilèn, sami ndatengi ing Indoestan, déning kepéngin sanget dateng kasoegihanipoen pamedaling siti ing tanah waoe. Tetijang palajaran waoe ladjeng sami ngedegaken kantor padagangan, sarta nglempakaken kasilipoen majoeta-joeta; sawatawis — boten namoeng satoenggal kalih — manawi boten saged kasil kani-anipoen ladjeng mangoen perang ndjarah-rajah, sarta ingkang ndedateng waoe sami djor-djoran kalihan ingkang sami ndatengi, temahan perang memengsahan rebat kasiling kanijatanipoen. Ing woesana wonten sawatawis ingkang ladjeng kawon kepeksa késah saking Indoestan tanpa wangsoel malih. Wonten malih sawatawis ingkang boten angsal-angsalan kajah, namoeng angsal bawah ingrika-ngrika ingkang boten sapintena agengipoen, kados namoeng minangka tetilasing djaja-kawidjajanipoen toewin tabeting panindak angkara moerka.



Salah satoenggaling bangsa ingkang ndedateng waoe ngantos saged ngendih maroe, tandingipoen ingkang sami ngoepados kasil wonten ing Indoestan, sarta ngantos saged damel apesipoen para Ratoe ingrikoe: itjal daja kamardikanipoen, malah sasampoenipoen Sang Radja Poetri Victoria ing nagari Inggris noenggilaken tilas bawahipoen koempeni Inggris ing tanah wétan, minangka panoenggilaning sesotya rerengganing makoetanipoen Sang Radja Poetri, sadaja tetijang siti bandjar pandjang ing Indija: ngidep dateng papréntahan Inggris; éwadéné papréntahan Inggris kénging dipoen wastani damel saé dateng bangsa Indoe, awit ing sadèrèngipoen kawengkoé dateng papréntahan Inggris, ing Indoestan prasasat tanpa tentrem, kadjawi saking kajah toewoehing reresah, inggih oegi saking toewoehing peperangan memengsahan kalihan bangsanipoen pijambak. Mila tetijang Indoe saged ngraosaken pijambak menggah agenging soepangati-poen kagoenan pangrèhing bangsa Kristen dateng tetijang ing satlatahipoen tanah Indoestan sadaja. Menggah panindak ing kaotamènipoen nagari Inggris ingkang noehoni poenika, sanadyan nagari Inggris satengah roemaos satengah boten, éwadéné kita inggih sampoen soemerep pijambak, bilih kajah sanget kaotamènipoen nagari Inggris, inggih poenika satoenggaling bangsa pangrajoet ingkang ndedateng, teka malah njebar kaotamèn toemrap dateng nagari ingkang rinajoed; pramila pantes kémawon kita pèngeti malih namanipoen, inggih poenika pangangkah tjaroebipoen dados satoenggal tanah wétan kalihan kilèn.

Bangsa Europa ingkang wiwit abad kaping 15 dedoenong wonten ing Indija, sawangipoen kados boten gadah raos kepéngin ngoedi kawroehipoen bangsa Indija ingkang lebet-lebet, boten ngemoengaken kawroeh ingkang tjètèk-tjètèk kémawon. Menggah soengkanipoen waoe poenapa djalaran saking gegajoetan kalihan kawroeh kriðaning pradja ingkang makéwedi, temahan tjoepet kawroehipoen, wekasan pikantoehipoen namoeng angsal oendoe-han wowohan ingkang getir raosipoen. Poenapa kapagol saking nalar sanèsipoen? Kados poenika kémawon sampoen tjekap kanggé antjer-antjer sababing soengkanipoen waoe, déné kabodoanipoen inggih sami kémawon kalihan soengkanipoen. Inggih makaten-makaten, tetijang Europa ingkang dedoenong ing tanah Indija kala ing wekasanipoen abad ingkang kaping 15 ing taoen Ngisa, gadah panginten manawi sampoen tjekap seserepanipoen dateng wewatakan sarta inggiling seserepanipoen tetijang ing Indija, ingkang sajektosipoen boten sami menggah ing wewatakan saha kamadjenganing seserepan waoe. Poenapa malih ladjeng gadah panginten, manawi nitik saking kamadjenganipoen bangsa wétan, inggih poenika bangsa Azié dateng kawroeh kagoenan, kaanggep ing poendi-poendi sami kémawon; temahan ladjeng gadah panginten manawi bangsa

Azië waoe boten saged doemoegi angoedi dateng indaking serepan sanèsipoen malih. Tetijang Europa ing djaman samanten wonten ing Indija ngadjeng (Voor-Indië) sampoen manggih golonganing bangsa ingkang sampoen mawi tata, ananging tetijang Europa waoe sami boten patos ngopèni oetawi boten patos merdoeli dateng kawroeh wewatekan saha aloesing beboedènipoen tetijang Azië. Pramila tetijang ing Azië inggih boten saged kalebetan ing wewarah kamadjenganing kawroeh kagoenan ing tanah kilèn, inggih poenika tanah Europa. Saweg abad ingkang wekasan poenika kémawon begdjanipoen wonten satoenggiling tijang Inggris nama William Jones, ingkang nggatosaken dateng kawroeh kawontenanipoen tetijang Indoe ing djaman kina, sarana kala ing taoen Ngisa 1784 ngedegakan pagoejoeban angrembag kawroeh toewin kagoenanipoen tetijang bangsa Azië (Aziatisch Genootschap), poenapamalih awit saking pamertalipoen ingkang linangkoeng serat ringgit lampahan *Çakuntalâ* oetawi *Sesoepé ingkang ndrawasi*, toewan William Jones ladjeng saged angsal wewaton sarta margi pamarsoedinipoen dateng basa Sanskrit wonten ing tanah Europa, éwadéné ingriki dédé papanipoen menggah lelabetanipoen toewan William Jones dateng kaperloeaning kawroeh sarta dateng bangsa Indoe toemrap bangsa Inggris waoe koela andarna sadaja.

Toewan William Jones poenika satoenggiling ahli pangadilan ingkang katah kasagedanipoen sarta tresna dateng sesaminipoen manoengsa.

Poenapamalih ingriki inggih boten perloe nggantjaraken bab kamadjenganing pamarsoedinipoen kawroeh basa Sanskrit<sup>1)</sup>.

Tetijang Indoe mastani awakipoen pijambak bangsa Arja (Ariërs) inggih poenika kalebet golonganing bangsa pangipoen bangsa Indoe-Djerman (Indo-Germaansch) ingkang ngenggèni ing sabagéaning tanah Europa ingkang ageng pijambak; malah ing abad ingkang kantoen-kantoen saselot-selotipoen sampoen pentjar wonten ing tanah Amerika sarta ing Australië. Ingadjeng sasampoenipoen bangsa Arja nilar siti padoenoenganipoen, inggih poenika paredènipoen tanah Azië, ladjeng mlebet saking lèr kilèn dateng Indija, watawis 1500 taoen ing sadèrèngipoen taoen Ngisa ladjeng ngenggèni pasitèn ngaré ingkang eloh ing tanah Pandjap; wonten ingrikoë bangsa Arja angroempaka serat soetji Veda sinawoeng sekar, wonten ing Pandjap pangoewasanipoen bangsa Arja sangsaja ageng, saking Pandjap pangoewasanipoen ngelar mangétan, tetijangipoen siti kinoeja-koeja oetawi kateloekaken kadosdéné pakartining pangoengilanipoen bangsa ing djaman ingkang kantoen-kantoen, inggih poenika bangsa Inggris, ingkang

<sup>1)</sup> Bab poenika sampoen kaseboet ing Indische Skizzen anggitanipoen toewan A. Weber.

oegi ngoeja-oēja oetawi neloek-neloekaken tetijang koelit abrit ing Amerika sarta ndesek bangsa waoe. Éwadéné bangsa Arja boten naté saged kasembadan mbawahaken tanah bandjar pandjang ing Indoe; pramila doemoegi sapriki mèh sadaja tanah Indoestan ingkang sisih kidoel inggih poenika ing Dekkhan: inggih taksih dipoen enggèni tetijang bangsa kina, ingkang dipoen wastani bangsa Dravidi (Dravidische bevolking), déné bangsa Indoe ingkang teloek dateng bangsa Arja waoe kadjawi saking adeding peđang, oegi raket saking déning kawon ing pangawikan; para bangsa Arja oegi ladjeng ngedegaken jejasan toemrapping agami toewin toemrapping kaperloeanipoen ingakatah wonten ing Dekkhan, makaten malih pranatan-pranatanipoen. Ing nalikanipoen para resi ing agami Boeda sami mentjaraken piwoelang agami énggal ngantos tebih medal saking kikising tanah Indija ngadjeng, malah inggih ngantos doemoegi ing tanah Indija wingking, ing Tibèt, ing nagari Tjina toewin Djepan, tetijangipoen sami kalebetan piwoelang agami Boeda. Manawi nitik kawontenanipoen ing tanah Djawi toewin ing kapoeloan Soenda inggih kadeđeran widjining kawroeh toewin kagoenan saking bangsa Arja, dados boten nggoemoenaken bilih ing satlatahing tanah Azië ingkang kidoel wétan katah oetawi sakeđik taksih wonten tapak-tilasipoen kawroeh toewin kagoenan Indoe. Kamadjenganing kawroeh toewin kagoenan Indoe waoe pentjaripoen noemrapi kasaénan dateng nagari-nagari ing Azië ingkang kasrambah ing nalika samanten, oetawi malih sampoen sapinten kémawon laminipoen anggèning tetijang bangsa Arja kapepetan pasrawoenganipoen kalihan golongananing bangsanipoen noenggil trahing tanah Europa, milanipoen menggah ing paraéan, wewatekan, ing basa toewin kasoesastranipoen, boten pisan-pisan wonten titikipoen bilih taksih noenggil trahing sabangsa kalihan tetijang Europa. Menggah ingkang perloe kataliti poenika sababipoen déné basa Arja ing djaman poenika teka kaandahaken saking basa Sanskrit, saemper temboeng-temboeng Itali inggih kaandahaken saking temboeng-temboeng Latin. Makaten malih perloe oegi kasoemerepan bab kasoesastranipoen bangsa Arja déné roeroempakanipoen ingkang sinawoeng ing sekar toemrap pangrengganipoen para wirotama, poenapamalih tjetjrijosan Indoe bab lelampahan ingkang ngeres-neres teka doemadakan wonten titikipoen sami kalihan tataning roeroempakan bab ingkang kaseboet inginggil dedamelanipoen bangsa Indo Germanen sanèsipoen, samining tjara tatanipoen roeroempakan waoe doemadakan, ananging kita ladjeng saged mastani, manawi ingkang makaten poenika loegoenipoen dados pratjihna éwoning noenggil pikadjengan toewin raos. Loegoening tjarijos lelampahan ingkang ngeres-eresi jektosipoen boten saged toeloes waradin dateng ing poendi-poendi, sagedipoen lestantoen namoeng wonten ing panggènan, ingkang tijangipoen sampoen

inggil kawroehipoen dateng tata-tjara ingkang aloes. Tijang gesang boten namoeng kedah nanggoelang dateng pakartining boedi awon, ingkang langkoeng banter pandoewanipoen moerih nje-lakaken boedi karahajon. Ananging kita inggih kedah pawitan santosa ing manah sarta soegih pamanggih lélémpahaning agesang, soepados saged ngakeni, bilih sadéngahing krekak kita pijambak ingkang badé ndoewa dateng pikadjengan ingkang limrah, poenapa dadosing lélémpahan waoe kaanggep saking dajaning pepesèn ingkang boten kénging boten, poenapa saking wewaton kawroeh adab, ingkang pepoentonipoen ndadosaken tiwas oetawi kawiranganipoen ingkang nerak.

Tjarijos lélémpahan Indoe ingkang ngeres poenika mitoeroet dedongéngan, asalipoen saking peparinging Déwa, inggih poenika wangsitipoen Baṭara Brahma dateng Sang Barata, ingkang langkoeng soetji ing boedi pakartinipoen. Jèn makaten sampoen tetéla sanget bilih tjarijos waoe linoehoeraken déning bangsa Indoe, ananging menggah jakinipoen, asalipoen sarta dadosipoen tjarijos ringgit ingkang mawi rinengga ing sekar waoe dèrèng wonten ingkang saged nerangaken, boten langka bilih tjaraning pangroempaka sarta tataning lélémpahan ringgit tijang Indoe waoe mendet toelada saking serat-serat lampahan ringgit tijang (tooneel) ijasanipoen tijang Joenani (Griek), malah salah satoeng-galing ahli basa Sanskrit ingkang sampoen misoewoer, amastani bilih panginten ingkang kaseboet inginggil poenika leresipoen, ananging manawi sampoen kasoemerepan ingkang sajektos, bilih tataning pangroempaka lélémpahan ringgitipoen tijang bangsa Indoe poenika sami, déné tataning lélémpahan ringgitipoen tijang bangsa Joenani poenika boten sami, panginten kados ingkang kaseboet inginggil waoe teka boten ~~tjondong~~. Tjarijos lélémpahan Indoe ingkang mawi enges, oetawi ngeres-eresi manah poenika tatanipoen pangroempaka mijambaki, tjotjog kalihan kawontenaning tjaranipoen bangsa Indoe pijambak, boten pisan-pisan ketinggal bilih tjarijos waoe asalipoen tedakan saking kawroehipoen bangsa sanès, malah inggih sampoen plek satata-tjaraning bangsa Indoe balaka; poenapamalih inggih boten kénging katamtokaken kala ing djaman poenapa wontenipoen serat tjarijos ingkang ngeres waoe, sarta kadospoendi kadadosanipoen. Sadaja serat-serat Indoe tjarijos lélémpahan ingkang ngeres-neres, sarta ingkang sampoen kasoemerepan déning bangsa Europa oeroet sepoehipoen, ingkang sepoeh pijambak wontenipoen saweg kalih atoesan taoen ing sasampoenipoen taoen Ngisa. Pramila serat tjarijos lélémpahan ingkang ngeres, sarta ingkang sinawoeng ing sekar waoe kénging kaanggep dédé wedalan ingkang roemijin pijambak, saged oegi wedalipoen anggitan tjarijos ringgit tijang Indoe, ingkang kawedalaken ing tooneel, sampoen wonten ing djaman ingkang kantoen kémawon.

Inggih leres, bilih tjarijos ringgit tijang Inḍoe kina boten doemoegi ing bangsa Europa sadaja, awit tjatjahipoen boten naté langkoeng saking soewidak, mangka ingkang sawatawis-namoeng saking pèngetan sakedik-sakedik kémawon, awit saking poenika saèstoenipoen boten pisan-pisan saged nerangaken, bilih kawontenaning anggitan Inḍoe ingkang mawi sekar, ingkang asalipoen saking djaman kina, namoeng wonten woloelikoer warni ingkang ḍapoer lampahan ringgit tijang (tooneel). Ḍapoeripoen serat-serat anggitan mawi sekar ingkang kalampahaken ing tooneel ing tanah Europa poenika: lampahan ingkang ngemoe prihatos, lampahan ingkang ngemoe bingah, lampah ballet, inggih poenika ḍangsah èstri oetawi djaler katah wonten ing tooneel, lampahan ingkang mawi kasangsaran (melodrama), lampahan leloetjon (de klucht), lampahan ingkang sawatawis kasar, ingkang dados kasenanganipoen tetijang alit (vaudeville) sapanoenggilanipoen. Satoenggal-toenggaling ḍapoer lampahan waoe ing Inḍoe wonten pepinganipoen, menggah kawontenanipoen poenika koela tjarijosna sadaja, koela koewatos bokmanawi damel bosenipoen ingkang maos, déning kekatàhen rerontjènipoen, ingkang kepéngin soemerep bab poenika langkoeng terang malih, prajogi maosa serat: *Specimens of the Hindu Theatre*,” ijasanipoen Proffessor Wilson, sarerontjènipoen bab tooneel Inḍoe sampoen kaandàraken ing boekoe waoe sadaja. Déné bab kawontenanipoen ingkang katjarijosaken déning Sang sardjana Wilson wontening serat waoe, pangraosipoen ingkang nganggit serat poenika, kados-kados boten wonten ingkang perloe katjarijosaken wonten ingriki mangka wewahanipoen serat poenika; menggah ingkang langkoeng perloe katjarijosaken wonten ingriki poenika namoeng bab kawontenanipoen ringgit tijang, ingkang ing basa Inḍoe kawastanan: nàtaka. Déné ingkang baḍé kanggé tjarijos wonten ingriki poenika salah satoenggiling tjarijos nàtaka ingkang dipoen wastani tjarijos: Çakuntalâ.

Tjarijos ingkang kaḍapoer kados ringgit tijang (tooneelspel oetawi nàtaka) poenika sami-sami tjarijos Inḍoe ingkang damel enges oetawi ngenesing manah kalebet saé pijambak, salah satoenggalipoen serat-serat ingkang kalebet saé waoe serat tjarijos Çakuntalâ, ingkang oegi kaḍapoer kados tjarijos ringgit tijang (tooneel). Menggah soeraosipoen serat waoe karaos ing manah sajektos, poenapamalih damel welasing manahipoen ingkang sami ningali dateng lelampahaning ringgit waoe, déné tetijangipoen ingkang dados lelampahan wonten ing serat waoe poenika bangsa loehoer oetawi linangkoeng, kados ta: para Ratoe, para Déwa, toewin para satengah Déwa. Inkang makaten waoe nandakaken bilih kawontenaning tjarijos poenika ingkang perloe pepiridan saking kawroeh agami oetawi tjarijos ing djaman kina, dados boten pisan-pisan manawi namoeng anggitan kémawon,

poenapamalih bab lampahing prakawis katresnan sarta kawan-  
 teran poenika inggih namoeng loegoe ing sawantahipoen kéma-  
 won. Tjekakipoen tjarijos lelampahan ringgit ingkang dipoen  
 wastani: nâtake, poenika sampoen pantes kémawon kasamèkaken  
 kalihan kawontenaning tjarijos ingkang ngeres-eresi manah ing-  
 kang kalampahaken ing tooneel satjaranipoen bangsa Europa,  
 sanadyan oegi wonten gèsèhipoen kalihan loegoenipoen lampahan  
 tooneel ingkang ngeres-eresi manah satjaranipoen kawroeh Euro-  
 pa, sabab toemrapping tooneel Indoe boten mawi katerangaken  
 ingkang wéla-wéla prakawis pokipoen ingkang ngeres-eresi manah  
 waoe, amargi tjaranipoen kawroeh tooneel Indoe boten ngénging-  
 aken, menggah pandjangipoen lelampahan sontan santoen, awit  
 gangsal ngantos sadasa lampahan, lahiripoen lampahan: nâtake,  
 poenika tatanipoen boten béda kalihan lampahan ringgit ing  
 tooneel Indoe sanèsipoen, toemindaking lampahan sami kémawon  
 tatanipoen, wiwitipoen djedjer mawi binoekanan ing poedjian,  
 inggih poenika ingkang winastan: nândi. Menggah soeraosipoen:  
 nândi, poenika nenowoen sihing Déwa aparanga wiloedjeng da-  
 teng para ingkang sami ningali. Sarampoenging nândi ladjeng  
 wiwit amboekani lampahan ingkang badé kalampahaken, inggih  
 poenika pangagenging ringgit tijang oetawi pangoeroesipoen,  
 mawi wawan ginem roemijin kalihan salah-satoenggaling tijang  
 ingkang dados ringgit bab pamilihing lampahan ingkang badé  
 kalampahaken, makaten malih pangageng oetawi pangoeroesing  
 ringgit tijang inggih mawi medaraken kawontenaning lampahan  
 sawatawis ingkang kaanggep perloe kasoemerepan roemijin da-  
 teng para ningali, malah ngantos sawatawis dangoe pamedar-  
 ipoen, kaangkah sageda para ningali ladjeng saged mangertos  
 dateng lampahan ingkang badé kawedalaken, bokmanawi meng-  
 gahing djaman sapoenika ingkang kawedaraken waoe program-  
 maning ringgit, kaotipoen ing djaman samangké programma  
 poenika rinipta ing serat, kala ing djaman kina kawedaraken  
 kalihan lésan déning pangageng oetawi pangoeroesing ringgit  
 tijang. Kadjawi tjekakaning lampahan, kawontenanipoen ingkang  
 nganggit inggih asring toemoet kawedaraken, kados minangka  
 beboeka. Adatipoen pangageng oetawi pangoeroesipoen ringgit  
 tijang boten naté kantoen, tamtoe mawi medaraken panedaniipoen  
 pangapoenten ing sakatahing kalepatan (captatio benevolentiae)  
 toewin neđa pandjoeroeng pamoedji wiloedjeng dateng para ni-  
 ngali, sarta saben badé miwiti djedjer mawi mastani namanipoen  
 ingkang dados pokoking djedjer, minangka panoetoeping pame-  
 daripoen kanđa waoe, kadosdéné ingkang toemrap ing lampahan  
 tjarijos: Çakuntalâ, moendoeripoen pangagenging ringgit tijang  
 saking tooneel inggih sasampoenipoen medaraken, bilih Sang  
 Ratoe Dushyanta mboedjoeng sangsam badé medali ing tooneel.  
 Sinten ingkang sampoen naté maos: Faust, anggitanipoen Göthe

oetawi kerep oegi sinerat: Goethe (Johann Wolfgang von Göthe), inggih poenika poedjangga ingkang ageng pijambak ing nagari Duitschland, sarta satoenggaling sardjana soedjana ingkang linangkoeng, kita kados inggih kêngetan menggahing kalangkoenganipoen Sang nawoeng krida Göthe anggènipoen njangkok pamboekaning lampahan ringgit Inḍoe katoemrapaken ing anggitanipoen tjarijos Faust waoe sarana kaéwahan, ingkang ladjeng saged roentoet matís ing pambangoenipoen.

Manawi pamboekaning lampahan boten goemantoeng babarpisan dateng pokoking lelampahanipoen, poenika boten kénging kasami kalihan ingkang toemrap ing seselaning lampahan ingkang asring katambâhaken wonten ing saantawisipoen loegoening lampahan; menggah seselan poenika perloenipoen kanggé njomerepaken dateng ingkang mirengaken, bab nalar ingkang kalampahan ing wektoe saantawising kalampahanipoen lampahan kalih lampah, seselaning lampahan ingkang kados makaten, ingkang oegi pinanggih toeladanipoen wonten ing tjarijos Çakuntalâ, poenika oegi kénging kaanggep mangka pamboekaning lampahan ingkang badé kalampahaken, éwadéné tetijangipoen ingkang dados lelampahan wonten ing pamboekaning lampahan, kedah sesangkoetan oetawi magepokan kalihan lampahan ingkang pokok. Samangké perloe oegi katjarijosaken, manawi toemindak-ing lelampahan waoe kedah toemroentoen ing saselot-selotipoen tetoeroetan, sarta sadaja nalar reroewedan inggih kedah medal saking pokok satoenggâl, kados ingkang kalebet ing bebasan Inḍoe: kadosdéné tetoewoehan medal saking widjinipoen, ing poengkasaning tjarijosipoen sadaja lelampahan mawi panoetoeptemboeng pamoedji berkah karahardjan.

Menggah ingkang kaanggep dados kawadjibanipoen panindak ringgit tijang ing Inḍoe, inggih poenika tooneel Inḍoe, poenika panindak-ing lelampahan boten kénging boten kedah sampoen ngantos njebal saking loegoening lelampahan ingkang toemrap ing agesang, ing éwah-gingsiripoen sarta ing kosok wangsoelipoen, sanadyan kañah keḍik mawi rinengga, inggih poenika lelampahan ing ringgit kedah kénginga kanggé tepa toelada lelampahaning agesang, sanadyan kañah oetawi sakedik mawi rerenggan, kados oepaminipoen lelampahan ing alam donja poenika nalar jektosan, dat njat sesembranan, kasenengan toewin kasoeshan, adjeg gilir goemantos; para djoeroe anggít inggih oegi ladjeng mendet saking kawontenaning gilir-goemantos-ing lelampahan ingkang toemrap ing agesang waoe kanggé ing anggitanipoen. Awit saking poenika pramila sanadyan toemrap ing tjarijos lampahan ingkang jektosan, inggih asring boten nilar sesembranan toewin leloetjon, ing bab poenika ketingal tetéla, bilih toemrap-ing lelampahan Inḍoe ingkang ngeres-ngerés, sami kalihan ingkang toemrap ing lampahan ingkang ngeres-ngerés dedamel-

anipoen pangarang bangsa Inggris oetawi Sepanjol, katingalipoen tetéla sami waoe, boten namoeng saking samining pika-djenganipoen kémawon, malah ingkang katingal ing katah ngantos tetéla sanget saminipoen, poenika ing bab panganggénipoen leloetjon, kados ta: ing ringgitipoen tijang, inggih poenika tooneelipoen bangsa Indoe nganggé leloetjon poenakawan goelang-goelang oetawi Vidûshaka, ing tooneelipoen bangsa Inggris ingkang sami panindak ing wedalipoen poenika fool, ing tooneelipoen bangsa Sepanjol dipoen wastani gracioso. Vidûshaka poenika medalipoen ing poendi-poendi tooneel kadapoer kadosdéné satoenggaling warganipoen bangsa brahmana, sarta toemrapipoen bangsa Indoe kawitjal dateng golongan ingkang tetijang ingkang kawitjal inggil daradjadipoen toewin ageng kadjèn-kèringanipoen; éwadéné para goelang-goelang waoe, awit saking bektanipoen wewatekan ingkang kinaot poenika boten katoemrapaken dateng kaperloean sanèsipoen, kadjawi namoeng kanggé ngangkah sakétjaning gesangipoen kasenangan déning para ageng ing donja. Wateking goelang-goelang poenika lahir batos barès, kléwa-kléwa kember, ananging kadoenoengan manah loma, lilan, ing salaminipoen bingar in manahipoen anggèning tansah dados leloetjon sarta panjengès dateng pangajomanipoen, sarana panandoeking sesembrananipoen goelang-goelang poenika saged damel rena oetawi ngwedalaken èseming pangajomanipoen waoe bilih pinoedjoe prihatos sarta soesahipoen boten saged birat, déné leloetjonipoen ingkang kapandoekaken poenika boten mesti aloes, malah panandoeking leloetjon saged kasoemerepan, bilih kesangeten anggènipoen badé nggaota saking loetjoenipoen waoe. Poenapamalih kamardikaning patrap ingkang namoeng kadbé dateng para goelang-goelang poenika asring kekatahen, sarta boten pantes. Éwadéné inggih sampoen soepé, bilih goelang-goelang poenika asalipoen bangsa brahmana, sami kalihan asalipoen ingkang ngajomi awakipoen, malah manawi goelang-goelang waoe kalebet dateng golonganipoen bangsa satrija, dradjading golonganipoen asring langkoeng inggil tinimbang ingkang ngajomi. Kadjawi poenika Vidûsaka oetawi goelang-goelang waoe inggih katah saénipoen, déning saéning manah sarta asih loeloet kanti setya-toehoe dateng ingkang ngajomi; menggah goelang-goelang oetawi leloetjon ingkang saged damel agenging wetengipoen pijambak, tanpa mawi ngrembag dateng raosing kanikmatanipoen manah, sarta ingkang dados kanti pasrawoenganipoen ingkang ngajomi ing salebetipoen ingkang ngajomi waoe saweg manggih kabegdjan redja gesangipoen, sanadyan anggènipoen njarawoengi inggih boten tilar pangangkah ingkang noemrapi dateng pigoenanipoen pijambak, éwadéné manawi ingkang ngajomi pinoedjoe manggih kasangsaran, goelang-goelang oetawi Vidûsaka inggih dados mitra satoehoe, ngatingalaken lelabeting pawong-mitran, malah inggih poeroen nglabeti pangajomanipoen sarana

ngetohaken badanipoen. Inggang makaten poenika kalebet wewilisaning wewatekan saé toemrapping bangsa Inḍoe, déné saged dados tanda oetaming kawroehipoen bangsa Inḍoe dateng prakawis awon saéning lampah ing alam donja.

Ing salah satoenggaling tjarijos Inḍoe, inggang linangkoeng pijambak, bab prakawis enges, oetawi inggang ngeres-ngeresi manah, nama Mricchakatika, inggih poenika karéta lempoeng alit, wonten tetoeladanipoen bab kawontenaning satoenggaliipoen goelang goelang inggang nglabeti sanget dateng bendaranipoen, ngantos ngeres eresi manah menggah genging kasoesityanipoeni, ing nalika bendaranipoen kaekoem kisas, djalaran pandakwa palseo, goelang-goelangipoen anglabeti sarana ngetohaken gesangipoen pijambak, goelang-goelang inggang katjarijosaken poenika kalebet ing sisihanipoen goelang-goelang inggang kawrat ing tjarijos: Koning Lear, anggitanipoen Shakespear, menggahing kaetamenipoen.

Manawi tondak-tandoekipoen Vidūsaka inggang kawrat ing serat tjarijos Çakuntâlâ poenika boten katingal wonten tandanipoen roemaket inggang nglelangkoengi, poenika namoeng djalaran saking boten kaleresan kalihan toedjoening mangsa-kalanipoen kémawon, déné loegoening wewatekanipoen teka inggih sami kémawon kalihan panoenggilanipoen goelang-goelang inggang kanggé ing ringgit tijang Inḍoe sanèsipoen.

Kadjawi bab prakawis samining pikadjengan ing toemrapipoen tjarijos enges dedamelanipoen para djoeroe ngarang bangsa Inggris akalihan serat-serat enges ijasanipoen tetijang Inḍoe, poenika taksih wonten wewatekan inggang noenggil pikadjengan toemrapping serat-serat enges anggitan Inggris akalihan anggitan Inḍoe, inggih poenika karang-karangan tjarijos enges anggitanipoen bangsa kalih waoe asring wonten inggang kaḍapoer tjarijos mawi sekar oetawi kidoeng, wonten inggang kadamel tjarijos gantjaran. Tjarijos inggang woedjoed sapatjapan, poenika kaḍapoer gantjaran, déné samangsa mawi pangrembag memet, oetawi mawi nggepok inggang mawi raos pasemon, parikan, sapanoenggilanipoen, tjarijos gantjaran waoe kasantoenan kidoeng oetawi mawi sekar.

*Inggang nganggit ing temboeng Walandi,*

Dr. H. KERN.

## PÈNGET.

Pamboekanipoen ingkang minoelja Sang sardjana Dr. Kern, namoeng koela djoegag doemoegi samanten, djalaran ing saladjengipoen namoeng bab prakawis ingkang magepokan kalihan kawroeh kasoesastran sarta temboeng-temboeng Sanskrit toewin temboeng Inḍoe, ingkang koela rembag kirang perloe kanggé-nipoen dateng para ingkang boten marsoedi ing seserepan waoe, toemrapipoen ing akatah mindak tiwas namoeng dipoen langkoengi kémawon pamaosipoen, awit taksih awis sanget bangsa kita Djawi ingkang marsoedi dateng kawroeh ingkang kaseboet inggil.

Awit saking pitoeloenganipoen toewan J. Kats, kala poenika taksih dados ambtenaar pinidji ing padamelan wonten ing kantor Balé Poestaka, ing Weltevreden, sampoen karsa njamboetaken serat Kâlihdâsâ inggih serat Çakuntâlâ saking bibliothekipoen Bataviaasch Genootschap van Kunsten en Wetenschappen, ing Betawi: doemateng koela, babon temboeng Sanskrit ingkang sampoen kasantoenan temboeng Walandi déning Sang sardjana minoelja Dr. H. Kern.

Ing mangké serat Kâlidâsâ inggih serat Çakuntâlâ waoe koela goebah ing temboeng Djawi mawi sekar, awit déné pangarangipoen ing temboeng Walandi inggih kaḍapoer kadosdéné serat mawi sekar oetawi kidoeng. Mengah sedyaning manah koela baḍé ndjawèkaken tjarijos Inḍoe poenika kénginga kanggé wewahing seserepanipoen ingkang kesdoe maos dateng kawontenaning tjarijos Inḍoe, langkoeng malih tjarijos ingkang kanggé ing ringgit tijang, inggih tooneel Inḍoe, sasoemerep koela dèrèng wonten ingkang ngadani ngarang ing temboeng Djawi.

Ing woesana sakalangkoeng panoewoen koela kanṭi pahargjan doemateng toewan J. Kats, anggènipoen sampoen karsa njamboeti serat Kâlidâsâ inggih serat Çakuntâlâ doemateng koela, makaten malih inggih ngatoeraken sanget ing panoewoen koela kanṭi pahargjan doemateng para toewan-toewan anggotaning Commissienipoen Volkslectuur (Balé Poestaka) anggènipoen sampoen karsa ngwedalaken geogebahan poenika kanggé wewahing isinipoen Volksbibliotheek, toewin ngatoeraken pamoedji ardja koela doemateng ingkang kesdoe maos.

R. M. KARTADIRDJA.

*Ngajogjakarta, 5 April 1923.*

# Serat Çakuntâlâ.

## KAWITAN.

### 1. DANDANG-GOELA.

1. Lir bramara mbrengengeng miwiti, woes kababar ing wo-loeng roeroepan, tan paé kalangkoengané, kang nitahken sawegoeng, kalangkoengan kang dèn wastani, kang sapisan tinitah—aken was-tanipoen, wé lan geni pindanira, agni ingkang angoenggahaken sesadji, lan manèh pindanira.

2. Datan paé klawan imam soetji, tanapi lan srengéngé rem-boelan, ingkang mangka oekoerané, mangsa lakoe dinèkoe, tanapi lan èmpernja kadi, swasana langkoeng lambat, djembar tebanipoen, noesoep angèbeki djagat, ingkang mangka lantaran swara loemaris, lan malih pindanira.

3. Boemi mangka asalé kang widji, lan malihé pepindané ka-dya, ambekanira sakèhé, ingkang toemitah ikoe, pepadané Hjang Çiva djati, moegi-moegi asoenga, ngapoera kang agoeng, kançi sa-wab kanoegrahan — ira Çiva baçara jang-janging boemi, asoenga karahardjan (1).

*Sasampoenipoen pamoedji poenika, ladjeng kasambetan potjap-anipoen pangoeroesing ringgit tijang (tooneeldirecteur).*

### Pangoeroes (ningali dateng kamar padandoson):

### 2. SINOM.

1. „Embokmas sira mrénéa, jèn woes rampoeng gawénèki, anèng kamar padandangan, sira mrénéa toemoeli.”

### Pawèstri ringgit tijang:

„Noewoen inggih prajogi, sapoenika koela sampoen, rampoeng ing padamelan, sampoen oemarek ingriki, toewan kantoen dawoeh ingkang koela garap.”

(1) Kateranganipoen noot-noot ing sawingkinging temboeng-temboeng kaseboet ing pratélan ing wingking, mitoeroet sorogan pitedahing angka.

**Pangoeroes:**

2. „Embokmas sira weroeha, jèn pagoejoeban poeniki, pagoejoeban ringgit tijang, wongé kang akèh kang dadi, wong kang aloes ing boedi, beboedènira pinoendjoel, kang idiné soen angkah, bisané soen dèn lilani, nglakokaké lakon anjar ingkang aran:
3. Çakuntalá ija oega, artiné tetenger nini, atanapi panengeran, pramoela koedoe kang betjik, gianja samja nglakoni, dadi wajang ajwa koesoet, kang satiti prajoga, pantes lan aloesing boedi, jwa sembrana kadadéané tan jogja.”

**Pawèstri ringgit tijang:**

4. „Noewoen sandika ki loerah, rèhning lampahaning ringgit, sampoen pandjenengan pérang, kang dadi sawidji-widji, woes pininta prajogi, bakal tan ana kang koesoet.”

**Pangoeroes:**

„Nadyan mangkono bokmas, ingsoen koedoe angandani, bab anané moenggoeh lelakoning wajang.”

5. Ikoelamoen doeroeng bisa, gawé mareming kang ati; atinira para bisa, kang mangerti sakridaning, kawroehing ringgit djanmi, panganggepingsoen pan doeroeng, tjoekoe pangertinira, mring kridaning kawroeh ringgit, doeroeng tjoekoe lan pantes tinonton kajah.

6. „Ajwa ngendelken salira, doemèh woes winoelang betjik, ora kang moeng doeroeng patya, mateng mring pamoelang ringgit, nadyan ingkang woes awig, pangertinira pinoendjoel, ija ajwa ngendelna, kabaoedanira sami, ti-atinen moerih ing prajoginira.”

**Pawèstri ringgit tijang:**

7. „Kasinggihan dawoehira, sarikma tan wonten sisip, ki loerah moeng ndawoehana, ingkang sami noeli soen lampahi, klawan prakantja sami, koela moeng sami mitoeroet, ing sakantja manira, tan wonten kang sami kardi, tan ljan namoeng memoendi dawoehing loerah.”

**Pangoeroes:**

8. „Kaprijé pamoerihira, legané kang pamijarsi, moerih ing pakolèhira, gegolonganira nini.”

**Pawèstri ringgit tijang:**

„Ki loerah soen joem oening, mangsa poenapa kang patoet, linoed swara rinengga, ing tembang kang ndoedoet ati, kjai loerah soen atoeri paring priksa.”

**Pangoeroes:**

9. „Prajoga sira nembanga, ngrengga mangsa ingkang lagi, toemapak ing sapoenika, mangsa panas kang oepami, pepindan-ira kadi, akarja reseping kalboe, anggawa kasenengan, toewin kabéragan ngenting, ija ikoe ing sadina-dinanira.

10. Karja segerirèng angga, dé bisa adoes wé dinging, toemretjep soemrah mring slira, samirana lon soemilir, anggawa ganda wangi, mrik minging sapoeroeg-poeroeg, ajoming kang wit-witan, gawé ajem lan meméngin, toeroe nganti kapénak mèh angslope soerja.”

**Pawèstri ringgit tijang:**

11. „Sapoenika koela arsa, anembang sekar Pamidjil, ki loerah noewoen soemangga, kamirengna kang toemiling.”

**Pangoeroes:**

„Ja soem roengokké nini, noeli nembanga kang roentoet, ajwa nganti katjoewan, kang kroengoe atoetoep koeping, gawé koesoet ngisin-isini temenan.”

## 3. MIDJIL.

**Pawèstri ringgit tijang miwiti njekar:**

1. „Sari-sari çirisha kang sari, kinoswa ing tawon, ingkang tansah ingoengkih sariné, oega kinarjontjèn-ontjèn adi, mring pra wanoedyadi, kang noedjwarda gandroeng.”

## 4. SINOM.

**Pangoeroes ringgit tijang:**

1. „Embokmas panembangira, sekar Midjil nganjoet ati, langkoeng bening swaranira, tjeça kedalirèng laçi, para kang samja mjarsi, ing saenggon-enggonipoen, kèndel tan ana obah, kasengsem mirengken sami, kadya retja saking kénjoet galihira.

Serat Kälidásá.

2

2. Embokmas lakon poenapa, kang linampahken samangkin, kang wignja mamèting drija, mrih antoek sibirèng sami, para kang samja oening, ajwana katjoewan kalboe."

### Pawèstri ringgit tijang:

"Ki loerah ènget koela, waoe koela sampoen tapi, dawoeh ndika koela kinèn anglampahna.

3. Pan lampahan Çakuntâlâ, panengeran ingkang arti, kang dèrèng naté linampah- aken ing lampahan ringgit."

### Pangoeroes:

"Bener toerira nini, ingsoen ing saiki émoet, maoe lali amarga, kénjoet ing drija mijarsi, sengsem kroengoe membatipoen swa-ranira.

4. Pinda Sang Ratoe Dushyanta, kang kawrat lampahan mangkin, katoet ing plajoening sangsam, <sup>(1)</sup> binoedjoeng saja nebihi, majo bokmas saiki, paða miwitana goepoeh, lakoené ringgit tijang, lakon Dushyanta Sang Adji, ingkang betjik ajwa nganti tjinatjadan."

*(Sakalihan ladjeng sami moendoer).*

### LAMPAHAN SAPISAN.

*Sang Ratoe Dushyanta ngatingal nitih karéta, angasta gandéwa toewin djemparing, sarta noetoeti pladjaripoen sangsam. Inggang ndèrèk noenggil sakaréta: koesir.*

*Koesir gentos ningali dateng Sang Nata, ladjeng ningali dateng poeroegipoen sangsam.*

### 5. PANGKOER.

#### Koesir:

1. „Doeh goesti Ratoe kawoela, jèn kawoela soemerep padoeka dji, noedjoe mentang langkapipoen, arsa ndjemparing sangsam, woes tan paé amba soemerep satoehoe, datan wingwang Sang Baßara, Çiva angasta djemparing.

2. Noetoeti palajoenira, kang mendjangan binoeroe mlajoe nggendring."

(1) Ing serat Çakuntâlâ kawastanan gazelle, inggih poenika bangsaning sangsam ingkang singatipoen boten epang, namoeng kados ménda kémawon.

### Sang Nata:

"Hèh koesir mendjangan ikoe, oewis gawé keplantrang, tindakingsoen woes adoh toemekèng poeroeg, delengen mendjangan ika, nolèh kréta kang noetoeti.

3. Ramping pamolahing djangga, sri kadoeloe kesit plajoené nggendring, noeli mendak énda goepoeh, ngéndani ingkang panah, kang loemepas soemijoet mèh gawé lampoes, kang sangsam noeli manjear, roempoet ingkang dèn pangani.

4. Sinebar ing sawatara, ingkang datan kateda margi saking, kaleson déning keplajoe, roempoet sinebar dalan. Hèh, hèh koesir delengen mendjangan ikoe, loempaté doewoer temenan, lir maboer tan ngambah siti.

5. Hèh koesir sababé apa, dé sangsamé bandjoer mèh datan kèksi, woes angèl kawroehanipoen."

### Koesir:

"Doeh goesti Ratoe koela, rèhning siti kang kambah mendak mençoekoel, apoelsing koeda soen pekak, poenika sababnja dadi.

6. Soeda rikatirèng lampah, kang titihan karéta padoeka dji, marmané paladjaripoen, sangsam woes katjèk katah, ing samangké padoeka pan sampoen toetoeg, ing siti ingkang warata, tan angèl déra noetoeti.

7. Paladjaré kang mendjangan."

### Sang Nata:

"Jèn mangkono koesir apoésé noeli, oeloerana baé oewoes."

### Koesir:

"Noewoen sandika Nata.

*(Karétanipoen kados loemampah rikat sanget).*

Ing samangké toerangganira woes mamproeng, Sang Nata kaoeningana, paladjaré koeda nganti.

8. Modot madjoe djangganira, toehoe banter pladjaré kang toeranggi, kados sami rebat doetjoeng, lawan pladjaré sangam, lah soemangga kapriksanana Sang Praboe, boeloe-boeloe ingkang ana (2), ing bafoek koeda tan mosik.

9. Koepingé ngadeg sadaja, ambaledoeg soemawoer kanang siti, ingkang ketradjang koemeloen, moeleg apinda méga."

**Sang Nata soeka ing galih:**

„Ija bener atoerira koesir ikoe, djarané banter sadaja, ngoeng-koeli djaran ingoeni.

10. Rakitan kang kanggo perang, darbèkira Baṭara Soerja nenggih, apa kang pangarepipoen, katon tjijoet kéwala, sanalika bandjoer katon wijar moenggoeh, déné kang pangarepira, ing tengah kados pinalih.

11. Bandjoer katon sesamboengan, déné ingkang ngandelong ing sajekti, katon lentjeng ing pandoeloe, sababira mangkana, awit saking rikating karétaningsoen, samoebarang kang kliwatan, doh tjedak kaja marani.

12. Hèh koesir delengen ika, sangsam ingsoen panah jekti ngenani."

*(Sang Nata kalihan ngembat djemparing).*

**Ing sawingkining geber ladjeng njoewara:**

„Sampoen-sampoen Sang Apraboe, jwa nganti linepasan."

**Koesir mireng swara ladjeng ngawasaken sangkaning swara sarta temboengipoen:**

„Doeh Sang Nata kaoeningana ingrikoe, antarané padoekéndra, lan sangsam wonten kaèksi.

13. Tetijang tapa djoemangkah."

**Sang Nata èsmoe kagèt:**

„Jèn mangkono koesir endegna gelis, djarané pekaken goepoeh."

**Koesir:**

„Noewoen sandika Nata."

**Krétanipoen kèndel, ladjeng katingal wonten tijang tapa sampoen sepoeh satoenggal, kaeteraken tijang enèm kekalih. Temboengipoen tijang tapa ingkang sepoeh, tanganipoen kadjoendjoeng kados menggak lampahing karéta:**

„Doeh-doeh goesti Ratoe Binatara poendjoel, sampoen ngantos pinedjahan, sangsam poenika Sang Adji.

14. Gaḍahanipoen pratapan, ngon-ingoné para martapa sami, mila warastra poekoeloen, ajwa nganti toemiba, angenani mendjangan poenika sampoen, pinḍanja pelikan grama, maetik bandjoer ngèngingi.

15. Toempoekan kapoek pangobar, éman déné gesangé ingkang randi, njawané getas kalangkoeng, ringkih sèkèng badannja, kéwan tanpa ganggoe-damel datan loepoet, mesti kéwala tan tahan, kaḍawahan warastra dji.

16. Moegi ladjeng kaloroda, warastréndra kang mawa béḍor lantjip, perloené warastrèng Praboe, karja ngajomi para, ingkang sami tampi panganiajèkoe, lawan paninḍesing lijan, ajwa kagem angokoemi.

17. Ingkang tanpa kalepatan, winasésa djinemparing ngemasi, ikoe pakarti tan moenggoeh, mila prajogi noelja, kaloroda géagé djemparing Praboe."

### Sang Nata:

„Inggih ta Sang Jogiswara, soen lorodé kang djemparing.”

(*Djemparing inggih ladjeng kalorod*).

## 6. ASMARANDANA.

### Temboengipoen tijang tapa:

1. „Kasinggihan karsa Adji, mangkono ikoe pantesnja, lina-loeri ing teḍaké, toeroenira Puru njata, tan kaworan trah lijan, Purava (1) padoeka Praboe, jogja nglakoni mangkana.

2. Ing tembé padoeka Adji, apepoetra djaloe djoega, kang madeg Ratoe akiré, Naréndra goeng dipaning rat (3), boedyajoe santa marta.”

### Sang Nata (toemoengkoel mahargja) mangsoeli:

„Atoerira Sang Awikoe, dahat ing panrima koela.

3. Pametjanira Maharsi, ingsoen poenḍi lir djedjimat.”

### Tijang tapa:

„Kawoela noewoen Pamasé, déné ta lāmpah kawoela, praptèng ngabjantaréndra, wiwitipoen samja metoe, saking patarakan amba.

(1) Purava poenika teḍakipoen Puru.

4. Mamèt kadjeng mring wanadri, kanggé oeroeb-oeroebira, sesadji marang Déwané, soemangga kapriksanana, Sang Nata nggih poenika, pratapan ing wana ikoe, ingkang darbé panga-djengnja.

5. Koela warga Kanva moengging, tepiné kanang narmada, Maliné jèkoe arané, soemangga padoeka Nata, lamoen tan nilar karja, ladjeng soen atoeri mleboe, tinampéna kang segahan.

6. Inggih ingkang woes tjoemawis, awit sing boedja-kra-mamba, medal saking sroe bektiné, mring padoeka Sri Naréndra, jèn woes mangkana Nata, saged priksa oenggjaningsoen, anetepi kawadjiban.

7. Wadjibing para Maharsi, moengkoel mboedi kamoersidan, madep kamoeksan pamrihé, mangka warastra padoeka, mangka tetamping amba, kalis mring pakarti loepoet, panempoehing pra tjangdala."

### Sang Nata :

8. „Sang Pandita soen joen oening, pangareping koela-warga, Kanva ikoe napi anèng, satjelakirèng pratapan, ingriki soen joen panggja.”

### Sang tapa :

„Kawoela noewoen Sang Praboe, pangagenging koela-warga.

9. Kanva sasampoenirèki, oemadjibaken pakarjan, nampèni tamoe kabèhé, mring atmanira wanoedya, Çakuntâlâ namanja, toemoeli oemangkat ladjoe, ðoemateng ing Somatirtha (4).

10. Perloe ananggoelang wèsti, kang badé nekani atma, Çakuntâlâ mrih kalisé.”

### Sang Nata :

„Jèn makaten Sang Pandita, ingsoen arsa kapanggja, lan èstri atmadjanipoen, pangagenging koela-warga.

11. Kanva ingsoen arsa panggih, sasampoené Çakuntâlâ, kroengoe pangadji-adjèngong, lan pambagja ardjaningwang, linantaraken marang, soedarmané Sang Mahwikoe, Resi panggedé pratapan.”

**Tijang Tapa :**

12. „Jèn makaten swawi sami, betjik soemingkir kéwala, pra djedjangan sing ngarsané, Sang Nata soemanggèng karsa, kapang-gja Çakuntâlâ.”

*(Tijang tapa ladjeng soemingkir kalihan para moerid ingkang langkoeng enèm).*

**Sang Nata :**

„Hèh koesir plajokna goepoeh, djarané kapara rikat.

13. Dimèn noeli-noeli prapti, ing pratapan ingsoen arsa, weroeh ing papan pepoendèn, kitarsa noetjèkken badan, sarana wroeh prijangga.”

**Koesir :**

„Sandika dawoeh Sang Praboe.”

*(Karétanipoen loemampah malih).*

**Sang Nata nolah-nolèh dateng ing poendi-poendi :**

„Hèh koesir mara roengokna.

14. Nadyan ngong tan dèn kandani, saikiné woes katara, ingsoen tan samar jektiné, kamoerahaning pratapan, ing alas iki kliwat.”

**Koesir :**

„Kadi paran dawoeh Praboe, amba tan tampi karséndra.”

**Sang Nata ;**

15. „Apa sira tan oedani, ikoe gabah kang soemebar, ana ing lemah sangkané, tiba saka ing soesoehnja, koekila djaka-toewa, lah mara delengen ikoe, watoené kraketan lenga.

16. Isih dléwéran ketawis, lenga sing getjekanira, oewoh ingudi arané, (5) déné ta sakèhing sangsam, pada énak loemakja, nadyan kang na kana maoe, kagèt moeng ana soewara.

17. Mak kleset baé wis ndjonðil, hèh koesir delengen ika, roepa kang doemlèrèh kaé, ikoe kadadéan saka, banjoe toemètès ija, saka ing nggon-enggonipoen, para tapa woes tetéla.

18. Jèn kana ana margining, marang padoesan sanjata.”

**Koesir :**

„Kasinggihan dawoeh Katong, sakèhing pangandikéndra, njata tan wonten lepat.”

**Sang Nata: (sareng sampoen sawatawis tebih tindakipoen).**

„Hèh koesir endegna goepoeh, nèng kéné baé prajoga.

19. Jwa nganti angganggoe kardi, anggoegoeri wong ing alas, ingsoen arsa meḍak kéné.”

**Koesir:**

„Sandika goesti kawoela, pekaké kang toerangga, soemangga toemeḍak Praboe, elis sampoen amba pekak.”

**Sang Nata toemeḍak saking kréta:**

20. „Hèh koesir wroehanirèki, pantesé loembèng alas-ira pra among kasoetjèn, koedoe moeng manganggo sarwa, kang dyatmikèng paningal. Mara tampanana ladjoe, panah lan pepasrèningwang.

*(Sang Nata nampèkaken djemparing rerengganing agem-ageman).*

21. Sadjroné ingsoen niliki, para dwidjawara sira, noeli kopohen djarané, ing bokong kang nganti basah.”

**Koesir:**

„Noewoen sandika Nata.”

*(Toemoenten késah).*

**Sang Nata tindak sawatawis djangkah kalihan mriksani ngiwa-nengen:**

„Baja iki marginipoen, mring pratapan soen djoemangkah.

22. Ingsoen loemeboe toemoeli, kaprijé ta bisaningwang, antoek kabegdjan woés déné, anèng papan kasoetjian, apolèh kanoegrahan, noegrahaning rèh mong loeloet, nawoeng raras karasikan.

23. Kalamoen sampoen pinasti, nadyan ana kana-kana, koedoe manggih pepestèné.” (6).

**Ladjeng wonten soewara saking sawingkinging kelir geber:**

„Mrénéa pra mitra samja, mitra samja mrénéa.”



### Sang Nata mirengaken swara :

„Lah apa ta kang soen roengoe, kaja ing satemenira.

24. Mah omahan ngewrat sari <sup>(1)</sup>, kaja soen kroengoe sabawa, wong tjatoeran soewarané, betjik ingsoen paranana.

(Sang Nata ngladjengaken tindakipoen kalihan ngawas-awasaken).

Lah djeboel katon ana, para éndang mara goepoeh, mrényang-gawa panjiraman.

25. Amoté woes dipoen doegi, lawan kekijatanira, enggonira pada mréné, arsa njirami wit-witan, dé ropané sarwéndah, pada ajoe-ajoe poendjoel, nengsemken manah sanjata.

26. Ora gampang olèh tanding, nadyan ing sadjroning poera, dedeg-pangadeg lir kaé, para wanoedya ing alas, jèkoe oepamanira, rajoedan ing wana agoeng, ngloewihi tandoeran ingkang.

27. Tinanem nèng tamansari, moelané prajoganira, soen entèni kéné baé, anèng aoebing wit-witan, ajwa nganti konangan, ingsoen pan rena andoeloe, pra éndang samja sesiram.”

### 7. MIDJIL.

#### Çakuntâlâ kalihan mitranipoen sakalihan medali, pinoedjoe sami njirami wit-witan.

1. „Noeli mrénéa pra mitra sami, mrénéa dèn goepoh.”

#### Anasûyâ, mitranipoen Çakuntâlâ :

„Çakuntâlâ mitraningsoen dèwé, doeh wong ajoe kang ingsoen tresnani, wroehanira jekti, pangirèngong ikoe.

2. Wit-witané ing pratapan iki, doeh-doeh mitraningong, toemrapira bapa Kanva mangké, loewih dènnja pinerlokken sami, nglangkoengi sirèki, awit sawroehingsoen.

3. Nadyan awakira aloes nglentrih, dakik-dakik tinon, anglir navamalika kembangé <sup>(2)</sup>, meksa kinèn mèt banjoe ngisèni, legokan kang moengging, siti oebengipoen.

4. Sakèhing wit pan sira prantèni, welas ingsoen toemon.”

(1) prieël = Omah-omahan ingkang karambatan ing rerambatan.

(2) Navamalika = (de dubbele jasmijn) = sekar gambir toempang mrambat.

**Çakuntâlâ :**

„Mitranningsoen Anasûyâ déné, enggoningsoen mrantèni wé kang wit, tan moeng seka déning, bapa dawoehipoen.

5. Nanging saka tresnaningsoen mring wit, iki apan kados, sadoeloerkoe wanoedya pinðané, Anasûyâ mitrèngong mrak ati, tresnèngong kepati, mring wit-witan ikoe.”

*(Çakuntâlâ kalihan njirami wit waoe).*

**Sang Nata :**

6. „Elo apa ijèkoe pawèstri, kang ing mengko katon, soetanira Kanva Sang Joginé, satemené kliroe ing pamikir — ira Sang Maharsi, Kaçyapa kang toeroen <sup>(1)</sup>.

7. Déné dipoen wadjibi nglakoni, pakarjan tan moenggoh, pakarjaning pratapan èstoené, liwat asor linakjan ing èstri, ingkang lir poeniki, kawraten kalangoeng.

8. Opamané kaja Sang Maharsi, mardi mring Sang sinom, ingkang kliwat sèkèng ing badané, aloes membat solahnja mrak ati, winedjet pinardi, dadya tapanipoen.

9. Arsa metjok kajwobong kinardi, sesadji sajektos, apan nganggo landepé ron traté <sup>(2)</sup> prajogané baé soen andelik, anèng saboerining, wit-witan poenikoe.

10. Soepjané bisa amanoni, lan tentreming batos, mring wanoedya kaprijé solahé.”

*(Sang Nata djoemangkah sawatawis tindak).*

**Çakuntâlâ :**

”Anasûyâ mitrèngong mrak ati, delengen soen iki, kepetel awakoe.

<sup>(1)</sup> Kaçyapa poenika ingkang noeroenaken Kanva.

<sup>(2)</sup> ingkang langka sagedipoen.

11. Anggon-anggon klika kajoe ndjepit <sup>(1)</sup>, metel awakingong, kekentjengen olèhé nganggokké, Priyamvada kang soen kèn ningseti, singseté kepati, toeloengana ingsoen.

12. Hèh toeloengen Anasûyâ iki, toeloengana ingong, oetjoelana klika iki agé, akoe selak larané kepati."

### Anasûyâ:

„Ija tak oetjoeli, sira dèn agoepoeh."

*(Ladjeng dipoen oetjoeli).*

### Priyamvada:

13. „Parandéné sira noetoe mami, dé sira kang akon, ikoe saka loepoetira déwé, anoetoeha mring slira pribadi, loepoetira saking, déné sira ikoe.

14. Teka maksih taroena mampengi, djadjanira monjol, ikoe ija ingkang marakaké, dadi sesak kalikané oewit, kang siranggo iki, wit katotol madjoe.

15. Pranadjamoe mendat-mendat kadi, andjebolna jektos, tetamping klika kang sira anggé, apa doedoe loepoetmoe pribadi, sapa ingkang moerih, sira mangkonèkoe."

### Sang Nata:

16. „Ija bener toetoeérékoe èstri, jèn klikanggon anggon, koelit kajoe kang koening roepané, dipoen anggé tinrapakén moengging, ing poendakirèki, metel djadja moenggoel.

17. Mangkonèkoe tan katon sajekti, kaananing enom, oepamané namoeng kadi déné, kembang seger keboentel rong garing, panganggo klika wit, tan tjojog saèstoe.

18. Lan oemoéré Çakuntâlâ nanging, sanadyan mangkono, meksa oega katon na pantesé, Çakuntâlâ satoehoe mrak ati, nadyan klikaning wit, dèn nggo ija patoet.

19. Dasar ajoe oepamané kadi, sarasidya <sup>(2)</sup> manggon, anèng toja amemplak warnané, nengsemaké marang kang oemèksi, kanginan loemaris, obah gandroeng-gandroeng.

<sup>(1)</sup> Anggèn-anggèmpoen padintenan para tapa ing wana.

<sup>(2)</sup> Sarasidya = sekar traté.

20. Nadyan ija katoetoepean oegi, sing djawi tan katon, katoetoepean ing çaivalané (1) balentongé ireng sitaresmi, ngoendakken kang warni, malah saja poendjoel.

21. Mangkono oega prawan poeniki, karja sengsem tinon, nadyan katoetoepean panganggoné, klotokan wit soeprandéné inggih, meksa tan ngalani, apa baé patoet.

22. Sabarang kang dèn enggo mantesi, Çakuntâlâ kaot."

### Çakuntâlâ:

„Wit kecara ikoe kaja ngawé, marang ingsoen klawan pangé alit, kang katijoepp angin, obah mentoel-mentoel.

23. Lir daridji asoeng poedyardjanti, ngawé-awé mring ngong, lah betjiké soen parani baé."

(*Ladjeng loemampah*).

### Priyamvada:

„Çakuntâlâ mitrèngong wong ndanding, léréna watawis, anéng kono ikoe.

24. Katonira kang kecara oewit, bareng sira manggon, ngadeg tjedak ana ing sandingé, lir rajoedan pepoeletan ing wit."

### Çakuntâlâ:

„Tan loepoet sirèki, Priyamvada ikoe.

25. Déné djenengira woes ngarani, Priyamvada (7) manggon."

### Sang Nata:

„Priyamvada pan ana beneré, nadyan rada ngonggrong toeri-rèki, satemené inggih, mangkono saèstoe.

26. Lañinira Çakuntâlâ anglir, koedoepp sekar kaot, ingkang lagi oemingip koentjoeppé, lengenira loeroes ngeloeng sari, srandoening slira di, sroewa-sroewi toeroet.

27. Sarandoené salira pan maksih, sroewa-sroewi enom, nengsemaké lir sekar pindané, ingkang lagja nedeng megar neng wit, kang moelat kepéngin, noeli arsa ngamboe."

(1) Çaivala (kawaosa: séwala) = vallisneria.

## 8. KINANTI.

**Anasûyâ:**

1. „Çakuntâlâ kanñiningsoen, navamalika poeniki, tetoewoehan ingkang saka, toekoel karepé pribadi, minangka sisihanira, wit mango kang sira wèhi.
2. Djeneng vanajosinèkoe (8), apa sira oewis lali.”

**Çakuntâlâ:**

„Doeh mitrèngsoen Anasûjâ, jèn ingsoen lali wit iki, sasat lali mring wakingwang, lawas-lawas oewit iki.

*(Kalihan moeroegi wit vanajosini sarta dipoen sawang).*

3. Dadi sidji delegipoen, lawan oewit kang mrambati, sapa-sang oelet-oeletan, kang oewit vanajosini, amrok sekarira megar, enom-enom ingkang sari.

4. Déné mango oewitipoen lagja neðengira semi.”

*(Çakuntâlâ taksih ngadeg: njawang).*

**Priyamvada:**

„Hèh Anasûyâ mitrèngwang, apa sira woes oedani, déné Çakuntâlâ tansah, njawang mring vanajosini.”

**Anasûyâ:**

5. „Doeroeng, Priyamvada, doeroeng, mara kanðanana noeli, ingsoen kepéngin kaliwat, weroeh karepé kang jekti, ingkang dadi batinira, Çakuntâlâ soen doeroeng wrin.”

**Priyamvada:**

6. „Batiné Çakuntâlèkoe, ingsoen apa bisa manggih, kaloeloet kang kaja sira, toewoehan vanajosini, antoek djodo mango sira, kang pantes sira tresnani.”

**Çakuntâlâ:**

7. „Priyamvada pitoetoermoe, ikoe batinmoe pribadi.”

*(Ladjeng ndoemoegékaken njirami).*

**Sang Nata:**

„Apa Çakuntâlâ ika, anaké Sang maha Resi, Kanva saka bodjonira, kang doedoe golongan mami. (9)

8. Ah wis adja rangoe-rangoe, akoe teka ganggam ati, jèn njatané Çakuntâlâ, tan kena dadi èstrining, pradjoerit pasti raséngwang, tan ndoewèni sengsem jekti.

9. Nanging ganggamirèng kalboe, toemrapé wong boeroes boedi, mangka dadi tetoeroetan, pangremboeg mamrih prajogi, loewih betjik soen terangna, sapa Çakuntâlâ iki."

### Çakuntâlâ (kagèt):

10. „Hèh ana sadpada (10) maboer, déning wedi kenèng warih, banjoe saka panjiraman, anggaremet saka ing wit, navamalika aboernja, ngéntjoki raikoe iki."

*(Patrapipoen kados badé nggoesah tawon).*

### Sang Nata:

11. „Hèh bramara sira ikoe, tansah maboer angenani, wadananira Sang retna, Çakuntâlâ dahat adjrih, dèn oelapi djentik asta, brengengeng ngalih mring koeping.

12. Pan ririh brengengengipoen, istanira lir bebisik, wewadining mong asmara, noeli méntjok anèng laçi, pinða netjep kang loedaka, hèr tawa rem-reming ati.

13. Sadpada tinampèl goepoeh, mawi astanja Sang dèwi, hèh sadpada woes katekan, pangarep-arepireki, nanging ingsoen kang kasatan, lir tjekakak minta warih.

14. Obahing asta Sang ajoe, anggènira arsa nangkis, marang ingkang gora-gaða, sadpada tansah njelaki, tinangkis-tangkis lan asta, katon dahat ngelam-lami.

15. Tingalé kang dèn bebiðoeng, tansah ngawasaken maring, parané kanang bramara, kang tansah aganggoe kardi, kang awit saka poenika, Çakuntâlâ kenja adi.

16. Ingkang dahat doeroeng weroeh, rasaning katresnan djati, saking bebaja poenika, ladjeng saged solah liring, liringing nétra apinða, ampoehé kang pasopati."

### Çakuntâlâ:

17. „Iki tawon nakal èstoe, tan arsa oewal lan mami, baja betjik ingsoen loenga, ngoengani mrana sajekti, mangsa bisa noetoetana, marang akoe ing saiki.

*(Sasampoenipoen ngésahi sawatawis djangkah, toemoenten kèndel kalihan nolèh ing wingking).*

18. Mara déné maksih ngetoet, keparat teka marani, mréné manèh tawon ika, mitra toeloengana aglis, ingsoen datan sah ginoða, déning bramara panjakit."

**Anasúyâ sarta Priyamvada (nggrétjoki):**

19. „Parandéné bisaningsoen, tetoeloeng marang sirèki, anjoe-woena toeloeng marang, Dushyanta Sang Narapati, kang awit iki pratapan, pastyantoeok pangajomaning.

20. pangajomaning Sang Praboe."

**Sang Nata:**

„Jèn mangkono ingsoen iki, woes mangsané soen ngatingal, marang para éndang sami, jwa paða wedi maringwang, nanging patrapingsoen iki.

*(Sang Nata ing sanalika kèndel, pangoedasmaranipoen):*

21. Manawa bakal paða wroeh, jèn ingsoen iki Narpati, jèn mangkono kang sajoga, mara betjik soen toetoeri."

**Çakuntâlâ (madjeng sadjangkah):**

„Hèh tawon apa ta sira, meksa ija ngojak mriki."

**Sang Nata (énggal madjeng):**

22. „Sapa baja ingkang poeroen, nempoeh mring para pawèstri, para éndang ing pratapan, tjengkiling mring wong tan sisip, apa datan weroeh sira, jèn teðaking Puru mangkin.

23. Maréntahaken pradja goeng, kawasa masésa maring, para droehaka kinas, banget temen tawon koewi, olèhé tansah toet woentat, ganggoe-gawé wong tan sisip."

*(Para éndang sareng soemerep dateng Sang Nata sami kagèt).*

**Anasúyâ :**

24. „Noewoen Sang anjar kadoeloe, kaoningana ingriki, èstoe tan wonten piala, djawi Çakuntâlâ naming.

(*Kalihan noedingi dateng Çakuntâlâ*).

Binoedjoeng déning bremara, dadya adjrihé kepati.”

**Sang Nata (kalihan njawang dateng Çakuntâlâ):**

25. Apa ta samja rahajoe, para ing pratapan ngriki, para tapa pakarjannja (11), poenapa manggih ardjanti, pandamel moersid poenika, pantes ingajoman jekti.”

**Çakuntâlâ ngadeg ndjedjer tanpa witjanten;  
temboengipoen Anasûyâ:**

26. „Çakuntâlâ mitraningsoen, mara menjanga toemoeli, marang wisma tetoewoehan, andjoepoeka argah (12) toewin, wowohan kanggo sesegah, tamoe kang nembé ngrawoehi.

27. Wit widjikan pada sinoeng, tojèng wana seger wening, noemoesi ajeming slira- nira tamoe ingkang prapti.”

**Sang Nata:**

„Rara dahat ing panrima, ingsoen marang sira sami.

28. Wahjaning temboengirèkoe oewis dadi tanda jekti, jèn sira woes netepana, wadjibing pamboedjakrami, manembrama djenengingwang, ajwa sira walang kapti.”

**Priyamvada:**

29. „Noewoen ingkang lagi rawoeh, soemangga pinarak ngriki, padoeka lenggah ing lintjak, saking saptaparna <sup>1)</sup> sari, kang doemoenoeng ing éjoeban, ngasokken salira dingingin.”

**Sang Nata:**

30. „Rara sira oega èstoe, sajah saka ing pakardi, mara ta pada linggiha, anèng ajomaning oewit.”

**Anasûyâ:**

„Çakuntâlâ mitraningwang, ingkang dahat soen tresnani.

31. Mara ajo pada loenggoeh, betjike pada nemoni, marang tetamoe kang prapta, ajo noeli dèn srawoengi, adja nganti kalajatan, pada linggiha nèng ngriki.”

<sup>1)</sup> Echites scholaris.

(Sadaja ladjeng sami linggih).

**Cakuntâlâ (pangoedasmaraning manah):**

32. „Kaprijé djeboel wakingsoen, saploké ingsoen manoni, tamoe ingkang nembé prapta, teka nganggo menag-menig, atèngong kelebong rembag, ingkang njoelajani pikir.

33. Soelaja lan ananipoen, pikiré wong mangoen tèki, lan ananira sadaja, kang toemindak ing asrami, adoh banget soeng-satira, lan atiningsoen ing mangkin.”

**Sang Nata (kalihan mriksani wanoedya tiga pisan):**

34. „Doeh sira tetiganipoen, déné anggènira sami, pawong-mitran katon tresna, katri agengira sami, oemoéré katiga ratjak, ajoené pan oega sami.”

**Priyamvada (nisih):**

35. „Anasûyâ mitraningsoen, sapa ta ikoe kang djanmi, déné tjatoerané bisa, mamèt drija memalati sih, wingit ing pamoeloenira, jèn soen titik dajoh iki

36. Saka ing patraping tjatoer, soemèh gapjak merak ati, kaja doedoe wong sabarang, kaja oewong gedé iki, toetoerana Anasûyâ, sapa ta dajohé iki.”

**Anasûyâ:**

37. „Ija, ija, mitraningsoen, akoe ja dahat kepéngin, weroeh ing sadjatinira, kang dajoh joen soen takoni:

(*Pitakènipoen sora*).

Toewan keparenga koela, matoer sakrenteging ati.

38. Pratjajaning manah oeloen, ingkang katetangi déning, wedaling kang pangandika — nira toewan mamèt ati, itjal was soemlanging manah, temah poeroen nilakrami.

39. Poendi pinangkané ngajoen, poendi sinedya ing woeri, sinten akekasih toewan, terahing karaton poendi (13), ingkang noeroenaken toewan, sinten sinambat ing wangi.

40. Lan poenapa marginipoen, déné keplantrang mring ngriki, pabaratan sepi sepa, oenggjaning wong mangoen tèki, banter anggegering awak, datan sah memati ragi.

Serat Kâlidâsâ.

41. Poenapa twan inggih ajoen, martapa nggegering diri, déné ta maksih taroena."

**Çakuntâlâ (pangoedasmaraning manah):**

"Bok ija atikoe iki, adja nganggo sesek sira, Anasûyâ kang ndjarwani.

42. Moenggoeh ing kekarepanmoe."

**Sang Nata (panjiptaning galih):**

"Kaprijé betjiké iki, apa soen walèh kéwala, apa betjik ingsoen koembi, mara saiki takkanða, mangkéné baé prajogi."

**Sang Nata ngandika sora:**

43. „Rara ingsoen pan tinoedoeh, déning Sang Ratoe terah-ing, Sang Puru soen winadjiban, roemeksa tindaking adil, moelané toemekaningwang, marang pratapan poeniki.

44. Apa ta toemindakipoen, pagawéan soetji iki, tan ana manggih roebéda, tan ana kang ganggoe kardi, soekoer jèn mangkono paða, nemoe soeka lan basoeki."

**Anasûyâ (witjanten datang mitranipoen):**

45. „Jèn mangkono para wikoe, kang asramèng wana iki, paða manggih pangajoman, pangajomaning Narpati, lantaran oetoesanira, prija nom ingkang tinoeding."

**Çakuntâlâ ketingal rikoeh. Priyamvada sarta Anasûyâ kabatosanipoen mangertos datang batosipoen Çakuntâlâ, ladjeng witjanten datang Çakuntâlâ pijambak:**

46. „Çakuntâlâ mitraningsoen, oepamané ing saiki, bapa Kanva noeli prapta, kaprijé dadiné nenggih."

**Çakuntâlâ (ngèngingi):**

"Nadyan bapa Kanva prapta, tjikmèk tan dadi poenapi."

**Priyamvada kalihan Anasûyâ:**

47. „Dadiné Sang maha wikoe, Kanva pasti baé noeli, gawé begdjané kang prapta, kang tamoe sinoengan aglis, malah sinoeng katresnannja, kang sasat njawa pribadi."

**Çakuntâlâ:**

48. „Wis loengaa baé oewoes, wong loro loengaa noeli, déné tjatoermoe mangkana, awit sira ngandoet batin, ajwa soewé-soewé ingwang, kroengoe oepresmoe wong kalih.”

**Sang Nata:**

49. „Ingsoen kepéngin joen weroeh, lilanana soen pitakin, kaananing mitranira.”

**Priyamvada kalihan Anasûyâ:**

„Toewan pandangoenirèki, oeloen anggep mangka tjihna, roe-mahabing kang panggalih.”

**Sang Nata:**

50. „Jektiné sampoen kasoewoer, teðaké Kaçyopa <sup>(1)</sup> mangkin, jèkoe Kanva Sang Pañdita, pantesé ingadji-adji, kaonang-onang gjanira, kentjeng lakoéné mring betjik.

51. Djaréné mitranirèkoe, soetanira Kanva nenggih, prijë moela-boekanira, Kanva anggoué sesiwi, moenggoeh kang noeroenké sapa, ingsoen kepéngin oedani.”

**Anasûyâ:**

52. „Makaten pan larahipoen, jèn toewan arsa oedani, wonten Ratoe agoeng kwasa, Sri Kaucika (14) kang wewangi.”

**Sang Nata:**

„Toetoegna rara toerira, ingsoen kepati ajoen wrin.”

**Anasûyâ:**

53. „Makaten saladjengipoen, Çakuntâlâ nggih poeniki, teðaking Kaucika Nata, dadiné ingaken siwi, déning Kanva Sang Pañdita, Çakuntâlâ nganggep oegi.

54. Jèn Sang Kanva bapakipoen, awit Sang Pañdita ngoeni, ingkang moepoe Çakuntâlâ, déning tinar soedarmi, Çakuntâlâ tan oeninga, jèn namoeng ingaken siwi.

(1) Inggih Kanva, teðakipoen Kaçyopa.

55. Wit pamardiné Sang wikoe, mring Çakuntâlâ tan sisip, woes kadi soeta prijangga."

**Sang Nata:**

"Rara toetoerira iki, temboeng tinilar soedarma, ikoe nenangi ing pikir.

56. Kepéngin ingsoen karoengoe, kang nganti tetéla jekti, kanaaning mitranira, Çakuntâlâ anèng riki, prijé moela-boekanira, dèn pasadja toerirèki."

**Anasûyâ:**

57. "Toewan mirengna toer oeloen, ingoeni wonten Narpati, djedjoeloek Sang Sri Kauçika, mangoen tapa mati ragi, anèng tepining narmada, Gotami araning kali.

58. Para Déwa doepi weroeh, banteré kang mangoen tèki, ragi miris ing wardaja, tandya noedoe kang apsari (15), Menaka kinèn ngrantjana, goegoera kang mangoen tèki."

**Sang Nata:**

59. "Ija rara bener toermoe, para Déwa paða adjrih, doemateng kawasannya, para ingkang mangoen tèki, jèn katrima ing Djawata, goena kasaktèné dadi."

**Anasûyâ:**

60. "Sareng noedjoe kalanipoen, mangsa wiwitan ndatengi, Sang atapa kadatangan, Menaka ingkang apsari, mangrantjana ring Sang tapa, tandya goegoer ingkang tèki.

61. Sang tapa wroeh warnanipoen . . . . ."

*(Anasûyâ doemoegi samanten kèndel, rikoeh ngladjengaken tjarijosipoen).*

**Sang Nata:**

"Rara ingsoen woes mangerti, mring batjoeté kandanira, jèn mangkono mitranèki, Çakuntâlâ pan soetanja, Menaka ingkang apsari."

**Anasûyâ:**

62. "Inggih makaten poenikoe."

**Sang Nata :**

„Wangoené moela ngèmperi, warna éndah kang kadyéka, teté-  
la teḍak apsari, asal sing swarga minoelja, gebjaring taṭit oepami.

63. Tan saking boemi manḍoewoer, nanging mangisor sing  
ninggil.”

*(Çakuntâlâ koemedèp toemoengkoel).*

**Sang Nata pangoedasmaring galih :**

„Jèn mangkono awakingwang, bakal katoeroetan jekti, gjaning-  
soen kepéngin dahat, memiloeta pamoring sih.

64. Nanging doepe ingsoen kroengoe, sembrananing kenja iki,  
mitranira Çakuntâlâ, kalamoen oewis kepéngin, Çakuntâlâ ngar-  
sa-arsa, noeljantoeke djatoekrami.

65. Ikoé dadi wasing kalboe, apa ta karepirèki, temboeng  
kang mangkana ika, karepé ingsoen tan ngreti, tan bisa tampa  
maksoednja, tan karoehan ing pamikir.”

**Priyamvada njawang dateng Çakuntâlâ kalihan mèsèm,  
ladjeng matoer dateng Sang Nata :**

66. „Doeh toewan panjawang oeloen, kados baḍé ndangoe malih,  
toewan sampoen soeba-sita, arsa ndangoe mring kang abdi, jèn  
saged pan oeloen djawab, poenapa ingkang kinapti.”

**Sang Nata :**

67. „Teka waskiṭa sirèkoe, nganggo andjadjagi pikir, moela  
karepingsoen oega, tetakon marang sirèki, ingsoen arep weroeh  
oega, kaprijé tjaraning ngriki.

68. Kaoeripaning pra wikoe, kalawan pra éndang sami.”

**Priyamvada :**

„Ajwa rangoe-rangwèng manah, toewan andangoe mring èstri,  
wedaling pratapan wana, dèn pasadja pasti kénging.

69. Tinakénan saliripoen, panggesangan kita ngriki.”

### Sang Nata :

„Rara soen arsa oeninga, kawontenaning pawèstri, mitranira Çakuntâlâ, gesangé anèng wanadri.

70. Kaprijé poenaginipoen, oenggjannja loewar sing tapi, gjanira njirik kadonjan, njirik kabegdjan kang awit, saka ing sih kasoe-tresnan, wong lanang kalawan èstri.

71. Apa nganti jèn woes antoek, djoðoné salaki-rabi, jèn woes ndoengkap palakrama, lagi loewar sing pamerdi, tapa brata mati raga, anèng wana adoh djanmi.

72. Apa ta oebajanipoen, ajoen martapa salami-nira oerip anèng wana, tan pisan arsa ngloewari, tinemah datanpa krama, oerip samadyèng wanadri.

73. Saari-ari pan amoeng, sangsam sarawoenganèki, kang ngèmperi tingalira, kang mendjangan lan Sang poetri, soemedèting liringira, landep noendjem sanoebari.”

### Prijamvada :

74. „Nadyan Çakuntâlâ nenggoeh, netepi kwadjiban soetji, éwadéné Çakuntâlâ, karepé goemantoeng oegi, doemateng kadje-ning lijan, moela nijating soedarmi.

75. Bapa kanva Sang awikoe, nijaté soetanja nenggih, baðé kinèn palakrama, kalamoen sampoen oemanggih, djoðo kang pantes ingalap, mantoe déning Sang maharsi.”

### Sang Nata ing batos :

76. „Jèn mangkono raganingsoen, tan angèl bisané olih, karep-koe mring Çakuntâlâ, noeroeti krenteging ati, ilang sandéjaning manah, déné kang maoené kadi.

77. Agni toemrap raganingsoen, mangkono ingkang oepami, toemrapé saiki kadya, goemebjaring sesotya di, ingsoen tan oelap njekela, pasti tan panas njakiti.

78. Ambesmi mring astaningsoen, mengko malah anambani, laraning ati goeng rimang.”

### Çakuntâlâ (moering):

„Anasûyâ soen saiki, arep loenga baé sigra.”

**Anasûyâ :**

„Rep loenga kenèng poenapi.”

**Çakuntâlâ :**

79. „Ingsoen ija arep toetoer, ring kang pantes ingadjèni, ring Gotami joen soeng wikan, lamoen Priyamvada iki, tan pi-nikir jèn tjatoeran, nganggo walèh mring Sang tami.”

**Anasûyâ :**

80. „Çakuntâlâ mitraningsoen, karepmoe ikoe tan betjik, datan pantes déné sira, tinggal loenga tamoe iki, wong agoeng kang nembé prapta, tanpa sinegah poenapi.

81. Pantes nganggo sira soegoeh, djeboel joen tinilar nggendring, anggoegoe karsa prijangga, Çakuntâlâ mitra mami, léréna wong ajoe sira, adja ndadak nganggo isin.”

*(Çakuntâlâ tanpa witjanten poenapa poenapa malih ladjeng badé késah, Sang Nata badé nggéndoli, nanging kanggeg ing galih boten sijos).*

**Pangoedasmaraning galihpoen Sang Nata :**

82. „Teka katon rara ikoe, mirid sing obahing ragi, kang mangka pangilonira, obahing manah birahi, jèn ingsoen arep ngetoetna, noeroet patrap kang mantesi.

83. Apan kandeg djangkahingsoen, rasané nadyan soen mak-sih, doeroeng obah sing panggonan, teka kaja obah oegi, madjoe moendoer mangka ora, mingset sing panggonan mami.”

**Priyamvada nggéndoli Çakuntâlâ, temboengipoen :**

84. „Çakuntâlâ mitraningsoen, jwa sira loenga sing riki, ikoe datan pantes dahat, ngloengani dajoh sirèki.”

**Çakuntâlâ (kalihan mrengoet) :**

„Soetik ingsoen anggoegoea, sababé apa tan keni.”

**Priyamvada :**

85. „Çakuntâlâ sira ikoe, pan maksih darbé pakarti, njiram-aké oewit mring wang, maksih dwi kang kosagahi, jèn woes esah sageohira, bandjoer loengaa toemoeli.”

*(Priyamvada nggondèli Çakuntâlâ kalihan sereng).*

### **Sang Nata:**

86. „Rara ingsoen weroeh èstoe, Çakuntâlâ Sang apoetri, woes katon sajah oenggjannja, njirami wit-witan mangkin, delengen rara mitranta, lengené sèngklèh kepati.

87. Lemes datanpa bebajoe, goemantoeng poendak lan malih, astané kesoewèn ngangkat, njekeli gembor njirami, pèk-èpèké Çakuntâlâ, nganti ngatirah mlas asih.

88. Menggèh-menggèh oeswanipoen, andoewa pranadja nganti, membat ingkang pajoedara, kaja andjebolna tamping, tetampinging kang pranadja, nggèn tan kijat angalingi.

89. Bandjoer rigol lir andaroe, tjoemlorot angilat taçit, ngasorken tédja wangkawa, soen tampani asta kalih, ra-orané jèn soen tjoelna, darapon ingsoen pepoendi.

80. Riwénira adres metoe, pating prentoel anèng rai, pinçanira lir moetyara (16), rinontjé sineling sari, çirisha kanang poesпита, kang kinarja angrenggani.

91. Ngrengga ing pilinganipoen, Çakuntâlâ merak ati, ting prentoel gilang-goemilang, kadi eboen wantji éndjing, wadananira Sang retna, moengoer mimboehi memanis.

92. Tetaliné rikma oetjoel, oewal woedar ingkang wèni, Çakuntâlâ goerawalan, arsa njepengi kang wèni, ingkang woedar mawoet ambjar, lan astané kang satoenggil.

93. Awit saka ikoe ingsoen, tan ngloepoetaké Sang dèwi.”

*(Ngandika makaten Sang Nata kalihan karsa maringaken age-mipoen sesoepé dateng Anasúyâ kalihan Priyamvada, wanoedyâ sakalihan ningali aksara ingkang rinipta ing sesoepé ladjeng sawang-sinawangan).*

### **Sang Nata ngladjengaken pangandika:**

„Paminta koela mring sira, sakalihan ajwa nganti, klintoe ing panawangira, koela poenika moeng abdi.

94. Abdinira Sang Apraboe, déné sesoepé poeniki, peparing Nata minangka, gandjaran koela wit saking, katarima damel koela, gjaningsoen woes lami ngabdi.”

**Priyamvada :**

95. „Jèn makaten mestinipoen, soepé poenika tan kénging, pinendet saking ratjikan-irèng asta Narapati, samangké wit karsa toewan, Çakuntâlâ mitra mami.

96. Ingapoenten lepatipoen,

(*Ragi nggrétjok*).

mila Çakuntâlâ mangkin, sira koedoe nrima marang, dajoh ingkang noedjoe prapti, ijèkoe Sang Nata pjambak, sira kena loenga noeli.”

**Çakuntâlâ ing batos :**

97. „Jèn ingsoen bisaa antoek, pantjasan moenggoehing mami,

(*Sora*).

sira mitra Priyamvada, pambekanira poeniki, teka koemawasa sira, noençoeng lan nganðeg mring mami.”

(*Priyamvada mirengaken kalihan semoe mèsem. Sang Nata mriksani dateng Çakuntâlâ*).

**Tjiptaning galihipoen Sang Nata :**

98. „Apa Çakuntâlâ ikoe, ing batin rasané sami, lan rasaning atiningwang, déné rasané kepati, koematjèloe andarbék-a, Çakuntâlâ kang soen èsti.

99. Déné rasaning atikoe, kaja bakal ditoeroeti, kepéngingsoen mring rara, sanadyan ingsoen tan mawi, wawan ginem lan dèwèknja, éwadéné teka mawi.

100. Ngroengokaké kandaningsoen, wangoené amamboe ati, nadyan Çakuntâlâ datan, mawi njawang oelat mami, nanging oelat liringira, katon oega nering ati.”

**Soewara ing sawingkinging geber :**

101. „Hèh soewawi para wikoe, énggala dipoen poeroegi, sami roemeksaa para, tetijang wana ingriki, awit Sang Nata Dushyanta, noedjoe mbedag nèng wanadri.

102. Datan tebih doenoengipoen, Sri Dushyanta saking ngriki, baledoeg koemeloen moenggah, wit katradjang ingkang siti, déning tratjaking toerangga, bledeoeg mawoer anibani.

103. Wit-witan pratapan penoeh, ingkang tjinantélan déning, anggèn-anggèn teles saka, kalikaning wit menoehi, moebal ingkang bledeog moenggah, nawengi soroting rawi.

104. Remèng-remèng temahipoen, kaja kaalingan déning, ibering walang loemboengan, majoeta maketi-keti, kang liman kagèt oemijat, karéta kang nembé prapti.

105. Temahanira keplajoe, loemebet ing wana ngriki, kèh mendjangan bebajakan, katradjang loemajoe nggendring, boebar soemebar ting blesar, ing saparan-paran ndelik.

106. Anggoegoerken para wikoe, gjanira sami martapi, ne-noewoen sihing Djawata, kang liman koerda anggaqing, gaqingé ingkang satoenggal, katantjebaken ing oewit.

107. Kang ketradjang esol roeboeh, déning palajoening èsti, temah kesrimpet soekoenja, déning rajoedan ponang wit, kasendal katoet plajoenja, kang katradjang bosah basih."

#### **Sang Nata ing batos :**

108. „Éman-éman déné djeboel, soen karja pangkalan mangkin, wong ingsoen saka nagara, kang nggolèki djeneng mami, karja gijoehing pratapan, prajogané soen parani."

#### **Priyamvada lan Anasûyâ :**

109. „Doeh toewan koela sadaroem, samja goemjoer djroning ati, déning lampahan poenika, kang ndatengi wana ngriki, pramila dèn apoentena, koela keparenga bali.

110. Wangsoel dateng wisma santoen."

#### **Sang Nata :**

„Soewawi inggih prajogi, déné ing sabisa-bisa, ingsoen oega joen amboedi, soepajané ing pratapan, jwa nganti manggih tan joekti."

*(Sadaja ladjeng sami ngadeg).*

#### **Priyamvada lan Anasûyâ :**

112. „Doeh toewan pramilaningsoen, rikoeh kalamoen nanggapi, gegineman lan padoeka, ingkang bisa andjalari, wangsoel rawoeh padoeka twan, mring pratapan ngriki malih (17).

déning  
bal ing  
léning,  
liman  
i, keh  
oebar  
ne  
ingé  
stj,  
vik  
ig  
il

112. Awit saking sababipoen, déné oenggjaningsoen sami, amanggih mring padoeka, datan kalawan mantesi, oeloen roemasa kirangan, pahargjan kang loewih adi."

### Sang Nata:

113. „Ajwa mangkono sirèkoe, rara kandanira sisip, pangrasaning atiningwang, sira woes karsa manggihi, ikoe pahargjan sanjata, tjoekoep saliring panampi."

### Çakuntâlâ:

114. „Anasûyâ mitraningsoen, entènana awak mami, awit sikilkoe kelaran, ketjotjog-tjotjog ing damin, damènira soeket kuça <sup>(1)</sup>, déné sandangankoe oegi.

115. Ketjantol-tjantol pangipoen, kuruvaka ingkang oewit, entènana ingkang ngantya, jèn ingsoen oewis ngoetjoeli, sandangankoe saka ing pang, ingsoen noeli noesoel aglis."

*(Sajektosipoen namoeng kanggé samoedana ndedangoe lampah kémawon, loegoenipoen ngawasaken dateng Sang Nata, nanging boten dangoe inggih ladjeng noetoeti lampahing mitranipoen sakalihan).*

### Sang Nata ngandika:

116. „Teka tan kepéngin ingsoen, bali mring nagara malih, prajoga soen paranana, para ingkang atoet woeri, mring ingsoen saka nagara, ajwa nganti tebih-tebih.

117. Saka ing pratapan ikoe, gjanira makoewon sami, déné atiningsoen teka, datansah asenak-senik, kèlingan warnané rara, Çakuntâlâ ndoedoet ati.

118. Déné ingsoen nggo loemakoe, sikilngong ija loemaris, badaningsoen miloe obah, naning angen-angen mami, datan sah bali kéwala, marani dénok wong ndanding.

119. Lir gendéra paminipoen, kang ginawa nradjang angin, oewong lan landéanira, mlakoe ngétan saopami, ananging gendéranira, nglèbèt noet paraning angin."

*Tamat lampahan sapisan.*

(1) Djawinipoen: soeket soetji.

## LAMPAHAN KAPING KALIH.

*Mathavya inggih poenika vidushaka medali, oelatipoen soentroet.*

### 9. MEGATROEH.

#### Vidushaka ngesah:

1. „O-o déné pamitrèngsoen lan Sang Praboe, Nata ingkang remen jekti, ambebedag ing wana goeng, ndadak ingsoen mang-gih roentik, karibedan geng sajektos.
2. Kana kaé ana sangsam malihipoen, kana ana tjèlèng midjil, ing kana ana arimoe, paða metoe kagèt adjrih, sing wana greng menggos-menggos.
3. Déne wantji tengah awan dibediçoeng, sami ginanggoe ing kardi, ing wana greng mleboe metoe, kinoeja-koeja tan oewis, ing mangsa panas kepatos.
4. Mangsanira kang wit-witan goðongipoen, déning panas sami garing, nganti dalanipoen, ingkang kèjoeban déning wit, moeng sawatara kang ajom.
5. Déne ingkang soen ombé moeng tojanipoen, ilèn-ilèn sa-king ardi, ingkang kaworan ron roentoeh, tojanira dadi pait, rasané getir sajektos.
6. Oenggjaningsoen mangan wantjiné tan tamtoe, kang kerep moeng mangan daging, kinlopok ing geni moeroeb, nganggo soedjèn dèn soendoeki, déne wantji daloe ingong.
7. Paða ora bisa toeroe déning lesoe, tjapé sajahé kepati, badan kita lir winasoeh, loengkrah awit saka déning, toet woeri djaran peplajon.
8. Apa manèh déne wantji bangoen ésoek, para pamboeroe-ning peksi, si keparat anakipoen, oewong toekon oewis sami (18), bengak-bengok mbribèni wong.
9. Alok-alok lamoen antoek latjakipoen, boeron alas anèng riki, wis mangkono meksa doeroeng, ilang kasoesian mami, iki djenengé ketanggor.

10. Daging aboeh wis metjoetjoe paminipoen, prandéné meksa dèn nggoni, woedoen ageng ngenoet-enoet (19), wit wingi doepi ngong sami, kari tinilar ing enggon.

11. Tinilar ing para kantja temahipoen, mitrèngong Sri Narapati, sareng mbereg sangsam mamproeng, tekèng pratapan Sang Adji, doemadakan Sang Akatong.

12. Kodjoer ingong djeboel Sang Nata andoeloe, pawèstri pratapan ngriki, Çakuntalâ namanipoen, ing warna ajoe linoewih, pan kadi remboelan tjoplok.

12. Saking tjangkokira doemoenoeng Sang ajoe, melok-melok ngoedjwalani, milanira Sang Apraboe, kénjoet ing drija tan apti, kondoer mring koeta Sang anom.

14. Malah maoe kalané ing bangbang ésoek, nganti kagèt Sri Boepati, sadjroné anggagas nglangoet, marang ingkang minda Ratih, kaèngget-èngget tan pedot.

15. Mak djenggirat djeboel Hjang Arka wis moengoep, Sang Nata pan lagi éling, saka ing soebrangtanipoen, kaprijé temahan iki, betjiké baé soen tonton.

16. Apa ija wis ngadi boesana Praboe, mitoeroet pranatan kang wis (20).

*(Toemoenten késah moebeng-moebeng lan ngingoek-ingoeki).*

Lah kaé apa mitrèngsoen, kang pantes soen adji-adji, woes katon rawoeh Sang Katong.

17. Tindak mréné kadèrèkaken pra wadoe, tetijang èstri yavani (21), samja ngampil-ampil isoe (1), lan gandéwanira Adji, mjang ontjèn-ontjèn sekar mrok.

18. Dipoen anggé ing sirah rinengga patoet, saikiné ingsoen betjik, ngadeg baé tan loemakoe, meneng réwa réwa sakit, tjapé sakodjoer badèngong.

19. Kang mangkono soepajané badaningsoen, bisa ngaso sawa-tawis.

(1) Isoe = djemparing = panah.

*(Këndel ngadeg kalihan léndéan ing teken kadjeng).*

Ora pidjer mloja-mlajoe, dimèn Sang Nata oedani, jèn badaningsoen woes poprok."

*(Sang Nata ngatingal sapanðèrèkipoen ingkang sampoen kajarijosaken inginggil).*

### **Sang Nata ngandika:**

20. „Nadyan datan gampang antoeké sih loeloet, nanging tandangira kang wis, nenangi derenging kalboe, nadyan sedyaningsoen maksih, doeroeng olèh gawé jektos.

21. Sedyaningsoen mrih olèh katresnan toehoe, sing rara kang dadi ati, nglalèkké mangan lan toeroe, éwadéné jèn wong iki, wis pada kepéngin batos.

22. Ija oewis doewé kanikmatan toehoe,

*(Kalijan mèsem).*

moelané kang noedjoe kingkin, sing kasmaran toeridèkoe, temahan kénjoet ing ati, gandroeng woejoeng datan anggop.

23. Déning tjiptanirèng angen-angenipoen, tansah mendeng mring satoenggil, jèkoe mring kaloeloetipoen kinanta pan kadi déning, kalampahan kang sajektos.

24. Liringira tingal koesoemaning ajoe, nadyan enerira oegi, datan mring ingsoen toemoedjoe, nanging rada mamboe ati, tindakira koesoemanom.

25. Lengkèt lengkèt wangoené kaja alesoe, kaja woes kinardi-kardi, dadia pratjihnanipoen, jèn batiné woes kelahir, ana ing lakoe katongton.

26. Apa manèh wangsoelané kala maoe, mring mitrané toehoe wengis, kalanira Sang retnajoe, ingandeg tan wèh ngésahi, apa ikoe toemrap mringong.

27. Gagasané wong baring déning geng gandroeng, ija ora oewis-oewis, jèn doeroeng kapaðan kajoen, sadjoðo dadiné sidji, ija oewis datanpanggop.

**Vidushaka (taksih tansah ngadeg kados ing waoenipoen):**

28. Mitraningsoen sinarawèdi Sang Praboe, kawoela tan ngatjarani, lan patraping awakingsoen, wit tangan lan soekoe mami, tan bisa obah sajektos.

29. Moeng nambrama padoeka mitrèngong Praboe, lan temboeng medal sing laji, soegeng rawoehnja Sang Praboe."

**Sang Nata:**

„Kaprijé moelané iki, déné teka bandjoer loempoh.”

**Vidushaka:**

30. „Doeh Sang Nata déné teka mawjandangoe, paran sabab oeloen sakit, déné wedalira eloeh, ngebaki mripat ngong kalih, daroenanira Sang Katong.”

**Sang Nata:**

31. „Ikoé ingsoen datan mangerti satoehoe, apa ingkang andjalari, déné sira djeboel loempoh.”

**Vidushaka:**

„Mitrèngong Sri Narapati, oepaminipoen pendjatos.

32. Dadi béngkong poenapa ta sababipoen, poenapa daja pribadi, ingkang ambéngkongken ikoe, poenapa dajaning ili, ingkang nempoeh ing pendjatos.”

**Sang Nata:**

33. Wis mestiné sababé ing béngkongipoen, ija sing dajaning ili.”

**Vidushaka:**

„Jèn makaten Sang Apraboe, sesakit koela poeniki, kang ndjalari Sang Akatong.”

**Sang Nata:**

34. „Lo kaprijé Vidushaka karepanmoe, teka soen kang sira rani, dadi margané laramoe, ingsoen iki datan sisip, jektiné datan roemaos.

35. Karja sakit Vidushaka sira ikoe."

**Vidushaka :**

„Mitrèngong Sri Narapati, déné padoeka poenikoe, datan anetepi wadjib, kawadjiban Narakatong.

36. Teka namoeng arsa gesang nèng wana goeng, anèng papan sepa-sepi, bosah-basèh njenjet samoen, lir oeripé wran wanadri, poenapa padoeka kraos.

37. Kaparenga Sang Katong kawoela matoer, kawoela datan koewawi, raosé tjapé kalangkoeng, ngangkat badan ngong pribadi, tan kawawa mingsed ingong.

38. Tjapé laroet lemes rasaning bebajoe, déning saben dina tan wis, mrana-mréne mlajoe-mlajoe, ambedag kéwan wanadri, kaparenga ngaso ingong.

39. Énggalipoen sadinten kémawon Praboe, moerih tentremé kang ragi, wit samangké badan oeloen, kasok sanget tan ndarbèni, kekadjengan ngong sajektos."

**Sang Nata (ing batos):**

40. O dadiné dèwèké ija kawetoe, tjatoeré mangkoné iki, ingsoen saiki ja oewoes, kamba ambebedag malih, jèn kèlingan ring Sang sinom.

41. Çakuntâlâ bapa Kanva soetanipoen, ingsoen datan kena malih, nglepasken warastra mamproeng, nèng gandéwa amatèni, kang mendjangan ingkang manggon.

42. Toenggal saalas lawan kekasihingsoen, soepaja bisané dadi, tetoeladan ingkang moenggoeh, lamoen atiningsoen soetji, tan na kaloepoetaningngong.

43. Tetoeladan mring rara pepoendèningsoen."

**Vidushaka (njawang dateng wadananipoen Sang Nata):**

„Jèn soen sawang Sri Boepati, wangoen ana kang kinañdoet, ing sadjroning galih goesti, déné ana kang binatos.

44. Atoer amba rasèngong datan kaleboe, ing galih padoeka Adji, kados déné tapisipoen, sawenèhing wana ngriki, oegi tan kepireng Katong." (22)

**Sang Nata ngoedjiwat:**

45. „Apa baé dadiné ljanira ikoe, ora-ora ingsoen iki, moeng pangoedasmareng kalboe, kita koedoe angleloeri, kanjané mitra sajektos.”

**Vidushaka:**

46. „Jèn makaten pamoedji amba mring Praboe, moegi pandjanga joeswa Dji”.

*(Toemoenten badé késah).*

**Sang Nata ngandika:**

„Ajwa loenga mitraningsoen, lèrèna sadéla disik, kanjaningsoen doeroeng bontos.”

**Vidushaka:**

47. „Amba namoeng tjoemaḍong dawoeh Sang Praboe.”

**Sang Nata:**

„Jèn sira woes aso jekti, sira koedoe mbantoe mring soen, toemrap sawenèh prakawis, kang datan gawé rekaos.

48. Marang sira Vidushaka mitraningsoen.”

**Vidushaka:**

„Kawoela noewoen Sang Adji, sandika ambarsa mbantoe, tamtoené poeniki inggih, prakawis neḍa miraos.

49. Jèn makaten karsa padoeka Sang Praboe, kawoela noewoen kapoenḍi, déné padoeka karsa soeng, gandjaran ring djeneng patik, karsa anggatèkken jektos.”

**Sang Nata:**

50. „Vidushaka sira soen toetoeri moenggoeh, beboengah apa kang arsi, soen paringken ring sirèkoe.”

**Sang Nata dateng tijang djagi kori:**

„É kowé wong djaga kori.”

Serat Kâlidâsâ.

**Tijang djagi kori (toemoengkoel kalihan hoeremat):**

„Tjoemadong dawoeh Sang Katong.”

**Sang Nata:**

51. „Raivataka <sup>(1)</sup> lah mara menjanga ladjoe, timbalana sénapati.” (23)

**Tijang ingkang djagi kori:**

„Noewoen sandika Sang Praboe.”

*(Tijang djagi kori ladjeng mangkat, boten dangoe ladjeng dateng kalijan sénapati, tijang djagi kori ladjeng witjanten dateng sénapati).*

**Temboengipoen Raivataka:**

„Padoeka Sang sénapati, liringira Sang Akatong.

52. Woes toemoedjoe mring ngriki poeroeing semoe, ing nitya Katong Sang Adji, mring padoeka arsa dawoeh, soemangga Sang sénapati, noenten madjenga kémawon.”

**Sénapati (mawas dateng Sang Nata):**

53. „Koningana doeh goesti lamoen mbeboeroe, toemrapping kaprabon Adji, inganggep karja tan moenggoeh, pandamel maksijat iki, nging toemrap padoeka Katong.

54. Malah mangka dadi kaoetaman agoeng, wit déné Sri Narapati, déné kasenangan mboeroe, ambedag sato wanadri, slira padoeka Sang Katong.

55. Dadi takat wentala ring panasipoen, Hjang Raditya mbrongot salwir, sarandoening slira Praboe, datan gemoeh malah dadi, èntèng sarta dadi ngotot.

56. Ngotot kados liman wedalan ing goenoeng.

*(Sang sénapati madjeng, ngladjengaken atoeripoen).*

Patikbra oematoer malih, memoedji oenggoela Praboe, sakèh kéwan mangsa daging, ing wana sampoen ginropjok.

(<sup>1</sup>) Raivataka = Namaning tijang ingkang djagi kori.

loermap 57. Ing samangké poenapa ingkang sinamboet, ing karja patikbra goesti."

### Sang Nata :

balans 58. „Sénapati wroehanamoe, ingsoen iki ing samangkin, woes njenjoeda karsaningong.

58. Ing prakara nggoningsoen rena mbeboeroe, sabab ambedag sajekti, karenaningsoen ing mae, tjinéda jèn datan apik, déning Mathavaya (1) mawon."

### Sénapati (nisih) :

mg de  
senap 59. „Hèh soemitra dèn ndaroeng pamrengkangipoen, ingsoen andèrèk karsa Dji, menggahing karenan Praboe, ingsoen ndèrèk anglampahi.

(Sora toemandoek dateng Sang Nata).

100  
111 dimèn goelang-goelang Katong.

60. Awitjanten ing sakadjeng-kadjengipoen, déné padoeka Sang Adji, pijambak pan sampoen asoeng, tetoeladan saé bilih, ambedag poenika Katong.

apic  
sijic 61. Apan wonten pigoenanira saèstoe, mangka pasinaon trampil, damel akas danganipoen, ing badan poenapa malih, adamel kijat sajektos.

62. Asembada meksa kekijatanipoen, poenapa ingkang nglangkoengi, mangka pasinaonipoen, pradjoerit poenika jekti, moengmbebedag kang kinaot.

63. Poenapingih tan kénging lamoen sineboet, pradjoerit bangkit ndjemparing, kang saged noedjoe saèstoe, ing lésan ingkang loemaris, oepaminipoen kémawon.

64. Kéwan mlajoe tinoedjoe warastra mamproeng, toemantjeb panah ngenèni, tan nganti ping kalihipoen, pramila oeloen wastani, mbedag poenikoe Sang Katong.

65. Apan dédé pandamel maksijat toehoe, malah ta oeloen wastani, jèn mbebedag loegoenipoen kalangenaning Narpati, (24) poenika pan sampoen manggon."

(1) Ingadjeng kaseboet Mathavaya ingriki Mathavaya.

**Vidushaka:**

66. „Sri Naréndra woes sarèh malih ing kalboe, kados adati-poen nenggih, dé sira Sénapatyèkoe, maksih baqé nempoeh malih, sapisan engkas kémawon.

67. Marang sawidjining broewang kang woes sepoeh, kang maksih kepéngin apti, memangsa iroenging manoes, klawan ngoembara wanadri, mlebet medal ing wana grong.”

## 10. DANDANG-GOELA.

**Sang Nata:**

1. „Sénapati kang ingsoen dji-adji, ing samengko kita lagi ana, tjedak pratapan ing kéné, moelané soen tan bjantoe, marang toetoerira poeniki, prajoga singkirana, demenmoe amboeroe, nadyan soen anggep prajoga, anèng kéné amboeroe sato wanadri, tan betjik kadadyannja.

2. Dimèn sakèhing kebo samangkin, pada ndjeroem ing sadjroning toja, tjetjiblon klawan soengoené, sakèhing sangsam ikoe, kang pepantjan ngaso soring wit, ana ing pangédoeman, mèn nggajemi roempoet, tan na manggih ganggoe karja, sakèhira tjèlèng gegolongan sami, andoḍos nèng blaḍeran.

3. ngGoengsir marang soeket musta betjik, pada roekoen tan manggih bebaja, mangkono manèh ing mangké, warastrèngong poenikoe, dimèn ngaso ing sawatawis, lan manèh sendengira, kang gawéné mbandjoet, sato kéwan wana-wasa, soen pesaté dimèn ngaso sawatawis, moerih prajoganira.”

**Sénapati:**

4. „Atoer amba sandika Narpati, amba ndèrèk anglampahi ḍawah, sakarsanira Pamasé.”

**Sang Nata:**

„Jèn mangkono sirèkoe, sénapati sira dèn aglis, andawoehnā poenggawa, kang woes ḍisik ngajoen, kang pinatah nelik papan-irèng sato kang manggon nèng alas ngriki, konen noeli balia.

5. Lan djaganen kang kalawan betjik, ajwa nganti ana poenggawa kang, metoe sing gegolongané, bandjoer angaroe-biroe, mring pratapan ing wana ngriki, dèn ngélingana sira, sénapati ikoe, kalamoen sadjroning manah — ira para Pandita kang mangoen tèki, sok ana mawanira.

6. Mawa oepet ingkang saepami, nadyan melik-melik datan mingsra, oega bisa moeroeb gedé, ngambra-ambra saèstoe, datan paé pindanja kadi, kang watoe Sûryakânta (25) adem tanpa oeroeb, jèn kasorotan Hjang Arka, metoe geni mletik moebjar neniwasi, biswoga ngambra-ambra."

### Vidushaka (dateng sénapati) :

7. „Sénapati pamoerihirèki, mrih ébahé galihira Nata, mra-kengkeng malih karsané, ambedag nèng wana goeng, mangkja tjabar tan dèn toeroeti."

*(Sang sénapati moendoer saking ngarsa Nata).*

### Sang Nata ngandika (mriksani dateng pandèrèkipoen) :

„Hèh-hèh sira poenggawa, kang ndèrèk mring ingsoen, ambe-  
bedag sato wana, oetjoelanggon-anggonmoe ambedag sami, déné  
si Raivataka.

8. „Sira pada anoetogna noeli, panggawéanira sowang-  
sowang"

### Para pandèrèk :

„Inggih sandika Pamasé."

*(Ladjeng késah).*

### Vidushaka :

„Jèn mangkono kantjèngsoen, saikiné wis pada kalis, marang  
panggoðanira, laler kang angroeboeng, sira pada aloenggoeha,  
anèng bangkoe ing éjoeban wit poeniki, ingkang sri pinajonan (26).

9. Lan wit-witan marambat mantesi, éjoeb ajom sakétja mring  
angga kang mentas sing panasané, soen oega arep loenggoeh  
kapénaké awak pribadi."

### Sang Nata :

„Mara ija batjoetna, dèn kapénak loenggoeh."

### Vidushaka :

„Majo kantja pada lenggah."

*(Sakalihan ladjeng sami djoemangkah sawatawis, sarta linggih sakétja).*

**Sang Nata:**

„Mathavaya sira ikoe doeroeng oening, kang wèh nikmating mripat.

10. Awit sira doeroeng taoe oening, oewong ingkang nengsemaken manah.”

**Vidushaka:**

„Doeh goesti koela Pamasé, poenapamba tan ndoeloe, Sri Naréndra nèng ngadjeng patik.”

**Sang Nata:**

„Ja bener Vidushaka, sadéngahing manoes, oega pada demen ninga, mring awaké pijambak kang dèn tresnani, nanging kang soen kanðakna.

11. Inkang nengsemakan ing pangèksi, dadya memaniké tingalingwang, ikoe kembang pratapané, ing kéné kang linangkoeng, Çakuntâlâ kembang sopami, kang oewis neðeng megar, nèng pratapan ikoe.”

**Vidushaka (ing batos):**

„Prajoga ingsoen tjoepeta, ngandikané Sang Nata ing bab pawèstri, ajwa kedawa-dawa.

*(Sora).*

12. Mitraningsoen Sang Sri Narapati, amba matoer kalawan pasadja, poenapa Dji panggalihé, roemaos kénging antoek, lan wanodya soetaning Reshi, wedalan ing pratapan, kedah dipoen remboeg.”

**Sang Nata:**

„Soemitra kawroehanira, teðak toeroenira Sang Puru sajekti, tan bakal lamoen arsa.

13. Koemetjer mring wowohan kang dadi, larangané pra leloehoerira, déné Çakuntâlâ mangké, ikoe pan soetanipoen, wi-dadari tininggal noeli, dèn temoe mring Pandita, jèkoe pamini-poen, Navamâlikâ kang sekar, ingkang roentoeh saka gagang tiba maring, araka (1) kang poespita."

### Vidushaka (kalihan goemoedjeng latah):

14. „Padoekéndra ingkang woes ndarbèni, wanodyèndah ingkang lir moetyara, pan ajoe-ajoe warnané, ikoe kena soen seboet, oepamané wong wareg boekti, toewoek woh koerma teka, kepéngin wohipoen, asem ketjoet joen dinahar, datan étja ing weteng inggih moelesi, jogja siningkirana."

### Sang Nata:

15. „Vidushaka moelané sirèki, toetoer mangkono ikoe daroena, sira doeroeng weroeh déwé, mring warnané dyah ajoe, ingkang dadi woding tyas mami, manik moendrinng tingal, tingal ingkang djoemboeh, djoemboeh sawidji tan na ljan, amoeng sira sekar wedaling wanadri, kang dadi lam-laming tyas."

### Vidushaka:

16. „Jèn makaten Sang Sri Narapati, wanoedyèkoe sanjata jèn listya, ing warna tana timbangé."

### Sang Nata:

„Ingsoen oewis tan perloe, kanda manèh mring sira mangkin, warnanira Sang retna, satoehoe jèn poendjoel, woes tan paé pinðanira, kadi déné kalarsa tinitah lahir, Hjang ingkang moerbèng titah.

17. Woes amèta warnanja Sang dèwi, pinoelasing soengging tjitrnira, tandya sinoengan njawané, oetawa Sang retnajoe, kedadéan sing leboeraning, sakèhning tyang soelistya, dadi sidji tjaroeb, tandya sinoeng panggraita, demoenoeng ing Sang retna ajoe linoewih, ing djagat tanpa sama.

18. Nadyan ingsoen katoengkoel mastani, jèn sakabhèh ikoe pan saka, kwasané kang nitahaké, oetawa sengsemingsoen, angèlingi listyanirèki, Sang retna moenggoeh ingwang, soen arani èstoe, kadi jejasaning djagat, tanpa timbang satoehoe jang-janging boemi, moestikaning wanodya." (27)

(1) Sekar araka poenika temboengipoen Latin: Colotropis Cigontea; déné navamalika poenika bangsaning sekar jasmijn, inggih poenika sekar gambir.

**Vidushaka :**

19. „Jèn makaten Sang Sri Narapati, sakatahing wanodya ing djagat, kang éndah-éndah warnané, sami kasoran ajoe, déning Çakuntâlâ poeniki.”

**Sang Nata :**

„Ija mangkono moela, ikoe paminipoen, kembang ingkang ngambar-ambar, gandanira ing saparan-paran minging, nanging toewoeh ing wana.

20. Anèng wana papan sepa sepi, isih koedoe pindanira sekar, kang doeroeng kagepok déné, ing tangan nganti lajoe, oepamané manèh lir kadi, moetyara wewantahan, pan doeroeng sinoendoek, lan manèh pepindanira, kadi madoe doeroeng rinasing kang manis, lan manèh pindanira.

21. Lir gandjaran soetji ing pakarti, kamoersidan resik tan koetjiwa, begdja kang pinastèkaké, andarbèni ing bésoek, marang amal kang tan mboseni.”

**Vidushaka :**

„Pramilanipoen Nata, prajogi dèn goepoeh, ladjeng dipoen ajomana, Çakuntâlâ jwa nganti doemawah maring, sadéngahing Pançita.

22. Kang ramboeté klimis meling-meling, linişahan Ingudi kang lenga.” (28)

**Sang Nata :**

„Ija Vidushaka mangké, Çakuntâlâ poenikoe, datan kwasa badan pribadi, karana soedarmanja, lagi tan na ngrikoe.”

**Vidushaka :**

„Kados poendi Sri Naréndra, semoenira ing nétra Sang minça Ratih, menggahing Sri Pamasa.”

**Sang Nata :**

23. „Loemrahira wateké pra èstri, ing pratapan pan paðarikoehan, déné ta ing nalikané, soen ngadeg ngarsanipoen, Çakuntâlâ toemoengkoel isin, déné ta èsemira, tan toemrap maringsoen, wit saka rèh soesilardja, trepsilaning solah datan mantra kèksi, asihira maringwang.

24. Malah-malah katon kosok bali, ing semoené sengit marang ingwang, apa ija njolong petèk."

**Vidushaka :**

„Lah poenapa Sang Praboe, karsa toewan kinèn toemoeli, linggih pangkon padoeka, éstoe datan patoet, déné wroehé Çakuntâlâ, mring Naréndra saweg sakeḍap poeniki, toewan teka kasesa."

**Sang Nata :**

25. „Nanging bareng Çakuntâlâ toewin, mitranira sakaroné samja, ninggal loenga ingsoen déwé, nadyan ing semoe rikoe, soeprandéné meksa katawis, kang rinasa ing manah, temahan tjalaṭoe: „Lara temen sikilingwang, kena damèning soeket mèh newiwas." — bareng mlakoe swatara.

26. Sawatara djangkah pan sinambi, dèn sesoewé lakoené Sang retna, ginawé lir sanḍangané, ketjantèl pang tan oetjoel, mandeg mangoe ambalang liring, pi-api kadjoewetan, astané Sang ajoe, ngoetjoeli sanḍanganira, kang ketjantèl ing pang lir dangoe tan keni, kadi soen toeloengana." (29)

**Vidushaka :**

27. „Ing samangké Sang Sri Narapati, prajoginira padoeka kedah, samektèng kaboetohané, karja sangoe ing poeroeg, krana saking panawang patik, wana pratapanira, pra Paṇḍita ngrikoe, woes dadi wana klengenan, kagem Nata lelangen njenengken galih."

**Sang Nata :**

„Soemitra wroehanira.

28. Ingsoen oewis kaweroehan déning, para tapa kéné sawatara, kaprijé ta pawadané, goningsoen lerep ngrikoe, nadyan namoeng sapisan iki, lereb anèng pratapan — ira para Wikoe, moenggoeh ing pamikirira, Vidushaka kaprijé ingkang prajogi, mara sira moendjoeka."

**Vidushaka :**

29. „Oendjoek kawoela Sri Narapati, perloe poenapa dé padoekéndra, teka mawi golèk-golèk, pawadan datan perloe, padoekéndra djeneng Narpati, kantoen ḍawoeh kéwala, moendoet pranemipoen, sapranemanirèng beras (30), gaḍahané para tetijang ingriki, kaḍawoehan ngladosna."

**Sang Nata:**

30. „Atoerira tanpa sira pikir, pametoe ljané ikoe kagadah, ing Sang Nata toemandjané, mangka oepetinipoen, toemrap pangajoman Narpati, jogja jèn piniliha, loewih amal woedjoed, sesotya mas twin salaka, apa manèh béja tjaosaning nagri, ikoe pan kena sirna.

31. Nanging ingkang langgeng tan kena nis, ikoe wewelak-irèng pra tapa, kang ngenani ring Pamasé.”

**Soewara saking sawingkinging geber:**

„Ha saiki katemoe, ingkang sami ingsoen golèki.”

**Sang Nata (kalihan mirengaken):**

„Mesti ikoe pra tapa, kapidir ing tandoek, swaranira teteg tatag, nanging meksa ririh alon sih sesami, ingsoen tan katambetan.”

**Tijang djagi kori (ngatingal):**

32 „Kawoela noewoen moendjoek pamoedji, bagja Nata bagja Sri Naréndra, déné toewan katekané, Panđita nèm dwi sampoen, angentosi ngadeg nèng kori, arsa sowan padoeka.”

**Sang Nata:**

„Lebokna dèn goepoeh.”

**Tijang djagi kori:**

„Kawoela noewoen sandika, Panđita dwi kawoela irid oemandjing doemateng ngarsa Nata.

*(Tijang djagi kori toemoenten késah, ladjeng dateng malih kalihan ngirid tijang tapa nénéman kekalih).*

33. „Medal ngriki toewan medal ngriki.”

**Pandita sakalihan njawang dateng Sang Nata.  
Pandita ingkang satoenggal witjanten:**

„Jén andoeloe dedeg pangadegnja, amitajani galihé, ing semoe-nira sagoeh, nityanira soemèh awingid, dedegira birawa, warnanira bagoes, pantes amengkoe wibawa, mengko swékoe pantesé Sri Narapati, ja wis bener kéwala.

34. Krana bédanira datan tebih, Ratoe ikoe kalawan Pan-  
dita, sabab sapa baé wongé, kang nawoerken rahajoe, datan paé  
klawan martapi, sanadyan oeripira, ana ing pradja goeng, apa  
manéh saja tambah, gandjarannja ngatasing panggawé moersid,  
toemrap tetimbangannja.

35. Pangajomanira Sri Boepati, doemateng kita para Pandita,  
pratapan ngriki kabèhé, sapa ta tijangipoen, kang bisa ngrèh  
karep pribadi, ikoe sardjana rannja, witjaksana èstoe, minggah  
ing swargadi moelja, asmanira lan seseboetan Narpati, rineng-  
gèng bawa swara.

36. Déning Gandharva (31) kembar ing swargi, linaléla lan  
ingela-ela, sakétja dèn mirengaké, kang bawa swara nglangoet,  
asesanti djaja ardjanti."

#### **Pandita satoenggalipoen:**

„Hèh Gautama soen tanja, apa ija ikoe, Sri Dushyanta mitra-  
nira, Sang Hjang Éndra Baṭara jang-janging boemi."

#### **Pandita ingkang satoenggal:**

„Ija soemitra ija."

#### **Pandita satoenggalipoen:**

37. Moela bener tan éram tan sisip, déné ija andarbèni manah,  
lir samodra oepaminé, oebengira abiroe, njamoet-njamoet moeng  
dèn watesi, tandjebing langit jéka, tjakrawala toemloeng, djem-  
baring galih Sang Nata, Sri Dushyanta toehoe jèn Ratoe linoewih,  
boedyardja martotama.

38. Amengkoni angrèh angajomi, lan kekijataning astanira,  
ingkang ageng kawasane, miwah pengkoeh abakoeh, anglir pé-  
dah wesi paṭoking, gapoeraning nagara, soen tan éram èstoe,  
kalamoen pra widadara, rikanané pra Déwa prang lan pra demit,  
dahat dènnja mangantya.

39. Oenggoelira warastranirèki, Sri Dushyanta kekasihing  
Déwa, lan mangarsa djoemebreté, baledèg darbèkipoen, Sang  
Hjang Éndra riwoet njamberi."

#### **Pandita kalih pisan (madjeng):**

„Oeloen matoer bagjardja, oenggoela Sang Praboe, ing ranangga  
ajwa kèndat, winongwonga ing Déwané kang linoewih."

**Sang Nata (djoemeneng saking palenggahanipoen):**

„Koela soeng panambrama.

40. Lan bagjardja sira Panđita dwi.”

**Panđita sakalihan (sami ngatoeraken wowohan):**

„Oeloen matoer kasoegengan toewan, ajwana sambé kalané.”

*(Atoeripoen panđita sakalihan mantōek hoeremat).*

**Sang Nata :**

„Bagawan kalihipoen, koela dahat kepéngin mjarsi, menggah pamintanira, maring djeneng oeloen.”

**Panđita sakalihan:**

„Nata moegi koningana, tetijangé ing pratapan ngriki sami, soemerep bilih Nata.

41. Mangké wonten ing pratapan ngriki, mila darbé panoe-woen mring Nata.

**Sang Nata :**

„Poenapa kang dèn karepké.”

**Panđita sakalihan:**

„Menggah ta kadjengipoen, awit saking Sang maha Reshi, Kanva pinoedjoe tanna, ing pratapanipoen, poenikoe para raksasa, ladjeng sami ngresahi ingkang sesadji, poenika Sri Naréndra.

42. Moegi kaparenga angajomi, ing pratapan sawatara dina, lan koesiring karétané, titihanira Praboe.”

**Sang Nata :**

„Sang Panđita atoerira dwi, dahat karasèng manah, ing pangrengkoehipoen, Sang Panđita dateng koela, inggih badé koela lampahi sajekti, pamintanira samja.”

**Vidushaka (bisik-bisik):**

43. „Pamintané katoedjoe ing galih.”

**Sang Nata (mèsem):**

„Raivataka gja sira dawoehna, marang si koesir gé agé, kinèn ngadjokken goepoeh, titihansoen karéta toewin, warastraningwang ajwa, nganti bisa kantoen.”

**Tijang djagi kori:**

„Sandika dawoeh Naréndra.”

(*Ladjeng késah*).

**Pandita nénéman sakalihan (seneng manhipoen):**

„Ija ikoe pantesé Sri Narapati, o-o Purava sira.

44. Kang ngleloeri ing tindakiréki, para leloehoerira ing koena, kang mangka pangajomané, para ingkang kasanjoeng, kang kina-niaja sesami, moelané toeroenira, Puru kang pinatoet, pinasti soeng pitoeloengan, ajwa nganti kang ringkih manggih bilai, tinindes ring kang koewat.”

**Sang Nata (mantোক hoeremat):**

45. „Sang Pandita jogja samja rijin, soen toemoeli doemoegi ing rika, ing panggénanira lèrèn.”

**Pandita kekalih:**

„Matoer noewoen Sang Praboe, lan sesanti djaja-djajanti.”

(*Pandita kekalih ladjeng késah*).

**Sang Nata:**

„Hèh ta Mathavya sira, apa sira ajoen, kepéngin wroeh Çakuntalâ.”

**Vidushaka:**

„Ing waoené kawoela inggih kepéngin, sanged wroeh warnanira.

46. Nanging sareng amba amijarsi, tjarijosé prakawis raksasa, ladjeng itjal kepénginé.”

**Sang Nata:**

„Ajwa wedi sirèkoe, sira bakal lan soen tan tebih.”

**Vidushaka :**

„Jèn makaten Naréndra, amba inggih poeroen, awit sampoen tan soemelang, kaajoman padoeka Sri Narapati, sepi bebajèng jaksa.”

**Tijang djagi kori (madjeng):**

47. „Moendjoek padoeka Sri Narapati, titihan kréta padoeka Nata, sampoen samekta ngarsané, lan woes samektèng poepoeh, manggih oenggoel ikoe woes pasti, ananging Karabhaka, dateng sing pradja goeng, amoendi nawala djoega, saking iboe padoeka Sang pramèswari, katoer padoeka Nata.

**Sang Nata (hoeremat):**

48. „Elo apa dèwèké tinoeding, déning iboe Sang Narpadajita.”

**Tijang djagi kori:**

„Noewoen inggih Sang Pamasé.”

**Sang Nata:**

„Noeli konen maleboe.”

**Tijang djagi kori:**

„Noewoen inggih sandika, goesti.

*(Ladjeng késah, boten dangoe dateng malih ngirid Karabhaka).*

Soewawi Karabhaka, poenika Sang Praboe, ingkang misoewoer ing djagat, para marta adil asih ing sesami, noenten madjeng kéwala.”

**Karabhaka:**

49. „Soegengira Sang Sri Narapati, ingkang welas asih ing kawoela, amba moendjoek Sang Pamasé, sowan amba ingoetoes, iboe-dalem Sang Pramèswari, makaten dawoehira, iboe-dalem Praboe, namoeng koerang patang dina, kaétongan wiwit ing dina saiki, woes bakda pasa ingwang.

50. Sabakdané pasa ikoe jekti, Sri Naréndra soepaja tilika, marang djenengingsoen kijé.”

**Sang Nata:**

„Kaprijé remboeingsoen, teka éwoeh kang soen lakoni, sapisan perloenira, para tapa ikoe, kapinḍoné ḍawoehira, iboeningsoen endi kang ingsoen lakoni, karo pisan tan nedya.

51. Soen lirwakken mesti soen lakoni, lah kaprijé bisané toemindak, ing loro-loro gawéné.”

**Vidushaka:**

„Jèn makaten Sang Praboe, namoeng nglajang ikoe prajogi, lir Triçanku (32) ing koena, nglajang tengahipoen, dirgantara tan manganḍap, tan manginggil namoeng tengah kang dèn nggèni.”

**Sang Nata:**

„Satemené soen mangkja.”

52. Nemoe éwoeh pakéwoehing ati, mangga mara kang soen lakonana, rasané pikir ngong mangké, teka maro liripoen, ilining wé kapengkok tjoeri, amaro ilinira, sédjé poeroegipoen.

(*Ngènget èngèt*).

Soemitra déné ta sira, woes ingambil soeta mring iboengong jekti, moelané prajoganja.

53. Sira baé balia mring nagri, soelihana séba djenengingwang, mring iboe atoerna baé, jèn mangké soen pinoedjoe, rinasaja déning pra Reshi, sira anetepana, wadjibé nak kakoeng.”

**Vidushaka:**

„Doeh Sang Nata kang mangkana, amba mangké rak tan pa-doeka wastani, adjrih marang raksasa.”

**Sang Nata (kalian goemoedjeng):**

54. „Datan pisan-pisan jèn pinanggih, ana ingkang mastani jèn sira, wedi marang raksasané.”

**Vidushaka:**

„Jèn makaten nggih sampoen, amba pamit mangkat toemoeli, mangka raji Naréndra.”

**Sang Nata:**

„Vidushaka wroehmoe, ing saiki karsaningwang, soepaja jwa nganti ana kawis-kawis, pepalang ing pratapan.

55. Pandèrèkingsoen joen soen dawoehi, angeterna mring sira sadaja.”

**Vidushaka:**

„Elo djeboel ingsoen kijé, dadakan dadi loehoer, djoemeneng Djeng Pangran Dipati, Anom Radja pinoetra.”

**Sang Nata (pangoedasmaraning galih):**

„Goelang-goelang ikoe, sadjaké rada sembrana, bisa oega dè-wèké ambarabèhi, mring pra poetri ing poera.

56. Lamoen ingsoen samangké ndoewèni, sih katresnan ana ing pratapan, betjik soen kandani baé.

*(Ladjeng ngasta tanganipoen Mathavya sarta ngandika sora).*

Soemitra wroehanamoe, anggoningsoen praptèng wanadri, oeng-gjanirèng pratapan, marganira ikoe, kadoedoet bekti ngong marang, pra Pandita sardjana kang manggèn ngriki, tan déning Çakuntalâ.

57. Njata temen kandaningsoen niki, hèn pikiren baé Vidushaka, leté sapira adohé, moenggoeh kloehoeran ingsoen, jèn tinimbang lan botjah dèsi, ja ikoe Çakuntalâ, adoh njamoet-njamoet, botjah ngalas ing pratapan, kang oeripé moeng kekantjan lawan ranqi, tan weroeh ing katresnan.

58. Apa kandaningsoen ingkang oewis, marang sira jwa nganti rinembag, temenan anggepen baé, lamoen gegoejon ikoe, doeh soemitra èstokna jekti, welingingsoen mring sira, jwa nganti kalintoe, sembranan kanggep temenan.”

**Vidushaka:**

„Inggih Nata kawoela sampoen mangerti, tamtoené moeng sembranan.”

*(Sadaja ladjeng késah).*

*Tamat lampahan kaping kalih.*

## LAMPAHAN ANJELANI.

### Beboekanipoen lampahan kaping tiga:

*Medali Brahmana nénéman satoenggal, pinoedjoe ewed mendeti roempoet kuça, kanggé sesadji.*

#### 11. DANDANG-GOELA.

#### Brahmana nénéman:

1. „Njata lamoen Dushyanta Sang Adji, Nata kwasa ing djagat tan ana, kekalih tetimbangané, toehoe Ratoe linangoeng, saplok Nata lerep nèng riki, anèng pratapan wana, kita datan manggoeh, roebédaning oenggjan kita, asesadji nglakoni panggawé soetji, lastari manggih ardja.

2. Datan soesah tinangoelang mawi, panglepasé kang warastra dibja, moeng tjoekoe kroengoe swarané, kengending gandéwèkoe, pra raksasa woes mlajoe nggendring, saminira mijarsa, goemreng-genging temboeng, pepoedjian ingkang mangka, panoelaké kang samja ngalang-alangi, woes bali sing tebihan.

3. Ing samangké betjik soeket iki, kang minangka oewoer-oewoerira, papan enggoning pasadjèn, soen gawa baé oewoes, soen ladèkké mring pra mah Reshi.”

*(Ladjeng andoemoegèkaken loemampah, ningali mrika-mriki, saha ladjeng anjeloe kados witjanten kalihan tijang saking tebihan).*

„Héh sira Priyamvadâ, borèh oesirèkoe (ucira-zalf), lan goðong taraté (ḡḡ) ingkang, keh seraté sapa kang sira soekani.

*(Patrapipoen kados mirengaken).*

Sira pan toetoer apa.”

#### Priyamvadâ:

4. „Çakuntâlâ apan ragi sakit, awit saking panasé kepatya mila poenika kanggéné, ngejem-jem awakipoen, Çakuntâlâ mèn gelis mari.”

Serat Kálidásâ.

### Tijang tapa nénéman :

„Jèn mangkono diénggal, gjanira loemakoe, gèk tambakna Çakuntalâ, wit mitramoe ikoe njawané sajekti, Kanva tetoenggoelira.

5. Koelawarga kita ngriki sami, ing samengko ingsoen ija arsa, ndjaloekké banjoe pasoetjèn, marang Goutami perloe, kanggo noelak kang gawé sakit, dimèn énggal waloeja, Çakuntalâ ikoe, jèn woes olèh soen parakna, lan soen wèhken Çakuntalâ gelis-gelis, jwa nganti kekasépan.”

(Ladjeng késah).

*Tamat lampahan ingkang njelani.*

### LAMPAHAN KAPING TIGA.

*Sang Nata medali, ing semoe ngandoet asmara toerida.*

#### 12. MIDJIL.

#### Sang Nata (kagagas ing galih):

1. „Soen woes weroeh kwasané pra Reshi, ngébatké sajektos, pantes lamoen ingadjrihan déné, prawan ikoe tan kwasa mring diri, tan mardikèng karsi, éwadéné ingsoen.

2. Datan bangkit kalamoen marèni, nggoningsoen prihatos, koeḡangḡangan ananḡang wiragé, mring wanodya kang ingsoen tresnani, datan wonten kalih, moeng sira wong ajoe.

(Katawis bilih Sang Nata nanḡang asmara, ragi sréngkat-sréngkot).

3. Sang Hjang Kamadjaja ingkang soetji, gegamannja mang gon, sari-sari pan wangi gandané, sira lawan Sang Hjang Sita-resmi, nasarken kang sami, lagja arda gandroeng.

4. Kang tan njana kalamoen joen manggih, bebendoe kinaot, saking sira kang roentik karoné, djaréné wong Sang Hjang Sita-resmi, ikoe asoeng maring, wran sadajanipoen.

5. Sing dajané sorotira nenggih, asrep toemoes mring wong, nanging ikoe dora sanjatané, sasadḡara tan wèh asrep nanging, malah anoemoesi, panasirèng kalboe.

6. Déné panahira sari-sari, Kamadjaja kaot, datan namoeng awangi gandané, nanging nratas landëpira kadi, tatah goernita (34) di, ngendi enggoningsoen.

*(Tindak awongsal-wangsoel ing semoe lesoe).*

7. Ngasokaké badan ingsoen iki, kang dahat kaleson, déné oewis rampoeng ing gawéné, enggoningsoen kesdoe mitoeloengi, wong pratapan iki, ing sakabèhipoen.

*(Ngesah).*

8. Ngendi nggoné panglipoering ati, kaja soen tan toemon, kadjabané moeng anon warnané, kekasihkoe kang aminða sasi, jogja soen tiliki, mring panggonanipoen.

*(Ningali dateng srengéngé).*

9. Ing mangsané panas kaja iki, adaté Sang sinom, Çakuntálâ lan para mitrané, paða ana tepining Malini, <sup>(1)</sup> kang kaeoban déning, wit mrambat kèh toehoe.

10. Ingsoen arsa mrana ing saiki,

*(Ngladjengaken tindak).*

hèh kapénak jektos, samirana soemilir agawé, ajemira papan kéné iki, toer mawa ganda mrik, gandanirèng santoen.

11. Sarasidya soemiliring angin, kenèng badan kraos, seger ajem pan mawa banjoené, oewabira Malini kang kali, badan panas saking, Ananga (35) gninipoen.

*(Tindak moebeng-moebeng kalih neningali).*

12. Çakuntálâ masti anèng riki, tjedak lan kananggon, doenoengira kang wisma sariné, ingkang sarwa pinoeletan déning, wit mrambat respati, déné pinggiripoen.

13. Ingoebengan vetasa <sup>(2)</sup> mantesi, déné ingsoen toemon,

*(Ningali mangandap).*

<sup>(1)</sup> Malini = namaning lèpèn.

<sup>(2)</sup> Vetasa = pendjalin.

tapakira wanodya soekoené, anèng weđi koening ngarep margi, kang andjog wisma di, wisma patra santoen.

14. Ingsoen arsa mleboe aningali, soen mlakoe lon-alon, marang djro wisma patra sariné.

*(Andjangkah sawatawis tindak bingah ing galih).*

Hé-é déné begdjakoe kepati, wroeh roeroepan adi, kang soeng nikmatipoen.

15. Tingalingsoen wroeh kang soen oepadi, wanodya kinaot, Çakuntalâ djeboel saré kéné, kekasihkoe ingkang dadi ati, déné sira jaji, saré anèng bangkoe.

16. Bangkoe watoe sinebaran sari, mitranja dwi manggon, samja linggih ana ing sandingé, mara ija arsa soen tjeđaki, soen kepengin mjarsi prijé goenemipoen."

*(Kèndel ngawasaken kalihan djoemeneng. Patrapipoen Çakuntalâ kalihan mitranipoen sakalihan kados ingkang kaandaraken inginggil ; sarta saweg sami ngepeti Çakuntalâ).*

### **Mitra sakalihan ngepeti sarta witjanten manohara :**

17. „Çakuntalâ mitrèngong wong koening, apa iki gođong, sarasidya ingkang ingsoen gawé, angepeti mring sira wong manis, apa ija kardi, ajem mring awakmoe."

### **Çakuntalâ :**

18. „Apa sababé sira ngepeti, marang djenengingong."

*(Mitra sakalihan mireng temboengipoen Çakuntalâ ingkang makaten poenika ladjeng sami sawang-sinawang, ing semoe sedih manahipoen).*

### **Sang Nata (rangoe-rangoe ing galih) :**

„Çakuntalâ aloengkrah semoené, apa panasira Sang Hjang Rawi, ingkang andjalari, loengkrah badanipoen.

19. Apa saka sabab kang soen doegi, ing sadjroning batos,

zarep m (Sang Nata njawang kadoek asih ing galih).

ora-ora wis tan soemlang déné, Çakuntâlâ djadjanira mawi,  
pinopok ing djampi, borèh namanipoen.

20. Uçira kang konjoh lawan maning, gel-oegel Sang sinom,  
ginelangan loengirèng taraté, kaloeloetkoe sariranja kadi, sakit  
melas asih, déné warnanipoen.

21. Saja katon tjeťa merak ati, Sang ajoe kabrongot, ing  
panasé panandang wiragé, bebarengan lan panasing rawi, sana-  
dyan laraning, Sang ajoe poenikoe.

22. Pasti bisa kadadéan saking, dènira kabrongot, panasira  
srengéngé wetoéné, mangsa terang iki kang karja gring, moelané  
tan bangkit, gawé oendakipoen.

23. Ajoenira Çakuntâlâ tan wis, béda jèn kabrongot, déning  
panas panandang wiragé, nadyan lesoe mimboehi memanis, welas  
kang oemèksi, moendak saja gandroeng."

### Priyamvadâ (nisih):

24. „Anasûyâ mitrèngsoen wong lindri, saka pangrasèngong,  
Çakuntâlâ wiwit ing saploké, weroeh marang Sang Sri Narapati,  
bandjoer ngenes nglentrih, apa sababipoen.

25. Saka déning Sang Nata kang kardi, lelara mangkono."

### Anasûyâ:

„Priyamvadâ pangiramoe kijé, datan paé lan panemoe mami,  
mara ta tjinobi, soen takonanipoen.

(Sora).

26. Çakuntâlâ mitrèngsoen wong koening, soen arep tetakon,  
laranira kaprijé anané, ingsoen doega pasti ambangeti."

### Çakuntâlâ (andjenggèlèk sawatawis saking patileman):

„Anasûyâ iki, kaprijé toetoermoe."

**Anasûyâ:**

27. „Çakuntâlâ mitrèngsoen wong mlinging, ingsoen sakarongron, nadyan datan mangerti anané, raras karasikaning djalwèstri, nanging soen oega wis, weroeh tjritanipoen.

28. Kang kaseboet tjarita ingoeni, kaananing tjrijos, pra kang noedjoe anandang wiragé, pratjihnané lir kang soen tingali, doemoenoeng sirèki, kaja woes tan loepoet.

29. Çakuntâlâ kandanana noeli, ingsoen pan arsa wroh, da roenané laranira kijé, awit déné jèn tan wroeh tlandjering, kang sesakit pasti, tan wroeh djampinipoen.”

**Sang Nata:**

30. „Panemoené Anasûyâ oegi, paða lan rasèngong (36), jèn mangkono panemoekoe kijé, bab larané Çakuntâlâ jekti, datan namoeng saking, gagasan tan moenggoeh.”

**Çakuntâlâ (ing batos):**

31. „Nadyan karepingsoen woes mbangeti, nanging meksa emoh, datan kena ingsoen blakakaké, ingkang dadi karenteging ati.”

**Priyamvadâ:**

„Çakuntâlâ swawi, roengokna toetoerkoe.

32. Kanðanira Anasûyâ iki, teka bener jektos, paran déné tan sira oelatké, laranira mitrèngsoen sajekti, penðak dina nenggih, saja moenðak koeroe.

33. Badanira sangsaja ngalentrih, moeng nétyamoe katon, doeroeng owah ilang oedjwalané, malah wenes anawoeng manis.”

**Sang Nata:**

„Priyamvadâ iki, kanðanira namoeng.

34. Sabeneré baé ikoe jekti, Çakuntâlâ katon, dahat soesoet ing pangarasané, apa kera pranadjanirèki, bangkékan kang menting, mañtining sawaoet.

35. Bebaoéné kençoné tan sipi, oelatira tjelom, mratanđani Çakuntâlâ mangké. ngenes déning panandang prihatin, wit katanaman déning, sakit arda woejoeng.

36. Éwadéné maksih merak ati, ajoéné tan kalong, datan kandih déning panandangé, jèn ginagas tan paé woes kadi, eloenging Madhavi (1), ingkang gođongipoen.

37. Aloem déning panasirèng angin, ingkang nempoeh ing ron."

### Çakuntâlâ :

„Mitraningsoen sira sakaroné, bener oega kandanira kadwi, sapa kang prajogi, soen kandanira ikoe.

38. Kadjabané moeng sira kekalih, ðoeh-ðoeh mitraningong, ingkang pantes soen blakani déwé, nanging atikoe nganđoet koewatir, jèn kandaokoe iki, gawé ing soesahmoé."

### Mitra sakalihan :

39. „Çakuntâlâ moelané soen iki, kepati atakon, toer andeđes kang dadi wadiné, sabab soesah ikoe abot jekti, nadyan bot sinanggi, nanging toemrapipoen.

40. Inggang miloe ngrasakken prihatin, mitra kang sadjatos, kang soen sihi ing lahir batiné, meksa ija tan abot sinanggi, moelané prajogi, djarwanana ingsoen."

### Sang Nata :

41. „Çakuntâlâ pasti anoeroeti, pamintèng karongron, mitranira sinara-wèdiné, kang amiloe ngrasakken sajekti, boengah soesah sami, ja miloe katempoeh.

42. Pasti baé bakal dèn walèhi, sababing prihatos, Çakuntâlâ pepoedjankoe déwé, nadyan sira oega kerep nolih, liringira kadi, ing semoe tjoemengkloeng.

43. Tjetjengkloengen dènira ningali, liringira katon, woes ađemen mring ingsoen prandéné, ingsoen meksa tansah ngarsi-arsi, tab-taban ing ati, prijé temboengipoen.

44. Kang minangka wangsoelan Sang dèwi, mring mitrané loro."

1) Madhavi = tetoewoehan marambat.

### Cakuntâlâ (ragi èsmoe rikoeh):

„Sira mitraningsoen sakaroné, ing samangké ingsoen arsa soeng wrin, mring sira wran kalih, saplok soen kepanggoeh.

45. Mring Sang Nata ingkang angajomi, ing pratapan kaot, ingsoen noeli-noeli krassa baé, roentoeh atiningsoen darbé asih, gja lara kadyèki, sira pan woes weroeh.”

### Sang Nata (bingah ing galih):

46. „Ingsoen apan woes kroengoe pribadi, kang dadi karsèngong, ija ikoe kang soen karepaké, kebatinanira Sang soedèwi, mangké woes kalahir, begdjèng soen woes weroeh.

47. Sang Hjang Kamadjaja ingkang kardi, kasoeshaningong, déné nandang asmara soen mangké, Sang Hjang Kamadjaja wlas mring mami, binirat prihatin, sinoeng ajem ingsoen.

48. Agni ingkang mbrongot sanoebari (37), woes sinirep jektos, déning Sang Hjang Kamadjaja agé, woes ambekta pangajem-jem ati, woes tentrem samangkin, ajem manahingsoen.

49. Kadi déné Hjang moerbèng sakalir, woes karja jem jektos, marang isèn-isèning djagaté, ingkang mentas linimpoetan nengghih, mençoeng ndedet noeli, tiba djawahipoen.

50. Mentas panas noelja antoek dingin, ajemé kepatos, dateng badan pan soemrah rasané, ija ikoe pinðaningsoen iki, pan lagi prihatin, noeljantoeke pitoeloeng.”

### Cakuntâlâ:

51. „Mitranningsoen kekalih dèn sami, roengokna kandèngong, lamoen sira mangajoe-bagjané, binoedèkna welasé Sang Adji, marang djasat mami, jèn tan ngono èstoe.

52. Sira sakaroné oewis mestji, kapeksa sajektos, anètèské banjoe lan adoéné, ija ikoe sesamum <sup>(1)</sup> mring mami.”

### Sang Nata:

„Saka temboeng iki, soen tan rangoe-rangoe.”

(1) Sesamum = sesadji toemrap dateng tijang pedjah.

**Priyamvadâ (nisih):**

53. „Anasûyâ sira soen toetoeri, moenggoeh panemwèngong, katresnané Çakuntâlâ mangké, mring Sang Nata toehoe woembangeti, woese tan kénging pinrih, sinemajan moendoer.

54. Apa manèh wran kang antoek ing sih, ikoe oewis manggon, awit déné mangka tetoenggoelé, toeroenira Sang Puru linoewih, krana ikoe jekti, bener karepipoen.

55. Ingsoen samja pantes najogjani.”

**Anasûyâ :**

„Bener sira jektos.”

**Priyamvadâ (sora):**

„Hèh soemitra Anasûyâ mangké, ingsoen soeka pamoedyardja nenggih, ðemateng sirèki, mitrèngsoen wong ajoe.

56. Wong mangkono pantesira nenggih, antoek sih sajektos, déning sira Anasûyâ mangké, marang ngendi iliné kang kali, moeng mring djalaniði, mrono andjogipoen.

57. Oewit apa ingkang bisa dadi, tjongkoking kang kajon, atimuktâ kang toewoehan rané.”

**Sang Nata :**

„Datan éram déning lintang kadwi, Viçakhâ (38) ranèki, tansah atoet poengkoer,

58. Lan lakoené Sang Hjang Sita-resmi.”

**Anasûyâ :**

„Apa kang pirantos, ingkang kena kanggo ihtijaré, mrih tan ranðat klakona toemoeli, ingkang klawan wadi, ing panedyanipoen.

59. Çakuntâlâ mitrèngong sedjati.”

**Priyamvadâ :**

„Doeh-doeh mitraningong, moerih rempit ija kalakoné, panedyané Çakuntâlâ nenggih, pan koedoe pinikir, déné ta jèn amoeng.

60. Mrih énggalé kalakoné jekti, ikoe gampang jektos."

**Anasûyâ:**

„Hèh kaprijé soemitra gampangé."

**Priyamvadâ:**

„Pan mangkéné gampangé saiki, déné Sang Nata wis, katara ing semoe.

61. Koemedèping nétra ndoedoet ati, ngatarani jektos, jèn woes remen kang nanðang wiragé, Çakuntalâ mitrèngsoen wong nðanding, paningalkoe jekti, kaja Sang Apraboe.

62. Katon kera ing wektoe poeniki, nétyanira tjelom, saka déné koerangira saré, déning Nata dahat nanðang kingkin."

**Sang Nata:**

„Pan kapara jekti, ikoe beneripoen.

63. Gelangingsoen emas moerni iki, datan sah malorod, saka astané dahat kerané, tansah ingsoen slobokken mangarsi, kalamoen soen lagi, natas wantji daloe.

64. Mastakaningsoen sinanggi mawi, astaningsoen karo, waspaningsoen aderes wetoéné, anètèsi retna sesotya di, sesotya glang mami, boerek temahipoen."

12. KINANTI.

**Priyamvadâ (sasampoenipoen ngènet-ènget, ladjeng witjanten):**

1. „Anasûyâ mitraningsoen, sira noelisa kintèki, ingkang mawa pangla-ela, arsa soen oempetken noeli, ana ing sadjroné sekar, dimèn tinampèn Sang Adji.

2. Déné samoedananipoen, jèn sekar lorodan saking, sadjèning para Djawata."

**Anasûyâ:**

„Panemoenira poeniki, Priyamvadâ mitraningwang, njonðongi pikir soen jekti.

3. Çakuntâlâ mitraningsoen, prijé panemoenirèki apa ja mangajoe-bagja apata tan najogjani."

**Çakuntâlâ:**

„Sira rak ija woes wikan, jèn dawoeh ikoe tan keni.

4. Lamoen pinadonan woewoes, maoni kang woes kinapti."

**Priyamvadâ:**

„Jèn mangkono Çakuntâlâ, jogja nganggita kintèki, roempakan toemraping sira, pribadi jwa ngoetjiwani."

**Çakuntâlâ:**

5. „Priyamvada mitraningsoen, kang dahat ingsoen tresnani, ija soen karja roempakan, nanging soemelanging ati, tab-taban rasaning manah, koewatir lamoen tinampik.

**Sang Nata (soeka ing galih):**

6. „Wanita kang ati takoet, wong ingkang sira watiri, kalamoen nampik mring sira, ikoe ija woes njedaki, koematjèloe lir wong ngidam, kepéngin noenggil sirèki.

7. Sapa ingkang ngajoen-ajoen, tekané kabegdjan jekti, terkadangan datan manggja, terkadang oega amanggih, nanging sapa kang nglenggana, jèn begdjané anđatengi." (39)

**Mitra sakalihan:**

8. „O, sira ingkang nempoeh, ngapeské éndahing diri, sapa baja oewongira, kang arsa nanggoelang maring, sorotirèng sasadara, ing mangsa sedeng ngajemi.

9. Tinangkis lan pontjotipoen, sandanganira poeniki."

**Çakuntâlâ (kalihan mèsem):**

„Ing samengko ingsoen apan, woes olèh dawoeh kang masti, soen lakoni tan kenora, soen enoet moerih prijogi."

*(Linggih kalihan anggagas).*

**Sang Nata:**

10. „Wektoe iki kang kalangkoeng, makolèhi djeneng mami, kanggo njawang mring wanodya, kaloeloetingsoen poeniki, ingsoen datan obah-obah, njawang mring sira wong koening.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b4684484  
Public Domain in the United States; Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access\_use#pd-us-google

11. Sadjeroning kaloeloetkoe, ngaatik-atik temboeng manis, ingkang pantes winahjakna, marengoet imbané mingkis, saja wimboeh ajoenira, ing sadjagat tanpa tanding.

12. Kalèdjeming oelatipoen, ring wadana nawoeng manis, andjodèri batinira, kalamoen seneng ring mami, Çakuntâlâ toehoe listya, wanodya jang-janging boemi."

### **Çakuntâlâ:**

13. „Priyamvadâ mitraningsoen, roempakané woes soen anggit, nanging koetjiwaning malah, ingsoen tan njanjing piranti, pangriptaning tetoelisan, éwoeh temen nggonsoen nganggit."

### **Priyamvadâ:**

14. „Çakuntâlâ mitraningsoen, toelisen baé wong manis, roempakanira prajoga, moenggwing ron traté poeniki, kang aloes memak woes kadya, daðaning peksi menori."

### **Çakuntâlâ (toemoenten njerat):**

15. „Roengokna mitra oenikoe, roempakané apa oewis, mañis apa isih kemba, mara toetoera kang jekti, mamrih ing prajoga-nira."

### **Mitra kalih pisan:**

„Ija soen roengokné noeli.

16. Gé watjanen roempakanmoe, ingsoen woes selak kepéngin, weroeh ing soerasanira."

### **Çakuntâlâ:**

„Ija soen watjané noeli, roengokna baé soemitra, bokmanawa doeroeng betjik."

*(Toemoenten kawaos):*

17. „Ingsoen toehoe datan weroeh, tan ngrasa lan datan ngimpi, kang dadi ing galihira, nanging djiwa raga mami, sijang daloe datan pegat, ngènet-ènet mring Sang Adji.

18. Wong ladak sija kalangkoeng, niaja wong datan sisip, wong kang dadi marganira, ingsoen nandang brangta kingkin, lali boekti lawan néndra, kebangeten aqoeh goesti."

**Sang Nata (énggal-énggal madjeng):**

19. „Doeh pepoedjankoe wong ajoe, sarira nðandjing alentjir, sira ngakoe pinilara, déning manggoeng nanðang kingkin, ingsoen oega koeroe ngarang, kataman dajanirèki.

20. Dajanira manahenkoeng, ambrongot ngenani ati, kembang traté apepantån (40), aloem kataman soroting, Sang Hjang Bagaskara panas, déné prabané kang sasi.

21. Soerem koetjem warnanipoen, kapraban soroting rawi, pan kasileb babar pisan, sirna padangé tan kèksi, moeng katon padangjing soerja, ngèbeki djagat sakalir.”

**Mitra sakalihan (bingah ing manah):**

22. „Bingahing drija kalangkoeng, ingsoen sakaroné sami, déné toemoeli kalakjan, panoewoeningsoen kekalih, sirna sakèhing soengkawa — nira Çakuntâlâ nenggih.”

**Çakuntâlâ badé ngadeg, Sang Nata  
ngandika menggak:**

23. „Doeh wong ajoe angerangkoeng, sarèhna ajwa kepati, gawé kangèlaning slira, jwa nganti oemeksa diri, dadi kalesoning angga, pamrihé arsa ngoermati.

24. Arsa mandanardja ringsoen, karaja-raja dèn pamrih, ajwa sinengka sliranta, kang lagi sakétja goeling, nggadjudjor anèng tamanan, akasoer poespita adi.

25. Kinoebengan sarwa aroem, gandaning loeng-loengan minging, ingkang lèsèh linenggahan, mèh aloem kapènèt déning, saliraning Sang koesoema, kang soemèlèh aninðihi.”

**Anasûyâ:**

26. „Jèn kapareng doeh Sang Praboe, kang pantes oeloen peponði, soemangga angrengganana, lenggah ing sèla poeniki, ajwa nganti walang drija, lan was soemelang ing galih.”

*Sang Nata toemoenten lenggah. Çakuntâlâ taksih ngadeg èsmoe rikoeh.*

**Priyamvadâ toemoenten witjanten:**

27. „Woes katon tetéla toehoe, lamoen padoeka kekalih, padoeka lan Çakuntâlâ, sami nanðang brangta kingkin, sami nganðoet kabatosan, sih-sinihan noenggil pikir.

28. Éwadéné sing sih oeloén, mring Çakuntâlâ sajekti, patikbra kedah pasadja, mangsoeli ginem ingoeni."

**Sang Nata :**

„Ija prajoga wetokna, jwa nganti tansah binatin.

29. Wit njoepet kang joen kawetoe, ikoe kerep oega dadi, gegetoen ing tembé woentat."

**Priyamvadâ :**

„Jèn makaten inggih goesti, kawoela matoer pasadja, padoeka dadya Narpati.

30. Poenika pan wadjibipoen, akarja tentreming pikir, ngén-  
têngaken kasangsaran—ira para ingkang sami, dedoenong ing  
nagri toewan, ajwa nganti tan kagalih."

**Sang Nata :**

31. „Woes bener pitoetoer ikoe, doeh wong ajoe mitra mami."

**Priyamvadâ :**

„Jèn makaten sapoenika, kawoela matoer Sang Adji, mrasa-  
djakken kawontenan-ira Çakuntâlâ nenggih.

32. Dinamel mrih kapiloejoe, kepati brangta makingkin,  
dénning Sang Hjang Kamadjaja, karoengroengan padoeka Dji,  
pramilané pinarengna, toewan noeli mitoeloengi.

33. Mring gesanging mitra oeloén, Çakuntâlâ bisa kalis, jèn  
toewan tan melasaná, ngentaskan saking prihatin, loewar saking  
pedjah ngarang, moeng twan kang saged noeloengi."

**Sang Nata ngandika dateng Priyamvadâ :**

34. Soemitraningsoen wong ajoe, ingsoen oega ngoeningani,  
lamoen lelakon poenika, toemrap ingsoen mangka dadi, ngalamat-  
ing kabetjikan, jèn katresnan iki jekti.

35. Datan ngamoengké Sang ajoe, kang karasa djroning ati,  
mangkono oega tyasingwang, dahat karasa goeng kingkin, moeng  
mitranta kang katjipta, sadina-dina datan wis."

sajekt  
**Çakuntâlâ (kalihan ningali dateng Priyamvadâ):**

36. „Priyamvadâ mitraningsoen, wong ajoe teka sirèki, nganggo ngandegké Sang Nata, kang lagja nandang prihatin, wit nilar pra garwanira, pisah doemoegi sapriki.”

ya dal  
**Sang Nata:**

37. „Hèh Çakuntâlâ wong ajoe, pepoedjaningsoen wong koening, weroeha ing batiningswang, sira pasti tan mastani, kang mangkono ikoe Sang dyah, njata kliroo ing pamikir.

adoela  
 38. Mangka temené tyasingsoen, moeng sira ingkang kaèsti, ing samengko atiningwang, woes kataman wrastra loengit, tatoe déning Sang Hjang Kama, woewoeh-woewoeh ing saiki.

nges  
 g m  
 39. Kapandoek temboengirèkoe, sing pangira kang tan jekti, ingsoen kagagas ing sira, sira ndakwa ngéling-éling, mring pra garwa ingkang pisah, kari ana ing nagari.”

mi  
**Anasûyâ:**

40. „Doeh goesti Nata linangkoeng, kang dahat oeloen pepoendi, rehne kawoela oeninga, kalamoen para Narpati, apan kajah garwanira, mila atoer koela Adji.

41. Moegi kagaliha èstoe, mitramba kang soen tresnani, Çakuntâlâ tembé woentat, jwa nganti dipoen getoeni, déning sanak kadangira, toewin pra mitranja sami.”

sa  
 ni  
 ji  
**Sang Nata:**

42. „Hèh mitraningsoen wong ajoe, jwa kakéhan kang ginalih, marga pra katresnaningswang, ingkang dahat soen asihi, kang karja kondanging poera, ikoe moeng kekalih jekti.

43. Inggang djoega namanipoen, Samudrarasana (41) linwih, ingkang kadwi mitranira, Çakuntâlâ oega linwih, ajoe djatmika soeng rimang, ratoe-ratoening pawèstri.”

**Mitra kekalih sareng witjanten:**

44. Jèn makaten Sang Apraboe, kawoela kekalih nenggih, sampoen marem ing wardaja, mireng pangandika Adji, lega rila den poendoeta, Çakuntâlâ soemangga Dji.”

### Priyamvadâ (angedjèpi ngoendang):

45. „Hèh Anasûyâ wong ajoe, delengen komprèng poeniki, langkoeng melas kasatmata lakoéné anolah-nolih, mréné nggolèki bokira, ajo pada dèn parani.”

(*Mitra sakalihan sami badé késah saking ngrikoe*).

### Çakuntâlâ ladjeng witjanten:

46. „Hèh mitra kalih sirèkoe, soen: sira tinggal pribadi, tanpa pangajoman ingwang, tanpa rowang gelik-gelik, salah sidji baé sira, karia ana ingriki.”

### Mitra sakalihan sareng witjanten:

57. „Hèh Çakuntâlâ wong ajoe, ingkang bakal anenggani, mring sira ikoe woes ana, ija kang ngajomi nagri, wis soemanding ana sira, ajwa soemelang ing ati.”

### Çakuntâlâ:

48. „Elo djeboel loenga èstoe, sira soemitra kekalih, ingsoen tinilar prijangga.”

### Sang Nata:

„Wis ajwa soemelang galih, kang abdi ingkang tjantjingan, sampoen roemeksa soemanding.

49. Apa karsanta Sang ing roem, soen kepeti ngati-ati, mawi goðong sarasidya, kang maksih teles mrih dinging, ajem raosirèng angga, lon-lonan gjan soen ngepeti.

50. Bok inggih karsa wong ajoe, goesti intenkode wong koe-ning, nggih goesti inggih bendara, jèn boten poenapa inggih, pada padoeka kéwala, kang remoe bang nawoeng manis.

51. Soen selèhaken ing pangkoen, klawan koela isik-isik, dimèn jwa karaos sajah.”

### Çakuntâlâ:

„Kawoela boten dak edir, pambekan marang wong lanang, kang pantes oeloen dji-adji.”

(Ladjeng ngadeg badé ngésahi).

**Sang Nata :**

52. „Katresnaningsoen wong ajoe, sira adja gelis-gelis, méntar sing ngriki bendara, bentèré Hjang Arka maksih, soemelèt dèrèng kaliwat, émanen sliranta goesti.

53. Kadoemoegèkna gjanipoen, saréan nèng kasoer sari, déné goðong sarasidya, kang noetoepe djadja goesti, pan sampoen ngantos binoetjal, awit kinarja ling-aling.

54. Sliranta kang tipis lesoe, kataman bentèring rawi, srengéngé mangsa katiga, bentèré kepati-pati, kèndela ngriki kéwala, sampoen gé-agé ngésahi.”

(Sang Nata kalihan nggondèli Çakuntâlâ).

**Çakuntâlâ :**

55. „Doeh goesti trahé Sang Puru, ajwa toewan nganti lali, doemateng pantesing tindak, tandoek kedah dèn èngeti, nadyan soen brangta angarang, meksa tan kénging oepami.

56. Ambeg kawasa koemloengkoeng, mawi karsèngong pribadi, tan éling ta lamoen ana, ingkang ngoewasani mami.”

**Sang Nata :**

„Hèh kenja kang soemelangan, ndadak sira mawi adjrih.

57. Loengakna baé adjrihmoe, ilangna soemlanging galih, doemateng soedarmanira, kang mangka dadi pangarsi, pangareping para kadang, kang pantes dipoen adjèni.

58. Kang satoehoe woes pinoendjoel, marang angger-angger soetji, woes masti datan nglepatna, marang sira Sang soedèwi, daruena ðaop gandharva (42), ing koenané kerep oegi.

59. Linakonan pra linoehoer, poetri poetraning Narpati, oega linilanan marang. soedarmanja najogjani, sira masti bakal oega, tan loepoet dipoen lilani.”

**Çakuntâlâ :**

60. „Doeh goesti tjoelna wakingsoen, ajwa pidjer dèn tjepengi, ing sanès wektoe kéwala (43), jèn toewan arsa pinanggih, lan koela kalamoen ana, para mitra koela sami.

Serat Kâlidâsâ.

61. Tandya noetoegekaken tjatoer, kang pantes koela ladosi."

**Sang Nata :**

„Jèn makaten karsanira, ija ingsoen tjoelken noeli."

**Çakuntâlâ :**

„Lah béndjing poenapa panggja, sami gegineman malih."

**Sang Nata :**

62. „Lir bramara ngisep santoen, kang nedeng megar dèn oengkih, mrih madoené ingkang sekar, mangkono panetjep mami, mring lañinira ðoeh njawa, pepoedjan jang-janging boemi.

63. Minangka djedjampi woejoeng, kagedèn tresna mring goesti, ing manah sroe ngantak-antak, angsala djampi kang pinrih, ingkang madoe pinastika, widjilé lañinta goesti."

*(Sang Nata badé andengagakaken rainipoen Çakuntâlâ asta tinangkis déning Çakuntâlâ).*

**Soewara saking sawingkinging geber :**

64. „Cakravâka (44) ingkang manoeek, wadon toetoera toe-moeli, marang lakinira kana, kanðaa lamoen samangkin, benginé wis emèh teka, wantji manoeek pada goeling."

**Çakuntâlâ (kagèt) :**

65. „Doeh goesti tedaking Puru, padoeka prajoga ndelik, anèng wisma taman sekar, ngrika kémawon prajogi, awit Sang Gautami mangkja, masti praptèng taman ngriki.

66. Sang Panðita kang mbeg loehoeng, arsa rawoeh anoewèni, menggah kawontenan amba, kalamoen konangan adjrih, dé oeloen panggja pjambakan, lan prija nèm anèng riki."

**Sang Nata :**

67. „Pitoetoerira wong ajoe, gonas-ganès merakati, ija soen enoet kéwala, ndelik wisma tamansari, ajwa nganti kadengangan, mring Sang Panðita Gautami."

*(Sang Nata ladjeng andelik, déné Sang Pandita toemoenten ngrawoehi kalihan ambekta wadâh, poenapa malih mitra èstri sakalihan inggih sami toemoet wangsoel).*

### Mitra èstri sakalihan:

68. „Mriki-mriki Sang Awikoe, Sang panembahan Gautami, wonten ngriki Çakuntâlâ, mangga noenten dèn rawoehi, jwa nganti kedangon roga, lam-lamen kang dadi ati.”

### Gautami moeroegi Çakuntâlâ:

69. „Doeh rara apa laramoe, kang ngroebéda raganèki, sa-mengko ana mendaña.”

### Çakuntâlâ:

„Noewoen inggih Sang Ajogi, sampoen kañah sakétjanja, pangestoe Sang maha Moeni.”

### Gautami:

70 „Banjoe iki kang soen tjampoer, nganggo soeket darbha mangkin, bisa dadi tambanira, ngajemké badanmoe nini.

*(Toemoenten ngepjoer-epjoeri sirahipoen Çakuntâlâ mawi toja ingkang sampoen katoenggilan roempoet darbha).*

Toengtoem mari kang lelara, poelih kaja wingi oeni.

71. Ajo rara pađa mantoek, mring asrama oewis wengi.”

*(Toemoenten sami badé mantoek).*

### Çakuntâlâ (ngoenandika):

„Doeh-doeh adoeh atiningwang, bijèn nalikané oewis, katekan panoewoenira, meksa tan bisa ngilangi.

72. Ngilangi goemrantesipoen, saben dina manggoeng sedih, saiki kaprijé mara, olèhé milara ati, bareng getoené woes teka, pinanggih ana ing woeri.

*(Sasampoenipoen djoemangkah sadjangkah Çakuntalâ kèndel lam-pahipoen kalihan witjanten sora).*

73. Hèh wisma oedyana santoen, wit-oewitan angrambati, déné sira oewis karja, larakoe waloeja djati, paða andoem ka slametan, béragé pinanggih woeri.

74. Jèn katemoe malih ingsoen, lan sira ing béndjing malih, saiki meḍot pasihan, kapeksa ingsoen gja moelih, sira wisma patra sekar, moega karia basoeiki."

*(Çakuntalâ késahipoen kalihan semoe soengkan sareng lan mitra-nipoen èstri sakalihan).*

**Sang Nata rawoeh ing papanipoen anggènipoen  
djoemeneng waoe malih, ladjeng ngandika  
kalihan oendjal oeswa:**

75. „Kèh temen pakèwoehipoen, pepalang ingkang ngrégoni, marang kalakoning sedyā— ningsoen klawan Sang soedèwi, déné katoné ing tingal, Çakuntalâ maoe iki.

76. Soen sawang sira wong ajoe, lèdjemé andoedoet ati, ana ngendi sira njawa, kang tibingé aloes kadi, soetra tjemeng warnanira, tingalé nawoeng memanis.

77. Pantès temen doeh wong ajoe, kalané sira noetoepe, toetoepera lan ratjikan, mestakanta koesoema di, toemoempang ing pamiḍangan, warna katon èsmoe adjrih.

78. Kalané arsa soen djoendjoeng, mastakanira tan keni, ingsoen dèngangakken oewal, laṭingong tansah nggagapi, mring doe-noengé toetoepera, kang adreng sira toetoepe.

79. Menjang ngendi paraningsoen, déné saja angatoni, léléwané gawé rimang, wong ajoe amoelet ati, soen lerep kéné kéwala, anèng wisma patrasari.

80. Pangasoné katresnankoe, samengko tinilar moelih.

*(Nolèh ngiwa-nengen).*

Watoe ingkang sinebaran, sekar-sekar amrik minging, iki mangka pagoelingan— ira ingkang minḍa Ratih.

81. Iki lo soepatranipoen, roempakanira Sang dèwi, woes aloem soemèlèh kisma, rinipta kanaka loengit, kang sastra maksih katara, kana kaé ana malih.

82. Kang kari rerengganipoen, lengenira Sang soedèwi, rerenggan ingkang kinarja, loengira sarasidya di, pan woes tjopot saking asta, soemèlèh wonten ingriki.

83. Andoeloe rerenggan ikoe, ingsoen tan bisa toemoeli, loenga sing panggonaningwang, saka wisma patrasari, nadyan woes tinilar loenga, déning ingkang andarbèni."

### Swara saking djawi:

84. „Hèh, hèh Sang Nata woes daloe, sesadji ing wantji bengi, woes kawit pramilanira, ana kang katon ndatengi, wewajanganing raksaka, lir lelembuet ting gadimik.

85. Ngoebengi padoepan moeroeb, klawoe warnanira kadi, djanggenegira kang méga, raksasa kang saba bengi, nglajap ngoepados memangsang."

### Sang Nata:

„Ija soen tedak toemoeli."

(Sang Nata ladjeng késah, sadaja inggih sami késah).

*Tamat lampahan kaping tiga.*

## LAMPAHAN NJELANI.

### Beboekanipoen lampahan kaping sakawana.

*Mitra èstri kekalih medali, metiki sekar.*

13 KINANTI.

### Temboengipoen Anasûyâ:

1. „Priyamvadâ mitraningsoen, wit saka djedjoðon iki, djedjoðon tjara gandharva, Çakuntâlâ begdja jekti, bisa antoek dja-toekrama, wong agoeng mangrèhken nagri.

2. Déné pangrasèng atikoe, tatag tan soemelang woeri, nanging nadyan mangkonoa, pamikirkoek teka maksih, doeroeng kena ingsoen ençak, Priyamvadâ mitra mami."

### Priyamvada:

3. „Prijé kandanira ikoe, ingsoen pan doeroeng mangerti, karepira doeh soemitra, mara terangna kang jekti, dimèn jwa salah panampa, tan jogja pinanggih woeri."

**Anasûyâ :**

4. „Priyamvadâ mitraningsoen, jèn sira arsa oedani, gamblangé temboengkoe ika, mangkéné kang saopami, rehning mangkja woes katekan, kang dadi karsaning Adji.

5. Pepénginanirèng Praboe, katoeroetan datan sisip, Sang Nata woes tinarima, margané panggawé betjik, déning para Reshi mangkja, Sang Nata woes kondoer nagri.

6. Woes pinanggya lan para roem, wanodya ing djroning poeri, apa ja isih kèngetan, kang kalakon anèng riki, ikoe kang soen gagas-gagas, prijé panemoenirèki.”

**Priyamvadâ :**

7. „Panemoenira poenikoe, jwa sira soemelang galih, wran kang tjitrané mangkana, bagoes ing pamoeloe wingit, tan bisa jèn nganđoet ala, tan sepi boedi ardjanti.

8. Moeng baé jèn bapa Wikoe, Sang Kanva mjarsa pawarti, anané kang kalampahan, ikoe ingsoen datan oening, kaprijé ing polahira, apa datan dadi ati.”

**Anasûyâ :**

9. „Moenggoeh sing panawangingsoen, ija malah bakal dadi, renaning galih Sang Kanva.”

**Priyamvadâ :**

„Teka sira doewé pikir, kang mangkono ikoe apa, sira apa oewis oening.”

**Anasûyâ :**

10. „Moela ingsoen bisa toetoer, kang mangkono ikoe awit, kang tansah dadi pikirnja, Sang Kanva ing saben ari, moeng bisané Çakuntâlâ, ing tembé bisané laki.

11. Antoek satrija linoehoeng, déné mangké woes pinasti, tanpa dèn angkah woes angsal, djođo loewih saka betjik, bapakné tanpa kangélan, katekan kang woes kinapti.”

**Priyamvada (ningali dateng wakoel waqah sekar):**

12. „Anasûyâ mitraningsoen, olèhé pada metiki, kembang teka oewis kajah, woes tjoekoep kanggo sesadji.”

**Anasûyâ :**

„Ija nadyan mangkonoa, ana kang tan kena lali.

13. Maksih ana malihipoen, kang koedoe dipoen sadjèni, sira rak ija woes wikan, Déwané ingkang ngajomi, marang Çakuntâlâ kedah, pinikir jwa ngapirani.”

**Priyamvadâ :**

14. „Ija dik bener toetoermoe, ingsoen emèh baé lali.”

*(Miwiti metiki sekar malih).*

**Swara saking wingking geber :**

„Hèh, hèh, ingkang ana kana, weroeha jèn soen nèng riki”

**Anasûyâ (mirengaken):**

„Soemitra kroengoe kaja, ana dajoh anjatengi.”

**Priyamvadâ :**

15. „Çakuntâlâ mangkénipoen, maksih anèng wismasari.”

**Pangoenandika :**

„Nanging manahira mangkja, ing sadina iki tebih, adoh nglangoet tebanira.”

**Anasûyâ :**

„Ajo mitra pada bali.

16. Kembangé ija woes tjoekoep.”

*(Sampoèn samekta badé mangkat).*

**Swara ing sawingking geber :**

„Hèh sira tan maargjani, doemateng tamoe kang prapta, mangka wajangané nenggih, ngiroep marang njawanira, beneré sira tan mjarsi.”

17. Marang lija-lijanipoen, mangka sira datan arsi, mijarsa ing temboengira, Sang Pandita èstoe serik, sira ingipat-ipatan, bakal oega dèn lalèni."

### Priyamvadâ:

18. „O, o, déné kana ikoe, ana lelakon ndrawasi, Çakuntâlâ kadrawasan, awit njoetaké ati— nira tamoe ingkang prapta, kang pantjèn ingadi-adji.

19. Awit saka lénanipoen, Çakuntâlâ ingkang lagi, mempen ndelik datan medal.

(*Kalihan ngangoeok-angoeki*).

„Ija temenan tan sisip, ingkang rawoeh anèng kana, datan moeng salah sawidji—

20. nira Reshi kang pinoendjoel, malah Sang dibjanoeng Reshi, Durvâsas ingkang minoelja, ingkang kabrangas ing galih, dahat gampang bendoenira, sawoesé ngipat-ipati.

21. Sang Ajogi ladjoe kondoer, tindakira gelis-gelis, senggjoran déning doeka, bramantya kepati-pati, tan paé oeroebing brama, ngalad-alad anggosingi."

### Anasûyâ:

22. „Priyamvadâ mitraningsoen, paranana Sang Maharshi, soe-djoeda nêngarasanira, ngabekti ing pada Reshi, atoerana bali énggal, sadjroning sira ngatoeri.

23. Ingsoen njoemektakké goepoeh, banjoe arga gé tjoemawis, doemateng tamoe kang prapta, ajwa nganti ngapirani."

### Priyamvadâ:

„Ija Anasûyâ ija, soen manoet toedoehirèki."

(*Ladjeng késah*).

### Anasûyâ mlampah, ladjeng kedjengklok:

24. „Hé é déné wakoelingsoen, déning kesoesoe loemaris, nganti mroetjoet saking asta, tiba goemloendoeng ing siti, isi-nira kembang woetah, mawoet-mawoet anèng siti."

(*Sekar ladjeng dipoen pendeti*).

**Priyamvadâ (wangsoel):**

25. „Anasûyâ mitraningsoen, sapa kang woes taoe tampi, karahabanirèng manah, saka Durvâsas Sang Reshi, lan karenanirèng drija, kaja soen doeroeng taoe wrin.

26. Soeprandéné iki maoe, Sang Reshi teka wlas asih, rada ndoewèni katresnan, moeloeng welasira maring, Çakuntâlâ kang katiban, babendoenira Sang Reshi.”

**Anasûyâ (kalihan mèsèm):**

27. „Samono ikoe wis poendjoel, toemrapé Durvâsas Reshi, mara ingsoen kanðanana, kaprijé larahé koewi, déné sira teka bisa, ngarani mangkono iki.”

**Priyamvadâ:**

28. „Nalika soen toeri wangsoel, Sang Reshi tan mitoeroeti, soen noeli matoer ngrerepa, ðoeh maha Reshi linoewih, moegi toewan ngapoentena, mring lepaté mitra mami.

29. Çakuntâlâ moeða poenggoeng, ngliwakkèn pangadji-adji, tan mangerti dajanira, pangipat-apat sajekti, moegi toewan nggaliha, jèn saweg sapisan mangkin.”

**Anasûyâ:**

30. „Kaprijé saladjengipoen, wangsoelané Sang Maharshi.”

**Priyamvadâ:**

„Ngandikané Sang Pandita, temboengkoek kang woes kawidjil, datan kena soen djabela, wondéné pangesot iki.

31. Ija noeli loewar lamoen, katoné kang ali-ali, Sang Maharshi noeli méntar, datanpa ngandika malih, ingsoen tinilar anggana, nora kober matoer malih.”

**Anasûyâ:**

32. „Jèn mangkono mitraningsoen, woes lega rasaning ati, nalikanira Sang Nata, arsa mangkat saking ngriki, nganggo nilari kalpika, tinrapken marang daridji.

33. Daridjinira Sang ajoe, Çakuntâlâ amantesi, kang ali-ali rinengga, ing sastra asmanira Dji, minangka tanda katresnan, élinga jwa nganti lali.

34. Kang awit saka poenikoe, Çakuntâlâ ija olih, lantarané loewar saka, pangesoté Sang Maharshi, saking kalpika poenika, ingkang sampoen dèn darbèki.

### Priyamvadâ :

35. „Wisé mangkono mitrèngsoen, ajo apa ora sami, nglakoni ing kawadjiban paréntahirèng agami, krana iki oewis wajah, jèn kasèp datan prajogi.”

*(Ladjeng sami andoemoegèkaken lampah. Priyamvadâ sareng sampoen loemampah sawatawis tebihipoen ladjeng ningali ing katebihan).*

36. „Anasûyâ mitraningsoen, mara delengen dèn aglis, Çakuntâlâ kaé apa, sangga oewang melas-asih, meneng nglengger kaja artja, ngéling-éling mring soewami.

37. Nganti tan kèlingan lamoen, ana dajoh andatengi, sinenggoeh mangoengkak krama, nglirwakken pangadji-adji, mring Sang Durwâsas kang prapta, tan rinèwès mbebajani.”

### Anasûyâ :

38. „Priyamvadâ mitraningsoen, lelakon kang woes kawoeri, iki maoe adja ngantya, karoengoe mring Sang soedèwi, Çakuntâlâ pan memelas, ajwa diroengoni jekti.

39. Paða meneng baé sampoen, owelen mitrakoe mangkin, badanira saweg risak, koeroe aloem awit déning, kabotan toeridasmara, poma jwa nganti kawidjil.”

### Priyamvadâ :

40. Masti baé ikoe koedoe, tan bakal ingsoen kandani, sapa kang mentala njiram, Navamâlikâ kang sari, nganggo wédang tenèh gagar, wigar aloem mati kang wit.”

*(Sakalihan ladjeng késah).*

*Tamat lampahan ingkang njelani.*



## LAMPAHAN KAPING SAKAWAN.

*Katingal wonten satoenggiling moerid Brahmana (djedjangan)  
ingkang pinoedjoe nglilir.*

### 14. PANGKOER.

#### Temboengipoen djedjangan :

1. „Ingsoen dinoeta goerwèngwang, Sang Brahmana Kanva kang nembé prapti. saka kekésahan goepoeh, ingsoen kinèn ndelenga, wajahira srengéngé ing mangkénipoen, moelané soen arsa medal, ing djawi arsa ningali.

2. Maksih pira soewénira, daloenira ingkang maksih kawoeri.

*(Moebeng-moebeng kalihan toemenga aningali).*

Ing iring sasishipoen, katon Hjang Sasadara, moempet anèng sawoerining tandjebipoen, langit ingkang koelon ika, déné Sang Hjang Bagaspati.

3. Woes katon moengoep nèng wétan, tinengeran déning Aroena (45) nenggih, moebjar padang soelakipoen, mérang Hjang Sasadara, soewé-soewé koetjem nir prabawanipoen, ijèkoe pratan-danira, goemantinira kang wantji.

4. Oenggañing Hjang Bagaskara, kang maḍangi langit tanapi boemi, giliran lan oedoenipoen, klawan Hjang Sasadara, ingkang oega maḍangi djagat sawegoeng, mangkono ingkang oepama, oeripé manoengsa iki.

5. Tansah agilir goemantya, pepestèning manoesa oerip iki (46), saangsloeping kang soetèngsoe, kembang traté kang megar, anèng toja dadi gering temah aloem (47), betèké soesah ing manah, tinilar kang dadi ati.

6. Temahan woes datan karja, sengsemirèng manahingsoen ningali, namoeng kari élingingsoen, mring kaéndahanira, marang sekar mangkonoega pawèstrèkoe, kang soesah nandang asmara, tinilar kang dadi ati.

7. Saiba rasaning drija, masti abot sanggané kang nglakoni.”

### Anasûyâ (énggal-énggal ngedali).

„Èstri kang tan toemoet-toemoet, ngremboeg rèhing kadonjan, bokmanawa koerang mangerti bab ikoe, nanging ingsoen koemapeksa, ngarani patrapira Dji.

8. Inggang tinandoekken marang, Çakuntâlâ ikoe tan njatrijani, tindak nista tandoek loepoet.”

### Djedjangan :

„Ing mangké ingsoen arsa, matoer marang goerwèngsoen manawa sampoen, andoengkap ing wantjinira, sesadji gé soen loemaris.”

(*Ladjeng késah*).

### Anasûyâ :

9. „Nadyan ingsoen amelèka, soeprandéné ingsoen tan darbé kapti, toemandang ing gawé lesoe, tan darbé krekat ingwang, nadyan pakarjan ing saben dinanipoen, tangan klawan sikilingwang, tan arsa roemagang kardi.

10. Déné Sang Hjang Kamadéwa, ing samangké kapareng renèng galih, déné pan sampoen djoemoeroeng, mratjajakken mitrèngwang, Çakuntâlâ inggang dahad moeda poenggoeng, marang prija kang tan setya, bareng kaleksanan noeli.

11. Namoeng tinilar anggana, mamproeng moelih tan éling mring kang kari, ikoe apa toemoesipoen, pangipat-ipatira, Sang Areshi Durvâsas inggang kawetoe, maring sira Çakuntâlâ, doek rawoeh datan nggitani.

12. Jèn ta doedoe toemoesira, pangesoté Sang linangoeng Mahreshi, déné Sang Nata winoewoes, woes kawetoe ngandika, kaja ngana ing samangké temahipoen, woes lawas tanpa potjapan, lajang baé tanpa kirim.

13. Majo saikiné paða, ngirimaké soepéné baé oewis, kang tinilarké Sang ajoe, mangka dadi pratandja, kèlingané ing bésoek lamoen katemoé, namoeng baé sapa baja, kang pantes dipoen wadjibi.

14. Ing salah satoenggalira, para Reshi inggang datan ndarbèni, welas marang wong nandang koeng, dipoen pasrahi mbekta, nadyan oewis terang kalamoen mitrèngsoen, Çakuntâlâ tan klepatan, wondéné datan kedoegi.

15. Ingsoen matoer mring Sang Kanva, langkoeng adjrih déning Sang Kanva nenggih, déné mentas baé wangsoel, saka ing kekésahan, matoer lamoen Çakuntâlâ oewis ðaoep, lawan Sang Nata Dushyanta, malah mangké woes nggarbini.

16. Kaprijé gjansoen nindakna, toemrapirèng lelakon kang kadyèki."

### **Priyamvadâ (medali kalihan béraging manah):**

"Anasûyâ mitraningsoen, majo dèn énggal paða, anetepi pasamoan ardjanipoen, nggènrarsa pepisahan, klawan Çakuntâlâ mangkin."

### **Anasûyâ:**

17. „Priyamvadâ toetoerira, ikoe ingsoen jekti doeroeng mangerti, mara ta gantjarna goepoeh, ing moela-boekanira, dimèn paðang atiningsoen kang ngendanoe."

### **Priyamvadâ:**

„Ija Anasûyâ ija, roengokna ingsoen gantjari.

18. Ingsoen mentas baé saka, panggonané Çakuntâlâ nakoni, apa maoe bengi oewoes, bisa toeroe kapénak."

### **Anasûyâ:**

„Gé toetoezna kaprijé sabandjoeripoen, ingsoen kadereng mijarsa, anané soemitra mami.

19. Çakuntâlâ anèng kana, pan pinoedjoe toemoengkoel déning isin, rinangkoel sinoeng pangèstoe, déning bapa Sang Kanva, isinira rasa roemasa jèn ngandoe, bapa Kanva temboengira: „Béragna atimoe nini.

20. Nadyan banget petengira, paningalé para kang soeng sesadji, déning kalimpoetan keboel, wondéné ija meksa, bisa kleboe sadjèné ana ing latoe, pramoelané nini sira, tan moenggoeh dipoen getoeni.

21. Anggetoeni kang woes klakjan, paða baé nggetoeni kawroeh soetji, ingkang woes sinoengken ikoe, mring para moerid ingkang, oewis pantes pinasrahan kawroeh ikoe, pramila ing dina mangkja, sira ija bandjoer noeli.

22. Soen soesoelken garwanira, soen kantèni Reshi kekalih ngiring."

**Anasûyâ :**

„Priyamvadâ sapa ikoe, kang matoer mring Sang Kanva."

**Priyamvadâ :**

„Kang ngandani swara tanpa roepa moewoes, nalikané bapa Kanva, woes ngleboer papaning geni.

23. Geni soetji pasadjénan, swara ikoe moeng tjekak ning ngoewisi."

**Anasûyâ (kalihan goemoening manah) :**

„Kaprijé pan temboengipoen, swara kang tan aroepa, Priyamvadâ mara ta tirokna goepoeh, ingsoen kepéngin mijarsa, soewara ingkang doemeling."

**Priyamvadâ :**

24. „Mangkené pitoetoerira, kang soewara ingkang datanpa warni: „Kanva soetanira wadoe, bakal noeli sesoeta, toeroenira Sang Puru kang mangka ikoe, bakal karja ardjanira, ing djagat ginawé betjik.

25. Nata goeng prabawanira, oedjwalané dahat ngébat-ébat, anglir geniniréng kajoe, Çami (48) binesem moebjar, ngalad-alad mangkana oepaminipoen, soetané nakira béndjang." mangkono swaraning wangsit."

**Anasûyâ (mitoetoeri datang Priyamvadâ) :**

26. „Priyamvadâ mitraningwang, kandanira ikoe maoe sajekti, gawé boengahing atikoe, moeng baé jèn kèlingan, mring pangkaté Çakuntalâ rasanipoen, boengahkoe kaworan soesah, déné pangkat dina iki."

**Priyamvada :**

27. „Anasûyâ wroehanira, soesah kita bisa dipoen papali, moeng anggeré mitraningsoen, Çakuntalâ Sang retna, nemoe ardja kalis saliring pakéwoeh, ikoe ingkang ingsoen adjap, bebaja moega nebihi."

**Anasûyâ:**

28. „Priyamvadâ mitraningwang, ja mangkono bener toetoeri-rèki, pramoela wit saka ikoe, sadjroning wakoel waðah, petjèlaning galoegoe ingkang goemantoeng, nèng panging wit mango ika, soen sèlèhi tjèn-ontjèning.

29. Keçara kang awèt soemrah, seger dangoe gjanira aloem nenggih, wènèhna soemitra goepoeh, doemateng Çakuntâlâ, ingsoen arsa gawé borèh atal sinoeng, (1) lenðoetirèng pasiraman, ingkang woes katjrita soetji.

30. Kawoworan soeket durva, dadinira borèh kang nggawa betjik, karahardjanira noeloes.”

**Priyamvadâ:**

„Ija ta Anasûyâ, gé garapen ajwa nganti lali ikoe.”

**Anasûyâ:**

„Ija Priyamvadâ ija, arsa soen gawé toemoeli.

(*Anasûyâ moendoer, Priyamvadâ mençeti sekar*).

**Soewara kamirengan saking sawingkinging geber:**

31. „Gautami sira toetoera, marang Çarngarava kanðaa noeli, miwah marang lijanipoen, soepaja angeterna, ing lakoéné Çakuntâlâ ajwa dangoe.”

**Priyamvadâ (mirengaken saha ladjeng witjanten):**

„Anasûyâ dèn toemoelja, gelis baé sira koewi.

32. Awit pra Reshi kang arsa, mangkat marang Hastinâpura nenggih, woes samja ingoendang ngloempoeck, moelané gelis sira, Anasûyâ borèhé jwa nganti kantoen,

**Anasûyâ (wangsoel ambekta borèh):**

„Ajo ta wis Priyamvadâ, paða gelis dèn parani.”

(1) Operment (atal?) oetawi orpiment poenika tjaroebaning walirang kalihan warangan kanggé aben-abenan tjèt.

(*Djoemangkah ing sawatawis tindak*).

**Priyamvadâ (ningali dateng satoenggiling panggénan):**

33. „Lah ta kaé Çakuntâlâ, oewis katon adoès dèk maoe éndjing, kalané Hjang Arka moengoep, maletèk woes asiram, woes goemrining malah ija oega woewoeng, ingajap para wandya, pratapan samja njekeli.”

34. Sega sadjèn woes roemantya, pra wanodya samja soeng poedyastoeti, Anasûyâ majo goepoeh, marani Çakuntâlâ, ajwa nganti karyèng gawé moendak getoen, tan nganti asoeng poedyardja, ing lakoe moega basoeki.

(*Sami moeroegi*).

*Santoen kawontenaning padjedjeran ringgit (tooneel). Çakuntâlâ katingal linggih ing tamparan.*

**Temboengipoen tijang tapa èstri dateng Çakuntâlâ:**

35. „Çakuntâlâ poetraningwang, tampanana seseboetan poeniki, maha praméswari ikoe, saka ing garwanira, kang minangka pangadji-adji linangkoeng, dé sira mangké woes dadya, garwaning Ratoe linoewih.”

**Tijang tapa èstri sanèsipoen malih temboengipoen dateng Çakuntâlâ:**

36. „Nini sira soen pepoedya, soen gegadang sira dimèn sesiwi, pradjoerit prawirèng poepoeh, kèringan mengsahira.”

**Tijang tapa èstri ingkang kaping tiga temboengipoen dateng Çakuntâlâ:**

„Ingsoen oega memoedji sira mrih roentoet, gjanira apalakrama, mjang tanpa pangadji-adji.

37. Kang linoewih saka garwa, jwa koetjiwa minangka Narés-wari.

*Sasampoenipoen sami asoeng pamoedji ardja ingkang makaten, para tijang èstri tapa ladjeng sami késah, kadjawi Gautami.*

**Temboengipoen mitra sakalihan, inggih poenika Anasûyâ kalihan Priyamadâ dateng Çakuntâlâ:**

„Çakuntâlâ soen poedya joe, moega nggonira siram, anoemoesi karahajon mring sirèkoe.”

**Çakuntâlâ :**

„Bagja tekanira mitra, majo pada linggih ngriki.”

**Mitra sakalihan sami amendet godong ingkang  
ambarkahi, saha ladjeng sami linggih,  
noenten witjanten :**

38. „Soemitra noeli tataa, ingsoen pada akarja borèh soetji,  
dimèn salamet sirèkoe, tan manggih sambékala.”

**Çakuntâlâ :**

„Ija mitra sakaroné sira ikoe, ing tembé woes nora bisa,  
ndandani mitramoe iki.”

*(Çakuntâlâ toemoenten nangis).*

**Mitra sakalihan :**

39. „Çakuntâlâ sira ajwa, nganggo nangis wektoené boengah  
iki.”

*(Mitra sakalihan sami ngoesapi loehipoen Çakuntâlâ sarta ladjeng  
andandosi).*

**Priyamvada :**

„Dedeg kang patoet amoenggoeh, pinatjak nggon-anggonan,  
moeng pinanggih nèng pratapan sira ikoe, pantes temen sira  
dandan, moendak ajoe merak ati.”

**Ladjeng wonten Reshi kekalih ingkang langkoeng  
enèm anđatengi kalihan ambekta pasoembang,  
temboengipoen :**

40. „Sira nggowa kang boesana, mara iki woes soen gawa  
roemanti.”

*(Sadaja sami ningali pasoembang poenika kalihan goemoen).*

**Gautamî :**

„Doeh laé Nārada soenoe, sing ngendi sangkanira, boesana  
kang kaja mangkéné poenikoe.”

**Reshi ingkang langkoeng enèm satoenggilipoen :**

„Saka asihirèng bapa, Kanva ingkang anjoekani.”  
Serat Kālidāsā.

**Gautamî:**

41. „Apa ija wetoenira, sing kasektènira Kanva Sang Jogi.”

**Reshi ingkang langkoeng enèm sanèsipoen:**

„Tan bener mangkono ikoe, Gautami dèn mirengna, toetoeringsoen moenggoeh nggon-anggon poenikoe, mangkéné pan larahira, kala goerwèng soen Sang Jogi.

42. Dawoeh mring para djedjangan, mamèt sekar doemateng ing wanadri, kinarja rerengganipoen, Çakuntâlâ saksana, kita weroeh ana nggon-anggon goemantoeng, kang kadamel mori pélag, ing sawidjinirèng oewit.

43. Jèkoe nggon-anggon paméran, kanggo matjak nèng pasamoean nengguh, warnamé toehoe pinoendjoel, gilang-goemilang kadya, sorotira sesangka dahad soemoenoe, ing wit lijané oemahja, balendoking lâxâ (49) nengguh.

44. Tansah toemètès wetoenja, kang balendok lâxâ apan kinardi, amborèhi padanipoen, Çakuntâlâ Sang retina, saking oewit lijanira nengguh moeloeng, asta praptèng tik-atikan — ira para widadari.

45. Jèkoe Bañarining wana, ingkang asta moeloeng lir troeboesan wit, ingatoengken pating kratoeng, ngoeloengken pasoembangan, warni-warni satjaranira ingrikoe, para Bañarining wana, soeka moelat mring Sang dèwi.”

**Priyamvada (kalihan njawang dateng Çakuntâlâ):**

46. „Çakuntâlâ wroehanira, pratjihnèng sih ikoe kena kapid, pratjihnaning sira ajoen, ngrasakaké kabegdjan, noenggal omah lan lakinira Sang Praboe, anèng sadjroning kadatyan, moekti wibawa moempoeni.”

*(Çakuntâlâ mireng ragi kadoek rikoeh).*

**Nârada:**

47 „Majo Gautama di kebat, paða matoer marang Kanva kang oewis, mentas saka siram ladjoe, ngatoerken renèng drja, kang wit-witan gjannjarsa rena tetoeloeng, mandjoeroeng saka darira, mring Çakuntâlâ Sang dèwi”.

**Sanèsipoen :**

48. „Ija bener toetoerira, majo mitra pađa matoer dèn aglis.”

**Mitra kekalih :**

„Tjoewaning manah kalangkoeng, déné ingsoen karonja, doeroeng taoe ngetrapken pasrèn kadyèkoe, nanging ija ingsoen angkah, bisané ngetrapken sami.

49. Mitoeroet kabisingwang, marang kawroeh gambar soeng-ging mantesi.”

**Çakuntâlâ :**

„Ingsoen oega oewis weroeh, ing kabaoedanira amemantes moerih toeroet loewesipoen, lan anggon-anggon samoeha, sira woes tan ngoetjiwani.”

*(Sakalihan ladjeng sami andandosi Çakuntâlâ. Sang Kanwa noenten ngedali saking adoës.*

**Kanva :**

50. „Moenggoehing kanyatanira, Çakuntâlâ gjannjarsa nilar mangkin, marang ingsoen ikoe èstoe, karja roedahing drija, gawé peteng manahingsoen iki èstoe, sanadyan ingsoen ampeta, wedaling waspèngsoen nini.

51. Ija meksa kadjođeran, wahjèng swara tan kena dèn sèlaki, peđot-peđot wedalipoen, tandaning kasoésahan, ingsoen iki wong mratapa ing asamoen, teka isih ngrasa soesah, kapisahan anak sidji.

52. Iba rasaning tyasira, sawidjining bapa kang mangka dadi, tetoewaning brajat èstoe (50), soesahé tan karoehan, pepisahan lan anaké wadon ikoe, ija kang katiban tresna, tan ana ingkang mandingi.”

*(Kalihan loemampah wongsal-wangsoel).*

**Mitra èstri sakalihan :**

53. „Çakuntala mitraningwang, woes palasta nggoningsoen mboesanani, mara klambéna wong ajoe, lawon mangka rangkepan, gé enggonen rangkepan ing djaba moenggoeh, mimboehi ing pantesira, dasarmoe woes ajoe loewih.”

(Çakuntâlâ menjat ngadeg sarta ladjeng nganggé rasoekan rangkepan).

### Gautamî :

54. „Nini gé delengen kana, bapakira Kanva Sang maha Reshi, prebeng-prebeng tingalipoen, saka ing boengahira, déné sira ginarwa ing Ratoe poendjoel, kaja angrangkoel-ngrangkoela, soedarmanta mring sirèki.

55. Rara jwa nganti kalépjan, wadjibira moenggoeh pangadji-adjji, mring Kanva jwa nganti loepoet, éstokna toetoeringwang, dimèn betjik kadadéanirèng poengkoer, loewih gedé barkahira, ija bakal anoemoesi.”

### Çakuntâlâ (katingal rikoeh) :

56. „Rama bagja rawoehira, tinampéna sembah soengkemé siwi, poetranta njoewoen pangèstoe, rahardja ajwa manggja, sambé-kala praptaning dina kapoengkoer.”

### Kanva :

„Ija njawa soen tarima, poedjwèngong nir kang bilai.

57. Moegjantoeke kaloehoeran, kawibawan ingadji-adjèng laki, lir Çarmishtha garwanipoen, Sang Yayâti ing koena, lan antoeke sawab sira asesoenoe, midjil prija tembénira, oemadeg Ratoe linoewih.

58. Lir Sang Puru (1) kondangira, angrèhaken sesaming Narpati, ing djagat toehoe pinoendjoel, datan ana kang paða.”

### Gautamî :

„Doeh Sang Kanva ingkang dahat soen sesoehoen, wahjèng pangândikanira, ikoe datan moeng pamoedji.

59. Ikoe pepestèning Déwa.”

### Kanva :

„Çakuntâlâ nini sira samangkin, moebenga nengen anakkoeh, ngoebengi gni sadjénan.

(1) Pûru poenika ingkang noeroenaken Dushyanta, kosok wangsoeli-poen: Dushyanta poenika toeroenipoen Puru, poetrani-poen Yayâti lan Çarmishtha.

(*Sanès-sanèsipoen inggih sami toemoet ngoebengi latoe pasadjénan, déné Sang Kanva ladjeng andonga kados oengel-oengelan saking Rigveda, temboengipoen*):

Moega-moega oeroebing gni sadjèn ikoe, pepiridan sing dahana, ing keren soetji mbarkahi.

60. Kang dahana moeroeb moebjar, sinoegonan kajoe empané betjik, ingoebangan darbha roempoet, ngloengakké kèhing ala, gandanira kang geni sadjèn poenikoe, akarja soetjining angka — nira Çakuntâlâ nini.

61. Saiki oewis mangkata, Çakuntâlâ dénok kang ngati-ati, ingsoen memoedji rahajoe, toemrapping lakoenira, tinebihna ing sambé-kala sirèkoe,

(*Toemoenten ningali ngiwa-nengen*).

endi maoe Çarngarava, lan lijané anèng ngendi.”

### **Çarngarava (madjeng kalijan sanèsipoen):**

62. „Koela Sang Maharshi Kanva, koela sampoen samja wonten ingriki, padoeka moeng kantoen dawoeh.”

#### **Kanva:**

„Ija ta Çarngarava, mara noeli toedoehna ing marginipoen, sadoeloermoe Çakuntâlâ, eterna moerih prajogi.”

#### **Çarngarava:**

63. „Soewawi ladjeng oemangkat, pra wanodya soewawi medal ngriki.”

(*Sadaja sami ébah badé loemampah*).

#### **Kanva:**

„Hèh wit-witan kabèhipoen, kang ana kéné samja, angetebi Çakuntâlâ lampahipoen, wit-witan kang kinasihan, déning Çakuntâlâ nenggih.

64. Wit-witan kang linabetan, Çakuntâlâ doeroeng ngombé jèn oewit — ira doeroeng wareg nginoem, saka tresna mring sira, solorira baé tan naté pinoegoet, apa manèh epangira, jèn tégaa angrampasi.

65. Saka gending asihira, Çakuntâlâ mring sira oewit sami, soekaa pamoedji ajoe, mring Çakuntâlâ ingkang, arsa ninggal mring sira sadajanipoen, sapira soekaning drija, gjannja Çakuntâlâ arsi.

66. Matjak nganggo sekarira, kepénginé Çakuntâlâ kepati, toemrap kang megar roemoehoen, mangka kanggo paméran, noedjwèng dina gedé Çakuntâlâ ajoen, ninggal sira sing pratapan, arsa noesoel marang goesti.

67. Ija goesti lakinira, Çakuntâlâ kepéngin ajoen panggih, dèn samja soeka pangèstoe, rahardjanirèng lampah, ajwa nganti ana sambé-kalanipoen, wit-witan sira poedjèkna, nemoea soeka ba-soeki."

(*Kamirengan oengeling kokila*). (51).

68. Mangka walesan poedjwèngwang, pra kokila samja moenja nglam-lami, wit-witan samja soeka joe, doemateng mitranira, Çakuntâlâ jwa nganti nemoe pakéwoeh."

### Swara ing awang-awang:

„Sakèhing talaga sira, kang idjo kèbèkan déning.

69. Kembang taraté pepantjan, oewit-witan kang godongé ngajomi, ngrembaka sigreng asingoep, ngalingi panasira, Sang Hjang arka kalingan datanpa moengoep, moega sira pada siha, marang Çakuntâlâ nenggih.

70. Karja ajem nèng dedalan, samirana silir soemrah ngenani, ing angka kang andon lakoe, moega jwana lijanja, baledoeg kang nempoe Sang poetri nèng enoe, kadjaba moeng sarinira, sekar mawoer gandanja mrik.

71. Katijoeping samirana, ing saparan-paran kongas aminging, moega nemoea rahajoe, ing lakoe praptèng kana, Çakuntâlâ anak-ingsoen sira ikoe, jwa nganti nemoe sandoengan, moeng rahardja kang pinanggih."

(*Sadaja sami goemoen mirengaken*).

### Gautamî:

72. „Çakuntâlâ wroehanira, pra Djawata ingkang samja ngajomi, pratapan kéné ja ikoe, kang sira rengkoeh sanak, ingkang sira tresnani lir doeloer toehoe, pada mandjoeroeng rahardja, ing lakoenira doeh nini.

73. Sira noeli malesana, angkatokké bektinira ðoeh nini.”

**Çakuntâlâ sasampoenipoen mendak kalihan manðoek,  
ladjeng késah soemisih, saha witjanten  
temboengipoen:**

„Priyamvadâ mitraningsoen, ingkang dahat soetresna, nadyan ingsoen dahat koematjêloe weroeh, manèh marang garwaningwang, soeprandéné ing saiki.

74. Bareng ingsoen arsa nilar, papan iki ing ati menakmenik, saka soesahing atikoe, nganti tan bisa ndjangkah.”

**Priyamvadâ:**

„Ora namoeng sira ðéwé ðoeh mitrakoe, ingkang soesah nilar papan, padoenoenganira iki.

75. Ingsoen kabèh ing pratapan, kaja-kaja pada nandang prihatin, déning ngèlingi angkatmoe, Çakuntâlâ mitrèngwang, soeket ingkang kinemah mendjangan wadoe, tiba saka tjangkemira, arsa binoekti ngéndani.

76. Sakèhing merak kang samja, nggroða ngigel krana soeka ing ati, kroengoe angkatmoe wong ajoe, woeroeng ngigel lan nggroða, kang wit-witan gègrèg nibakken ronipoen, kang aloem koening angglasah, kang samja béla prihatin.

77. Anglir ngedalaken waspa, sing soesahé tinilar ing mitra di.”

**Çakuntâlâ kèngetan:**

„Rama ingsoen arsa panggoeh, klawan katresnaningwang, tetoewoehan vanajosini poenikoe, kawoela arsa pamitan, gjaningsoen arsa megat sih.”

**15. MEGATROEH.**

**Sang Jogi Kanva:**

1. „Ingsoen oewis mangerti moenggoeh tresnamoe, marang wit vanajosini, woes siranggep lir sadoeloer, iki apa ingkang oewit, soemanding tengenmoe moenggoh.”

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uci.b4684484 / http://www.hathitrust.org/access\_usepol-us-goog  
Public Domain in the United States; Google-digitized

### **Çakuntâlâ (moeroegi wit vanajosini ingkang mrambat):**

2. „Sira oewit vanajosini mitrèngsoen, nadyan sira moelet maring, wit mango kalawan koekoeh, bok ja ngrangkoela sirèki, maringwang ingkang sajektos.

3. Klawan epangira kang moeloeng mrénókoe, krana awit dina iki, soen arsa pisah sirèkoe, apan adoh saking riki, paraningsoen ninggal enggon.”

#### **Kanva:**

4. „Çakuntala wit saka kaoetamanmoe, sira bisa antoek swami, kang pantes sinoehoen-soehoen, jèkoe kang dadi pamoedji-ningsoen sira dadya agrong.

5. Navamalika poeniki apan antoek, géndolan mango kang oewit, dèwèké antoek pikoekoeh, kang sèkèng marang kang kwawi, moelané ingsoen sajektos.

6. Datan mawi oewas soemelang ing kalboe, melang-melang mring sirèki, Çakuntâlâ soetaningsoen, nadyan doematefng kanang wit, navamalika sajektos.

7. Ingsoen oega datan soemelang ing kalboe, moelané sira nak mami, noeli mangkata dèn goepoeh, ajwa nganggo walang galih, noesoel lakinira adoh.”

### **Çakuntâlâ (temboengipoen dateng mitra sakalihan):**

8. „Mitranningsoen sakaroné sira ikoe, ingsoen pasrahi kang oewit, jwa nganti kاپiran èstoe, siramé jwa nganti lali, djaganen ingkang sajektos.”

#### **Mitra sakalihan:**

9. „Jèn mangkono Çakuntâlâ gèk wakeningsoen, sapa baja ingkang djagi, sapa ingkang sira toedoe, pinasrahan ingsoen kadwi, ing ati toehoe soemedot.”

*(Ladjeng nangis senggroek-senggroek).*

#### **Kanva:**

10. „Anasûyâ wis menenga ajwa moewoen, sira sakaroné betjik, ngeneng-nengi mring mitramoe, Çakuntâlâ adja nganti, tjilik atiné sajektos.”

(*Sadaja toemoenten ngladjengaken lampahipoen*).

### Çakuntâlâ :

11. „Bapa Kanva moeng sakedik weling oeloen, kalamoen mendjangan èstri, oetjoel lan kang mloka-mlakoe, ngoebengi grija lit niki, ndoengkap elèkira mbobot.

12. Woes weweka tanna sambé-kalanipoen, bapa moegi dèn toemoeli, kèngkènana wroeh mring oeloen, warta kang betjik poeniki, jwa nganti soepé sajektos.”

### Kanva :

13. „Jwa soemelang Çakuntâlâ anakingsoen, apa welingira nini, soen éling-éling satoehoe, ingsoen bakal datan lali, ngéstokken tan nedya linjok.”

### Çakuntâlâ (karaos bilih lampahipoen kaèwed-èwedan):

14. „Sapa baja kang nggèndoli wastraningsoen”

(*Kalihan méngo*).

### Kanva :

„Çakuntâlâ anak mami, kang nggèndoli warastramoe, kéwan tjilik melas-asih, komprèng kang woes tresna batos.

15. Ingkang sira toeloengi nalikanipoen, kalaranan tjangkem-nèki, katjotjog ing poetjoek roempoet, sira tambani toemoeli, nganggo lenga mari jektos.

16. Ija ikoe komprèng ingkang sira ingoe, sira opèni wit tjilik, tineḍanan gabah moeloeng, saka ing astamoe nini, jaikoe nakira ingon.

17. Datan soeka sira ninggal dèwèkipoen.”

### Çakuntâlâ :

„Hèh hèh sira komprèng alit, kang soen tresnani nakingsoen, kenèng apa sira mawi, ngetoet boeri lakoeningong.

18. Déné mangkja ingsoen arsa ninggal doenoeng, pepisahan lawan batih, sira nganggo arep miloe, wroehanira kéwan alit, déné gedémoe sakèngong.

19. Soen gegesang tanpa bijoeng kang woes lampoes, datan dangoe saka lahir—ira kéwan lit soetèngsoen, mangkono manèh saiki, bapa Kanva kang arsa ngon.

20. Noetoegeké andjaga marang sirèkoe, balia baé toemoeli, soen arsa noetoegeké lakoe, moendak soen mandeg toemolih, weroeh sira kanggeg batos.”

(*Andoemoegékaken lèmpah kalihan mbrebes-mili*).

### Kanva :

21. „Ingkang tatag Çakuntâlâ ing atimoe, ampeten wetoening tangis, karja petenging pandoeloe, kang toemingal marang langit, ngegol-goli lakoe jektos.

22. Dipoen éling Çakuntâlâ ing lakoemoe, ing marga kang toehoe roengsit, jèn tan ngati-ati toehoe, sira bisa anemahi, soekoenira kadjengkelok.”

### Çarngarava :

23. „Koningana toewan koela badé matoer, tijang ingkang nandang brangti, kedah dèn terken ing lakoe, doemoegi papaning warih, makaten oening pakon.

24. Mangkja sampoen doemoegi ing pinggiripoen, talaga tojané wening, ingriki paringa dawoeh, toewan gé-agéa bali, moeng praptèng ngriki kémawon.”

### Kanva :

25. „Majo pada marang pangaoebanipoen, wit goerda ing kana noeli.”

(*Sadaja ladjeng sami moeroegi wit goerda*).

### Kanva mangoedasmara ing manah :

„Apa baja weling ingsoen, kang pantès soen toerna nengghil, marang Dushyanta Sang Katong.”

(*Kalihan ngènget-ènget*).

### Çakuntâlâ (nisih sarta ladjeng tjarijos dateng Anasûyâ) :

26. „Hèh doeloenen Anasûyâ mitraningsoen, Cakravaka manoek èstri, kang tan weroeh lakinipoen, kang dadi tresna ning ati, andelik nèng ngisor goðong.”

27. Goḍong traté ingoewoeh-oewoeh mlas-ajoen, soesahé kapati-pati, tinar ing lakinipoen, tan weroeh lakiné nḍelik, bingoening ati kepatos."

**Anasûya :**

28. „Çakuntâlâ ajwa moewoes kang kadyèkoe, nadyan Çakravaka èstri, soesahé sadaloe moepoet, wit pisah kalawan laki, kang dèn tresnani sajektos."

29. Nadyan abot pisahé lan lakinipoen, éwadéné koewat nanggi, wit saking manteping kalboe, doewé pikir pangghih malih, dadi kandelirèng batos."

**Kanva :**

30. „Çarngarava mara mangkata dèn goepoeh, oendjoekna wit djeneng mami, ingarsanira Sang Praboe, lantaran soetèngong iki, Çakuntâlâ mring Sang Katong."

**Çarngarava :**

31. „Nggih sandika ḍawoehira maha Wikoe, kawoela kantoen nglampahi, moendjoek ngabjantarèng Praboe, ing saperloené tinoeding, soen pepoendi lahir batos."

**Kanva :**

32. „Koningana ing ngarsanira Sang Praboe, bilih amaling pra tapi, ikoe warnanira moehoeng, lakoe moersid kang dèn-nḍemi, moengkoel sapangrèh Hjang Manon."

33. Doeh Sang Nata moegi jwa nganti kalimpoet, dèn ènget-èngeta jekti, misoewoering namnipoen, teḍak toeroenira Adji, jwa soepé ing lahir batos.

34. Wewah malih atoeringsoen ring Sang Praboe, moegi ajwa nganti lali, lamoen Çakuntâlâ sampoen, kasok tresna mring Sang Adji, sing karsèng pribadi mawon.

35. Tan pineksa déning koela-warganipoen, pramilanira Sang Adji, moegi Çakuntâlâ ikoe, antoeka wewales Adji, tinimbangan tresnèng Katong.

36. Lan antoeka pangadji-adjining Praboe, kaprenahaken anoenggil, para garwanta Sang Praboe, ing sapantesira nengghih, toemrap Çakuntâlâ mawon.

37. Déné papestèn ing saladjengipoen, kang toemrap ing anak mami, para koela-warganipoen, Çakuntâlâ datan mawi, rangoe-rangoe was ing batos."

### Çarngarava :

38. „Koela noewoen Sang Pançita koela sampoen, mangertos karsa Sang Jogi, datan kekilapan oeloen, samangké soen noewoen pamit, nglampahi dinoeta goepoh."

### Kanva :

39. „Çakuntâlâ nok wong ajoe soetaningsoen, sira arsa soen toetoeri, djoewèhé wong atoewamoe, iki isih baé weling, sing melang-melanging batos.

40. Oerip kita iki ana ing wana goeng, adoh saka ing nagari, tan wrin tjaraning pradja goeng, sepi ing rèh pradja niti, kawroeh kadonjan tan djékos."

### Çarngarava :

41. „Doeh Sang Jogi èstoené tan wonten kawroeh, ingkang ngrèmèhaken maring, wong kang ing boedi pinoendjoel, sardjana soedjana loewih, kamoersidan kang ginajoh."

### Kanva :

42. „Woewoeh manèh Çakuntâlâ welingingsoen, lamoen sira woes doemoegi, ing soejasa doenoengipoen, lakinira sira moegi, manoeta pangrèh kémawon.

43. Manoet pangrèh goeroenira (52) soetaningsoen, tondak-tandoekira maring, marang pra garwa ljanipoen, dèn kaja soemitra djati, jwa demen nesoe kémawon.

44. Moering-moering anesoni marang kakoeng, nadyan sira loepoet oegi, kang toemresna ing tandoekmoe, mring sor-soranira nini, jèn nemoe kabegdjan jektos.

45. Antoek sihé lakinira ajwa senggoeh, ladak tan wroeh ing sesami, saliring pitoetoeringsoen, marang sira ikoe nini, patrapé wanodya kaot.

46. Ija ikoe kang dèn rani wanodya joe, rahajoe boedi karti, bisa ngrèh wisma ranipoen, déné ingkang tan kadyèk, wanodya laknat sajektos.

47. Moenggoeh sira Gautami prijé pikirmoe, apa bener toetoer iki."

**Gautami :**

„Noewoen inggih Sang poekoeloen, makaten poenika nenggih, soerasèng piwoelang djatos.

48. Woelang ingkang mangka angger-anggeripoen, pra wano-dya ingkang oewis, sesomahan poetraningsoen, èstinen sadjro-ning ati, lakonana kang sajektos."

**Kanva :**

49. „Çakuntâlâ arasen bapakmoe goepoeh, mjang para mi-tramoe sami."

**Çakuntâlâ :**

„Poenapa ta mitra oeloen, Priyamvadâ wangsoel ngriki, lan Anasûyâ karongron."

**Kanva :**

50. „Mitránira sakaroné oega bésoek, bakal djinoðokken oegi, kalamoen mitramoe toemoet, wong wadon tan pantes jekti, moelané ingkang soen akon.

51. Atoet woeri ing lakoénira wong ajoe, soen pantes amoeng Gautami, ngeterken sira nakingsoen loemeboe ing djroning poeri, masrahken sira mring Katong."

**Çakuntâlâ :**

52. „Doeh kaprijé bisané pisah wakingsoen, lan bapa Kanva ing mangkin, déné kaja paminipoen, wit tjandana (53) bineðol sing, pèrènging Malaya jaktos.

53. Saojodé dèn lih ing nagri ljanipoen, kaprijé oeripkoe nenggih, nèng mantja pradja tan manoeh, bokmanawa dadi ge-ring, ngenesing manah kapatos."

**Kanva :**

54. „Paran baja Çakuntâlâ sababipoen, dé rangoe rangoe ing galih, teka tjilik ing atimoe, prijé jèn mangkono béndjing, jèn sira apan woes manggon."

55. Anèng poera ing mangka dadi tetoenggoel, tetoenggoeling koela wargi, abantoe mring Sang Apraboe, ing pakarjan abot jekti, kang toemrap pangkating Katong.

56. Déné béndjing jèn sira sampoen sesoenoe, medali djaloe sajekti, pindanja doeh anakingsoen, lir asoeng mring Sang Hjang Rawi, kéblat wétan jekti moenggoh.

57. Jèn woes ngono sira woes bakal tan nemoe, kasoesian kaja iki, prihatin atinggal doenoeng, pisah kalawan soedarmi, lan para mitra kinaot."

*(Çakuntalâ ladjeng ngroengkepi soekoening bapakipoen).*

### **Kanva :**

58. „Pandongakoe marang sira moega kaboel."

### **Çakuntalâ kalihan moeroegi mitranipoen sakalihan temboengipoen :**

„Doeh mitrèngong sira kadwi, arasen ingsoen dèn goepoeh, mangka pamoedya ardjanti, ngarasa bareng kémawon."

### **Mitra sakalihan sareng ngamboeng :**

59. „Çakuntala ingsoen weling mring sirèkoe, kalamoen sira ing béndjing, woes toemekèng ngarsa Praboe, wekasan Sang Nata pangling, mring sira wong ajoe anom.

60. Gé priksakna sesoepé iki mring Praboe, kalpika kang dèn tjirèni, rinipta ing asmanipoen, Sang Praboe mesti oedani, noeli kêngetan sajektos."

### **Çakuntalâ :**

61. „Gatinira ikoe karja soemelangkoe."

### **Mitra sakalihan :**

„Çakuntalâ mitra mami, jwa watir sira wong ajoe, wit ka-tresnan ikoe oegi, anggawa adjrih sajektos.

62. Tansah adjrih marang kang kalangkoeng-langkoeng."

**Çarngarava :**

„Mangga sampoen para poetri, dèn agé-agéa rampoeng, Sang Hjang Arka woes loemingsir, mangidoel lingsirira nggon.”

**Çakuntâlâ méngo ningali datang pratapan :**

63. „Bapa Kanva béndjing poenapamba weroeh, wroeh malih pratapan ngriki, abot temen ninggal doenoeng, wis koelina awit tjilik, gedéné loenga sing enggon.”

**Kanva :**

64. „Dèn roengokna Çakuntâlâ toetoeringsoen, bésoek sira lami-lami, jèn dadi maroe pan antoek, sihira Sri Narapati, bisa patoetan kinaot.

65. Angedjori para maroe lijanipoen, patoetan Pangran Dipati, noeli Dushyanta Sang Praboe, masrahken marang Sang pekik, Sang Pangran Dipati Anom.

66. Roemeksané loeloesé kaprabon Praboe, loehoéré karaton Adji, ikoe lagi wektoenipoen, sira bisa tindjo mriki, mring papan kang soetji kono.

67. Ingeterken Sang Nata pribadi rawoeh, mring pratapan sepi mamring.”

**Gautamí :**

„Çakuntâlâ nggèr wong ajoe, iki woes langkah ing wantji, majo noeli mangkat mawon.

68. Woes tinggalen bapakmoe bèn noeli wangsoel.”

(*Toemoedjoe datang Kanva*).

Ora ding toewan prajogi, kémawon miwiti wangsoel, sampoen dangoe-dangoe malih, wit poetranta maksih mawon.

69. Datan pedot maksih tansah imbal woewoes, sampoen datan mari-mari.”

**Kanva :**

„Hèh Çakuntâlâ poetrèngsoen, iki oewis laloe wantji, soen ngedagken wadjib ingong.

70. Ja wadjibé oewong pratapan sadaroem."

**Çakuntâlâ (kalihan ngrangkoel bapakipoen)  
temboengipoen:**

„Déné bapa sira iki, sliranira teka koeroe, ngrapak aloem angalentrih, bok ja kang sakétja mawon.

71. Jwa prihatin napakken brata maringsoen."

**Kanva (kalihan oendjal oeswa):**

„Kaprijé baé nak mami, bisané datan nandang koeng, awit pisah lan sirèki, salawasé maksih weroh.

72. Ring toekoelan pari ing glédéganipoen, wisma ing taman wratsari, leçoeng-leçoeng toekoelipoen, sira kang njebar kalaning, sira sesadji nèng kono (54).

73. Kang minangka pangéling-éling maring soen, mring sira anak moeng sidji, wis noeli mangkata goepoeh, soetengsoen kang soen tresnani, ajwa nganggo mandeg méngo.

74. Soen pepoedji lakoenirantoe rahajoe, rahardja ing sapanginggil, jwa nganti nemoe pakéwoeh, sambékala jwa ndatengi, adoh sakèhing prihatos."

*(Çakuntâlâ kalihan mitranipoen sakalihan ladjeng pisahan).*

**Mitra sakalihan tansah ningali dateng  
lampahipoen Çakuntâlâ:**

75. „Doeh soemedot temen rasaning tyasingsoen, déné lakoené woes tebih, woes kaling-kalingan poehoen, Çakuntâlâ woes tan kèksi, moega slameta kémawon."

**Kanva oendjal (ambegan):**

76. „Anasûya lan Priyamvâdâ sira woes, netepi wadjibirèki, ngoentapaké ing mitramoe, kang loenga noesoel mring swami, penggaken soesahmoe dènok.

77. Ajo noeli bareng bali klawan ingsoen."



**Mitra sakalihan:**

„Bapa Kanva inggih swawi, anging sing panjawang oeloen, tingalipoen wana ngriki, teka sepi mamring mawon.

78. Saeploké tinilar késah mitrèngsoen, Çakuntâlâ saking ngriki, njenjet ilang kang kekoewoeng, paran baja gjannja bali, mlebéng wana pratapan grong.”

**Kanva:**

79. „Wis loemrahé paningalé wong tresnèkoe,

*(Mlampah kalihan ngenget-ènget).*

dénok sira botjah kalih, roengokna pitoetoeringsoen, bareng Çakuntâlâ oewis, soen angkatken mring karaton.

80. Mring lakiné rasané mangkja tyasingsoen, teka sarèh kadya ngoeni, wit njatané anak ikoe, tan moeng darbèking soedarmi, moelané mangkja tyasingong.

81. Bali tentrem sarèh manèh tan koemroengsoeng, rasaning tyas ingong nini, kaja katitipan ingsoen, barang kapratjajan mangkin, oewis bali marang oewong.

82. Kang nitipké oewis loedang manahingsoen, ajo gendoeok sira kadwi, pada agé-agé wangsoel, mring pratapan nadyan sepi, diseslamoer ingkang batos.”

*(Ladjeng sami moendoer sadaja).*

*Tamat lampahan ingkang kaping sakawan.*

**LAMPAHAN INGGANG KAPING GANGSAL.**

*Sang Ratoe lenggahan kalihan Vidushaka.*

## 16. MIDJIL.

**Sang Vidushaka (kalihan mirengaken):**

1. „Hèh, hèh para mitra moegi sami, anggatèkna jektos, anilingken marang gedong kaé, enggonira pradangga soen mangkin, mjarsa swara betjik, nembang membat aloes.

Serat Kálidásá.

2. Ho-o ija ingsoen woes oedani, kang nembang nèng djero, gedong ikoe Sang poetri asmané, Hansapadikâ kang mangkja lagi, marsoedi kekawin, nembangira roentoet."

### Sang Nata :

3. „Wis menenga ingsoen oega arsi, mjarsakken sajektos, panembangé kang nèng djero kaé."

### Soewara saking djawi :

„Ja dèwèké ikoe kang septa mring, madoe anjar wening, kekedjer mong loeloet.

4. Ingoeni woes neseq ingkang sari, mango neḍeng anom, katon seger ingoengkih sariné, sinesep kang madoenira keni, lega rasèng ati, woes antoek kang madoe."

### Çakuntâlâ :

5. „Jagénéa sira teka lali, mring dèwèké jektos, ingkang sira tresnani bijèné, kang perloené ngaso sawatawis, moenggwing ing koedoe ping, traté moenggwing ranoe."

### Sang Nata :

6. „Teka nglangoet oeran-oeran iki."

### Vidûshaka :

„Poenapa Sang Katong, saged tampi marang soerasané, sesin dènan kang toehoe ngenani, krasa djroning ati, toemantjeb djedjantoeng."

### Sang Nata (kalihan mèsem) :

7. „Ingsoen oega wis taoe ngraketi, mring ikoe wong wadon, pramoelané ija temahané, soen tinctah déning Pramèsuari, Vasumati roentik, marang tindakingsoen.

8. Mitraningsoen Mâthavya anoeli, sira gé tjarijos, marang Hansapadikâ terangé, djenengingsoen toetoerna toemoeli, déné dèwèké wis, bisa temen njamoen.

9. Melèhaké marang ingsoen mangkin."

**Vidûshaka:**

„Noewoen Sang Akatong.

(*Toemoenten menjat ngadeg*).

Koningana soemitrèngong mangké, jèn dèwèké pawèstrikoe noeli,  
ndjenggit koentjoeng mami, toemoeli tinapoek.

10. Tinempiling ingsoen ampoen masti, djinambak sajektos,  
datan oewal saiba peðesé, tan djrih walat malah dèn kentjengi,  
tinapoekan kadi, (1) apsara liripoen.

11. Kang ngenani panggoðanja maring, wong moersid kalakon,  
pinoeleting pamiloeta mangké, datan oewal malah dèn kentjengi,  
tan, benggang sakedik, malah saja koempoel.” (55)

**Sang Nata:**

12. „Wis menjanga toetoera dèn aglis, ing sadawoehingong,  
ingkang pantes nggonmoe noetoeraké, kanði tata ajwa ngoetjiwani.”

**Vidûshaka:**

„Sandika Sang Adji, nging klilana matoer.

13. Kados poendi gjaningsoen asoeng wrin, doeh goesti Sang  
Katong, mring pawèstri kang nembang wiragé, pasemoné satoe-  
hoe ngenani, krasa djroning ati, memelas kalangkoeng.”

**Sang Nata (kagagas ing galih):**

14. „Paran déné rasaning tyas mami, sawisé kaproengon,  
panembangé pawèstrikoe déné, rasaning tyas prihatin ngranoehi,  
lir kasengsem èstri, ing tyas arda gandroeng.

15. Mangka tanpa krana ingkang saking, pepisahan karo,  
katrisnannja kang karja wiragé, nanging ija he-eh sabab déning,  
mjat roeroepan betjik, kroengoe swara nganjoet-

16. Anjoet drija mawèh agoeng kingkin, dadakan kémawon,  
jèn mangkono ikoe karanané, tan ljan namoeng kèlingan roemijin,  
tindak ingkang oewis, doek manggoeng malatkoeng.

(1). Ing serat Kâlidâsâ inggih Çakuntâlâ temboeng apsara tegesipoen  
widadari (Hemelsche nimph; mitoeroet seratan sapoenika: nimf), dédê  
sisihanipoen apsari, widadara-widadari, déwa-dèwi.

17. Kang woes lawas soemimpén ing ati, karsa mring wirang-rong, woes linali-lali paran déné, toekoel manèh ngalélèng pangéksi, roepa lan swara di, nenangjarda gandroeng.”

*(Kagagas ing galih toemoengkoel èsmoe soengkawa).*

### **Abdi pinilih medali, temboengipoen:**

18. „Teken deling kang soen djoepoek rijin, nèng kamar winados, kamarira Sri Naréndra mangké, ingsoen anggep mangka pratanéning, kaloehoeran nenggih, paringira Praboe.

19. Sawoesira ingsoen anggo lami, kang teken kinaot, ing samangkja oemoer toewa kijé, kanang teken minangka tjongkoking lakoeke kang rinjik, djangkah kloemar-kloemoer.

20. Nadyan Nata ikoe datan kénging, nglirwakké sajektos, mring wadjibé Sang Nata woes déné, nadyan mentas djoemeneng Sang Adji, saka dampar nenggih, soen meksa tan poeroen.

21. Njela matoer manèh ingarsa Dji, lamoen wonten dajoh, pra moeridé Kanva marek mréné, éwadéné koedoe soen lakoni, nempoeh bjat atoe wrin, mring Sang Nata Praboe.

22. Awit oewis loemrahé kang djanmi, maréntah pradja grong, woes mastiné tan ana ngasoné, datan kéndat ana kang ginalih, momong wong sanagri, ikoe wadjibipoen.

23. Sang Hjang Soerja moeng sapisan nenggih, gjanira kalakon, ngrakit koedanira mring krétané, ingkang angin midit rina wengi, nèng tawang tanpa wis, Sang Çéska (55) tanpa woes.

24. Gjannja manggoel awrat kang pratiwi, ikoe oega dados, boeboehané para kang ngrèhaké, moelané ja betjik ingsoen oegi, nglakoni atoe wrin, ingarsa Sang Praboe.

*(Toemindak kalihan tjingak ngawasaken Sang Praboe).*

25. Kaé apa pandjenengan Adji, wis njepen aloenggoh, pjambak baé ikoe woes adaté, samangsané woes rampoeng Sang Adji, gjannja ngarih-arih, ledjarirèng kalboe.

26. Pra kawoela ingkang mangka dadi, tetanggélan Katong, datan paé ikoe oepamané, poetranira Sang Nata sakalir, renanirèng galih, Sang Nata kalamoen.

27. Oewis loedang dènira manggalih, bebahaning Katong, anglir liman kang ngirid panthané, mentas nahen panasing Hjang Rawi, soemelèt kepati, golèk papan éjoeb.

(*Moeroegi ingarsa Nota*).

28. Djaja-djaja kawoela sesanti, oenggoelirèng Katong, amba moendjoek ngarséndra samangké, wonten tetijang martapa prapti, sowan ingarsa Dji, déné sangkanipoen.

29. Saking soekoe Himavat<sup>(1)</sup> kang woekir, ngenggèni wana grong, ngirid éndang kekalih woes déné, dinoeta ring Kanva Sang Maharshi, maswèng ngarsa Adji, joen perloe oematoer.

30. Sasampoené Sang Nata mijarsi, koela njoewoen dawoh, kang sajogja koela dawoehaké, mring djedjangan ingkang nem-bé prapti."

### Sang Nata (wedaling watjana kanji pangadji-adji):

„Lo dadi tinoeding, mring Kanva Sang Wikoe."

#### Abdi pinitados:

31. „Kasinggihan dawoeh toewan mangkin."

#### Sang Nata:

„Jèn mangkono goepoh, dawoehana dwidjawara kéné, Somarata pamoelang agami, dawoehna nemoni, terang karsaningsoen.

32. Amitoeroet pepatjak kang oewis, sinanggeman jektos, mangka dadi pranataning kéné, jèn woes rampoeng noeli konen ngirid, ingkang sami prapti, maswèng ngarsaningsoen.

33. Dèn irida Somarata noeli, soen entèni ing gon, papan pranti nemoni praptané, Jogiswara kang ajoen kapanggih, klawan djeneng mami, soen tampani ngrikoe."

#### Abdi pinitados:

34 „Noewoen inggih sandika Sang Adji, soen dawoehné goepoh."

(1) Himavat oetawi redi saldjoé, poenika inggih oegi namanipoen redi Himalayâ, oetawi oegi dipoen wastani Himâla, artosipoen: doenoenging saldjoé.

### Sang Nata djoemeneng saking palenggahan:

„Vitravati toedoehna soen kijé, ing dalané mring papané geni, ingkang oewis soetji, sinoetjèkken moenggoeh.”

### Tijang djagi kori <sup>(1)</sup>:

35 „Noewoen inggih sandika Sang Adji, mijos ngriki mawon, inggih ngriki poenika marginé, mring papané gni kanggé se-sadji, geni kang woes soetji, mberkahi saèstoe.”

### Sang Nata tindakipoen èsmoe lesoe, sajah déning manggalih warni-warni bab kridaning pradja, tjiptaning galihipoen:

36. „Sadéngah wong kang katekan karsi, olèh kang ginajoh, masti baé boengah ing atiné, béda karo pandjenengan Adji, toemrap Sri Boepati, kalamoen woes antoek.

37. Inkang dadi pangadjeng-adjenging, galihirèng Katong, malah bandjoer soesah woesianané, kang pinanggih ngreribedi galih, moega mangkin iki, jwa nganti kadyèkoe.

38. Moega ija katoeroetan jekti, pangarsa-arsèngong, kang bisa toeloes sadéla baé, nemoe seneng boengah lahir batin, ajwa ngoetjiwani, sanadyan tan dangoe.

39. Roemeksané marang kang soen olih, akanti rekaos, klawan éwoeh, pakéwoeh tan wisé, ija ikoe kaprabon Narpati, oepaminé kadi, lir wong mandi pajoeng.

40. Anèng tangan tan abot kepati, moeng ngrisèni mawon, nadyan datan akarja sajahé, nanging ija oega tan marèni, tan marèkké risi, jèn soewéa oewoeh.”

### Vaitálika (57) kekalih ngoewoeh saking djawi:

41. „Asesanti djaja widjajanti, doemateng Sang Katong.”

<sup>(1)</sup>. Kori, kanggénipoen ing Ngajogjakarta kramanipoen lawang; konten = krama doesoèn.

Ing baoesastra Gericke en Roorda 1901 katja: 125, lawang = krama ngoko kanggé ingkang ateges margi djeblosan = lawang goewa, kanggé ingkonipoen ingkang teges: lawang omah, lawang kamar, kramanipoen inggih kori.

Ing baoesastra P. Jansz 1892 katja: 63 lawang = ngoko, kori = krama, konten = krama doesoèn, tjotjog kalihan kanggénipoen ing Ngajogjakarta.

Ing warnabasa Padmasoesastra 1899 katja 41, konten = krama, lawang = ngoko, kori = krama ngoko.

### Vaitâlîka ingkang satoenggal temboengipoen :

„Inkang dahat manggalih senengé, lan bingahé salira pribadi, moeng tan kéndat nggalih, ing rahajoenipoen.”

42. Pra kawoela ageng alit sami, pinrih karahajon, datan ngétang ing pajah sajahé, linakonon lan manteping pikir, tan djrih nanggoelangi, sajah tjapé lesoe.

43. Doeh Sang Nata ikoe kang oepami, oewit ageng moeng-goh, anahanké soemelèt panasé, Sang Hjang Arka nampek tjempoeroenging, kang wit nahan wani, panas perloenipoen.

44. „Angajomi sadaja kang sami, ngaoeb anèng ngisor, kang oewit seger jem rasané.”

### Vaitâlîka satoenggilipoen :

„Doeh Sang Nata padoeka njepengi, adiling nagari, anèng astanipoen.

45. Angoekoem wong ingkang tindak sisip, witjaksanèng batos, gjanirandon mantjasi padoné, ambeneri pasoelajan kanti, djoedjoering panggalih, beboedèn pinoendjoel.

46. Angajomi ingkang sarwa miskin, oetawané oewong, kang katinðes ing sapepadané, ingajoman klawan goenging adil, oewong ingkang soegih, tan darbé sadoeloer.

47. Datan darbé sanak miwah siwi, samja nganggep Katong, kaja déné kadang pribadiné, déné Nata goeng netepi wadjib, ing soegih lan miskin, rinengkoeh sadoeloer.”

### Sang Nata ngandika :

„Badaningsoen krassa loengkrah nanging, samengko woes kraos, soemrah manèh seger sarwa èntèng.”

*(Ngladjengaken tindak).*

### Tijang èstri djagi kori :

„Woes doemoegi Sang Nata poeniki, bebatoer papaning, grama soetji moeroeb.”

49. Papanira mentas dèn resiko, goemrining katonton, ponang lemboe kang mangka sadjiné, ngadeg anèng satjelaking api, soemangga Sang Adji, gja tindak mandøewoer.”

### Sang Nata (kèndel djoemeneng kalihan moendak abdi èstri) pangandikanipoen:

50. „Vitravati sira soen takoni, perloené kinongkon, déning Kanva pra Reshi praptané, dinoeta mring ingsoen praptèng ngriki, apa pra martapi, anemoe pakéwoeh.

51. Ginoegoeran dènnja mangoen tèki, mamerdi krahajon, apa nemoe pakéwoeh lijané, sadjeroné anggoeng mangoen tèki, apa ta boeroning, wana soetji ngrikoe.

52. Ana ingkang nempoeh ganggoe kardi, apa saka ingong, doerakèngsoen ingkang marakaké, sakèhning kang tetandoeran sami, tetoewoehan loedis, moengkret toekoelipoen.

53. Awit déning kakéhan pamikir, panjana-njanèngong, goeng anggagas kang doeroeng mastiné, rasaning tyas abebeg kepati, apa baja mangkin, karepé Sang Wikoe.”

### Tijang èstri djagi kori:

54. „Pangiramba datengé pra Reshi, ngabjantarèng Katong, awit saking bingahing manahé, ngraosaken kotamaning galih-ira Sri Boepati, satoehoe pinoendjoel.

55. Sri Naréndra kasoembagèng boemi, lelabet kinaot, para Reshi pan arsa nglahirké, kabingahanira kang pinanggih, sing sawabing Adji, lami arsa matoer.

56. Ngatoeraken panoewoen ing goesti, djeng Sri Nara Katong, mjang pamoedji ing djaja-djajané, Sri Naréndra kang nggoeng karja betjik, ing rèh krama niti, satoehoe pinoendjoel.”

*Medali tijang tapa kekalih sarta Gautami kalihan Çakuntalâ loemampah ingadjengipoen, sami kairid mlebet déning abdi pinitados toewin djedjangan satoenggal, ingkang padamelan-ipoen pinatah moelang agami wonten ing datoelaja.*

### Temboengipoen abdi pinitados:

57. „Medal ngriki-ngriki mawon sami, doeh para kinaot.”

### Temboengipoen Çarngarava:

„Çaradvata moegi Sang Pamasé, anggoeng antoek ing sawab basoeki, gjannja mangrèh nagri, klawan djedjeg bakoeh.

58. Pra kawoela soegih miskin toewin, alit mjang kinaot, datan naté manggja tan adilé, déné poera iki ingkang awit, sing katahing djanmi, koemroewet agijoeh.

59. Sapandoerat sawangira kadi, koebengan gni abjor, bramar-kata wangoenan soelaké."

### **Çaradvata :**

„Panawangmoe rasaning tyas oewis, wit mlebèng pradjä Dji, mangkono pan sampoen.

60. Rasaning tyas soen oega nitèni, mring sakèhé oewong, ingkang tansah anggiloet senengé, roemasané tan paé woes kadi, wong kèter tan resik, anggepé woes adoës.

61. Oewong ingkang temené tan soetji, reged djroning batos, nganggep soetji goëmringing woes déné, oewong melèk lir weroeh wong lagi, atoeroe kepati, toer nganggo ngalindoer.

62. Lir wong legan oembaran lamoen wrin, wong ingkang birondjong, binalenggoe tan obah badané."

### **Çakuntalâ (kraos kedoeten ing tingalipoen ingkang tengen) temboengipoen :**

„Hé-é mripatkoe kang tengen iki <sup>(1)</sup>, kedoeten tanpa wis, apa kang pinanggoeh."

### **Gautami :**

63. „Djebèng moega ngalamat tan betjik, gja kalisa mawon, soemingkira kang dadya ribedé, tinebihna ing roebéda nini, pra Déwaning panti, Déwaning garwamoe.

64. Mawèh soeka seneng mring sirèki, doeh doeh soetaningong, Çakuntalâ tinekana anggèr, sedyanira noesoël marang laki, jwa manggih tan betjik, loepoetna sesikoe."

### **Djedjanggan pamoelang ing poera nedahaken doenoengipoen Sang Nata :**

65. „Hèh hèh sira para mangoen tèki, ikoe lo Sang Katong, kang minangka ing pangajomané, wong sanagri ageng toewin alit, soegih klawan miskin, ingaoban Praboe.

(1). Tanda boten saé toemrapping pawèstri, mitoeroet piandelipoen tijang Indoe.

66. Woes djoemeneng manganti sirèki, gé sawangen Katong."

### **Çarngarava :**

„Hèh Brahmana kang mandjing kasoetjèn, mangkonwèkoe menggih loewih betjik, pantesé pinoedji, ingalem ginoenggoeng.

67. Déné ingsoen tan miloe tjoemoewit, kadjabakna mawon, ingatasé nalar kang mangkéné, kita datan miloe-miloe sami, aloewoeng soemisih (58), jèki paminipoen.

68. Jèn wit-witan toemeloeng wit déning, kabotan kang oewoh, jèn ta mendoeng kabotan banjoené, oewis tjeđak doenoengé lan boemi, jèn wong rahjoe boedi, nadyan manggja loehoeng.

69. Meksa andap-asoré tan kari, mring sesaming wong, ikoe oewis doemoenoeng wataké, sapa ingkang ambek darma maring, sesaming oerip, kang kawelas ajoen."

### **Tijang èstri djagi kori :<sup>(1)</sup>**

70. „Doeh Sang Nata kadereng soen oening, weroeh ingkang jektos, déné saja banget kepénginé, manah amba kepéngin oedani, karepé kang sami, prapta maswèng Praboe.

71. Mangoe-mangoenirèng tyas tanpa wis, pampet dèrèng bolong, amoeng baé dedeg pangadegé, èstri ingkang loemakoe ingarsi, toehoe ngrespatèni, sarwi gandroeng-gandroeng."

### **Sang Nata :**

72. „Nadyan ngono sira djaga kori, tan kena lamoen wong, njawang marang kang doedoe rabiné."

### **Çakuntâlâ kalihan nekem djadjanipoen, pangoe-dasmaraning galih :**

„Hé é géné teka ketar-ketir, ing atikoe iki, hèh ati dèn émoet.

73. Élinga mring roemaketing goesti, goesti lakiningong, asih tresna marang ing dasihé, dèk samana datan ngoetjiwani, hèh hèh sira ati, jwa miris kang tegoeh."

<sup>1)</sup> Jèn ing karaton Ngajogjakarta saminipoen bokmanawi: keparak ingkang pinatah djagi ing kori régol, karanipoen bok régol.

**Djedjangan pamoelang agami ing poera  
(ndjangkah madjeng):**

74. „Para tapa ingkang sami prapti, maswèng ngarsa Katong, woes tinampan mitoeroet tatané, ingkang dadi tjaranira ngriki, Reshi kang satoenggil, moenði welingipoen.

75. Goeroenira Kanva ingkang noeding, katoeré Sang Katong, noewoen mangga kamirengna toeré.”

**Sang Nata :**

„Ija, ija ingsoen oeningani, mara toerna Reshi, perloené ingoetoes.”

**Reshi kalih pisan (moeloeng minggah tanganipoen):**

76. „Asesanti djaja widjajanti, memoedyardja Katong.”

**Sang Nata :**

„Nenggih Reshi bagja sapraptané.”

**Resi kalih pisan:**

„Doeh kaboela pangandika Adji, pinoenði ing ati, sinoenggi ingemboen.”

**Sang Nata :**

77. „Hèh pra Reshi apa ingkang dadi, praptanirèng kraton, apa sira nemoe tan ardjané, apa ana ingkang ganggoe kardi, gjanira tetèki, pasinaon kawroeh.”

**Para Reshi:**

78. „Doeh Sang Nata tanna kawis-kawis, kang ganggoe karjèngong, pasinaon kawroeh ing kasoetjèn, lamoen padoeoka kang mangka dadi, pangajoman jekti, tan ana pakéwoeh.

79. Datan ana ingkang wani-wani, karja resah mring ngong, lamoen Nata kang mangka tampingé, oepamané manèh ija iki, kaprijé bisaning, peteng ngedet lamoen.

80. Maksih ana soroting Hjang Rawi, nelahi mantjorong, doeh Sang Nata poenika pamané, kotamaning galihira Adji.”

**Sang Nata :**

„Jèn mangkono iki, dadi djeneng ingsoen.

81. Ora tanpa gawé ran Narpati, saiki soen takon, Sang Panđita Kanva ing samangké, apa ta ija pađa basoeki, Sang panđita iki, kang asoeng pandjoeroeng.

82. Karahardjan mrih ajoening boemi, pra droehaka mawon, kabléberan ing sawab barkahé, éling ninggal pakarjan tan joekti, nadyan tan sakalir, akèh ingkang émoet.”

**Para Reshi :**

83. „Doeh Sang Nata bab kabegdjan nenggih, mjang rahardjaning wong, apan sampoen panggawané déwé, kang sapisan soen dinoetèng mriki, ing ngabjantara Dji, inggih njoewoen weroeh.

84. Karahardjan padoeka Sang Adji, Sang Kanva pitakon.”

**Sang Nata :**

„Lah ta mara kaprijé atoeré, Sang panđita Kanva toehoe loewih.”

**Çarngarava :**

„Atoerira nenggih, kalamoen Sang Praboe.

85. Rikalanja ambebedag ranđi, panggih lan poetrèngong, Çakuntâlâ Sri Nata ladjengé, ingsoen tjekak rerontjèné nenggih, padoeka kekalih, samja mawor temboeng.

86. Djandji-djinandjian pinèt rabi, Çakuntâlâ sagoh, kang mangkono ingsoen djoeroengaké, kanti bingah troesing lahir batin, Kanva najogjani, wit toewan misoewoer.

87. Kodjating rat kotamaning galih, ratoe goeng kinaot, tansah anggoeng memajoe pradjané, santya boedi marta joe linoewih, sinoehoen pra Reshi, mandjoeroeng rahajoe.

88. Noewoen matoer Djeng Sri Narapati, nakingsoen kinaot, Çakuntâlâ menggahing boediné, tan koetjiwa déné woes katawis, ing warna neroesi, nggon boedi linoehoeng.

89. Pramoelané nenggih datan keni, kalamoen tinoetoh, kang nitahké karja djođo kijé, déné samja aboedya ardjanti, ing reh kotamaning, galih santya noeloes.

90. Noewoen inggih soemangga Sang Adji, pasrah Sang Akatong, nak kawoela Çakuntâlâ mangké, ingkang lagja angandoet nggarbini, soepajané sami, gèk noelia panggoeh.

91. Anekani wadjibing salaki-rabi mrih karongron, atoet-roentoet loeloes salaminé, nggih makaten welingnja Sang Jogi, oeloen kinèn toer wrin, ngabjantarèng Praboe."

### Gautamî :

92. „Koninganna toewan amba oegi, joen matoer Sang Katong, ning leresé dédé ing mangsané, peṭèk amba Sang Nata woes masti, badé moendoet oening, prijë teka doedoe.

93. Ing mangsané sira atoer oening, marang djeneng Katong, atoer amba mangkana wiwité, Çakuntâlâ tan mawi ngentèni, pitoetoering Reshi, Kanva bapakipoen.

94. Woewoeh manèh padoeka Sang Adji, tan mawi tetakon, dateng para kadang-kadéané, santana twan tan ana sinoeng wrin, gjanna toewan sami, kekalih mong loeloet.

95. Pramilané kawoela tan wani, najogjani Katong, atanapi manatjad karsané." (59)

### Çakuntâlâ :

„Gèk kaprijë wangsoelané swami, swami ngong poeniki, soen kepéngin kroengoe."

### Sang Nata :

96. „Sakaṭahing atoerira iki, ing mangkja soen takon, mangka dadi pamboeka apané."

### Çakuntâlâ ngoenandika :

„Pamboekaning kaanan tan betjik, ngalamat bilai (60), apes awakingsoen."

### Çarngarava :

97. „Kados poendi karsa padoeka Dji, kaja Sang Akatong, tan kilapan kang djagat oebengé, kanang djagat mikir mring pawèstri, ingkang sampoen swami, nadyan boedinipoen.

98. Santa marta rahajoe linoewih, pan pinikir awon, woes ngegoni ing lakoe donjané, kalamoen Sang Çakuntâlâ neng-gih, manggon apepanti, pjambak noenggil doenoeng.

99. Klawan para kadangira sami, langkoeng saé mawon, jèn dedoenoeng anoenggal swaminé, langkoeng bingah para sanak sami, nadyan samja oening, jèn kang swami moengkoer."

## 17. PANGKOER.

### Sang Nata :

1. „Apa ta ija woes njata, lamoen ingsoen naté kramèstri iki.”

### Çakuntâlâ :

„Doeh-doeh géné atiningsoen, teka miris tab-taban.”

### Çarngarava :

„Apa ija soengkawa mring wadjibipoen, djalaran sing getoenira, nglakoni patrap kang oewis.”

### Sang Nata :

2. „Pitakon mangkono ika, sangkanira pan saka ngendi nengguh, toemrapping gagasan ikoe.”

### Çarngarava :

„Owahing kang pikiran, ingkang akèh adaté nengguh kawetoe, sing tjang kang woeroe dahat, déning kwasa kang linoewih.”

### Sang Nata :

3. „Ingsoen nemahi tinetah, panetahé ambangeti tan sipi.”

### Gautamí (çateng Çakuntâlâ) :

„Çakuntâlâ soetaningsoen, tahana rikoehira, moeng sadéla ingsoen boekak ingkang toedoeng, ling-alingé moekanira, sira bakal angakeni.”

(*Koedoeng kabikak*).

**Sang Nata njawang datang Cakuntâlâ, tjiptaning galih :**

4. „Ingsoen toemoengkoel anggagas, ngéling-éling apa pawèstri iki, dedeg pangadeg linoehoeng, karja gijoehing drija, leng-oelengan warna joe pan maksih woetoe, pinarakaken maringwang, doemrodjog dadakan prapti.

5. Apa taoe kdarbèngwang, apa ora ingsoen teka woes lali, oepamané djenengingsoen, ing mangkja lir bramara, wantji bangoen gagat éndjang maboer ngloeroe, madoening kang kembang-kembang, noeli manggja kunda sari.

6. Koedoeping sekar pan petak-memplak ndoengkap toewa maksih mêngini, tan bisa ngisep kang santoen, tan bisa ninggal loenga, mrih madoené oewis sepa-sepi soewoeng, nging maksih seger winoelat, ing warna amemèngini.”

(*Kagagasing galih*).

**Tijang èstri djagi kori :**

7. „Nastiti temen Sang Nata, pamikiré prijé jèn ljaning djanmi, weroeh reroepan linoehoeng, kang teka karsèng pjambak, géné gampang iba ndjoer tinemoe koewoek, opak-apik temen Nata, gagasané tan ngoewisi.”

**Çarngarava :**

8. „Doeh Sang Nata amba ngantya, wedalira dawoeh padoeaka Adji, Sang Nata tansah toemoengkoel, ngènet-ènet ing drija, teka kèndel baé Sang Nata tan moewoes.”

**Sang Nata :**

„Hèh para Reshi weroeha, soen ènet-ènet pan maksih.

9. „Datan kèlingan temenan, jèn pawèstri ikoe kdarbèng mami, moelané baé kepripen, olèhkoe mangsoelana, rehning semang-semang ing panggalihingsoen, jèn ta ingsoen ngakenana, bapakné wetengan iki.”

**Cakuntâlâ pangoedasmaring galih :**

10. „Toewan teka semang-semang, jèn mangkono toewan soemlang ing galih, inggih semang-semang ngakoe, jèn woes daoep lan koela, ndi roepané kadadéané karepkoe, pangareparep kanjatan, njatané djeboel mbléndjani.”

**Çarngarava :**

11. „Boten makaten Sang Nata, napi inggih teka djeneng Narpati, karsa mirangaké Wikoe, ingkang asoeng ngapoera, nadyan soetanipoen woes padoeka poendoet, sinèrèd mrih sihinan, temahan makaten niki.

12. Dèwèké kang antoek barang, tjetjolongan saking padoeka Adji, dèwèké bandjoer sinenggoeh, déning kang awèh barang, lan inganggep kaja kang darbé satoehoe, ndoewèni hak marang barang, tjolongan lir kang nggađahi.”

**Çâradvata :**

13. „Çarngarava wis menenga, Çakuntâlâ sira dèwé woes oening, atoer kita kabèh maoe, kang masti soen atoerna, terang ana ngabjantaranirèng Praboe, sira oega woes mijarsa, ngandikané Narapati.”

14. „Mangkja sira Çakuntâlâ, wangsoelana pangandikèng Narpati, kang gawé roemaosipoen, jwa nganti mindo karja.”

**Çakuntâlâ (nisih) temboengipoen :**

Çaradvata jèn katresnanirèng Praboe, kang samana gengé mring wang, woes owah dipoen lalèni.”

15. Apa perloené dèn oetjap, dèn ènetké manèh Sri Narapati, tanpa gawé moendak koesoed, namoeng ndedawa wirang, ja wis bener ingsoen iki pantesipoen.

*(Sora).*

tan langka dèn welasana, sira toewan garwa mami.

*(Doemadakan kèndel, kados ènet pangandikanipoen ingadjang, boten badé ngènetaken nanging mapali).*

16. Oewis ora sida ngoetjap, moeng satitik baé rèhning samangkin, déné djedjoaningsoen, tetéla sinélakan, ora pantes tjara mangkono kalamoen, kanggo matoer ing Sang Nata, kadjaba moeng kaja iki.

17. Hèh toewan sira terahnja, tedakira Puru andana warih, toeroené Dwidjendra loehoeng, rembes madoe pastika, datan apik teka sira apoes-apoes, ikoe doedoe patrapira, satrija jangjanging boemi.

18. Nalika toewan mbebedag, rawoeh anèng pratapan amang-  
gih, katemoe ring djenengingsoen, doeroeng doewé wewéka,  
botjah anèng pratapan padoeka ganggoe, botjah doeroeng dwé  
pikiran, sinagoehan kang pik apik.

19. „Sira apan soegih réka, dèk samana djoewet moeng noelja  
olih, lineganan karsanipoen, temboengé malat ing tyas, kasagoeh-  
anira sa Maéndra goenoeng, tekané ngriki soen sira— doewa  
katan dèn tampani.”

### Sang Nata :

20. „Hèh èstri oewis menenga, ikoe dosa toetoerira kadyèki,  
apa ingkang sira gajoeh, ngregedi djeneng ingkang, tanpa tjatjad  
resik pinastika noeloes, djenengé tedak andika, lan koesoed mring  
djeneng mami.”

21. „Kaja ilining narmada, noedjoe bandjir ngelebi pinggir  
kali, katoet lemah toewin lempoeng, karja boeteking toja, ing  
narmada ingkang bening waenipoen, woewoeh gawé roeng-  
katira, wit-witan ing pinggir kali.”

### Çakuntâlâ :

22. „Jèn mangkono lamoen sira, nganggep ingsoen darbèking  
hjan djanmi, ikoe njatané satoehoe, lamoen mangkana mangkja,  
soepé iki ingkang minangka pangleboer, ing semang-semanging  
Nata, dènira angaken rabi.”

### Sang Nata :

23. „Sarana ikoe prajoga, kaja ngapa ingsoen pan arsa  
oening.”

### Çakuntâlâ (ngemèk-emèki soepé) :

„Elo géné soepéningsoen, tilaran Sang Naréndra, djeboel ilang  
lolos sing daridjiningsoen, ana baé kang pangkalan, begdjané  
awak ngong iki.”

*(Çakuntâlâ katingal soesah kalihan njawang dateng Gautamî)*

### Gautamî :

24. „Çakuntâlâ anakingwang, soepénira masti dawah sing  
dridji, nalikané sira toetoeg, anèng Çakrâvatâra, amemoelé banjoe  
Çacitîrtha (61) moenggoeh.”

Serat Kâlidásâ.

**Sang Nata :**

„La saiki oewis njata, oedjaré wong akèh nenggh.

25. Adaté wong wadon kaprah, bisa gawé-gawé sabarang wegig.”

**Çakuntâlâ :**

„Saiki woes njata lamoen, takdiring badan koela, moeng doemoegi samanten poenika Praboe, santoen kang koela atoerna.”

**Sang Nata :**

„Ija soen mirengken noeli.”

**Çakuntâlâ :**

26. „Sang Nata napi kalépjan, tan roemaos noedjoe sawidji ari, prapta anèng wisma santoen, taman Navamâlîka, ngasta godong traté sira karja njiðoek, toja ing kala samana, toewan napi tan ngèneti.”

**Sang Nata :**

27. „Mara atoermoe toetoegna, soen mirengné ingkang nganti patitis.”

**Çakuntâlâ :**

„Kala samanten Sang Praboe, noeli ana kang prapta, ija ikoe komprèng nak mendjangan djaloe, ingkang ingsoen pendet anak, poen Dihâpanga kang nami.

28. Toewan toemoeli ngandika, kançi welas mring komprèng ingkang prapti, makaten andika Praboe: „Tjikbèn ngombé sadéla.” tandya toewan ðoek-endoeki komprèngipoen, lan toja kang padoekasta ing oedjoengan traté nenggh.

29. Nanging komprèngé lenggana, datan arsa njedak padoeka awit, datan manoech lan Sang Praboe, toja tandya soen tjanðak, soen oeloengken komprèng ngandel mara goepoeh, noeli ngombé kanang tirta, toewan goemoedjeng sarja ngling:

30. „Sadéngah ikoe woes njata, paða ngandel ing andelan sesami, sami kamanoehanipoen, koelinané sadina — dina awit sira sakaro dedoeneng, paða oerip anèng wana, si komprèng ija nitèni.”



**Sang Nata:**

31. „Tjatoer ingkang ora njata, winoworan semoe akadoek manis, binoembonan madoe santoen, kawetoe sing wanodya, kanggo mbetjikaké kaloepoetanipoen, noetoepe alaning angga, arsa tinandoekken maring.

32. Oewong kang ambek welasan.”

**Gautamí:**

„Doeh Sang Nata ajwa nganti kadyéki, oeripé pawèstri ikoe, namoeng ginoelawentah, djinoedjoe ing piwoelang namoeg nèng soedjoeng, ing pratapan doh karamjan, mring akal silib tan wegig.

33. Gawé-gawé datan bisa, toehoe tebih mring rèh pisadoe-karti.”

**Sang Nata:**

„Éndang toewa wroehanamoe, géné akaling kenja, kang sa-loegoe oega katon anèng mergoe <sup>(1)</sup>, loewih manèh toemrapira, manoengsa nganggo pangerti.

34. Oraa loewih sembada, gjanira nandoekké sampékakarti, kaja ta akaling manoeck, engkoek sabangsanira <sup>(2)</sup>, lamoen nengdog dilebokké anèng soesoeh, soesoehing gagak tinilar, anaké dipoen opèni.

35. Déning gagak nganti bisa, maboer-maboer golèk pangan pribadi.”

**Çakuntâlâ (bendoe ing galih):**

„Hèh sira kang datan aroes, pinoedji pinaargjan, sira nim-bang kalawan manoeck pikirmoe, tan nganggo tepa toelada, tanna manèh moeng sirèki.

<sup>(1)</sup> Mregoe oetawi mergoe = beboeron = sato. Zie Gericke's en Roorda's Jav. Wdb. 1901 bldz. 486, oegi ing Kawi Dasanama F. Winter bld. 16.

<sup>(2)</sup> Ing serat Kâlidâsâ oetawi Çakuntâlâ ingkang koela djawèkaken poenika kaseboet peksi koekoek, inggih poenika bangsaning peksi toekang, engkoek sasaminipoen, gambaripoen amriksanana Vivat's Geillustreerde Encyclopedie deel I bldz. 4656, ingkang kalebet bangsanipoen peksi engkoek (koekoek) poenika warni-warni.

36. Kang nimbang mangkono ika, kadjaba moeng sira wran namoer betjik, tetopèng mas djaba loehoeng, ing djro letèk kaliwat, demen tjidra ndjломprongaké karemanmoe, anglir soemoer tinoetoepan, kalingan soeket mawerdi."

(Sang Nata: (tjiptaning galih):

37. Jèn ndoeloe kanepsonira, kaja-kaja datan damelan jekti, ikoe gawé rangoe-rangoe, marang soemlanging manah, piandelkoe ring atoreré wanodyèkoe, bareng kapandoekan sabda, pangé-rang-érangsoen iki.

38. Lamoen ingsoen tan roemasa, djedjoëan lan èstri ikoe jekti, moeringé katon pandoeloe, mripaté angatirah, alisira kekalih marengoet tepoeng, wantering tyas ngangah-angah, lir moetoengna langkap jekti.

39. Brasta gandéwaning panah, hroe masekti agemé kang Déwa di, Sang Hjang Kamadjaja poetoeng, sempal toegel dadakan,

(Sora).

doeh-doeh sira déwa-déwaning wong ajoe, kasinggihan toetoerira, nanging adaté kang oewis.

40. Kita anggoeng ngalembana, ring beboedènira Dushyanta Adji, nanging toemrap nalar ikoe, teka tan kawistara, beboedéné kang ambek santa marta joe, datan kawroehan ring koela."

### Cakuntâlâ:

„Ija prajoga kedyèki.

41. Jèn mengkono raganingwang, moeng dèn pasrahaké diri pribadi, ingsoen kang woes ngandel èstoe, pratjaja mring tedak-nja, Puru ingkang kasoersrèng djagad linangoeng, pramoelané doek samana, tan oewas soemlang ing ati.

42. Asrah djiwa raga koela, marang sira djeboel ketanggung nistip, tjatoerané pait madoe, atiné mawa wisa."

(Cakuntâlâ anoetoepi wadananipoen mawi pontjoting rasoekan-ipoen kalihan moewoen).

### Carngarava:

„Ija ikoe roepané oewong kalamoen, gemloewèh ing patrapira, temahan kesakit-sakit.

43. Pantjèn kena siningkiran (62), satitèkna sadoeroengira wiwit, saja lamoen toemrapipoen, sabarang kang gepokan, pradjandjian koedoe ajwa ninggal remboeg, awit pawongmitran ika, bisa tjrah sangkaning betjik.

44. Kalamoen doeroeng waspada, mring tindaké lan wawasna kang ati, tembé jwa nganti kedoewoeng."

### Sang Nata:

„Hèh-hèh wong tapa sira, sira oega ngerobi panoetoe ring soen, apa ta daroenanira, moeng ngandel pawèstri iki."

### Çarngarava (soemengit):

45. „Padoeka pan woes mijarsa, atoerira kang pinatrapan iki, atoerira ingkang kantoen, ikoe pratandanira, jèn dèwèké awit alit datan weroeh, tjaraning tjidra pitenah, loropan ambesiwiti.

46. Napi Çakuntalâ ingkang, kadoenoengan kawroeh ingkang pinoedji, kawroeh kang pinoedji loehoeng, apa ja kadoenoengan, kawroeh tjidra nggorohi samining manoes, apa iki kang sajogja, dyanggo ngakoe-akoe mamrih.

47. Olèh ingkang kinarepan, dipoen goegoe déné tjatoeré wasis, pinter ngingar-inger temboeng, angikal basa tjidra."

### Sang Nata:

„Hèh-hèh sira wong tapa kang ambek sadoe, demen tjatoer kang sanjata, moenggoeh ta oraa jekti.

48. Lèh-olèhaningsoen apa, déné\* ndadak nganggo ingsoen apoesi."

### Çarngarava:

„Inggih namoeng damel koesoed."

### Sang Nata:

„Lah ikoe ora tjara, toeroenira Puru demen golèk koesoed, ing koesoedira wong lija, ikoe tan pantas dèn ndemi.

49. Tan pantas jèn ginoegoea."

**Çâradvata:**

„Hèh-hèh Çarngarava bok ija oewis, mbatjoetké padon tan doenoeng, apa ta karjanira, ing samengko dinoeta déning Sang Wikoe, woes tekan rampoeng sadaja, ajo betjik oewis mœelih.”

(*Çâradvata ngladjengaken atoeripoen dateng Sang Nata*).

50. Nata soemangga poenika, garwa toewan kang padoeka wengkonî, poenapa padoeka toendoeng, poenapa tinampénan, ing sakarsa padoeka koewasa langkoeng, tan ana ingkang memađa, ing sakarsanira dadi.

51. Oewis Gautamî đisika.”

(*Ladjeng sami ébah badé toemindak*).

**Çakuntâlâ witjanten:**

„Elo prijë saka karepmoe iki, soen djeboel tininggal poengkoer, pinasrahken wran tjidra, soesah temen atikoe kaprijë ikoe, se-sambatkoer marang sapa, teka mangkéné saiki.”

**Gautamî (kèndel ngadeg):**

52. „Çarngarava soetaningwang, Çakuntâlâ klara-lara noetoeti, sambatira melas-ajoen, soetêngsoen Çakuntâlâ, gawé apa sira miloe ing garwamoe, ingkang woes njébratken sira, ja bener noeroeti bali.”

**Çarngarava (méngo kalihan moering):**

53. „Hèh wong wadon sira tjidra, atoeranmoe teka ora netesi, saiki apa sira joen, nggoegoe karep prijangga.

(*Çakuntâlâ andarodog déning kagèt ing galih Çarngarava ngladjengaken witjantenipoen*):

Çakuntâlâ lamoen ngandikané Praboe, bab sira ikoe sanjata, toemrapping bapakirèki.

54. Sira kanggo gawé apa, wong kang moersal saka toeroening betjik, déné jèn atoermoe maoe, njata kalamoen sira, betjik-betjik patrapira ardja noeloes, sanadyan anèng wismanja, garwa-nira nadyan oegi.

55. Ing kono toemindakira, tjara-tjara kaboejakan den trepi, masti tahan sira ikoe, manggon wismaning garwa, wis karia ing kéné soen kabèh mantoek, ora arep nggawa sira, moeng paða andoem basoeiki."

### Sang Nata :

56. „Hèh hèh ta wong tapa sira, nasaraké marang wong èstri iki, soroting kanang sitangsoe, karja ing melèkira, nétranira Kumuda (1) toemoelja woengoe, déné soroting baskara, gawé tangi ingkang sari.

57. Kembang Pankaja (63) goemrégah, ja mangkono oega wataking djanmai, ingkang aboedi rahajoe, gemang lamoen kanggonan, barang ingkang tan dadi ing darbèkipoen, doewèking lijan tjinahak, agé-agé den tampani."

### Çarngarava :

58. „Déné kalamoen padoeka, sampoen soepé kang padoeka lampahi, linampahan doek roemoehoen, krana toewan woes tresna, mring wanodya lija sing Çakuntalèkoe, napi toewan saged sélak, sing pangaran-aran sisip.

59. Tan adil tindaking patrap."

### Sang Nata :

„Hèh wong tapa soen takon mring sirèki, moenggoehing lèlèkon ikoe, timbangané kang njata, endi ingkang loewih abot timbangipoen, kaprijé samengkonira, kang bakal ingsoen lakoni.

60. Rèhning tyassoèn semang-semang, apa bingoeng salah ton kang wit déning, sandéjaning galihingsoen, gèk toeré iki kenja, ora bener anggorohi marang ingsoen, éwoeh temen rasaning tyas, apa soen balak baé wis.

61. Apa soen temahi dosa, anampani èstrining wong lijan nenggih."

### Djedjangan ingkang pinidji memoelang kawroeh agami padintenan wonten ing djro poera :

„Kawoela noewoen Sang Praboe, menggah ngaten kéwala."

(1) Kumuda (koemoeda) = sekar toendjoeng ingkang megaripoen ing wantji daloe. Koemoeda zie Roorda en Dasanama = sekar toendjoeng. Pankaja = sekar toendjoeng ingkang megaripoen ing wantji sijang.

**Sang Nata:**

„Ija priyé moenggoeh kang dadi remboegmoe, pamrajoganira mring wang, hèh djanggan toetoerna gelis.”

**Djedjangan:**

62. „Menggah wanodya poenika, salebeté dèrèng nglahirken baji, prajogané kadjengipoen, manggèn ing wisma amba, angen-tosi pambabaring poetranipoen, déné sababé pan kadya, kang baqé soen toerken goesti.

63. Mitoeroet ing wetjanira, pra soedjana sardjana kang li-noewih, jèn poetranta toewan kakoeng, baqé djoemeneng Nata, goeng mbawani satlatahing rat pinoendjoel, ing tembé lamoen wanodya, soetaning Pançita iki.

64. Çakuntâlâ jèn sesoeta, medal prija mawa tjihnaning wang-sit, sinoeng tança kadi kang woes, kawrat pametjanira, ikoe wadjib tinampunan klawan sredoe, noeli linebokken marang, ing kapoetrènira Adji.

65. Dé lamoen njoelajanana, kosok wangsoel klawan kang kawrat wangsit, pasti Çakuntâlâ ladjoe, dipoen wangsoelna marang, soedarmanja Sang Pançita Kanva ikoe, tan pantes ingakenana poetranira Narapati.”

**Sang Nata:**

66. „Ija bener toetoerira, ingsoen manoet atoeré goeroe betjik.”

**Djedjangan (goeroe):**

„Djebèng wis miloea ingsoen, kapénakna nèng wisma.”

**Çakuntâlâ:**

„Boemi soetji wenganana sikilingsoen.”

*(Kalihan moewoen menjat saking panggénan, sarta ladjeng késah toemoet Sang Goeroe (djedjangan) kalihan para Reshi, déné Sang Nata awit saking kénging pangoeman-oeman kodeng ing galih saha anggagas dateng lelampahanipoen Çakuntâlâ):*

**Sadjawining geber tooneel tijang ngoewoeh:**

„Elo ana kaélokkan, élok apa baja iki.”

**Sang Nata :**

67. „Ikoë swara ana apa.”

**Djedjangan (goeroë kalihan goemoen):**

„Sang Apraboe wonten kélókan jekti.”

**Sang Nata :**

„Apa kaélokanipoen.”

**Djedjangan:**

„Sang Nata koninganna, nalikané para Reshi moeridipoen,  
Sang Kanva maha Pandita, arsa mangkat bali moelih.

68. Marang ing pratapanira, Çakuntâlâ noelja sambat mlas-asih,  
astané nembah mandöewoer.”

**Sang Nata :**

„Djangan mara toetoeгна.”

**Djedjangan:**

„Sasampoené ing sendang panginoemipoen, katon ana sorot  
padang, nijoep meçoen anelahi.

69. Aroepa kenja koemilat, ngiwataké Çakuntâlâ sing riki,  
pan sampoen binekta mamproeng.”

*(Sadaja sami kelahir goemoenipoen).*

**Sang Nata :**

„Djedjangan kang minoelja, nalar iki apa woes ginawé ram-  
poeng, apa perloené rinembag, manèh gèk ngasea noeli”.

**Djedjangan (ningali datang Sang Nata):**

70. Soen memoedji djaja-djaja, katekana sakarsanira Adji.”

*(Ladjeng késah).*

**Sang Nata :**

„Vetravati wroehanamoe, teka peteng tyasingwang, bawoer  
bingoeng ènetan manira kistroeh, toedoehna ing dalanira mring  
kamar patoeron mami.”

**Abdi djagi kori:**

71. „Mijos ngriki Sri Naréndra”.

**Sang Nata :**

„Ingsoen datan kèlingan wektoe iki, jèn soetané Kanva Wikoe, ingkang ingsoen sébratna, lamoen taoe soen rabèni maoenipoen, lamoen ngrasakké tyasingwang, teka ðeg-ðegan kepati:

72. Mèh gawé ngandel maringwang, nanging ingsoen éling-éling tan éling, tan kèlingan wiwitipoen, teka ana lelakjan, kang mangkéné iki anèhé linangkoeng, samangkja ingsoen sarèhna, tyas ingsoen tjikbèné wening.

*(Sadaja ladjeng sami moendoer saking tooneel).*

*Tamat lompahan ingkang kaping gangsal.*

**PAMBOEKANIPOEN LAMPAHAN INKGANG  
KAPING NEM.**

**Toemrap pangagenging poelisi kita akalian poenggawa  
poelisi kekalih anggèndèng tijang satoenggal ingkang  
kabanda tanganipoen wonten ing wingking.**

18. DOERMA.

**Poenggawa poelisi kekalih anggebagi tijang  
ingkang kabanda:**

1. „Doersila agé-agé sira ngakoea, kanðaa dèn agelis, ngendi lèhmoe mbradat, ali-ali rinipta, ing asmanira Sang Adji, mara ngakoea, olèhmoe njolong ngendi.”

**Tijang ingkang kadakwa:**

2. „Ngapoeranan sira toewan sakalian, koela pan datan sisip, tan njolong kalpika, pandamelan doersila, koela tan naté nglampahi, tjolong mendeta, koela èstoe tan wani.”

**Poenggawa poelisi ingkang satoenggal:**

3. „Jèn mangkono apa sirantoek sih Nata, pinaringan li-ali, saka kliroenira, ginalih jèn Brahmana, djeboel maling nderawasi, wani mberadat, kagoengané Narpati.”

**Tijang ingkang kadakwa:**

4. „Toewan moegi-moegi kapareng mirengna, atoer koela poeniki, koela tyang misaja, oelam tirta tan dosa, déné gjan koela pepanti, Çakrâvatâra.”

**Poenggawa poelisi sakalihan:**

„Bangsat sira jwa moeni.

5. Ingsoen datan takon pagawéanira, oewis adja ngatjipris.”

**Pangagenging poelisi:**

„Sûraka wis nengna, emèk matoer kang tata, ajwa sinelanan angling.”

**Poenggawa poelisi sakalihan:**

„Sandika toewan, hèh gelis sira moeni.”

**Tijang ingkang kadakwa:**

6. „Anggèn koela ngingoni batih kawoela, inggih ngemoengken saking, gjan koela misaja, oelam toja djinala, oetawa kalawan pantjing, lan lja prantinja, karja koela tan maling.”

**Pangagenging poelisi anggoe joe latah:**

7. „Icoe pagawéan kang njata oetama, lan pantes ingadjèni.” (1)

**Tijang misaja oelam:**

„Toewan jwa mangkana, ngandika ing sakarsa, nadyan saba anèng kali, misaja mina, pakarjan koerang adji.

8. Nadyan ngaten kita tan kena ninggala, pagawéan wit tjilik, bektan sing toeroenan, bisané moeng mangkana, panganggep koela woes betjik, rasané ija, boengah jèn antoek kardi.

9. Nadyan mematèni kéwan icoe sija, napi tyang kang sesadji, angoerbanken kéwan, apa ija tan tégan.”

(1) Tijang misaja oelam poenika, bilih ing Indoestan kalebet bangsanipoen tijang ingkang padamelanipoen asor pijambak.

### Pangagenging poelisi:

„Batjoetna atoerirèki, ingsoen joen priksa, poerwa madya mekasi.”

### Tijang misaja oelam:

10. „Satoenggaling dinten soen mbètèti oelam, badèr bang soen ris-iris, kagèt manah koela, sareng ing wetengira, kang badèr koela oemanggih, soepé poenika, mawi séla nJOROTI.”

11. Lami-lami sareng badé koela djoewal, ingkang sesoepé adi, koela tan nlegéwa, saweg koela tawakna, dadakan tjinepeng déning, toewan kalihnja, tjiJèt datan andoegi.

12. Ing samangké koela soemangga kéwala, poenapa dèn pedjahi, napi linoewaran, nggih poenika kang larah, larahé kang ali-ali, wit koela angsal, jektosé datan maling.”

### Pangagenging poelisi:

13. „Hèh Jânuka iki sira kawroehana, kang kena kanggo masti, dé amboené kaja, iwak ikoe sanjata, jèn doedoe djagal ja mesti, oewong misaja, iwak kaja wong iki.

14. Pan amboené amis kaja iwak toja, moela ta mèmper oegi, jèn dèwèké manggja, sesoepé Sri Naréndra, nèng djro weteng iwak kali, pan datan, langka tan kena dèn srengeni.

15. Prajogané sira kantja majo pada, menjang karaton aglis, nggawa wong poenika, linadèkké ngarséndra, lawan moendjoek saananing, atoerirèng wran, kang nemoe ali-ali.”

### Poenggawa poelisi:

16. „Nggih sandika ajo noeli gé mlakoewa, toekang mbobol kasang glis.”

(Sadaja ladjeng sami loemampah).

### Temboenging pangageng poelisi:

„Hèh Sucaka sira, djaganen wran poenika, kang betjik jwa nganti lari, sira karonja, ingsoen kang atoer oening.

17. Kondjoekira ngabjantarèng Naranata, bab anggoningsoer sami, manggihken kalpika, lamoen ingsoen woes tampa, dawoehira Narapati, soen wangsoel sigra, katemoe sira kalih.”

**Poenggawa poelisi sakalihan:**

18. „Nggih soemangga toewan noeli loemebeta, tjoemaḍong dawoeh Adji.”

*(Pangageng poelisi ladjeng késah loemebet ing kadaton).*

**Temboengipoen poenggawa poelisi ingkang satoenggal (Súcaka) sasampoenipoen ngentos i sawatawis dangoe:**

„Jânuka généa, kjai loerah swé tenan, anèng kéné soen èntèni wis sawatara, dé teka doeroeng bali.”

**Poenggawa poelisi sanèsipoen (Jânuka):**

19. „Hèh Súcaka andadèkna kawroehira, adaté pra Narpati, moerih kapanggihnja, ora moeng sanalika, kanggo adat angon wantji, iribanira, moerih pakolèh nenggih.”

**Súcaka:**

20. „Hèh Jânuka gatel rasaning astèngwang, weroeh bangsat poeniki,

*(Mawi noedingi dateng djoeroe misaja oelam).*

koedoe takboengkema, takpasek babar-pisan.”

**Djoeroe misaja oelam:**

„Doeh toewan kedah ngèngeti, jwa nganti dadya, doerdjana mematèni.

21. Oewong datanpa sabab dèn pedjahana.”

**Jânuka sasampoenipoen ngingoek-ingoeki pangageng-  
ipoen ladjeng witjanten:**

„Lah kaé wis kaèksi, loerah saka kana, kaé apa wis mara, moenḍi nwala dawoeh Adji, hèh wong misaja, leganing ati mami.

22. Adja takon dosa bangsat sira mangkja, pan woes masti ngemasi, baṅangira dadya, mangsaning manoek gagak, oetawa sirantoek moelih, weroeh rainja, bangsat anakmoe malih.”

### Sadatangé pangageng poelisi:

23. „Dawoeh-dalem wong iki gé loewarana, wit angsalé li-ali, temen tan andoesta.”

#### Súcaka:

„Inggih sandika loerah, ndèrèk ing karsa Narpati, goeng para marta, witjaksana tyas wening.”

#### Jânuka:

24. „Sira wong woes bali saking kikisira, Jamaloka dèn aglis,

*(Kalihan ngoetjoeli bestanipoen tijang misaja oelam).*

moelih danganira.”

### Toekang oelam mendak hoerमत dateng pangageng poelisi temboengipoen:

„Kawoela noewoen toewan, sandika soen kinèn moelih, njoewoen gandjaran, soen manggihken li-ali.”

#### Pangageng poelisi:

25. „Dawoeh-dalem Sang Nata sira ginandjar, doewit iki akèhing, pada lan reganja, soepé kang sira panggja.”

*(Masrahaken jatra dateng djoeroe misaja oelam).*

### Djoeroe misaja oelam sasampoening nampèni gandjaran kanti manjoeuk toemoengkoel:

„Atoer sembah kawoela mring, Sang ambek marta, Nata kang soen pepoendi.”

#### Súcaka:

26. „Sajektiné pan ana kwadjibanira, wong kang dèn kapé naki, ingentasken saka, pangeroetan oekoeman, tandjir badé dèn toembaki, ladjeng ingangkat, tinoenggangken ing èsti.”

#### Jânuka:

27. „Awit saka leganing galih Naréndra, terang kang ali-ali, lamoen kèh reganja, mangkono anggepira, moelané Sang Nata paring, gandjaran kajah, wit kèh adjinirèki.”

**Pangageng poelisi:**

28. Ingsoen doega karséndra tan mawi moelat, mring rega-ning li-ali, kang akèh adjinja, moeng saka leganira, ing galih Nata doepi wrin, dateng kalpika, ènget mring katresnan Dji."

29. Awit ingsoen moelat ring wadana Nata, waoe lamoen Sang Adji, mrebeng ingkang waspa, katon sadjroning tingal, ngatirah nganti soen adjrih, moelat Sang Nata, soen samoen toemoengkoel glis.

30. Mangka adatira Nata tan mangkana, dahat teteg Sang Adji, tan tjinging galihnja."

**Súcaka:**

"Nggih makatena loerah, apan sampoen antoek kardi, katri-mèng Nata, manggihken ali-ali."

**Jânuka:**

31. "Elo kantja beneré loerah katrima, moeng marang sa-troe iki (64), bangsaning misaja, iwak banjoe poenika, ingsoen andjering kapati.

(Kalihan ningali dateng toekang misaja oelam, ladak oelatipoen).

**Toekang oelam witjanten alon:**

"Toewan soemangga, gandjaran dipoen palih.

32. Kang sapalih doemoenoeng dateng kawoela, sapalihira swawi, soen atoerken toewan, minangka teboesannja, anggènnja toewan nggèndoli, mring gesang koela."

**Jânuka:**

"Pantes mengkono koewi."

**Pangageng poelisi:**

33. Sira djoeroe mamèt iwak sanjatanja, rasèng tyasingsoen mangkin, serdjoe pawong mitran, lan sira arsa tepang, ning koedoe sinoeng tetali, mrih raketira, pawong mitra jwa lali.

34. Saranané ditjapi pamoedji ardja, langgenga ing salami, nganggo minoem samja, ana ing waroeng kana, papaning adol bèn-ombin, ajo marana."

**Poenggawa matoer sareng:**

„Mangga soen nggih slak salit.”

*Sadaja sareng késah.*

*Tamat pamboekaning lampahan ingkang kaping nem.*

**LAMPAHAN INKGANG KAPING NEM.**

*Sang apsara Sânumati ngatingali nitih rata ambara (karéta ing gegana).*

19. DANDANGOELA.

**Sânumati.**

1. „Lir bramara maboer nesep sari, wit samangkja toemèkèng boeboehan, loewar djaga nèng sendangé, sendang padoesanipoen, pra apsara mangkja woes wantji, ing wantjinira siram, botjah wadon ikoe, samangkja ingsoen pan arsa, ngawasaké solahira Sri Boepati, anèng sadjroning poera.

2. Awit saka gajoetan ngong maring, Sang Manakâ<sup>(1)</sup> dahat ingsoen welas, mring Çakuntâlâ soetané, apa manèh roemoehoen, ingsoen apan woes dèn pasrahi, doemateng Sang Manakâ, pasrah anakipoen, ija ikoe Çakuntâlâ.

*(Kalihan ningali ngiwa nengen oetawi dateng poendi-poendi).*

Hé é apa sababé déné djro poeri, teka mamring kéwala.

3. Tan katingal lamoen joen mrantèni, karaméan déné woes toemeka, mangsa sedeng ing panasé, wektoenirèng kadatoen, ana gawé kraméan ngenting, ingsoen darbé koewasa, mesoe tjipta ladjoe, weroeh kabèh ananira, éwadéné ingsoen koedoe datan lali mring adjining mitrèngwang.

4. Ingsoen nganggo koeðoeng rimong sekti, kwasa ngilang tan katon manoengsa, arsa ingsoen tjeðakané, pra wadon taman santoen, soen roengokné rerasanèki, pasti paða tan bisa, weroeh marang ingsoen, ingsoen pangawak apsara, raga aloes bisa mau-djing adjoer-adjir, mangsa paða weroeha.”

(<sup>1</sup>) Manakâ poenika iboenipoen Çakuntâlâ.

*(Ladjeng nglajang toemedak, sarta kèndel ngadeg, toemoenten wonten wanodya dateng ing tamansari njawang dateng koedoepping sekar mango, ladjeng wonten ingkang dateng malih satoenggal wonten ing wingkingipoen).*

### **Wanodya ingkang satoenggal witjanten:**

5. „Doeh koedoepping mango ingkang sari, tjaroeb warna idjo koening abang, dadi pasemon mangsané, sedeng ing panasipoen, ingsoen njawang karenan ati, ingsoen mahargja sira, sira doetanipoen, pan tekané mangsa panas.”

### **Èstri satoenggalipoen:**

„Parabhritikâ sira ngoetjap pribadi, ikoe apa moelanja.”

### **Parabhritikâ:**

6. „Madhukarikâ ingsoen toetoeri, karenaning tyas Parabhritikâ, jèn ndoeloe mango sekaré, béraging tyas datan woes.”

### **Madhukarikâ oegi seneng manahipoen, sarta énggal moeroegi:**

„Apa ija woes praptèng ngriki, sasi mangsa sedengan, apan panasipoen.”

### **Parabhritikâ:**

„Madhukarikâ (65) samangkja, toemrap sira sampoen mangsaning kekawin, ngidoeng kang malat drija.

7. Tetemboengan ingkang memalat sih, sih-sinihan ing manah karonja.”

### **Madhukarikâ:**

„Mitra toeloengana agé, tjekelana wakingsoen, tak-adjindjit metik koedoepping, kembang mango poenika, karja sadjènipoen, memoelé Sang Kamadéwa, minangkané pangadji-adji soen iki, katekana ing sedyâ.”

### **Madhukarikâ:**

8. „Ingsoen tan soesah ngatag ping kalih, oewis masti sira lakonana, wit ingsoen lan sira kijé, pamitrané pan sampoen, njawa sidji badan kekalih, poenika éstanira, oerip klawan lampoes, rinasakken wong karonja.

Serat Kâlidásâ.

10

*(Léndéan mitranipoen kalihan metik koedoepping sekar).*

Hèh koedoepping sekar mango ngrespatèni, karja sengseming tingal.

9. Nadyan doeroeng megar koedoepp iki, moeng watara doeroeng babar-pisan, wondéné teka amboené, pan woes nrabas oemetoe.

*(Mawi njatokaken tangan kekalih dados satoenggal).*

Hèh koedoepping mango kang sari. sira arsa soen anggja, sesadji Déwa goeng, Sang Hjang Kama kang woes ngasta, gandéwa di lan ngambil kanang djemparing, lima ingambil djoega.

10. Ingkang ampoeh déwé kang dèn pilih, saking djemparingira lelima (66), ingambat langkapé agé, kang mangka lésanipoen, milih para èstri kang maksih, pan nénéman sadaja."

*(Koedoepping sekar kaboetjal).*

### **Abdi pinitados énggal andatengi kalihan nepsoe, temboengipoen :**

„Sira èstri pengoeung, adja ngoendoeh kembang sira, pa sababé dé sira wani metiki, koedoepping mango ika.

11. Mangka karaméan taoen iki, kang minangka pèngetaning mangsa, sedeng iki dèn bataké, saka karsaning Praboe, ingawisan tan kena mawi, pahargjan karaméan, lir kang sampoen-sampoen."

### **Èstri kekalih (adjrih) :**

„Njoewoen pangapoenten toewan, soen wran kadwi saéstoe samja datan wrin, jèn kaawisan Nata."

### **Abdi pinitados :**

12. „Apa ija sira toehoe tan wrin, déné wit witan kang samja sekar, ing mangsa sedengé kijé, tanapi manoe-manoe, ingkang pada noesoeh anèng-wit, oewis pada ngéstokna, awisaning Praboe, mara ta tontonen ika, kembang mango ikoe datan darbé sari (1), nadyan woes metoe lawas.

(1) Temboeng sari satoenggal poenika ateges stuifmeel = kawoedjoedan sawarni glepoeng mawoer, ingkang doemoenoeng ing salebeting sekar, déné sanèsipoen ateges sekar.

13. Apa manèh koedoepping kang sari, Kuruvaka sanadyan wis medal, dangoe koentjoep nèng oewité, tan bisa dadi santoen, datan megar lestari kintjip, apa manèh koekila, nadyan mangsanipoen, bediding apan woes kliwat, manoeek ikoe datan ana ngotjèh sami, apa manèh Hjang Smara.

14. Pangirèngsoen oega lingsem noeli, kang warastra sinimpen kéwala, ingkang woes lolos sapaalèh, saka ing waðahipoen, datan sida karja djemparing."

### Pawèstri kalih pisan :

"Toewan soen sakalihan, tanpa rangoe-rangoe, angandel ring kwasa Nata, kang linoewih soen pratjaja lahir batin, pinoenði ing moestaka."

### Parabhritikâ :

15. „Koningana toewan soen atoer wrin, woes watara dina soen dinoeta, déning ipé dalem Katong, nenggih Sang Mitrawasu ngadep ngabjantara Sang Adji, (67) sarta ingsoen pinatah adjedjeneng moenggoeh, pan wonten ing pasanggrihan milanira kita lir anjar nðatengi tan kroengoe sadoeroengnja.

16. Ana nalar ing sadjroning poeri."

### Abdi pinitados :

"Jèn mangkono ija soen ngapoera, anggeré jwa manèh-manèh, wani metiki santoen, anèng tamansari poeniki."

### Pawèstri sakalihan :

"Toewan moegi parengna, soen kepéngin kroengoe, poenapa sababé teka, karaméan ing mangsa sedeng poeniki, pan mawi linarangan.

17. Tan kapareng dèn wonteni nenggih, samonèkoe jèn tan na éwoehnja, toemrap kita pawèstriné."

### Sânumatî :

"Sababira woes tamtoe, magepokan nalar kang jekti, awit jèn tan mangkana, èstoe datan woeroeng, karana limrahing kañah, tijang ngriki sami karem-karem maring, bodjana andrawina."

**Abdi pinitados :**

18. „Kena baé ingsoen anoetoeri, wit sababé angger wong woos wikan, pa tan kroengoe sira djebèng, tjarita soetèng wikoe, Çakuntâlâ namané nengghih, kang sinébratken Nata.”

**Pawèstri kalih pisan :**

„Nengghih sampoen kroengoe, saking ipé-dalem Nata, poerwa madya woosana tekaning pangghih, sesoepénira Nata.”

**Abdi pinitados :**

19. „Jèn mangkono moeng kari satitik, ingkang perloe soen kandakken sira, ija ikoe nalikané, sesoepé Nata wangsoel, Nata priksa kang ali-ali, sanalika kèngetan, kodengirèng kalboe, ilang wangsoel lir maoenja, bali paðang trawangan galihira Dji, tan ana kang oemawa.

20. Tandy ngandika Sri Narapati: Ja wis bener dèk kala samana, ingsoen ðaoep lan soetané, Kanva Sang maha Wikoe, Çakuntâlâ aranirèki, ðaoepingsoen siðeman, wekasané ingsoen, sébratken tan ingsoen tanpa, wit galihsoen salah ton peteng kepati, sagloegoet tan kèlingan.

21. Soen éling-éling meksa tan éling, tan kèlingan pampet galihingwang, ndadak iki bolong manèh, woos éling manèh ingsoen, doepi weroeh sesoepé iki, ja iki soepéningwang, woos datan kaliroe, samana pan ingsoen tinggal, soen anggokken Çakuntâlâ garwa mami, mangka tanda katresnan.”

22. Wit samana toemoelja Sang Adji, galihira gegetoen kaliwat, samengko karsa Pamasé wit saking bingahipoen, lan midoe-woengira ing galih, lagi tan karsa tanpa, ing pisowanipoen, kabèh pra kawoelanira, tanpa saré Sri Nata ing rina wengi; djempalikan kéwala.

23. Lamoen mapan ing papreman Adji, déné lamoen Sang Nata pepanggjan, lan pra poetri ing kapoetrèn, kang dadi adatipoen, mrih jwa ninggal kang tatakrami, Sang Nata sanityasa, kaliroe kelamoen, amastani namanira, ing sawidji-widjining poetri djro poeri, jèn ènet nggegleg wirang.”

**Sânumatî :**

24. „Ingsoen bingah kalamoen Sang Adji, sampoen ènet kados ing waoenja.”

**Abdi pinitados:**

„Pramoela ija samangké, saka sekeling kalboe, goeng prihatin poetek ing galih, sakèhing karaméan, bodjana meminoem, ikoe kabèh linarangan, wadjibira kawoela béla prihatin, nglaboehi Sri Naréndra.”

**Pawèstri kalih pisan:**

25. „Nggih makaten poenika prajogi.”

**Soewara sawingkinging geber:**

„Soemangga sampoen toewan soemanga.”

**Abdi pinitados mirengaken:**

„Lo Sang Nata tindak mréné, sira paða wangsoel, gé noe-toegna pakarjanèki.”

**Pawèstri sakalihan:**

„Noewoen inggih sandika.”

(*Késah*).

„Hèh kantja sirèkoe, gelis paða samektaa, Sri Naréndra pan arsa rawoeh ingriki, moeng ngagem gem-ageman.

26. Agem-ageman tanða prihatin, Vidushaka lan kang djaga lawang, ija kinèn samekta gé.”

**Abdi pinitados (njawang dateng Sang Nata)  
pangoedasmaring manah:**

„Hèh tjitrnira Praboe, ing sabarang ija mantesi, noedjoe bingah lan soesah, paða baé patoet, bagoes adedeg sembada, nadyan lagi soesah Sang Sri Narapati, meksa bagoes ing warna.

27. Datan ngagem pasrèn pratanda Dji, namoeng angagem binggel satoenggal, toemrap ing asta kéringé, pan ija meksa patoet, bagoesira malah mbangeti, latinja Sri Naréndra, katon poetjet atjoem, saka ing pangesahira, tingalira angatirah awit déning, sekel koerang anéndra.

28. Éwadéné datan katon bilih, Sri Naréndra soeda sliranira, dadi kera lan aloemé, maksih sami roemoehoen, moeng ngalentihi malah respati, bagoesé leng-oelengan, nétyanja soemoenoe, lir sesotya nawa-retna, datan ilang soroté sinarawèdi, malah saja koemilat.”

### Sânumatî (moelat dateng Sang Nata):

29. „Ja wis bener baé jèn kadyèki, Çakuntâlâ dahat prihatinja, oneng marang Sang Pamasé, sanadyan tan dèn akoe, Çakuntâlâ tan kégoeh wani, nglawani ing pandoewa- nira Sang Apraboe, wong ja bagoesé mangkana, Sri Naréndra wong agoeng jang-janging boemi, tan kliroe Çakuntâlâ.”

### Sang Nata (tindakipoen alon èsmoe anggagas):

30. „Roedahing tyas pan manawoeng kingkin, kadi néndra tyasingsoen poenika, ginoegah goegah woes déné, tan arsa woengoe-woengoe, saka néndra ginoegah déning, katresnanésanjata, kang rawoeh memoengoe, tingalira lir mendjangan (1), ah-ah iki saiki apan woes tangi, temah rasaning drija.

31. Goeng gegetoen midoewoeng ing galih.”

### Sânumatî:

„Mangkonoega rasaning tyasira, kang nandang sangsara kijé, ija Çakuntâlèkoe, rak ja paða karo Sang Adji.”

### Vidushaka (nisih):

„Sang Nata pan kataman, gerah malih Praboe, gerah Çakuntâlâ Nata, soen tan weroeh moenggoeh-tambané grah iki, kang priksa moeng Sang Nata.”

### Abdi pinitados (njelaki Sang Nata):

32. „Soen sesanti djaja-widjajanti, kondjoekira Djeng Sri Nara Nata, Naréndra agoeng kinaot, koninganna Sang Praboe, pata-manan pan woes miranti, sampoen amba pariksa, Naréndra dibja noeng, ing poendi kang kinarsanan, kantoen milih poendi kang dadya karsa Dji, ingagem panisisan.”

### Sang Nata:

33. „Vitratî anðawoehna maring, Aryapiçuna Rekjanapatya, terang dawoehingsoen mangké, ingsoen tan bisa loenggoeh, angadili kang awit saking, woes soewé melèk ingwang, woe-wóeh dawoehingsoen, prakaraning pra kawoela, ingkang oewoes kapriksa dipoen toelisi, noeli kondjoek maringwang.”

(1) Met haar gazellenoogen.

**Èstri djagi kori:**

34. „Noewoen sandika Sri Narapati.”

(*Ladjeng késah*).

**Sang Nata:**

„Vitayana sira noetoejena, pagawéanira mangké.”

**Abdi pinitados:**

„Kawoela noewoen Praboe, nggih sandika amba lampahi.”

(*Ladjeng késah*).

**Vidushaka:**

„Padoeka ing samangkja, sampoen loewar èstoe, saking kasoésahan toewan, sapoenika prajogi njenengken galih, wonten papan poenika.

35. Papan sakétja djro tamansari, tan kasrepen sakétja ing angga, tan kepanasen woes déné, meméngin manggèn ngrikoe.”

**Sang Nata:**

„Vidushaka soemitra mami, paribasané ana, sapa wiwit njandoeing, kasoésahan ikoe njata, lamoen arep katekan soesah ngloe-wihi, bebasan ikoe njata.

36. Sabab mentas baé loewar saking, ing pepeteng dinohké kèlingan daoep ingsoen lan soetané, Kanva Sang maha Wikoe, djeboel mangkja wimboeh prihatin, sinawat koedoepera, kembang mango ingsoen, déning Sang Hjang Kamadéwa, lir warastra ingembat nèng langkap sekti, kinarja manah ringwang.”

**Vidushaka:**

37. „Mangké toewan gegerahé branti, soen sirnakné lan teken poenika.”

(*Ngagaraken tekenipoen badé kanggé anggepjok koedoepera sekar mango*).

**Sang Nata angoedjiwat:**

„Vidushaka moeng saméné, ingsoen apan woes weroeh, tékad-ira Brahmana loewih, hèn mitra toetoerana, ngendi nggonkoe loenggoeh, ngapénakaké salira, ambéraké tyas kang nandang agoeng branti, karo njawang toewoehan.”

38. Idjo-idjo kapénak ingèksi, karja nggagas mrih katon ngaléla, warnanira kaloeloeté, ingkang agawé gandroeng, gandroeng mangoe oneng maskwari."

#### Vidushaka :

„Koninganna Sang Nata, waoe toewan sampoen, dawoeh marang Caturika, lamoen toewan arsa ngénggar-énggar galih, rawoeh mring taman sekar.

39. Sari-sari, rinéka wisma sri, Madhavi taman asri winoelat, karja sengsem ing galihé, padoeka waoe dawoeh, Caturika ngatoerna gelis, gambar pepeñanira, Cakuntálâ loehoeng, ijasan padoeka Nata, gambar toelis damelan Nata pribadi, pepeñan toehoe éndah."

#### Sang Nata :

40. „Papan kaja mangkonékie jekti, makolèhi kanggo paninisan, ambéragaké pikiré, pikir kang lagi bingoeng, mara ajo toedoehna noeli, dalané menjang taman."

#### Vidushaka :

„Ngriki-ngriki Praboe, medal ngriki marginira,

*(Sakalihan andoemoegékaken lampa, Sânumati ngetoetaken).*

kang Madhavi taman sri sinoengan nenggih, bangkoe marmer sarwéndah.

41. Pinatik ing sesotya di-adi, taman Madhavi awisma sekar, soen sawang masti renané, kinarja ngénggar kalboe, wis katara katon ing warni, lega wangoenanira, pañang mangka édoem, soemangga mlebet kéwala, ladjeng lenggah toewan njakétjakken diri, jwa mawi soeba sita."

*(Sakalihan ladjeng loemebet lenggah).*

#### Sânumati :

42. „Ingsoen arsa ngadeg sanðinging wit, kang marambat kana karo njawang, gambaré mitrèngong kijé, toemoeli arsa toeter, mring mitrakoe Çakuntâlâ di, bab renaning galihnja, renggih garwanipoen, déné kapareng manitra, gambarira Çakuntâlâ éstri loewih, loewih éndah ing warna."

(*Toemoenten késah njarijosi*).

### Sang Nata:

43. „Hèh soemitra ingsoen ing saiki, woes kèngetan sakèhing lelakjan, kang toemrap Kanva soetané, Çakuntâlâ witipoen, magepokan lan djeneng mami, malah samana ija, ingsoen woes atoetoer, déné kalanja soen doewa, pangakoéné Çakuntâlâ soen sélaki, sira teka tan ana.

44. Malah sadoeroengé sira oegi, djenengé baé sira tan natya, ngoenemké lan ingsoen bijèn, apa sakabèhipoen, sira oega kaja soen lali, peteng kodeng ing drija, lir tyasingsoen ikoe.”

### Vidushaka:

„Sajektiné ingsoen wikan, maksih ènet tyas amba datanpa lali, nging samana lingnja twan.

45. Ngandikadalem samana nenggih, djaréné moeng kinarja goedjengan, malah tan pantes dinalèh, rèhning tyasingsoen tjoebloek, boedeng ndendeng pangandika Dji, ingsoen anggep temenan, jèn goedjengan ikoe, nanging koningana Nata, djantranira pepesèh ikoe linoewih, lwih kaèlokanira.”

### Sânumatî:

46. „Ja mangkono ikoe datan sisip.”

### Sang Nata (sasampoening anggagas dangoe):

„Hèh Soemitra toeloengana ingwang.”

### Vidushaka:

„Elo apa ikoe anggèr, jèkoe tan pantes moenggoeh, toemrapira padoeka Adji, wong kang santosa ing tyas, daḍag jèn tinempoeh, marang kasoésahan datan, mèngèng wedi nglakoni nalar kang oewis, malah saja kasasar.

47. Oepamané arga ikoe goesti, sanadyan katempoeha prahara, neksa tan obah anggané.”

**Sang Nata:**

„Soemitra lamoen ingsoen, anggalih mring lelakonèki, katresnaningsoen ingkang, tanpa loepoet sampoen, nemahi ing kasoesahan, nalaringsoen bandjoer boebrah potar-patir, éling doek arsa loenga.

48. Sinébratken tandyarsa loemaris, loenga saka ingabjantarèngwang, arsa miloe kang ngeterké, pra Reshi moeridipoen, bapakira ngoewoeh toemoeli, Çakuntâlâ karia, adja miloe wangsoel, seroe ing pangowehoehira tansah kinèn kari Çakuntâlâ nangis, memelas temen sira.

49. Tandy tjingak Çakuntâlâ maksi. marang ingsoen rasaning tyas ingwang, lir kenèng panah mandiné, tatoening galihingsoen, rasanira lara ngranoehi.”

**Sânumatî:**

„Lah saiki woes krasa, midoewoeng gegetoen, marang tindoekira, ingkang oewis kapandoekaken mring rabi, saiki tyasoen boengah.”

**Vidushaka:**

50. „Koninganna doeh Sri Narapati, pangirèngsoen Çakuntâlâ ika, apan woes dèn inggataké, déning bangsaning aloes, kang ngenggèni antariksa di.”

**Sang Nata:**

„Lamoen tan mangkonoa, sapa ingkang wantoen, kadjaba dèwining pjambak, Sang apsara kang ngajomi garwa mami, ikoe pan datan ana.

51. Vidushaka ingsoen mjarsa warti, jèn Manaka ikoe iboenira, Çakuntâlâ kang ing mangké, ilang doeroeng katemoe (68), nging soemitra ingsoen andoegi, malah panggraitèngwang, Çakuntâlâ ikoe, inginggatken mitranira, Sang Manaka lan ingoempetaken rempit, hèn ngendi papanira.”

**Sânumatî:**

52. „Inkang langkoeng pantes dèn goemoeni, ija ikoe bab boebrahé nalar, tinimbang kaélingané.”

**Vidushaka :**

„Lamoen mangkono èstoe, lami-lami Sang Nata oegi, saged manggih garwanja, akepanggih gapjoek.”

**Sang Nata :**

„Kaprijé bisané panggja.”

**Vidushaka :**

„Nggih makaten awit bapakné lan wibi, tan téga marang soeta.”

53. Tan wentala kalamoen mijarsi, soetanira oemanggih be-  
baja, tan tahan weroeh warnané.”

**Sang Nata :**

„Vidushaka mitrèngsoen, apa ikoe impèn sajekti, pa goroh ing paningal, pa pleng-plenganingsoen, apa ikoe gandjarannja, pang-gawèngsoen kabetjikan moeng sañtik (69), dèwèké woes kaliwat.

54. Woes kaliwat datan bali malih, pramoelané pangarsa-arsèngwang, dadakan moeng ilang baé, katjemploeng djoerang siroeng, woes tan kena dipoen toetoeti, ikoe oepamanira pang-arsa-arsèngsoen, kang dakik-dakik sanjata, tan katoeroetan wis mèh olèh malah nis.”

**Vidushaka :**

„Doeh Nata tan mengkana.

55. Napi sesoepé malah tan dadi, pratanané jèn bisa dadakan, angsal kang kinarsakaké, kang masti perloe rawoeh.”

**Sang Nata :**

„Ah beneré li-ali iki, ingkang koedoe tinetah, djenèh nganggo mroetjoet, lolos saka ing ratjikan, tibèng papan kang tan kena dèn tjedaki, hèh ali ali sira.

56. Tan katrima pakarjanmoe stitik, olèhmoe gawé ing kabetjikan, moeng sañtik katrimané, moeng kaja djenengingsoen, gawé betjik ginandjar stitik, tandané ija ana, ing temahanipoen, sira lolos sing ratjikan, amoetjoek ri respati nawoeng manis, tilas panggonanira.”

**Sânumatî :**

57. „Lamoen sesoepé ikoe woes mandjing, ing dridjiné wong lija sangsaja, kañah-kañah panetahé.”

**Vidushaka :**

„Kadi-paran liripoen, déné toewan ingadjeng mawi, nganggek-aken kalpika, mring wanodya waoe, apa moenggoeh kang sinedya.”

**Sang Nata :**

„Vidushaka roengokna toetoerkoe iki, ðek bijèn kalanira.

58. Ingsoen arsa bali mring nagari, katresnankoe tetanja maringwang, kirang sapinten laminé, garwèngsoen anggènipoen, baðé saged netepi djangdji.”

**Vidushaka :**

„Kadospoendi ladjengnja.”

**Sang Nata :**

„Saksana soen poendoet, sesoepésoen kang rinipta, asmaningsoen saka ing daridji mami, soen anggokken ratjikan.

59. Ratjikané katresnèngsoen nenggih, ingsoen tandya mangsoeli ngandika, doeh koesoema sira anggèr, pepoedjankoe wong ajoe, jwa prihatin sira wong ndandjing, poen kakang nora lawas, noeli akon meñok, ètoengen tjatjahing sastra, kang rinipta ana ing soepé poeniki, sadinané njatoenggal.

60. Jèn woes antoek wekasaning toelis, pangétoengira toemoeli ana, kongkonangingsoen maréné, ambojong mring sirèkoe, kondoer marang wismèngsoen nenggih, nanging hèh Vidushaka, banget téganingsoen, kasagoehan soen tan njata, datan ingsoen leksanani awit saking boebrahing nalaringswang.”

**Sânumatî :**

61. „Wangenané betjik gjannja masti, éwadéné pepastèné awak, kalèkoe tan nganggo nolèh, marang wangenanipoen, tandya mberot manjerang wani, tan tolih ing Naréndra, pepastèn Hjang Agoeng.”

**Vidushaka :**

„Doeh kadi-paran Sang Nata, déné soepé kalebèng weteng baqèr brit, pinanggih tyang misaja.

62. Oelam toja nalika mbètèti.”

**Sang Nata :**

„Vidushaka moela-boekanira, mangkéné ing nalikané, Çakuntalâ mitramoe, amemoelé Cacitirtha di, kang soepé lolos saka, ing daridjinipoen, ketjemploeng katoet ilinja, kali Gangga<sup>(1)</sup> sanalika tanpa lari, tinemoe djröning iwak.”

**Vidushaka :**

63. „Kandâ ikoe kena dèn oegemi.”

**Sânumatî :**

„Pramoelané Sri Naréndra ingkang, geŕing marang sabarangé, tindak tan adil ikoe, rangoe-rangoe ngaken garwa Dji, doemateng Çakuntalâ, teka nganggo koedoe, ngentèni pratjihnanira, oeng-gjanira koloer ngaken garwa Adji, kaprijé artinira.”

**Sang Nata :**

64. „Ali-ali arsa soen patrapi, paoekoeman ing sapantesira.”

**Vidushaka (pangoedasmaraning manah):**

„Sang Nata woes baqé gèsèh, sanès sing karsanipoen, bibrahing tyasira Sang Adji.”

**Sang Nata :**

„Hèh kalpika soen tanja, apa sababipoen, dé sira ninggal ratjikan, mjang astané Çakuntalâ kang wor manis, milih manggon nèng toja.

(<sup>1</sup>). Ganges = Sanskrit, Ganga = Djawi Gangga oetawi Siloegangga = namaning lèpèn ageng ing Indoestan tempoeranipoen lèpèn Dsjahnawi (Djawi Djahnawa), ingkang ing kinanipoen kaanggep déning bangsa Éropah mangka pokokipoen lèpèn Ganges.

65. Lah wis ora sida soen patrapi, sira barang ingkang tanpa njawa, tan weroeh awon lan saé, moeng baé awakingsoen, teka mawi anjenjampahi, doemateng Çakuntâlâ, garwêngsoen wong ajoe, ngapoeranan nggih bendara, ingkang abdi kaloepoetan teka wani, nampik sira bendara.

66. Doeh-doeh Déwa Djawata linoewih, tingalana ing solah manira, déné mangkéné rasané, lara brangta kajoengjoen, sêwoe lara pan dadi sidji, tanna kang nimbangana, jèn ingsoen tan panggoeh, kalawan sira doeh njawa, gé bandjoeten pisan awak ngong poeniki, moendak ndedawa rimang.

67. Çakuntâlâ goestikoe wong ndandjing, bok tolihen poen kakang sadéla, dasihta tanpa slirané, moeng ngadjab gé katemoé, lawan sira wong ajoe koening, poen kakang anggoeng rimang, tambanana maskoe, bok ja inggih he-eh ija, ja bendara nggih goesti sawaten aglis, lan liringing kang nétra."

### Vidushaka (pangoedasmaring manah):

68. „Jèn mengkono apa ingsoen iki, bakal roesak déning gelih koela."

### Sang Nata:

„Jaji kang soen sébrataké, tanpa loepoet sirèkoe, welasana poen dasih agring, manggoeng tanpa sijasat, déning goeng gegetoen, toewênana dasihira, nggih bendara jaji mas wong merak ati, moeng sira kang katjipta.

### 21. SINOM.

### Caturikâ énggal-énggal madjeng kalihan njepengi gambar temboengipoen:

1. „Wong anom gambaré pélag, poenika pejaning goesti, goesti koela Çakuntâlâ, soemangga dipoen priksani."

(*Kalihan namataken gambar*).

### Vidushaka:

„Hèh moela ija awig, betjik temenan tan nggoenggoeng, nitik ing pangadegnja, toehoe lamoen merak-ati, gjannja nggambar tan njimpang lan ananira.

2. Nétrêngsoen lamoen toemingal, njawang pepetan poeniki, ing panggénan ingkang andap, djoerang pèrèng ledok trebis, lawan kang inggil inggil, kaja kedjengklok soekoekoe, nèng papan inggil andap."

**Sânumatî:**

„Toehoe jèn Sang Nata wasis, rasaning tyas kaja ingsoen wis panggihan.

3. Pèpanggihan lan mitrèngwang, ana ing kéné poeniki.”

**Sang Nata:**

„Lamoen gambar tingalira, tan tjeṭa pepetanèki, ikoe sababé nenggih, tan betjik panggambaripoen, nanging nadyan alaa, betjiké tan pati mingis, meksa ana èmperé lan kang ginambar.”

**Sânumatî:**

4. „Ikoe kalahiring manah, midoewoeng lan brangta kingkin, toewin andap asoring tyas.”

**Vidushaka:**

„Hé kaé soen teka oening, wanodya teloe sami, ing warna sanja joe-ajoe, kang endi Çakuntâlâ, saka teteloe poeniki, toetoerana ingsoen kepéngin oeninga.”

**Sânumatî:**

5. „Manoesa ikoe sanjata, keblerengen lamoen tan wrin, tan bisa mbédakken marang, warna ajoe kang linoewih.”

**Sang Nata:**

„Saka pangiranèki, kang endi Çakuntâlèkoe.”

**Vidushaka:**

„Panawang koela toewan, jèn tan klintoe nggih poeniki, ingkang ngadeg sanḡing wit mango poenika.

6. Inggang ginambar oemawa, soloring wit-witan nenggih, solor seger maksih moeda, idjo rojo rojo sami, tetangsoelirèng wèni, oetjoel saking rikmanipoen, sekarira pan woedar, rentah saking ingkang wèni, ing wadana pating prentoel kang swanita.

7. Lengené ndodor manganḡap, lemes kados awit saking, loengkrah nglentrih kang salira, ikoe Çakuntâlâ jekti, déné ingkang kekalih, ikoe nenggih mitranipoen.”

**Sang Nata :**

„Ija wis pinter sira, iki lo tandanirèki, lamoen ingsoen ing drija kerasa-rasa.

8. Sira wroeh pinggiring gambar, ikoe pan ana tilasing ka-doemoek ing poetjoekira, daridji kringeten nenggih, lan tjèt kang dioelapi, ija ikoe tilasipoen, papan tètèsing waspa, kang roentoeh saka ing pipi, pipiningsoen kala èngèt Çakuntâlâ.

9. Caturika wroehanira, papan paninisan iki, doeroeng toetoe panggambarnja, moeng lagi rampoeng sapalih, menjanga ndjoepoek soengging.”

**Caturikâ :**

„Noewoen sandika Sang Praboe, lah soewawi Matavya, toewan inggih soen atoeri, anjepengi gambar ngantos dateng koela.”

**Sang Nata :**

10. „Ija woes ingsoen kang ngasta.

*(Gambar ladjeng kaasta ing Sang Nata pijambak, abdi èstri kèsah mendet soengging. Sang Nata andoemoegèkaken ngandika):*

Katresnaningsoen kalaning, katon oerip wewantahan, ngadeg anèng ngarsa mani, saiki namoeng kari, ngela-ela gambaripoen, pepetan tanpa njawa, soen ngoengroem kadi wong oerip, hèh soemitra jogja sira kawroehana.

11. Ingsoen ing kala samana, ing lakoeningsoen ngliwati, sawidjinira narmada, kang akèh banjoené mili, goemloewèh tanpa ndjagi, kaboetoehanirèng ngenoe, sabandjoeré kasatan, ngelak bareng soen oemaksi, woedjoed banjoe katon ana ing gegana. (1) (70)

(1) Fatamorgana = wewajangan ing gegana. Wewajangan ing gegana oetawi ingkang kawastanan mawi temboeng mantja: fatamorgana, inggih luchtspiegeling oetawi luchtverheveling: poenika wewarnèn ing boemi, kados ta: grija, baita, redi, toja sapanoenggilanipoen katingal soemliwer oetawi nglajang wonten ing awang-awang, katingalipoen asring wonten ingkang ndjoengkir, kabekta saking soroting pepadang ingkang sangkanipoen saking hawa ingkang langkoeng padet oetawi kandel ing tengah toemimbal dateng ing hawa ing tengah ingkang langkoeng ngramjang oetawi tips, kados sampoen kaseboet ing boekoe Natuurkunde bab straalbreking. Wondéné fatamorgana waoe kerep kasoemerepan wonten ing saganten wedi, manawi pinoedjoe bentèr.

Kd.

12. Kawoedjoedan kang keloemrah, katon nèng sagara weði.”

**Vidushaka (tjiptaning manah):**

„Jèn mangkono woes sanjata, Sang Nata ija nglangkoengi, kali akèh kang warih; tandya ingapoesan Praboe, déning wajangan toja, ngatingal anèng wijati.

(Sora).

Woedjoed napi malih kang kedah ginambar.”

**Sânumatf:**

13. Sawidji-widjining papan, kang kleboe dipoen tresnani, déning mitra Çakuntâlâ, arsa dèn rampoengken nenggih, ginambar déning Sang Sri.”

**Sang Nata :**

„Ija roengokna sirèkoe, kang arsa ingsoen gambar isih ana manèh jèkti, Malini kang kali klawan manokira.

14. Manok flamingo <sup>(1)</sup> sapasang, ija lanang klawan èstri, ingkang noedjoe ndekem ana, ing weðen poenapa malih, pinggiring gambar kadwi, nganggo sinoeng petanaipoen, paredèn oeroetira, goenoeng Himalaja nenggih, ingkang ana mendjanganira sapanta.

15. Nanggo soen sinoengi petan, mendjangan èstri sawidji, manggon anèng sangandapnja, oewit kang epangnja mawi, sinampiran awarni, sandangan klikaning kajoe, mendjangan èstri lagja, ngosotké matané kéring, alon marang soengoené mendjangan lanang.”

(1) Peksi flamingo poenika bangsaning peksi ingkang pakaremanipoen saba ing toja, awakipoen ageng sarta kijat, goelenipoen pandjang sanget, langkoeng pandjang tinimbang goeloe banjak, sirahipoen ageng, woedjoedipoen kados sirah bebèk, tjoetjoekipoen kados tjoetjoeking banjak, nanging mawi njantok mangandap, soekoenipoen pandjang sanget, ing saantawising dridji ingkang tiga ing ngadjeng mawi koelit pirantos kanggé nglangi, kados soekoe bebèk, soewiwipoen boten patos pandjang, boentoetipoen tjelak. Peksi flamingo ingkang bangsanipoen phoenicopterus roseus, ingkang djaler inggilipoen ngantos 130 c.M. kalebet inggiling soekoe 80 c.M., gesangipoen peksi flamingo poenika wonten ing pasitèn ingkang ngoebengi ing saganten tengah (Middel-zee) sarta ing saganten Tjemeng ing satjelaking talaga ageng-ageng ing Azia toewin Indija, poena pamalih ing Eropa.

Kd.

Serat Kalidásâ.

11

**Vidushaka :**

16. „Menggah sing pangerti amba, gambar kedah dèn sinoengi, rarenganing peñanira, para Reshi mangoen tèki, djénggoté pandjang ndadi.”

**Sang Nata :**

„Hèh soemitra kawroehanmoe, isih ana kang koerang, rerengganira Sang dèwi, ingsoen lali tan ingsoen peña ing gambar.

17. Ijèkoe rerengganira, ingkang dahat dèn senengi, déning Çakuntalâ ika.”

**Vidushaka :**

„Lah toewan renggan poenapi.”

**Sang Nata :**

„Ingsoen lali njoekani, sesoemping Çirisha santoen, solor sarining sekar, goemantoeng ngrémpjol ngenani, pangarasanira Çakuntalâ kaja.

18. Woewoeh ing mrak-atinira, Çakuntalâ joe linoewih, ana manèh kang sih koerang, ing djadja pan doeroeng mawi, tjèn-ontjèn serat adi, mimboehi respatinipoen, ngaléla kang oedjwala, soroting poernama mingis, reboet praba lawan soemedèting nétra.”

**Sânumatî :**

19. „Rerenggan ikoe anggonja, ingkang njata amantesi, toemrapira ing pratapan, lan toemrapira Sang dèwi, mimboehi ing respati.”

**Vidushaka :**

„Lo kénging napa Sang ajoe, djoemenengira kaja, wonten ingkang dèn adjrihi, mangka toetoekira dèn toetoepi asta.

20. Toetoekira Sang koesoema, sedep manawoeng manis, tan paé pepinñanira, lir sekar taraté abrit.

(*Njawang kalihan satiti*).

Lah poenika Sang Adji, doerdjananira mrih madoe, madoening kanang sekar, bramara maboer merpeki, toetoekira Çakuntalâ Sang koesoema.

21. Satwa kang tanpa isinan, rak koedoe dèn tanggoelangì.”

**Vidushaka :**

„Toewan ngasta pangadilan, ingkang wenang angoekoemi, doemateng ingkang djail, moetakil srakah mbek roesoeh.”

**Sang Nata :**

„Moela ja bener sira, Vidushaka mitra mami, kang bramara arsa soen tanggoelang sigra.

22. Soewawi tamoe soetresna, tamoené kang sari-sari, pagénéa sira teka, kraja-raja maboer mriki, ngoebengi tamansari, ndjadjah papanirèng santoen, èstrinira woes meḍak, méntjok anèng kembang asri, angentèni praptanira ngantak-antak.

23. Sanadyan banget ngelaknja, kepéngin madoening sari, èstrimoe meksa tan arsa, ngingsep madoe anḍisiki, lamoen awak pribadi, datan kalawan sirèkoe.”

**Sânumatì :**

„Ikoè ta parikrama tjarané anggoesah ljali (¹).

**Vidushaka :**

„Bangsanira kéwan kang kadi poenika.

24. Datan kena dèn élikna, nadyan oewis bola-bali.”

**Sang Nata :**

„Hèh tawon apa ta sira, tan manoet paréntah mami, kalamoen sira ljali, anggepok ing laṭinipoen, ingkang asawang bimba (²) seger lir koeḍoeping sari, ingkang oewis soen tjetjep djro sih-sinihan.

25. Sih-sinihan mawèh nikmat, lan karja sengseming ati, pramoelané tawon sira, arsa soen koendjara moenggwing, koentjoeping poespita di.”

**Vidushaka :**

„Sarasidya moengging ranoe, Sang Nata sareng kombang, pa-doe kantjam sereng jekti, pasti adjrih tandya késah saking taman.

(¹) Ljali = kombang, zie Winter kawi Dasanama.

(²) Bimba?

(*Anggoejoe kekel. Tjiptaning manah*):

26. Djeboel bingleng soepé ing tyas, Sang Nata pan doeroeng oewis, wit saka sarawoeng ingwang, lan Sang Nata teka dadi, tjatoerkoe lir wong baring.

(*Sora*).

Doeh Sang Nata sampoen-sampoen, poenika namoeng gambar, èngeta toewan jwa lali, jèn keladjeng tan jogja pinanggih woen-tat."

**Sang Nata :**

27. „Apa ikoe ja moeng gambar.”

**Sânumatî :**

„Sanadyan amba pan oegi, sareng soemerep ring gambar, oegi kénjoet tyas tan éling, lamoen moeng petan mati, soen senggoeh oerip satoehoe, saja toemrap Sang Nata, kang anggambar nggagas malih, pasti tansah kèngetan ring kang ginambar.”

**Sang Nata :**

28. „Soemitra apa sababnja, déné sira njenjemoni, njenjengès mring djenengingwang, ingsoen lagi krasèng galih, ngrasakké njawang iki, reroepan akarja nglangoet, rinasakké wèh nikmat, lir oerip ngadeg nèngarsi, ngarsaningsoen lir kaana rasèng drija.

29. Tjatoerira ikoe karja, sirna dadi gambar malih, djenèh sira sesembranan, njenjengès tanpa dedoegi.”

(*Sang Nata ngrentahaken waspa*).

**Sânumatî :**

„Pisahan kang kadyèki, kang tan timbang wiwitipoen, klawan woesianira, ikoe jekti tanpa sami.” (71)

**Sang Nata :**

„Hèh soemitra pagénéa awakingwang.

30. Teka tansah nandang soesah, kalamoen ingsoen angimpi, kaja toenggal lan Sang retna, Çakuntalâ doepi tangi, rasaning tyas woes kadi, dèn aniaja ragèngsoen, saja banget niajanja, lamoen waspèngsoen dres midjil, angrégoni panawanginsoen mring gambar.

31. Peñanira Çakuntalâ, wanodya jang-janging boemi, téga temen sira njawa, ninggal poen kakang lir baring."

### Sânumatî :

"Moegi dèn oeningani, pan ajwa nganti kalantoer, soesah toewan poenika, ngesahken soesahing ati, rikalané Çakuntalâ kinidjatan.

32. Moelané woes sah kéwala, ajwa goeng mangoeng prihatin, ginaliha sawatara, padoeka Ratoe linoewih, tan jogja dèn toeroeti, noesahi nalar kebandjoer."

### Caturikâ (wangsoel) :

"Praptèngsoen sesantyardja, djaja-djaja widjajanti, toemràpira padoeka Sri Naranata.

33. Doepi amba sampoen angsal, balabag papaning soengging, ladjeng wangsoel nggal énggalan, marek ngabjantara Adji."

### Sang Nata :

"Prije batjoetna noeli, Caturikâ toer oendjoekmoe."

### Caturikâ :

"Kawoela gja kepapag, pramèswari Vasumati; dinèrèkken Taralika gja rinebat.

34. Rinebat ingkang balabag, pasoengginganira Adji, saking tangan kawoela, klawan kadjijat soen adjrih, dawoehnja pramèswari, doemateng kawoela Praboe, iki arsa soen gawa, déwé ngadep garwa mami."

### Vidushaka :

"Jèn mangkono sira begdja bisa ontjat."

**Caturikâ:**

35. „Sadangoenê Taralikâ, ngoetjoeli rimongira Sri-dajita kang doemadikan, ketjantël ana ing oewit, ingsoen tandya ngontjati, glis mareg bjantarèng Praboe.”

**Sang Nata:**

„Soemitra wroehanira, Sang dajita noeli prapti, oewis tjedak saka kéné paranira.

36. Sira oewis weroeh oega, kekarepané Sripadmi, sabarang pan koedoe tata, kloehoeran tan kena kari, awit déné Sripadmi, ija kamanoehanipoen, pangrengkoehkoe binéda, opènana gambar iki, kang parimpen ajwa nganti kekilapan.”

**Vidushaka:**

37. „Temboeng opènana gambar, poenapa leresé nenggih, boten opènana ingwang.”

*(Gambar toemoenten kapendet, ladjeng ngadeg).*

Samangsa Sang Nata oewis, loewar sing ratjoen (1) iki, kawoela toemoenten njoewoen, katimbalana marang, Maghapratiechanda poeri.”

*(Toemoenten késah).*

**Sânumati:**

„Hèh sanadyan galihnja Sang Praboe lagja.

38. Kénjoet déning lijanira, éwadéné datan lali, marang pangadji adjinja, kang toemindak wingi-wingi, samangké Sri Boepati, malah woes santosèng kalboe (72), koloering galihira, gjannja nggitani garwa Dji, dipoen samoen jwa nganti bisa katara.”

**Tijang èstri djagi kori medali kalihan njepengi serat,  
sarta witjanten, temboengipoen:**

39. „Soen sesanti djaja-djaja, toemrapira Sri Boepati.”

**Sang Nata:**

„Vetravati apa sira, anèng marga datan oening, marang Sang Pramèswari.”

(1) Ingkang kaanggep ratjoen poenika gambaripoen Çakuntâlâ.

### Tijang èstri djagi kori:

„Kawoela noewoen Sang Praboe, amba inggih oeninga, nanging doepi pramèswari, priksa amba njepengi serat poenika.

40. Sang Pramèswari gja tindak, tjangkélak pan wangsoel malih.”

### Sang Nata:

„Ija ikoe marganira, garwèngsoen apan njingkiri, ajwa ngéwoeh-éwoehi, marang pagawéaningsoen, sababé Sang dajita, weroeh mring wadjibing èstri, datan arsa njela-njela ganggoe karja.”

### Tijang èstri djagi kori:

41. „Moendjoek padoeka Sang Nata, Rekjana Patih atoer wrin, kondjoek Sri padoeka Nata, manawi gjannja ngadili, moeng ngrampoengi satoenggil, prakawis gepokanipoen, nalarirèng kawoela- dalem ing nagari ngriki, mila dangoe awit mawi mitjal jatra.

42. Jatra kàtah Kjana Patya, weling oendjoek toer kintèki, kawontenaning prakara, sampoen kawrat djroning toelis, soemangga Sri Boepati, Kjana Patih oendjoekipoen, padoeka pinarengna, ngoeningani kang tinoelis.”

### Sang Nata:

„Mara endi lajangé soen arsa priksa.”

*(Abdi èstri djagi kori ladjeng njaosaken serat).*

### Sang Nata (kalihan maos serat):

43. „Lo soedagar Dhanamitra, dagang palajaran mati, praoené pan kasangsaran, kèrem djroning djalanidi, rèhning tan darbé siwi, sakabèhing darbèkipoen, toemiba mring Naréndra, mangkono atoering Patih, hèh sangsara temen wong tan darbé anak.

44. Éwadéné Dhanamitra, soedagar gedé bèrboedi, soegih arta soegih donja, bodjoné pasti lwih sidji, pantes lamoen dèn wroehi, pinariksa kang satoehoe, manawa salah djoega, bodjoné noedjoe nggarbini.”

**Kaparak djagi kori:**

„Kasinggihan goesti ing samireng hamba.

46. Kalamoen ing sapoenika, salah satoenggaling rabi-nira Dhanamitra djenat, soetané pangadjengnèki, pagoejoebanirènggih, pra soedagar saminipoen, ing Sâketa <sup>(1)</sup> kepjakan, Punsavana (73) dèn leloeri.”

**Sang Nata:**

„Jèn mangkono tinggalanira si bapa.

47. Ija toemoeroen anaknja, kang anèng etengan noeli, sira dawoehna mring Patya.”

**Kaparak djagi kori:**

„Noewoen sandika Sang Adji.”

(*Ladjeng badé késah*).

**Sang Praboe:**

„Hé — hé, mrénéa disik.”

**Keparak djagi kori:**

„Noewoen sandika sang Praboe, kawoela sampoen marak.” <sup>(2)</sup>

**Sang Praboe:**

„Apa perloené pinikir, doewé toeroen apa ora ikoe pada.

48. Sapa kang kélangan anak, sanak kadang ija sami, kadjabané wong tjandala, kena nganggep sanak maring, Dushyanta Sang Narpati, sira andawoehna goepoeh, kinèn ngoendang-oendangna, kang warata ajwa nganti, kekoerangan dawoehna mring Kjana Patya.”

- 
- (1) Sâketa oetawi Ayodhya (Ngajodya) ing sapoenika Oude.  
 (2) Kanggénipoen ing Ngajogyakarta:  
 sowan = sowaning tijang djaler,  
 marak = sowaning tijang èstri.

**Kaparak djagi korsi:**

49. Sandika Sri Naranata, dawoeh-dalem soen pepoendi, baðé énggal kawradinna, marang pra kawoela sami.

*(Toemoenten késah, sawatawis ladjeng ngadep Sang Nata malih).*

Kawoela noewoen Adji, dawoeh twan sampoen ðoemawoeh, tinampèn soeka rena, lir djawah nawoer wewangi, ing mangsa pat riris-riris jem mring angga."

**Sang Nata (tansah oendjal oeswa):**

50. „Mangkono ilanging banda, lamoen kang darbé tan ndwèni, toeroen ing samatinira, kang darbé barang ananggih, marang ing ljaning djanmi, ingkang tan gepokan wandoe, mangkono djenengingwang, ing akir oega nemahi, ilang baé barkahé satoe-roenira.

51. Toeroené Puru sanjata, anglir kaananirèki, ing djagat kang sinebaran, wèwinih ingkang tan betjik, datan bener dèn trapi."

**Keparak djagi kori:**

„Sri Naréndra moegi sampoen, saking panoewoen amba, Hjang-Hjang kang memajoe boemi, linepatna lampahan kang lir poenika."

**Sang Nata:**

52. „Ingsoen tan pantes tinetah, sesambat noetoe ing diri, déné katekan kabegdjan, teka nganggo ingsoen tampik, soen doewa soen emohi, ala temen patrapingsoen."

**Sânumatí:**

„Pandoegakoe woes njata, tan samar-samar ingati, jèn Sang Nata nggalih marang Çakuntâlâ.

53. Lan natjad slira prijangga, angetoeni nalar kang wis."

**Sang Nata:**

„Pantjéné soen iki ija, woes antoek kanoegrahaning, Déwa ingkang linoewih, pinaringan anak namoeng, teka nganggo soen balak, prasasat ingsoen ngemohi, andawakké toeroen ingsoen tembénira.

54. Bodjo kang bisa nak-anak, akèh ikoe kang oepami, sawah ingkang tinandoeran, widji pari wohé ndadi, woh noeli dadi widji, widji ngrebda oewohipoen, tan bisa sirna telas."

### Sânumatî :

Toewan jwa soemlang ing galih, toeroenira Sang Nata tan badé itjal."

### Caturikâ (nisih):

55. „Doeh Sang Nata binatara, déné ing samangkja dadi, sasar-soesoer galihira, bingoeng nglantoer neniwasi, déning tjarita nenggih, kaananing soedagar goeng, Dhanamitra pan dadya, anggagas galihira Dji, atoerana Mâthavya saking kaŕatyan.

56. Poera Meghapratichanda, mèn karja renaning galih, galihira Sri Naréndraé, ingkang manggoeng ngoewatiri, mangkata dèn agelis."

### Keparak djagi kori:

„Inggih sandika toewankoe."

(Mangkat késah).

### Sang Nata:

„Lah iki wajanganja, leloehoeré Dushyanta Dji, woes agiris miris sapa kang akirnja.

57. Sapa kang angopènana, memetri ingkang woes lalis, sapoengkoeré Sang Dushyanta, kalamoen tjoeres tan siwi, tan ana kang njlameti, ikoe dadi soesahipoen, jèn kaéling élinga, tansah anjkarèng galih-ira para leloehoer kang woedjoedira.

58. Wewajangan iba-iba, soesahing galih woes pasti, moeng badé angoendjoek toja, para leloehoer soen bédjing, kang katjaroeban déning, waspa bening warninipoen, doemeling lir moetyara, ingkang katoeroehken déning, ingsoen toeroenira kang tan darbé poetra."

(Sang Nata nglengger atjoem oedjwalanipoen).

### Caturikâ (kagèt semoe soesah ningali Sang Nata):

59. „Sang Nata dipoen sarèhna, ingkang santosa ing galih."

**Sânumati :**

„Ah-ah nadyan isih padang, nanging toemrapira Adji, sadjeroning tan éling, tingalira kados daloe, peteng ndedet limengan, saiki takgawé betjik, takgawéné begdja ija Sri Naréndra.

60. Ora ding sarèh kéwala, awit ingsoen woes mijarsi, saka iboené Sang Éndra, kalané noeloeng Sang dèwi, Çakuntâlâ dèn rih-rih, dipoen neng-nengi bèn lipoer, rasanané pra Déwa, kang kepéngin dèn slameti, pangangkahé soepaja Nata tan lawas.

61. Datan lawas malih bakal, sinoeng kaboengakan déning, saged djedjawatan asta, kapanggih lan garwa malih, dimèn ngentosi rijin, Sang Nata watara wektoe, sasowéné mangkana, ingsoen arsa angandani, kaanané lelakon ikoe sadaja.

62. Mring Çakuntâlâ mitrèngwang, kanggo nglelipoer kang ati.”

*(Nglajang ing gegana ladjeng ngitjal).*

**Soewara saking djawi :**

„Hé-é giris gila-gila.”

**Sang Nata (wangsoel ènget malih sarta mirengaken) :**

„Lo kaja swaranirèki, Mathavya djerit-djerit, bengok-bengok minta toeloeng, sapa kang ana ika.”

**Kaparak djagi kori :**

„Gé-agé Sri Narapati, dèn toeloenga mitra twan manggih bebaja.”

**Sang Nata (djoemeneng) :**

63. „Ikoe pan ora kalakjan, poerèngong dipoen riðoni, déning demit bakasakan, elo moela ija jekti, sadjeroné tan mikir, bakal kadadéanipoen, kang tinemoe sadina-dina datan dèn weroehi, ija ikoe dadiné mengkéné ika.

64. Saja malah tan kawroehan, déning soen tan lagi mikir, gèk kaprijé tindakira, kawoelèngsoen sidji-sidji- nira kang lakoe betjik, oetawa ala poenikoe.”

**Swaranipoen Vidushaka :**

„Hèh mitra toeloengana, toeloengana ingsoen aglis.”

**Sang Nata (moeroegi kadoek rangoe-rangoe  
tindakipoen):**

„Hèh soemitra ajwa nganggo wedi sira.”

**Soewaranipoen Vidushaka:**

65. „Toeloeng-toeloeng toeloengana, gèk kaprijé soen tan adjrih, arsa binekoek djanggamba, dèn bekoek maloemah wani, dipoen gletœok woes kadi, angletœok londjoran teboe, lara temen bjoeng lara, rasané goeloekoe iki, toeloengana jwa nganti kebatjoet sempal.”

**Sang Nata (kados wonten ingkang kapadosan):**

66. „Endi ta gandéwaningwang.”

**Satoenggaling pawèstri Javaní medali saha ngampil  
gandéwanipoen Sang Nata:**

„Soemangga poenika Adji, kagoengan-dalem gandéwa, kalihan tetamèng nenggih.”

*(Sang Nata nampèni gandéwa sarta djemparing).*

**Swara sanèsipoen saking djawi:**

„Sirarsa soen patèni, pan minangka mangsaningsoen, ingsoen ngelak ngombé rah, ingkang isih anjar kadi, sima mojah radja-kaja garondjalan.

67. Sira sesambat Dushyanta, samangké kinèn noeloengi, maring sira Sang Dushyanta, panahé sapa-sapa djrih, gandéwané nggirisi, misoewoer djagad sawegoeng, adja sipat manoengsa, kéwan-kéwan ing wana dri, lelemboeta leboer soemjoer jèn katanaman.

68. Katamanirèng warastra, datan ngaping kalih kardi, Sang Dushyanta karenannja, tetoeloeng kang minta oerip, dèn toeloengi sajekti, pasji ilang kang pakéwoeh.

**Sang Nata dahat bendoe:**

„Pagéné sira ndadak, nganggo wani angrasani, marang ingsoen ija ta sira rasakna.

69. Ajwa takon dosa sira, sirna leboer sira pasti.

(*Ngembat langkap*).

„Vetravati gé toedoehna, ingsoen marang ing dalaning, oendak-oendakan jèki, ingsoen manah saking ngrikoe.”

### Keparak djagi kori:

„Ngriki goesti marginja, marang ndak-oendakan nenggih.”

(*Sami énggal-énggal minggah ing oendak-oendakan, sareng Sang Nata doemoegi inginggil mriksani ing poendi-poendi*).

### Pangandikanipoe Sang Nata:

„Géné nora ana wong sidji-sidjia ”

### Swaranipoen Vindushaka:

70. „Njoewoen toeloeng-toeloeng Nata, kawoela soemerep Adji, nanging toewan tan wroeh koela, gesang koela woes tan keni, den arep-arep nenggih, sagedé lestantoenipoen, pindanja badan-ingwang, lir tikoës katjekel déning, koetjing apan woes tan bisa loenga-loenga.”

### Sang Nata:

71. „Hèh pambekan temen sira, koemloengkoeng senggoeh-moe kadi, woes primpèn tan katon tingal, doemèh sira bisa anis, ngilang tanpa katawis, nanging warastrèngsoen weroeh, mandjing alemboet agal, warastra kang soen trap iki, pasti kana sira kang ambek doeraka.

72. Anoeloengi sirahira, Brahmana ingkang oemawi, soengoe pan kadi mendjangan, peksi flamingo pan bangkit, anjilahaken warih, saking poehan, pan djinoepoek, moeng poehané kéwala, den kantoenaken kang warih.” (1)

(*Sang Nata ngembat langkap badé andjemparing. Matali toemoenten ngutingal sareng Vidushaka sampoen kaetjoelaken*).

### Temboengipoen Matali:

„Doeh Sang Nata Hjang Éndra andoeta mring wang.

- (1) Basanipoen Walandi:  
 En redden des Brahmaan's geweide hoofd,  
 Van melk kan de flamingo 't water scheiden:  
 Hij neemt de melk, en laat het water staan.

73. Kinèn masoengken Asura <sup>(1)</sup>, minangka lésanirèki, em-baten langkap padoeka, linepasna kang djemparing, mring pra Asura sami, awit wran kang ambek sadoe, tan nglepasi waras-tra, doemateng mitranirèki, moeng nglepasi kedaping nétra soeng rena."

### Sang Nata :

74. „Lo djeboel Matali sira, moega nemoea basoeki, ing satekanira ajwa, oemanggih ing kawis-kawis, Matali sira koesir-ira Hjang Éndra linangkoeng."

### Vidushaka toemoenten medali, temboengipoen :

„Déné Sang Nata teka, mawi masoeng pamoedyadi, marang oewong kang arsa mbekoek djanggèngwang.

75. Anekak goeloe tan dosa."

### Mâtali (mèsem) temboengipoen :

„Sang Nata kawoela toer wrin, mengkah sowan soen poenika, ingoetoes Hjang Éndra nenggih."

### Sang Nata :

„Gé atoerna Mâtali, Sang Hjang Éndra karsanipoen."

### Mâtali :

„Hjang Éndra soen oeninga, mring padoeka Narapati, lamoen kajah danava <sup>(2)</sup> ngantos soemebar."

76. „Poenika pan toeroenira, Kalanemi nggegirisi, anenggih peparabira, poen Pamberoeng <sup>(3)</sup> ambek djail."

### Sang Nata :

„Ingsoen bijèn woes mjarsi, Sang Narada <sup>(4)</sup> kandanipoen."

(1) Asura=mengsahipoen para Déwa.

(2) Danava=sétan ingkang kaanggep mengsahipoen para Déwa (danava=danawa of denawa?)

(3) De onbedwingbare=pamberoeng van mberoeng=onbedwingbaar hal-starrig zijn, doordrijven, onverbiedelijk.

(4) Narada satoenggaling Pandita, poetranipoen Brahma.



**Mâtali :**

„Menggah karsèng Hjang Éndra, tan arsa mengsah pribadi anglawani pra danava kroċanira.

77. Amrih koewalahanira, pra danava sirna enting, saking kwasané Hjang Éndra, padoeka ingkang pinilih, dadya tjoetjoeking baris, jèn Asura tembénipoen, ijèkoe poen Pamenggak, saged oenggoel ntoek pamoedji, jèn makaten dédé soerja kang njirnakna.

78. Njirnakken pepeteng ika, nanging sing dajaning sasi, kang mbirat pepeteng ika, mila ta soemangga Adji, gja ngampila djemparing, anitih karéta poepoeh, titihannja Hjang Éndra, noenten papagna kang éblis, gèk oenggoela Sri Naréndra jოდanira.”

**Sang Nata :**

79. „Iki pratjhnèng pratjaja, Hjang Éndra mring djeneng mami, ingsoen roemasa binéda, antoek pahargjan sadjati, noegrahaning Déwa di, ingsoen kinarja tetoenggoel, mbalèni nalar karsa, ingsoen takon daroenaning, dèn pilara Mathavia déning sira.”

**Mâtali :**

80. „Inggih kawoela atoerna, sababé makaten Adji, ingadjeng kawoela mijat, padoeka dahat prihatin, manggoeng poetek ing galih, pramila pangangkah oeloen, moerih ing wedalira, doekané Sri Narapati, dadi sirna sekelé salin salaga.

81. Oepamané ija grama, moeroebé jèn dèn soegoni, oetawi dèn obah-obah, ngaten malih sawer mandi, lamoen dèn ganggoe nenggh, gja ngatonken djènggèripoèn, tan siwah ing mangensa, kekijatané gja bali, lamoen sampoen dèn gegasah manahira.”

**Sang Nata (ngandika òateng Vidushaka):**

82. „Vidushaka mitraningwang, dawoehing Déwa linoewih, tan kena ingsoen ngliwakna, dawoehna mring Nindya-mantri, Piçuna Kjana Patih, kaananing iki maoe, lan dawoehna trang ingwang, bab pangrèhing kawoela Dji, soen woes pasrah mangsa boronga Kja Patya.

83. Soen ngandel mring kasardjanan, kaadilanira Patih, gjanja roemeksèng kawoela. sabab gandéwèngsoen iki, kang wis ingsoen etrapi, warastra pepantjènipoen, toemrap ing lija karja.”

**Vidushaka :**

„Noewoen sandika sang Adji.”

(*Késah*).

**Mâtali :**

„Twan soemangga kréta gja dèn titihana.”

(*Sang Nata ladjeng nitih, sadaja moendoer*).

*Wekasanipoen lampahan ingkang kaping nem.*

**LAMPAHAN INKGANG KAPING PITOE.**

*Sang Nata, Mâtali medali, awahana kréta titihanipoen  
Sang Hjang Éndra napak ing gegana.*

**22. ASMARADANA.****Sang Nata :**

1. „Kasmaran ingsoen nglakoni. dawoehira Sang Hjang Éndra, wondéné prasèngsoen mangké, bareng woes soen lakonana, ing samangkja karasa, kalamoen panggoenggoengipoen, Sang Hjang Éndra marang ingwang.

2. Kang soen anggep ngleloewihi, satemené moenggoeh ingwang, doeroeng mèmper lan gawéné, karja sapélé mangkana, tanpa panjoengga-njoengga, kang mangkéné iki langkoeng, lan moerwaté pakarjèng wang.”

**Mâtali mèsèm temboengipoen :**

3. „Kaoeninganira Adji, saking pangrembag kawoela, mirid sing pangresoelané, katon sang Sri datan rena, doemateng saka-lihnja, inggih poenika Sang Praboe, sapisanira mangkana.

4. Padoeka nganggep pakarti, ingkang linakonon saka, ing Sang Hjang Éndra dawoehé, ikoe sapélé kéwala, tinimbang panjoenggannja, Sang Hjang Éndra dènnja masoeng, panrima lelabetira.

5. Ing kawanteranira Dji, toemrapira Sang Hjang Éndra, panrima waoe tan klebèng, pahargjanira Hjang Éndra, kang toemrap ing Sang Nata, ing bab kekalihé ikoe, malah lir Nata tan nrima."

### Sang Nata:

6. „Matali jwa sira moeni, kang mangkono ikoe ora, dadi pangrasakoe mangké, moeng baé gjaningsoen arsa, ngatonké sih wilasa nira Hjang Éndra linoehoeng, datan ana soen walesna.

7. Tanapi kalanirèki, ingsoen pan arsa pamitan, Hjang Éndra nenggih tjarané, gjanira mangrengkoeh ring wang, toehoe datan koetjiwa, ingsoen pan kinatjèk toehoe, nèng ngarsané pra Djawata.

8. Ingsoen linenggahken moenggwing, singasana adi moelja, djadjar saparo lenggahé, kalawan Sang Hjang Mahéndra, tandya mantòek Hjang Éndra, ngantòeki lawan goemoejoe, mring Jayanta (1) poetranira.

9. Kaja masoeng sasmita ring, poetra Sang Jayanta ika, manawa Sang Hjang karsané, joen matrapké kang samajan, tan dangoe Sang Hjang Éndra, ingsoen dèn enggèni kaloeng, tjènontjèné kang poespita.

10. Mandàra (2) araning sari, tilas kang ingagem ana ing djadja Sang Hjang Éndrané, gandanira maksih kongas, sing gandaning boeboekan (74), tjandana koening marboek roem, ing sapan-paran kontap.

11. Kahoermatan kang linoewih, tan kadoek katoer mring Nata, wit woes terang geng labeté, Ping pinjo swarga keslepak, déning para gandarwa, mangkja hroe Nata kang ngleboer, dinging koekoe Nara-singa (75).

12. Wit saka ikoe marganing, gjan kita joen ngalembana, pamoedji kaloehoerané, Hjang maha Baṭara Éndra, mangkono manèh kita, kang dèn wadjibi karja goeng, woes bisa anetepana.

13. Palasta sampoerna titi, ikoe sababé tan lija, moeng saka kabetjikané, kang akon ija kang matah, ikoe tandané ana, apa Sang Haroena ikoe, bisa ngalahké kwasarja.

(1) Jayanta=poetranipoen Baṭara Éndra, mitoeroet kawroeh Indoe.

(2) Mandàra poenika namaning salah satoenggaling wit-witan ing Kahjanganipoen Sang Hjang Éndra, ingkang anggadhahi kalangkoengan, sekaripoen inggih winastanan sekar mandàra.

14. Pepeteng ingkang nglimpoeti, ing djagat iki sadaja, kalamoen tan sing kwasané, Sang Hjang Soerja kang oematah, doemateng Sang Haroena, kang minangka doetanipoen, toemrapping karétanira.”

### Mâtali :

15. „Kasinggihan dawoeh Adji.

(*Sasampoenipoen karéta loemampah sawatawis tebih, witjanten malih*):

Sang Nata gja kamirengna, dèn priksanana pa kaé, dé misoe-woering asméndra, nganti woes tekan swarga, praptèng Soeralaja ikoe, kahjangan kang inggil pjambak.

16. Woes geder nglandjak swarga di, kotamanira ing karja, tinrima marang Déwané, ingla-ela rinoempaka, déning pra witjaksana, Déwa-Déwaning swarga goeng, sinawoeng tembang araras.

17. Rinipta ing roning oewit, Kalpalata wit soewarga, sinoengging sarwa éndahé ingedjoer minangka wida, konjoh lan tasik-ira, para widadari sagoeng, asméndra pinoedji djaja.

18. Ing djaja kawidjajanti, ingoedanan sekar-sekar, amrik soemebar gandané, ing saparan-paran kongas, binaroeng tetemboengan, ing pangela-elanipoen, oenggoeling asma Naréndra.”

### Sang Nata :

19. „Hèh Mâtali soen awèh wrin, wit saka dahat pangarsarsèngwang noeli tjampoehé, lan Asura moengsoehingwang, ingsoen nganti kaléjpan, kalané moenggah swarga goeng, dalané soen tan kèngetan.

20. Saiki woes tekan ngendi, ing péranganing dedalan — ing angin ing wang awangé.”

### Mâtali :

„Toewan poenika dedalan, angin kang pinaðangan, djangkahira Sang Hjang Wisnoe (76), kang kaping kalih poenika.

21. Ing loeroeng marginirèki, kang angin Parivivaha, gjanira angoebengaké, djantranira lintang-lintang, ana ing kiterannja, temahan paðangé mawoet, soemilak madangi djagat.

22. Ing poendi-poendi waradin, kawradinan sorotira, dé Parivaha anginé, inggih poenika kang oega, njoeroeng ing ilinira, toja lèpèn ing wjat ikoe, kang iliné tjawang tiga.”

**Sang Nata :**

23. „Moelané ija Mâtali, ikoe apan daroenanja, déné badaningsoen kabèh, teroes djroning atiningwang, teka mbandjoer karasa, ajem tentrem ing tyas moengkoel, tan ana manèh rinembag.

*(Ningali dateng rođaning kareta).*

24. Elo géné kita mangkin, kesasar mring dalanira, méga-méga soeprandéné, ingsoen datanpa karasa.”

**Mâtali :**

„Toewan napi kang dadya, tandané kesasar ikoe, ingsoen oega tan karasa.”

**Sang Nata :**

25. „Margané ingsoen oedani, kalamoen kesasar jéka, déné soen weroeh iberé, manoeek Cataka <sup>(1)</sup> poenika, maboer troes antaranja, roedjining rođa krétakoe, apa manèh djaranira.

26. Pasangané kréta iki, palajoené dahat njengka, sabab kapađangan déné, gebjar-goemebjaring kilat, mangkono manèh ija, rođané karéta ikoe, dadi teles jèn mangkana.

27. Wahana karéta iki, loemakoe ngliwati méga, kang ngembeng banjoe oedané.”

**Mâtali :**

„Sang Nata sampoen mèh ndoengkap, doemoegi bawah toewan.”

**Sang Nata (mriksani mangandap):**

„Déné teka katonipoen, anèh temen djagat kita.

28. Saka rikaté plajoening, djaran rakitan poenika, kaja dèn sawatna glisé, oedoen kita kat-rikatan, loemepas lir warastra, anèng dirgantara mamproeng, boeminé kaja toemedak.

(1) Peksi Cataka poenika mitoeroet piandelipoen tetijang Inđoe, gesangipoen namoeng kalihan ngombé toja ing méga.

29. Saka ing poetjaking tjoeri, kang kaja toekoel dadakan, mangkono wit-witan kabèh, kawitané tan katingal, katoetoeapan ronira, moeng katon idjo ngremboejoeng, soewé-soewé gja katingal.

30. Delegé moentjoel sing boemi, kali-kali katonira, moeng nggaler pan tjijoet kabèh, soewé-soewé katon mripat, saja moendak ambanja, katoné mripat boemèkoe, kaja dèn sawat-sawatna.

31. Saka djero amarani, marang kang samja anglajang, moedoen sing dirgantara gé.”

### Mâtali:

„Nata moegi mriksanana, ingkang katon poenika.”

(*Njawang kalihan semoe hoeremat*).

### Sang Nata:

„Boemi kang minoelja loehoeng, pantes lamoen linoehoerna.

32. Panggonan toemitah sami, gjannja nglakoni panandang, begdja klawan tjilakané, toemekèng ari wekasan, hèn Mâtali wroehana, kana kaé ana goenoeng, bebandjengan saka wétan.

33. Mbandjeng dawa mrenggoel saking, sagara kang wétan ika, goenoeng apa ta namané, déné moetahaken toja, lir dèn iling roepanja, oetawa katon pandoeloe, saka kéné anglir méga.

34. Soemamboerat garit-garit, malang noetoepe Hjang Arka, jèn remeng-remeng wantjiné.”

### Mâtali:

Namanja arga poenika, Hemakûta enggènjja, tjébol lan poeng-gawanipoen, Kuvera <sup>(1)</sup> pan Déwanira.

35. Kasoegihan radja pèni, napi malih papanira, pra moersid moengkoel ngèlmoené, gjannja samja tapa brata, ngleloewihi sasama, lah poenika woes kadoeloe, kang tapa memati raga.

(1) Inḍoe = Kuvera, Djawi = Koewéra (Kuwera) poenika Déwaning kasoegihan. Koela mireng para bakoel ing redi Kidoel ingkang teksih anggaga, manawi keleres malem Djoemoewah oetawi Anggara kasih, wonten ingkang mawi memoelé dateng kjai Koewérok, moerih lestantoena gega-dahanipoen, pinten banggi saged mindak andrebala, bokmanawi poenika leresipoen, Koewéra.

36. Risang Kaçyapa soetaning, Mariçi ija poetranja, Baçara Brahma <sup>(1)</sup> dadiné, Kaçyapa ikoe wajahnja, klawan Baçara Brama, Sang Kaçyapa goeroenipoen, para Déwa lan pra sétan.

37. Sang Kaçyapa ing samangkin, noedjoe nggegoelang salira, tapa brata lan rabiné, mesoe boedi mati raga."

### Sang Nata:

„Mâtali jèn mangkana, sadoeroengé ingsoen mbatjoet, soen kepéngin pepanggihan.

38. Ngatonké pangadji-adji-ningsoen marang Sang Kaçyapa, kang mambeg oelah kasoetjèn, pamrihé jwa pisan-pisan, ngliwati kabetjikan."

### Mâtali:

„Kasinggihan dawoeh Praboe, ikoe béboedèn oetama."

*(Sampoén doemoegi ingandap kados ngambah ing siti).*

### Sang Nata éram salebeting galih:

39. „Koepingsoen ingkang toemiling, datan kroengoe swara-nira, roðané kréta oebengé, tan weroeh baledoeg ngampak-ampak moeleg nèng marga, tilasé kang kanggo mlakoe, krétané tan ngambah lemah.

40. Nadyan woes mandeg soen iki, rasané lir doeroeng me-ðak (77), saka dirgantara kijé."

### Mâtali:

„Inggih poenika Sang Nata, tandané bédanira, Sang Hjang Éndra lan Sang Praboe, kedah gèsèh kang prabawa."

### Sang Nata:

41. „Mâtali endi enggoning, pratapanira Kaçyapa."

### Mâtali (kalihan noedingi):

„Ngrika poenika Pamasé, pratapan kang katon ika, enggoné Sang Kaçyapa, martapa nganti makoengkoeng, tanpobah lir toe-goe séla."

(<sup>1</sup>) Inðoe: Brahma, Djawi: Brama.

42. Ngarepaké Sang Hjang Rawi, moekanira katawangna, mring Sang Hjang Arka panasé, badané koeroegan marang, oen-  
toeking semoet abang <sup>(1)</sup>, djadjanira kang manoengkoe, kesam-  
piran ing gragasan.

43. Koelitira sawer mandi, djanggané kang mangoen tapa, pinoelet-poelet gragèhé, rerambatan lir anakak, djanggané tan rinasa, ramboeté ngréjab doemoenoeng, ing poendak lan kaèbekan.

44. „Soesoeh manoeek tjilik-tjilik.” (78)

### Sang Nata :

„Koela noewoen Sang martapa, soen ngatoerken poedyardjané, marang kang ambek santosa, mantep manggoeng soetapa, tan kégoeh kèhning pakéwoeh.”

### Mâtali (kalihan njepengi elis):

„Kawoeningana Sang Nata.”

45. Ratoe goeng memajoe boemi, lah poenika pratapannja, ladjéré kang noeroenaké, pan nganti woes katoewoehan, ing wit mandara kaja, ingkang nandoer garwanipoen, Sang Aditi namanira.

46. Papan ing panggonan soetji, enggonirèng katentreman, karahajon sajektiné (79), nglankoengi Èndra-boewana, dé rasaning wakingwang, tan paé pan kadi adoës, ana ing tlagà Amrita (80).

47. Teka seger ajem ngriki.”

### Sang Nata :

„Hèh Mâtali saikinja, apa kang dèn karepaké, lah sira énggal toetoera, pa manèh kang kinarja, ingsoen slak kepéngin weroeh, apa kang pantes soen priksa.”

### Mâtali :

48. „Kawoela noewoen Sang Adji, kawoela badé toemedak, karéta woes soen ndegaké.

(1) Poenika siti oen-toeking semoet, ingkang inggilipoen asring ngantos doemoegi 12 kaki.

(Ladjeng moedoen).

Mangga mijos ngriki Nata.

(Andoemoegèkuken lampah sawatawis).

Kapriksanana ika, pra Reshi pratapanipoen, singer wingit katonira."

### Sang Nata:

49. „Ija njata toerirèki, ingsoen dahat goemoen ing tyas, andoeloe kaja mangkéné, alas kinarja pratapan isiné moeng wit-witan, adi-adi karja goemoen, kèh wit-witan pangéraman.

50. Déné pratapan di loewih, mangka para mangoen tapa, moeng angin mangka pangané, prijé déné teka malah, netepi pakonira, lajang soetji bisa adoés, ing banjoe wening kaliwat.

51. Déné kang sinawang aming, soroting sarining kembang, koemoeda lir mas prabané, para ingkang mangoen tapa, lamoen ngeningken tjipta, linggih palinggihanipoen, watoe geng roepané moelja.

52. Winangoen saklangkoeng asri, ginawé mrih adinira, soepaja sengsem kang manggèn, nadyan mangkono tan bisa, pra widadari swarga, kang ajoe lwih gawé goegoer, mring kang mamrih kasampoernan.

53. Pra tapa lijané nenggih, ana kang mesoe boedaja, sarana sinakitaké, awakira dèn pilara, saka kentjenging lampah, kéné iki ingsoen goemoen, papané winangoen pélag.

54. Djaré dimèn anemeni, krasan sengsem mesoe boedya, kalamoen asri papané, moerih katekaning sedya, kang doewoer ginajoeha."

### Mátali:

„Ikoe pan woes mastinipoen, sedyaning para martapa.

(Andoemoegèkaken lampahipoen kulihan ngoewoeh):

55. Hèh leh Çakalya sirèki, wong toewa ingsoen tetanja, lagja pa kang kinarsakké, Sang Pinandita Kaçyapa, kaprijé toetoerira, apa ja kanða kalamoen, lagi memoelang garwanja.

56. Lan pra garwané pra Reshi, winoelang ing tatanira, pra èstri kawadjibané, ingkang soesatya oetama, marang ing lakinira, wit saka pambondjèngipoen, Dâxâyani (¹) garwanira."

### Sang Nata (mirengaken):

57. Ija soepajané manggih, kang dadi pamboekanira, kaana-ning kéné kijé, koedoe angentèni mangsa, wektoenira kawahja."

### Mâtali (njawang dateng Sang Nata):

„Sang Nata moegjarsa loenggoeh, ing ojoding wit atçoka.

58. Ingsoen arsa angentèni, ndoengkapé mangsa prajoga, kang panoedjoe lan wektoené, gjaningsoen arsa pratéla, pang-gihira Sang Nata, nenggih klawan goeroenipoen, Sang Maha Baçara Èndra."

### Sang Nata:

59. „Ingsoen manoet ing sirèki, ing sapatmrajoganira, kaprijé moenggoeh betjiké, saka ing pamikirira."

### Mâtali:

„Sang Nata koela mangkat."

(Késah).

### Sang Nata (ing galih kados priksa sasmita) temboengipoen:

„Hèh lengen obahmoe ikoe, kedoeten datanpa karja.

60. Sasmitanira tan dadi, ingsoen woes tan ngarsa-arsa, praptané kabéragané, kabegdjan kang woes soen doewa, ing rikala samana, ingsoen teka lagi noedjoe, kadereng tanpa pikiran.

61. Kabegdjan samengko dadi, kasoeshan kang soen sandang."

### Soewara kemirengan saking djawining tonil:

„Adja nakal sira anggèr, apa botjah iki mangkja, woes katon watekira."

1). Dâxâyani poenika soetanipoen èstri Daxa, inggih rangkepaning namanipoen Aditi: rabinipoen Kaçyapa.

**Sang Nata:**

„Iki doedoe enggonipoen, wong nandoekké kanakalan.

62. Panggawé kang tan mantesi, sapa kono ingkang angsal, oekoeman ing sapantesé.

*(Mariksani dateng panggénan sangkaning soewara kalihan mèsèm):*

Hèh ikoe anaké sapa, oetawa botjah apa, ingkang dèn toetaken mlakoe, déning wadon ing pratapan.

63. Pasemoné lir tan kadi, loemrahé botjah kang kajah, oetawa lahir batiné, ing semoe tan mbotjahana, dolanan gogor singa-barong ingkang mentas noesoe, lagi wareg saporonja.

64. Mangka demen ganggoe kardi, ambebéda gogor singa, djinambak-djambak soeriné, kang gogor anggereng béka.”

*(Ingrikoe ketingal wonten larénipoen satoenggal dolanan anak singa-barong, sarta laré èstri kekalih momong laré djaler waoe).*

**Laré djaler:**

„Hèh hèh mangapa singa, sadéla baé soen ajoen, ngétoeng kèhing oentoenira.”

**Salah satoenggaling laré èstri:**

65. „Sira nakal tanpa boedi, généa sira mbebéda, kéwan kang loemrahé kéné, inganggep lir anak kita, ikoe banget tan jogja, pa sira bandjoerken noetog, tang jogja kadadéannja.

66. Pantès baé para Reshi, sira sinoengan peparab, Sarvada-mana woes manggèn.”

**Sang Nata:**

„Ingsoen goemoen ing tyas ingwang, apa sababé baja, déné soen teka kelangkoeng, tresna mring laré poenika.

67. Ndadak tresna lahir batin, déné lagi wroeh samangkja, tresnèngsoen woes kadi déné, atmadjaningsoen prijangga, sababé

„bokmanawa, déné seen tan darbé soenoe, gampang karasaning drija.”

### Laré èstri satoenggalipoen:

68. „Hèh kalamoen gogor iki, sira tan arsa ngetjoelna, pasti singa-barong mbokné, bakal noebroek marang sira, mara gé noeli tjoelna.”

### Laré alit (mèsem):

„Elo déné wedi akoe, akoe wedi jèn minangsa.”

*(Ngatingalaken lambénipoen ngandap).*

### Sang Nata:

69. „Saka ing pandoega mami, botjah ikoe kadoenoengan, widji kakijatan gedé, geniné isih mangangah, kaja mawa tan pedjah, mgentèni soegoné kajoe.”

### Laré èstri ingkang satoenggal:

„Hèh botjah noeli etjoelna.

70. Singa-barong tjilik gèk wis, ta wong bagoes gé etjoelna, taknèhi dolanan sédjé.”

### Laré alit:

„Endi ta énggal wènèhna.”

*(Kalihan moeloengaken tanganipoen).*

### Sang Nata:

„Lo géné botjah ika, teka doewé tandanipoen, ratoe geng mangrèhké djagat.

71. Dé tangané botjah iki, kang dèn moeloengaken ika, joen nampani dolanané, daridjiné nganggo radjah, samboeng lan pèk-èpèknja, kaja djala-djala moenggoeh, roepané tan paé kembang.

72. Koemoeda kang ing djro maksih, mingkoep rapet tan katingal, sing djaba moenggoeh isiné, nging meksa nrontong katingal, sing sela-selanira, palekahanirèng santoen, soemrot prabaning rina.”

**Laré èstri satoenggalipoen :**

73. Hèh Suvrata botjah iki, teka ija ndimer tenan, ora kena den élikké, kang ngemoengké srana oetjap, moerih lèrèn gjanira dolanan singa nakipoen, sira gé noeli menjanga.

74. Ngomah kaé ana nenggih, merak lempoeng sesoenggingan, gadahané poetoet laré, Mårkandeya ingkang gadah, djoepoeken mréné sigra."

**Suvratá :**

„Ja betjik noeli soen djoepoek."

(*Késah*).

**Laré alit (teksih dolanan anak singa-barong) :**

Soen maksih arep dolanan."

(*Ngingetaken datang laré èstri pamomongipoen kalihan nggoejoe*).

**Sang Nata :**

75. „Ingsoen teka andoewèni, rahab marang botjah ika, ingkang dolanan anaké, singa-barong kéwan galak, matiri marang botjah, déné teka nikmat èstoe, toemrapé wong kang toek njawang.

76. Marang anaké pribadi, mangka kroengoe tjatoerannja, isih tjléwa-tjléwo déné, tjédalé pan doeroeng ilang, malah nje-dakké manah, apa manèhé kalamoen, botjah dolan ikoe moenggah.

77. Anèng pangkon andreseli, kaja golèk pandelikan, iba boe-ngahé bapakné, kena ngoegoeng sakarepnja, nadyan bledoenging botjah, ija karja regedipoen, ikoe ora dadi ngapa."

**Laré èstri :**

78. „Botjah iki tan mradoeli, hé-é banget goemoeningwang, teka datan ngéstokaké, doemateng ing pakoningwang, pa kéné ana botjah,

(*Ningali kiwa tengen*).

poetoet ing pratapan ikoe,

(Soemerep Sang Nata).

doeh toewan Sang witaradya.

79. Koela atoeri noeloengi, ngoewalké gogoring singa, saka ing padolanané, laré poenika kang datan, pisan poeroen nge-tjoelna."

**Sang Nata (moeroegi laré kalihan mèsèm):**

„Hèh, botjah anaking wikoe, mara gé sira etjoelna."

80. Généa patrapmoe mangkin, anerak laranganira, pra Reshi ing kéné kijé, sira karja koesoedira, pakartyardjaning bapa, rak adja mangkono ikoe, tan betjik dèn lakonana.

81. Panggawé soetji pritoewin, kabetjikaning soedarma, sira regedi mangkéné, tan paé kajoe tjandana, rinoesak amboenira, déning sarpa mawa ratjoen, sarpa lit ireng roepanja."

**Laré èstri:**

82. „Toewan kang karsa nggapjaki, manis tandoeking witjara, koningana sira mangké, laré kang nakal poenika, pan dédé soetanira, Reshi oetawi mah Wikoe."

**Sang Nata:**

„Ikoe ija woes katara.

83. Nitik patrapira nengguh, tan béda karo roepanja, nanging kang soen piriid kijé, moeng karo panggonanira, déné anèng pratapan, panggonaning para Wikoe, pantesé anak panđita.

(Sang Nata mitoeroeti ing panoewoenipoen laré èstri, sasampoenipoen anggepok dateng laré, angoenandika ing galih).

84. Déné rasèng tyassoen mangkin, teka ajem iki apa, sababé déné mangkéné, saploké ingsoen oeninga, lan nggepok botjah ika, tyasingsoen tentrem kalangkoeng, saiba ingkang noeroenna.

85. Kalamoen wroeh botjah iki, oraa nikmat sanjata, ija rasané atiné, ingsoen baé ingkang datan, gepokan sanak kadang, géné mangkéné rasèngsoen, kaja soen bopong-boponga."

**Laré èstri (gentosan njawang dateng Sang  
Praboe saha dateng laré alit):**

86. „Njata goemoen akoe iki, goemoenkoe goemoen temenan.”

**Sang Nata :**

„Wanodya karepmoe prijé, tjatoermoe mangkono ika, ingsoen tan bisa tampa, tan mangerti ing karepmoe, mara sira blakanana.”

**Laré èstri:**

87. „Déné goemoen ingsoen maksi, warniné laré poenika, lan padoeka teka djiblès, tan mawi wiwang sarikma, oetawi malih mangka, pjambaké tan naté wanoeh, mring toewan tan mawi ringga.”

**Sang Nata (kalihan ngeloes-eloe laré):**

88. „Kalamoen botjah poeniki, doedoe soetaning wran tapa, gèk toeroené sapa baé.”

**Laré èstri:**

„Laré poenika tedaknja, Sang Puru kang kasoetra.”

**Sang Nata (ngoenandika):**

„Elo jèn mangkono ikoe, dadi toenggal trah lan ingwang.

89. Moelané pawèstri iki, kanða larékoe roepanja, mèmper ingsoen satemené, mangkéné poenaginira, trahing Paurava ingkang, wekasan pan oengelipoen: Sapa roemijin kang tatya.

90. Ngedaton ing poera adi, rinengga leuwih minoelja, perloe mangrèhké djagadé, nanging tembé bakal ana, kang mangoen tapa brata, milih panggonan wana goeng (81), ngloewihi kaðaton moebjar.

91. Ojod wit-witan kinardi, bebantal gegoelingira, mèh minangka kekasoeré, angloewihi kadjang sirah, soetra memak isinja, boeloe-boeloe kang lwih aloes, sakétja nggepok mestaka.

92. Kasoer tjoekèn kang kinardi, ðamas moerni tilamira, soetra pepilihan mangké, tinilar ngloegas salira, tan tolih mring kamoeljan.

(Késah).

moeng iki doedoe nggonipoen, wong ingkang teka wit saka.

93. Panggawénira pribadi."

**Laré èstri:**

„Kasinggihan dawoeh toewan, iboenira botjah kijé, ingkang magepokan sanak, satoenggiling apsara, woes nglahirké botjah ikoe, wonten papan kasoetjjan.

94. Anenggih ngriki poeniki, kahjanganja goeroenira, para Déwa soejoed kabèh."

**Sang Nata (pangoenandikanipoen):**

„Lah iki nalar pinðonja, kang karja padang ing tyas.

(Sora).

wèh pangarep-arep loehoeng, saha asmané Sang Nata.

95. Kang anggawa ikoe èstri."

**Laré èstri:**

„Sinten tijang kang poeroena, njrijosken nenggih namané, ingkang woes njébratken garwa, garwanira kang apсах."

**Sang Nata (panglotjitaning galih):**

„Pitoetoer ikoe saèstoe, toemrap marang djenengingwang.

96. Jèn mangkono ija betjik, soen takonané aranja, iboenira botjah kijé, lah betjik wis ora sida, krana datan prajoga, tan pantès amiloe-miloe, mring bodjoné oewong lija."

**Laré èstri ingkang mendet pepeñan merak saking lem-poeng sinoenggiling sampoèn wangsoel, laré èstri ingkang satoenggal:**

97. „Sarvadamana lo iki, gé delengen iki apa, Çakunta apik temené." (82).

**Laré alit ningali dateng poendi-poendi:**

„Iboekoe endi toedoehna, na ngendi iboeningwang."

**Laré èstri kalih pisan:**

„Botjah ngarep-arep iboe- nira déning noenggal swara.”

**Laré èstri satoenggilipoen:**

98. „Noenggal oenining kang nami, marganing kliroe pamjarsa, dadi nakokké iboené. Botjah bagoes wis menenga, maoe-kaé toetoernja, iki lo dolanan loehoeng, merak lempoeng kang-kinarja.”

**Sang Nata (tjiptaning galih):**

99. „Apa Cakuntâlâ iki, djenengé iboening botjah, éwadéné akèh baé, djeneng kang maða oeninja, apa ta oenggjanira, ngarani djenengé ikoe, moeng karja katjelikingwang.

100. Kaja reroepan wijati, wewajangan kang katingal, nèng-ðoewoer tanpa njatané.”

**Laré alit:**

„Bibi manjoera poenika, apik banget roepanja, akoe demen bibi ikoe, endi tak-nggoné dolanan.”

**Laré èstri ingkang satoenggal (ningali semoe koewatos):**

101. „Lo gelangé maoe endi, gelang ontjèn-ontjèn kembang, kang ana ing gel-oegelé, minangka ing toembalira, sakèhiring-piala.”

**Sang Nata:**

„Wis adja watir sirèkoe, gelang ontjèn-ontjèn tiba:

102. Nalikané botjah iki, dolanan anaking singa, tiba ana ing sandingé.”

*Sang Nata kapareng badé moendoet.*

**Laré èstri kalih pisan:**

„Sampoén toewan jwa mendetna, elo géné tan sraba, gelangé-bandjoer didjoepoek, kagepok ing ngastanira.”

(Laré kékalih sami sawang sinawangan, kalihan sidakep goemoen ing manah).

### Sang Nata:

103. „Apa sababé poeniki, déné ingsoen tjinandetan, moeng ndjoepoekké gelang baé.”

### Laré èstri ingkang satoenggal:

„Doeh twan kang langkoeng koewasa, glang tjèn-ontjèn poenika, saking ing toekoelanipoen, Aparâjita <sup>(1)</sup> minoelja.

104. Dajanira goeng njawabi, paringira Sang minoelja, Sang Kaçyapa Pañditané, nalika njlameti botjah, iki doek kalanira, mentas lahir lijanipoen, bapa lan iboe prijangga.

105. Datan kénging mendet saking, siti anggepok poenika.”

### Sang Nata:

„Lah lamoen ana wong ljané, ingkang andjoepoekké ika, kaprijé woesanaja.”

### Laré èstri ingkang satoenggal:

„Ladjeng dados sawer ampoeh, njakot kang nggepok poenika.”

### Sang Nata:

106. „Apa wanodya sirèki, woes taoe wroeh njatanira, malihé mangkono koewé.”

### Laré èstri kalih pisan:

„Sampoeh langkoeng sing sapisan.”

### Sang Nata (bingah ing batos):

„Apa tan pantes boengah, jèn woes trang mangkono ikoe, njata lamoen woes katekan.

107. Katoeroetan ing pangèsti, panoewoeningsoen ben dina, woes kaboel dina samangké.”

(1) Aparâjita = kang tegoeh, kang ampoeh.



(*Laré alit ladjeng dipoen arasi*).

**Laré èstri satoenggalipoen:**

„Suwrata majo gé pada, ngandakké Çakuntâlâ, kang anggoeng sinaoe mesoe, boedi ngeningaken tjipta.

108. Ngandakké lelakon iki.”

**Laré alit:**

„Bibi akoe sira tjoelna, rep marani iboe déwé.”

**Sang Nata:**

„Anakoe katresnaningwang, majo pada barengan, ngandoemi slamet iboemoe, karo akoe bapakira.”

**Laré alit:**

109. „Bapakkoe doedoe sirèki, bapakingsoen Sang Dushyanta.”

**Sang Nata (mèsem):**

„Padoenira botjah kijé, saja ngandel rasaning tyas, dèn soen katekan begdja.”

**Çakuntâlâ amedali, rikmanipoen kaklabang <sup>(1)</sup>  
oetawi kaoekel boten kaoré (83).**

„Saiki bareng soen kroengoe, toembalé Sarvadamana.

110. Teka ija datan malih, aroepa taksaka wisa, isih tetep ontjèn-ontjèn, mangka datan kena ora, beneré malih sarpa, ingsoen woes moepoes pastikoe, kramaté woes tanpa dadya.

111. Éwadéné lamoen mirid, Sānumati kandanira, kalamoen ana èmperé, ija betjik soen sarèhna, ajwa kesoesoe ing tyas, sapa wroeh begdjaning manoes, kinanṭi sihing Soeksmana.”

23. KINANṬI.

**Sang Nata (njawang dateng Çakuntâlâ):**

1. „Lah kaé apa garwèngsoen, Çakuntâlâ woes pinanggih, kang ngadeg nèng kana ika, sarwa klawoe kang koelambi, koeroe katoning salira, oedjawala nglajoeng nglelentrih.

(<sup>1</sup>) Pratanḍaning soesah.  
Serat Kálidásá.

2. Sing tjegah bodja lan toeroe, rikmanja dèn klabang pèni, mantep ing poenaginira, gjannja nglakoni prihatin, jèkoe garwa kang soesatya, déning pinisah lan laki.

3. Kang klèdeng ambek tan aroes, téga njébrataken rabi.”

**Çakuntâlâ (ningali dateng Sang Nata ingkang katingal poetjet wadananipoen, déning panandang prihatos):**

„Wran ikoe tan na èmpernja, kalawan ing garwa mami, sapa baja oewong ika, kang dahat anenadjisi.

4. Ngregedi mring anakingsoen, déning ginepok wong koewi, sanadyan woes tinoembalan, nganggo djedjimat linoewih.”

**Laré alit (moeroegi iboenipoen):**

„Iboe oewong ikoe sapa, ingkang angarani siwi.

5. Ngoendang anak mring djenengkoe, klawan ngrangkoel-ngrangkoel mami.”

**Sang Nata:**

„Doeh garwa kawroehanira, sira ingkang soen tresnani, nadyan soen nandoekken sija, wondéné pan dadi betjik.

6. Kalamoen sira wong ajoe, oewis datan mawi pangling, marang poen kakang poenika, saiba senenging ati, ngoengkoeli manggih sesotya, tjilik Himalaya ardi.”

**Çakuntâlâ:**

7. „Géné tab-taban atikoe, sarèha ati dèn ririh, tibaning takdir samangkja, kang tan ardja woes ngloengani, ingkang betjik nekanana, woes tjedak toemekèng ngriki.

8. Soen antoek pangapoera goeng, sing Déwakoe kang linoewih, ija ikoe garwaningwang, garwèngsoen kang dadi ati, élok temen karsaning Hjang, ingsoen tan ngira sajekti.

9. Kalamoen bisaa panggoeh, djeboel oewis praptèng ngriki, wijahèning oewong lanang, jèn tinilar anggòlèki, géné kala pinaranan, patrapé nganggo njenjengit.”

**Sang Nata:**

10. „Doeh-doeh nimas pepoedjankoe, sira wong koening an-danding, apoeranen loepoetira, poen kakang ingkang wis-oewis, mangkja kari boengahira, ingsoen woes éling lir ngoeni.

11. Doek katemoe lan sirèkoe, ana ing pratapan wingit, samangkja nir kang tjandala, moeng kari tresnakoe jaji, mring sira pepoedjan koela, wong ajoe jang-jangng boemi.

12. Samangkja apan woes laroet, pepeteng'ingkang nglimpoeti, dadi padang tarawangan, élingkoe wimboeh saketj, malah datanpa wilangan, moeng sira kang dadi ati.

13. Petenging imarda laroet, késisan maroeta midit, soemilak kang rawismara <sup>(1)</sup>, trawangan pindanja kadi, pamoring Rohini (84) klawan, sasudara doek kala wis.

14. Mentas grahana poenikoe, padangé katon aloewih <sup>(2)</sup>.”

**Çakuntâlâ:**

„Koela ngatoerken poedyardja, sesanti djaja-djajanti, katoer toewan garwa koela.”

*(Kalihan ngampet wedaling waspa).*

**Sang Nata:**

„Ja ingsoeng tarima jekti.

15. Doeh nimas katresnaningsoen, ingsoen ija oenggoel jekti, sanadyan wedaling waspa, menggak wahjanira nenggih, temboeng ingkang sira oetjap, memoedya joe mring soen iki.

16. Ingsoen woes tampi karepmoe, wong ajoe nawoeng me-manis, nadyan katoning wadana, ing laji atjloem kepati, saka ing prihatinira, dadakan woes katon doemling.”

**Laré alit:**

17. „Iboe-iboe sapa ikoe, kang tjatoeran lan sirèki.”

**Çakuntâlâ:**

„Takona mring takdirira, doeh anakkoewong asigit.”

(<sup>1</sup>) Rawismara = langit, zie Dasanama kawi, van Winter.

(<sup>2</sup>) Mriksanana katerangan 84.

**Sang Nata (ngroengkebi soekoenipoen Çakuntâlâ):**

„Doeh wong ajoe kang soetresna, biraten soesahmoe goesti.

18. Soesahé doek kalanipoen, sinébrataken mring laki, kodenging tyasingsoen kliwat, woes ilang datanpa éling, samana peteng tyasingwang, warnanta tan klebèng ati.

19. Sakèhira kang kalakoe, dèk samana woes tan éling, moenggoeh ta sababé apa, ingsoen oega tan mangerti, samana tekan kabegdjan, teka malah ingsoen tampik.

20. Dahat kablinger tyasingsoen, peteng pinðanira kadi, wong pitjak sinawat kembang, ontjèn-ontjèn dèn wastani, ketiban taksaka wisa, dipoen kipataken gelis.”

**Çakuntâlâ:**

21. „Djoemenenga garwaningsoen, sababé mangkono nengghì, tindakingsoen dèk samana, pasti soelaja sajekti, kalawan tata trapira, kaoetaman temah dadi.

22. Tan jogja ingkang pinangoeh, ngantos ingsoen tampi tjobi, toewan soepé mring kawoela, mangka adatira betjik, aloes lembah galihira, temahan sengit ring mami.

(*Sang Nata djoemeneng*).

23. Mangké napi sababipoen, teka toewan saged èling, doe-mateng ingsoen wran papa, tjintaka kesakit-sakit.”

**Sang Nata:**

„Nimas jèn saloesoebira, kang karja laraning ati.

24. Oewis katjopot saèstoe, sigra sira soen kandani, samana soen weroeh sira, waspanira adres midjil, ting parentoel lir moetyara, toemètès tiba sing pipi.

25. Soeprandéné ingsoen weroeh, soen tégakaké sirèki, soen wentala nampik sira, wanodya jang-janging boemi, samangké dèn lilanana, poen kakang ndadak ngoesapi.

26. Alon-lonan waspanipoen, kang tjoemantèl anèng tibing, marentoel pinðanja kadya, sesotya sinarawèdi, doemeling gilang-goemilang, mara ja nimas wong koening.

67. Ja nimas ija njawakoe, tontonen poen kakang mangkin, woes samekta oesap asta, soetra aloes ajwa nganti, akarja sa-kiting nétra, moeloenga nimas soen sapi.

28. Saḍeganira (1) wong ajoe, soen sanggané dridji kalih, djempolan panoedoehingwang, moeng poetjoeké kang ngenani, alon baé ija njawa, bèn ilang pidoewoeng mami.

29. Kang sadina-dina manggoeng, doepi ingsoen sampoen éling."

*(Ladjeng alon-alon ngoesapi waspanipoen Çakuntâlâ. Çakuntâlâ soemerep Sang Nata ngagem soepé ingkang kaparingaken roemijin. saladjengipoen katjemploeng ing lèpèn):*

### Çakuntâlâ:

„Lo toewan garwa kawoela, géné poenika li-ali, kang roemijin tibèng tirta, woes itjal datanpa lari.

30. Géné djeboel woes katemoe."

### Sang Nata:

„Ija jaji woes kepanggih, saploké iki kepanggja, kaèlingansoen pan oegi, bali kaja waoenira, éling mring sira poeniki."

### Çakuntâlâ:

31. „Poenika soepé tan moenggoeh, déné tan gelem pinanggih, kalanira toewan minta, kang pratandja marang mami, leres tanapi lepatnja, pangakeningsoen roemijin."

### Sang Nata:

32. „Mangkonwèkoe paminipoen, wit-witan marambat jèki, bisanira doewé kembang, manèh ikoe apan dadi, pratandaning karakteretan, lamoen mangsané nekani."

### Çakuntâlâ:

33. „Mangké ingsoen tan anggoegoe, tan pratjaja malih-malih, marang sesoepé poenika, praptèng endon mbaléndjani, soemangga kagem kéwala, toewan pjambak garwa mami."

### Mâtali medali, witjantenipoen:

34. „Begdja temen Sang Apraboe, antoek sawabing Déwa di, déné woes koempoel garwanja, manèh lan priksa mring siwi."

(1). Ing Ngajogjakarta temboeng saḍegan, kanggé ing krama inggilipoen: djanggoet Ing Soerakarta ketekan K. I. zie Warnabasa Padmasoesastra bldz. 212. lan P. Jansz Wdb. 1892 bldz. 142.

**Sang Nata:**

„Pangarsa-arsèngsoen apan, woes katekan kang sajekti.

35. Hèh Mâtali mitraningsoen, apa kang kalakon iki, apa Hjang Éndra woes priksa.”

**Mâtali ngoedjiwat:**

„Koningana doeh Sang Adji, pra Déwa sami waskiṭa, wroeh sabarang ingkang roengsit.

36. Soemangga Sang maha Praboe, Kaçyapa Sang maha Reshi, apan sampoen nglilanana, padoeka badé kapanggih, Sang Maharshi rena tampa, padoeka dipoen atoeri.”

**Sang Nata:**

37. „Çakuntâlâ garwaningsoen, anak kita sira kanti, tjekelana astanira, ingsoen ngetoetken ing woeri, sira irid ngadep risang, Pandita kang mangoen tèki.”

**Çakuntâlâ:**

38. „Kawoela rikoeih saèstoe, sesarengan garwa mami, ngadep mring ngarsèng Pandita, kang ambek olah kasoetjin.”

**Sang Nata:**

„Apa djroning nemoe begdja, tatatjara dèn tetepi.

39. Ajo mlakoea wong ajoe, disika jwa nganggo isin.”

*(Ladjeng loemampah. Gantos wewarnèning tonil, Sang Pandita Kaçyapa sarta garwanipoen Sang Aditi lenggah ing palenggahan inggil).*

**Sang Kaçyapa (moelat<sup>1</sup> dateng Sang Nata):**

„Poetrinira Daxa sira, iki lo Sang djajèng boemi, wong menang déning kwanteran, ja iki tjoetjoeking djoerit.

40. Pan dadi pangarepipoen, pabarisan nakirèki Sang Dushyanta asmanira, ratoening djagad sakalir, kawasaning gandéwanja, satoehoe ngoengkoel-oengkoeli.

41. Nganti Hjang Éndra tan ajoen, namakké tatah wraspati <sup>(1)</sup>, minangka gegamanira, moeng kanggo kaprabon mangkin."

### Aditi:

„Wataké oewis katingal, anèng pasoejanirèki."

### Mâtali:

42. „Koninganira Sang Praboe, wran sepoeh kalih poeniki, soedarmaning pra Djawata, samja ragi nganggep Adji, kadjođeran ing katresnan, marang poeiranira nenggih."

### Sang Nata:

43. „Mâtali apa ja ikoe, wran kadwi tedakirèki, Sang Marici klawan Daxa <sup>(2)</sup>, toeroening Hjang Brahma nenggih, pinisah kaselan sanak, sadjoega kang anjelani.

44. Apa ikoe kang kawoewoes, djaré toemrapping pra Reshi, mangka dadi sababira, soroting srengéngé dadi, pinara rolas samangkja (85), oetawa ikoe soedarmi—

45. Nira Hjang Éndra linangkoeng, kang maréntah djagad katri, ijèkoe ing tri boewana, apa ikoe kang ingambil, soedar-mwangkat déning Sang Hjang, Wisnoe Batara linoewih <sup>(3)</sup>.

46. Ngloewihi Brahma Déwa goeng."

### Mâtali:

„Kasinggihan pandika Dji."

### Sang Nata ngabekti temboengipoen:

„Ingsoen kawoelaning Éndra, Dushyanta djedjoeloek mami, ngatoeraken bektiningwang, katoer padoeka kekalih."

### Kaçyapa:

47. „Sang Dushyanta poeiraningsoen, soen pepoedji sira Adji, pandjanga ing joeswanira, toetoega memajoe boemi."

<sup>(1)</sup> Tatah wraspati = tatah wrahaspati = donderbeitel.

<sup>(2)</sup> Daxa = bapakipoen Aditi, Marici = bapakipoen Kaçyapa. Daxa lan Marici poeiranipoen Brahma.

<sup>(3)</sup> Wisnoe = Indoe Vishnu.

**Aditi:**

„Ingsoen oega amemoedya, ring sira poetrèngsoen Adji.

48. Lestaria oenggoelipoen, djaja-widjajèng adjoerit, tanpa na ingkang ngalahna.”

**Çakuntâlâ:**

„Kawoela nenggih Sang Jogi, kalawan atmadjaningwang, anga-toerken pangabekti.”

49. Katoer sakalihanipoen.”

**Kaçyapa:**

„Ija soen trima nak mami, ja sarèhning garwanira, apan wig-nja njenjamèni, lan Éndra Ratoening Déwa, lan soetanira mađani.

50. Jayanta Hjang Éndra soenoe, sira soen pepoedji sami, lan garwanira Hjang Éndra, (1) tan na manèh kang mantesi, pamoedjwèngsoen marang sira, moeng ikoe oewis njoekoepi.”

**Aditi:**

51. „Soetèngsoen wadon sirèkoe, pamoedjwèngsoen namoeng iki, moega-moega sira tanpa, pangadji-adjining laki, soetanira moega-moega, dawaa oemoerirèki.

52. Majo agé pađa loenggoeh.”

(*Ladjeng sami lenggah angoebengi Sang Pañđita*).

**Kaçyapa anoedingi satoenggal-satoenggalipoen:**

„Pangèstoeningsoen toemrap ring, Çakuntâlâ lan soetanja, tapani toemrap Sang Adji, pamoring kateloe pisan, ikoe ija saopami.

53. Sidji piandelanipoen, kapindò radja-darbèki, kateloe plangeran (86) rannja, ikoe oewis dadi sidji.”

**Sang Nata:**

„Koningana mah Pañđita, panoewoeningsoen samangkin.

(1) Paulomi.

54. Sampoen tinekanan èstoe, Sang Jogi ingkang nekani, sadèrèngira soen wedar, pan sampoen dipoen toeroeti, ikoe jekti tanpa sama, kalangkoenganira Reshi.

55. Makaten oepaminipoen, ingkang metoe disik sari, jèn woes sekar ladjeng wohnja, saladjengé mateng sami, oepami oedan kang nglempak, ikoe mendoeng kang miwiti.

56. Sadèrèngé djawahipoen, doemawah ngajemi boemi, makaten toeroetanira, prakawis sabab lan dadi nira kaananing donja, kang ingsoen nggèni samangkin.

57. Nanging sawab padoekèstoe, dèrèng ngantos Sang Maharshi, njagahi dateng wakingwang, teka padoeka woes paring, sawab barkah mring kawoela."

### Mâtali :

„Ikoe pakarti Déwa di.

58. Woes anggandjar marang ingsoen, sadoeroengé soen weroehi."

### Sang Nata :

„Koningana Sang Pandita, ingsoen arsa matoer malih, nalika-ningsoen akrama, antoek poetranta poeniki.

59. Mitoeroet ing tjaranipoen, ing para Gandharva nenggih, lami-lami kalampahan, dipoen soesoelken ring mami, kala ikoe ingsoen balak, ingsoen tan arsa ngakeni.

60. Wit saking kasoepèn ingsoen, kodeng ndendeng datanpa wis, mangkono ikoe soen karja, pialaning kadang Reshi, Kanva kang tan kaloepoetan, pan woes ingsoen karja isin.

61. Ing wingking doepjingsoen ndoeloe, satoenggaling ali-ali, ingsoen toemoeli kèlingan, kèngetan waoe-waoening, lelakon ikoe sadaja, èngetaningsoen ndjoer wening.

62. Wangsoel kados waoenipoen, tandya éling ingsoen bilih, woes daoep angsal poetranja, Sang Pandita Kanva nenggih, Sang dyah Çakuntalâ jèka, ingkang woes ingsoen antepi.

63. Kala waoe-waoenipoen, ingsoen dahat tan mangerti, déné élok temen ika, pangrasaningsoen doek ngoeni, kala ingsoen tan kèngetan, ikoe kaja saopami.

64. Wong weroeh liman tan nggoegoe, rangoe dènira mastani, kelamoen liman temenan, sareng soemerep tapaking, liman saweg ngaken soemrap, woedjoedé kang dèn soemrepi.”

**Kaçyapa:**

65. „Doeh Dushyanta poetraningsoen, jwa kadawa kang ginalih, bawoering tyasira datan, saka loepoeting pribadi, soemangga ta dèn mirengna, Sang Nata koela kodjahi.”

**Sang Nata:**

66. „Noewoen inggih maha Wikoe, soemangga koela ajoen wrin.”

**Kaçyapa:**

„Makaten moela boekanja, déné Nata ngantos lali, nalikanira Manaka, toemoeroen prapta ing kali.

67. Kalining Apsara sagoeng, tandya soemerep Sang dèwi-Çakuntâlâ katon soesah, ing manah angres kepati, Çakuntâlâ gja binekta, déning Manaka Sang dèwi.

68. Binektèng kahjanganipoen, tinitipaken Aditi, ikoe saweg ingsoen wikan, mangerti lamoen Sang dèwi-Çakuntâlâ knèng sotira, Durvâsas Sang Nata nganti—!

69. Soepé njélaki Sang ajoe, Çakuntâlâ dèn emohi, saka ing kapanggihira, sesoepé poenika Adji, itjal pangipat-ipatnja, pange-sotira mekasi.”

**Sang Nata (sasampoenipoen oendjal oeswa)  
toemoenten ngandika:**

70. „Jèn makaten Sang Awikoe, ingsoen woes lega ing galih, tan netah badan prijangga.”

**Çakuntâlâ (pangoenandikanipoen):**

„Begdja kamajangan déning, panampiking garwaningwang, mring ingsoen tan tanpa margi.

71. Pan ana djalaranipoen, ingsoen tan éling sajekti, elo ija soen kèlingan, saiki wis ora lali, ingsoen antoek pangesotnja, Durvâsas kala ingoeni.



72. Nanging sing bingoenjing kalboe, déning pinegat Sang Adji, ingsoen tan éling poenika, lah moelané mitra sami, asoeng pamrajogi ring wang, kinèn noedoehken li-ali." (87)

### Kaçyapa :

73. „Çakuntâlâ poetraningsoen, sira woes ingsoen barkahi, sira ajwa pisan-pisan, ngendem sengit djroning batin, doemateng ing garwanira, nadyan garwanira oewis.

74. Sakeliwat sijanipoen, woes téga noençoeng sirèki, wit saka ing dajanira, pangesot pan dadi lali, rehning samengko Sang Nata, woes ènget lir ngoeni-oeni.

75. Namoeng kari betjikipoen, kèhing ala jwa pinikir, binoe-wanga ing sagara, nirmala kari kang betjik, oepama katja benggala, jèn kanggo ngilo sajekti.

76. Kang resik pasti kadoeloe, wewajanganira bali, déné jèn boerek kang katja, wajangané datan kèksi."

### Sang Nata :

„Koningana Sang Pançita, laré poenika kang dadi.

77. Leladjerira trah ingsoen."

(*Kalihan nganti poetranipoen*).

### Kaçyapa :

„Kawroehanira Sang Adji, ing tembéne bakal ana, ratoe goeng mengkoni boemi, ing djagat rat pramoedita, katjakoep angrèh ing Adji.

78. Sang Nata bakal don nglangoet, nitih karéta wijati, anglangkoengi djalaðijan, nganglang ing djagad sakalir, pinoerih ing sagedira, ngratoni pérangan boemi.

79. Péranganira pepitoe (!), soemedya dipoen wengkoni, déné kang ngoetoekken kéwan, ingriki karan samangkin, ijèkoe toekang pameksa, marang anak singa wani.

8: (!) Menggah ingkang kanggé ing ngèlmoe boemi mitoeroet kawroeh Europa, boemi kita poenika kapérang gangsal. 1. Europa, 2. Azië, 3. Afrika, 4. Amerika toewin 5. Australië, déné ing kawroeh Indoe wonten pérangan djagad pitoe, poenika koela njoemanggakaken, koela pijambak boten mangertos. Ing serat-serat Djawi wonten ingkang njeboetaken: djagad pepitoe = de zeven werelden, nanging ing serat Çakuntâlâ kaseboet: de zeven werelddeelen.

80. Ikoë bésoek tembénipoen, bakal roemeksa ing boemi, karaningrat Sang Bharata (88), nama kang pantes pinoedji, pinoendi ingela-ela, para Djawata samja sih."

### Sang Nata:

81. „Panoewoen koela Sang Wikoe, sarèhning kalaning lahir, soetèngsoen poenika ingkang, mangastawa mangéstoni, padoeka pjambak pramila, panoewoen koela samangkin.

82. Moegi ajwa nganti poetoes, sihira malah drewili, sadaja pamoerih ardja, soen pasrah padoeka Reshi, ajwa nganti ketang-gelan; sihira mring ingsoen katri."

### Aditi:

83. „Sang Pañdita rasaningsoen, Sang Kanva inggih prajogi, sinoeng wroeh kaananira, kabèh kang nganti satiti, kalamoen panoewoenira, soetané angkat woes dadi.

84. Katoeroetan sampoen kaboel, Merakâ inggih woes nganti, ing tresnané mring soetanja, rena kalamoen tinoeding, soeng weroeh doemateng Kanva."

### Çakuntâlâ (pangoenandikanipoen):

„Merakâ inggih njagahi.

85. Apan nenggih woes kawetoe, noeroeti paminta mami."

### Kaçyapa:

„Wit saking kawasanira, tapa brata mesoe boedi, eninging paningal datan, kéwran Sang Kanva sakalir.

86. Sang Kanva pašti woes weroeh, anané sadaja iki."

### Sang Nata:

„Jèn makaten Sang Pañdita, inggih tan sanget soemengit, Sang Kanva doemateng koela."

### Kaçyapa:

„Nanging prajogané nenggih.



87. Sinoeng weroeh wontenipoen, kabar boengah kang sajekti, karja marem ing tyasira, Kanva sanadyan woes oening, dimèn karja èsemira, hèn sapa koewi nèng djawi."

### Medali poeŕoet Câlava:

88. „Koela ingkang wonten Wikoe."

#### Kaçyapa:

„Câlava menjanga gelis, metoe napaka gegana, asoeng weroeh mring Sang Reshi, Kanva sinoeng kabar boengah, Çakuntâlâ ingkang oewis.

89. Andarbèni soeta djaloe, woes ingaken kang sesiwi, Dushyanta ingkang pepoetra, Naréndra goeng ambek boedi, woelsing ilang pangesotnja, kang toemrap Dushyanta Adji.

90. Kalimpoeting galih bandjoer, ilang sanalika éling, moertja kabèh kang tan jogja, moeng betjik ingkang pinanggih, dèn noeli mangkata sira, soen poedji sira basoeki."

#### Poeŕoet:

91. „Noewoen sandika Sang Wikoe, inggih koela mangkat aglis."

*(Ladjeng kèsah).*

#### Kaçyapa:

„Poetra koela Sri Naréndra, garwanira toewin siwi, samja nitiha karéta, kagoengané mahdèwa di.

92. Sang Hjang Éndra mitra Praboe, toewan kondoera mring poeri."

#### Sang Nata:

„Inggih Sang maha Panđita, dawoehira soen lampahi, njoewoen pangèstoe padoeka."

#### Kaçyapa:

„Nenggih manggiha basoeki".

93. Anèng òewoer soen poedyajoe, djawah toemiba ngoeripi, sakatahing kang taneman, samja toekoel pada ndadi, narambahi pra kawoela, sami datan kirang boekti.

94. Antoejing barkah margwajoe, oedané ija mbarkahi, Sang Nata pan ngakenana, makaten ikoe wit saking, kamirahaning pra Déwa, kang memoedya joening boemi.

95. Toemoesing galih Sang Praboe, pra Déwa anajogjani, mangajoe-bagja sedyardja, pratanda jèn dèn akeni, apan mawi sesadjia, pratjihnèng sih dèn kawroehi.

96. Moegi toewan kalihipoen, pandjanga joeswanirèki, apan ngantos satoes Juga, sami mamriha lestari, ing kabegdjan kawdwinira, dipoen setya ing pamboedi.

97. Soepaja geng toemoesipoen, gandjaran toewin pamoedjira langit lan pratala, òemawah òawah noemoesi, ing karahardjan sira Nata, soemrambah kawoela Adji."

### Sang Nata :

98. „Noewoen-noewoen maha Wikoe, kasaénan kang soen pamrih, ing sakwasa-kwasa koela, soen boedi jwa nganti lali, angsal barkahing padoeka, Panditamбек sadoe boedi."

### Kacypa :

99. Poetraningsoen Sang Apraboe, poenapa tjihnané malih, toemraping pandjoeroeng koela, kang pantes soen toerken Adji."

### Sang Nata :

„Poenapa malih kang koela, adjeng-adjeng paring Reshi.

100. Gandjaran barkah woes penoeh, éwadéné jèn Sang Jogi, karsa nggandjar malih mring wang, pandjoeroeng ingkang soen èsti, pamoedji kang waoenira, pan dadi pangéling-éling.

101. Mangka parikan liripoen, pralambang ingkang oepami, toemrapira Sang Bharata (89), oengelé makaten inggih, moega-moega Sang Bharata, tansah mboedia ardjanti.

102. Ardjaning kawoelanipoen, kartanira kang nagari, mekara kawroeh kalawan, kagoenan kang makolèhi, ing gesanging pra kawoela, dadi kamoeljanirèki.



103. Kawentar pradja ljanipoen, dadi tetoeladan sami, déné ingkang woes tinitah-aken saking kang sakawit, tinitahaken ma-noengsa, ðoeh Hjang Çiva kang linoewih.

104. Kang maha kwasa sawegoeng, moegi koela dèn loewari, sing toemimbal lahir koela, manggiha kahardjan jekti, antoek sawab barkahira, Sang Hjang Çiva mah pinoendi.

*Sadaja sami késah.*

T A M A T.

## PÈNGETAN KATRANGANIPOEN ANGKA-ANGKA INGKANG MAWI KAKOEROENG ING AKKOLADE (-).

*Mitoeroet babonipoen serat ing temboeng Walandi.*

(1). Mitoeroet tijang Indoe ingkang andjarwani anama Katawema, temboeng: *prasanna* kedah koela waos: *prapanna*. Inggih poenika temboeng ingkang kanggé ing poedjian toemrap badé wiwitipoen, sarta ing wekasaning lampahan ringgit. Mitoeroet saking poenika, tetéla manawi Kâlidâsâ poenika kalebet ing gegolonganipoen tijang ingkang angidèp Çiva, ingkang noenggil ing pangertos akalihan kawroeh Vedânta, bilih ingkang kaidèp poenika namoeng satoenggal Çiva oetawi Rudra, inggih poenika ingkang kaanggep roh soetji ingkang loehoer pijambak, sarta kawastanan kawontenan ingkang loehoer sadjati, inggih dipoen wastani Mahadéwa, inggih poenika: Hjang ingkang maha loehoer oetawi dipoen wastani Içvara, inggih poenika ingkang misésa.

(2). Poenika boeloe-boeloe rerengganing koeda kaetrapaken montjol wonten ing saantawising koeping koeda, kadosdéné ingkang toemrap ing koeda ingkang kanggé ing ajoeda, tetoempakanipoen para wirotama (ridders) ing tanah Europa kala ing djaman kina, ingkang kadamel bobating boentoet lemboe wedalan ing Thibet, inggih poenika ingkang dipoen wastani Yak.

(3). Ratoening djagat oetawi Cakravartin poenika seseboetaning para ratoe sawatawis kala ing djaman kina merboeng, ing nalikanipoen dèrèng wonten serat babad, ingkang katjarijos sampoen neloe-neleokaken andjadjahi ing djagat, ratoening djagat poenika mitoeroet ing serat-serat wonten woloe, ingkang kawastanan sapisan poenika Bharata, poetranipoen Sang ratoe Dushyanta, apatoetan kalihan Çakuntalâ.

(4). Inggih kawastanan Tirtha, poenika lèpèn tjètèk, kènging dipoen sabrangi, déné Somatirtha, poenika lèpèn tjètèk ingkang mawi tetengering pangènet-ènet dateng ingkang nama Soma.

(5). Woh Ingudî, poenika kènging kadamel lisah kanggé ing dilah oetawi kanggé lisah ramboet.

(6). Karaosing kedoet wonten ing mripat tengen, oetawi ing tangan tengen, poenika toemrap ing tijang djaler dados ngalamat saé, adatipoen dados ilapat badé kapanggih katresnanipoen, toemrap ing tijang èstri kosok wangsoel, manawi ing kiwa saé, manawi ing tengen ngalamat awon, badé manggih sandoengan.

(7). Priyamvada, artosipoen: tijang ingkang saged anggoeng-goeng, ngoempak, karsanipoen Sang Nata kanggé njemoni ingkang gadah nama waoe, inggih poenika mitranipoen Çakuntâlâ.

(8). Vanajosini, tegesipoen: padang boelan ing salebeting wana, oetawi ladjeng kasamboet sarta kasèlèhaken dateng pangertos: wewarnèn ing wana ingkang nengsemaken manah, oetawi ingkang memalad drija. Liripoen tetoewoehan Navamâlikâ, poenika dados rabinipoen wit Mango, kadamel oepami déné tetoewoehan Navamâlikâ waoe mrambat sarta moelet ing wit Mango.

(9). Kanva, poenika golonganing trah Brahmana (Brahmaan), saepami iboenipoen Çakuntâlâ waoe trahing Brahmaan (Brahmana) sampoen tamtoe palakramanipoen Sang Nata akalihan Çakuntâlâ boten kénging kaanggep apсах, djalaran Sang Nata trahing satrija (Xatriya) boten kénging imah-imah angsal trahing Brahmana.

(10). Temboeng: tawon (bij), poenika toemrapipoen ing temboeng Sangkrit kanggé namaning tawon djaler, soepados sampoen ngantos ngitjalen raosing pitemboengan, pantjènipoen inggih kedah kanggé temboeng namaning tawon djaler (hommel), ananging sarèhning pangrembag koela temboeng tawon (bij) langkoeng prajogi tinimbang hommel, mila ingkang koela anggè inggih tawon (bij) kémawon.

Kanggènipoen ing pertalan koela temboeng Djawi, temboeng tawon (bij) koela santoeni: bramara, sapada, madoekara, ljali, ingkang tegesipoen: kombang, awit limrahipoen ingkang kanggé ing rerenggan Djawi: kombang, sarèhning boten ngéwahaken soeraosing lelampahan, mila koela pilih nganggé temboeng ingkang tegesipoen: kombang.

(11). Poenika tjaranipoen ngaroeh-aroehi bangsa Brahmana, mitoeroet tata tjara Inçoe, manawi kapanggih kalihan pitepangan sapanoenggilanipoen, poenika ingkang katakèkaken boten bab kasarasanipoen, nanging bab padamelanipoen, toemrap ing satoenggal-toenggaling golongan trah, saweg nindakaken oetawi nggarap poenapa, kados ta: saweg ngarsakaken poenapa, lagi éwoeh apa

Serat Kâlidâsâ.

14

(12). Argha oetawi Arghya, poenika sesegahan dateng tamoe, awarni: toja, kanggé wisoe ing soekoe, asring oegi warni sekoel sarta toja, poenapa malih roempoet Durva, sekar sapanoeng-gilanipoen; bab pasegahan toja kanggé wisoe ing soekoe, poenika sampoen mèh kalimrah ing Azië.

(13). Bangsaning Panḍita oetawi Resi (Reshi) poenika kabédakaken tigang golongan, 1 dipoen wastani: Devarshi (Déwa Resi) Panḍita Déwa, 2 Brahmarshi (Panḍita Brahmana), 3 Râjarshi (Ratoe Panḍita), para mangoen tapa poenika kagolong dateng para Brahmarshi, déné Dushyanta poenika kalebet dateng Râjarshi.

(14). Pikadjengipoen ingriki Kauçika poenika Viçvamitra, ing serat veda, Viçvamitra dipoen wastani anakipoen Kuçika, déné ing serat-serat tjarijosipoen para wirotama ingkang rinangga ing sekar, dipoen wastani poetoenipoen, ing serat Rigveda, ing pangalembana sarta pangela-elanipoen dateng Sang wirotama Viçvamitra; makaten malih Viçvamitra waoe katjarijos panglawanipoen sarta ingkang ngawonaken Sang Brahmana Vasishtha.

(15). Para apsara poenika para widadari ingkang lahiripoen kados Aphrodite saking oemploeking saganten. Sampoen limrahipoen wongsal-wangsoel kaseboet ing serat-serat, saben wonten Panḍita tapa, para Déwa matah widadari kinèn anggoḍa.

(16). Satoenggalt-toenggaling bangsa sami gaḍah tata, gaḍah tjara sarta gaḍah pangraos awon oetawi saénipoen pijambak-pijambak; toemrap ing bangsa Walandi ragi anèh, déné parentoeling karinget boten namoeng dipoen wastani tandaning pang-gresengipoen manah kémawon, nanging inggih oegi dipoen wastani rerenggan, kanggénipoen bangsa Indoe sampoen kalimrah.

(17). Boten koela serat, djalaran namoeng toemrap dateng para ingkang marsoedi ing temboeng Sanskrit kémawon. Kd.

(18). Anaking boedak, oetawi anaking wong toekon, poenika temboeng pangawon-awon toemrapping tjang ingkang kaengelaken, kanggénipoen boten kénging dipoen wastani apik, ananging kanggé ing pitemboenganipoen Vidushaka boten dados poenapa, djalaran Vidushaka bangsaning goelang-goelang. Para maos boten soesah koela èngetaken, bilih ing serat-serat karanganipoen bangsa Europa inggih asring ngemot pitemboengan kasar, saja ing serat-serat ingkang langkoeng kina.

(19). Menggah pikadjengipoen oekara poenika amastani bilih doemawahing kasangsaran poenika badé wonten kasangsaran malih ingkang langkoeng ageng anoesoeli.

(20). Kasantoenan ing temboeng Walandi kados moengel: Kidacâraparikkamam inggih poenika ing temboengipoen Sanskrit: Krtâcarapariskarmânam, sabab mitoeroet ing pangoenandikanipoen goelang-goelang, tetéla bilih dèrèng dangoe kalihan maletèking soerja, inggih poeika kaleres wantjinipoen Sang Nata boesana kados adat; déné sanèsipoen inggih poenika toemrapipoen ing temboeng sesamboetan, kados ingkang kaseboet ing pèngetan angka 57 ing wingking.

(21). Poenika tata tjara Inḍoe ing djaman kina, para Ratoe ingajap-ajap ing tijang djagi bangsa èstri, Strabo oegi martosaken bab tata tjara ingkang makaten poenika, déné bab kawontenani-poen tijang èstri Yavani oetawi Yavana poenika kados-kados tijang èstri tetoembasan saking karadjan Baktrië ing Junani (Griekenland), sabab tijang Inḍoe ing djaman kina manawi mastani tijang Junani poenika: Yavana, boten mawi mawang djaler oetawi èstri, poenika inggih kénging kakinten-kinten, bilih ingkang dipoen wastani Yavani jng serat poenika tijang èstri bangsa Yunani ingkang asalipoen saking Baktrië. Sasédanipoen Praboe Iskandar Agoeng (Alexander de Groote) ingrikoe ladjeng kajajanan karaton Yunani.

(22). Loegoenipoen temboeng moengel: door mij is in het woud geweend (déning akoe ana ngalas ditangisi = taktangisi ana ngalas), sarèhning oengel-oengelan ingkang makaten poenika toemrapping pangertos kita anèh, pramila ladjeng koela djèrèng. Menggah pangertos ingkang sami kalihan ingkang kaseboet inginggil, sarta asalipoen saking Inḍoestan, poenika tetemboengan: de stem eens roependen in de woestijn = soewaraning oendang-oendang ing sagara weḍi.

(23). Inggih poenika sénapatining pradjoerit, ingkang andèrèkaken Sang Nata ambebedag dateng wana, ladjeng sami kèndel makoewon wonten ing satjelaking pratapan, kados déné ingkang sampoen katjèta wonten ing wekasanipoen lampahan ingkang sapisan.

(24). Oengel-oengelan ingkang kaseboet ing ada-ada poenika, sarta inginggilipoen tjaket, poenika mèh boten koela pertal, mèh koela loegokaken kémawon soeraosipoen, djalaran pitemboengani-poen panggoenggoeng sanget anggènipoen magol ing pamertal, menggah pikadjengipoen ingkang nganggit tamtoe namoeng anggènipoen badé ngatingalaken, bilih Sang séna pati waoe oegi kalebet ing sawenèhing poenakawan, poenapa malih anggèn koela ngloegokaken poenika koela rembag perloe soepados katingala sarta teksiha sawantahipoen.

(25). Sūryakānta (soerja kanta?) tegesipoen: katresnaning srengéngé inggih poenika namaning sesotya dedongéngan, bilih sesotya waoe katawangaken ing soroting srengéngé, ladjeng tjõemiprat soemamboerat medal latoenipoen.

(26). Kawaosa: viraidaladâwi dânadamsani, ing temboengi-poen Sanskrit: viracitalatâvitâ nadarçaniyé.

(27). Pamanggih koela bab panggénanipoen, tjotjog kalihan pamanggihipoen Kâtavema, awit boten wonten watonipoen, bilih temboeng: Srîratna poenika sami namanipoen dèwi Laksmî.

(28). Mâthavya, poenika sampoen lami srawoengipoen wonten ing kaðaton, mila leres kémawon ngrèmèhaken ðateng pangang-génipoen lisah ramboet ingkang limrah kanggé ing tijang alit, pandamelipoen saking woh Ingudi, awit ing kaðaton wangi-wangi-nipoen langkoeng aloes, sarta lisah ramboet inggih warni-warni saha wangi-wangi, kados sapréðan, wonten ingkang tjarijos, manawi kinanipoen doemoegi sapoenika, ing djagat boten wonten bangsa ingkang kañah panganggénipoen wangi-wangi ingkang awis-awis pangaosipoen kados bangsa Inðoe.

(29). Ingriki oetawi ing sanès-sanèsipoen panggénan, ingkang mertal koemapeksa anjantoeni pitemboenganipoen Sankrit ingkang kanggé ing serat Vasantalikâ mawi sekar, awit mèh sadaja Çloka ingkang soeraosipoen mangalembana ðateng kawanteraning wirotama, satoenggal-toenggaling Çloka kaðapoer kalih pada, sarta 16 wanda, inggih namoeng kaloegokaken kémawon.

(30). Mitoeroet ing serat angger-anggeripoen Manu, ing boekoe VII v.s. 130-132 tjaraning pambaginipoen pamedaling siti ing Inðoestan kala ing djaman kina, ingkang medal taneman ing sabin sarta ingkang medal wowohan, sekar sapanoenggilanipoen, Sang Ratoe kapandoeman ing sapranemanipoen pamedal.

(31). Ingkang dipoen wastani Gandharva <sup>(1)</sup> mitoeroet tjarijos Kadéwan ing Inðoe ingkang kantoen-kantoen, poenika pasindèn oetawi ahli gending ing kahjananipoen Sang Hjang Éndra. <sup>(2)</sup>

<sup>(1)</sup> Limrahipoen tijang Djawi, ingkang dipoen wastani gandharva=gandarwa =gendroewo, poenika bangsaning demit, woedjoedipoen ageng sarta djaler, manggèn wonten ing kebon oetawi ing wana, asring ngadjrih-adjrihi, poenika saweg tjaijosipoen, koela inggih dèrèng naté keprangoel, wondéné ingkang èstri nama soendel bolong.

<sup>(2)</sup> Bangsaning lelembat satengah Déwa. Zie Roorda.

(32). Mitoeroet dedongénganipoen, Triçanku poenika Ratoe ing Ayodhya oetawi ing Oude, nalikanipoen Sang Ratoe Triçanku waoe darbé paminta datang goeroenipoen anama Vasishtha, ingkang pinidji moelang wonten ing kadaton, soepados Sang Nata sinengkakna ing aloehoer kainggahaken datang kaswargan. Sang Nata ladjeng tampi pangipat-impating goeroenipoen: agesang pepariman kados satoenggaling Cándalâ oetawi Paria. Awit saking poenika Sang Nata Triçanku minta pitoeloengan datang satroenipoen beboejoetan Vasishtha anama Viçvamiçtrâ, ingkang dahat kinadjrihan (kaseboet oegi ing pèngetan angka 14). Triçanku inggih dipoen pitoeloengi minggah ing kaswargan, ananging sareng doemoegi ing kaswargan, Triçanku boten katampèn sarta kaontjalaken déning para Déwa saking kaswargan andjengkelit; Viçvamiçtra sareng soemerep sakalangkoeng moeringipoen, Triçanku tinadahan dawahipoen sarta badé kaontjalaken datang kaswargan malih, éwadéné boten katarimah ing Déwa, temahan Triçanku ladjeng namoeng goemantoeng tanpa tjantèl wonten ing madyagantang, ing saantawisipoen boemi kalihan langit, saha ladjeng soemorot kados lintang wonten ing langit sisih kidoel.

(33). Uçira poenika namaning tetoewoehan Andropagon-muricatum, ojdipoen kapipis kadamel djampi sakit kasrepen angençakaken bentèr, kados déné goðong traté.

(34) Déwaning asmara toerida (sih-sinihan, pamong loeloet djaler lan èstri) bangsa Inçoe nama Sang Hjang Kama oetawi Kâmajaya <sup>(1)</sup> poenika dedamelipoen gandéwa kalihan djemparing, kadosdéné Déwaning asmara toerida bangsa Junani (Griek), kengending gandéwa mawi tawon, béðoring djemparing ingkang kadamel sekar, pramila Sang Hjang oetawi Barara Kâma oegi sineboet Kusumâyudha, tegesipoen ingkang adedamel sekar. Déné ingkang dipoen wastani: tatah wraspati oetawi tatah wrahaspati (de donderbeitel) poenika dedamelipoen Déwaning baledèg Sang Hjang Éndra, katjarijos dedamel waoe kalangkoenglangkoeng koewasanipoen, inggih poenika dedamelipoen Sang Hjang Éndra ingkang kanggé neloekaken para sétan, saminipoen menggahing kawroeh kadéwan bangsa Junani (Griek) poenika dedamelipoen Zeus, awarni gelap, ingkang kasamberaken datang para danawa mengsahipoen, oetawi mitoeroet kawroehing kadéwan bangsa tanah elèr, kados déné dedamelipoen Thor ingkang awoedjoed paloe, oegi kanggé amaloni denawa.

(1) Déwaning asmara toerida bangsa Inçoe anama: Sang Hjang Kama oetawi Kamajaya, Djawi: Sang Hjang Kama oetawi Kamadjaja, inggih Hjang Asmara. Kanggénipoen tijang Junani oetawi inggih ladjeng soemrambah ing Europa anama: Eros sarta Amor toewin Cupido, èstrinipoen onama Aphrodite, Psyche oetawi Venus, ing Djawi: Ratih, Rarasati.

(35) Salah satoenggaling peparabipoen Sang Hjang Kama saking ingkang katah-katah: poenika oegi Ananga, tegesipoen: ingkang tanpa raga, mitoeroet tjetjrijosanipoen, anggènipoen angsal peparab ingkang makaten poenika, ing nalikanipoen angoda dateng Sang Hjang Çiva ingkang saweg mangoen tapa, Sang Hjang Çiva bramantya, Ananga kapandeng, nétranipoen Sang Hjang Çiva angwedalaken dahana, Ananga gosong ing sanalika, ananging menggah jektosing tegesipoen: Ananga, poenika makaten: toemandoejing among asmara djaler kalihan èstri poenika kaanggep déning tetijang Indoe boten saking dajaning badan, nanging saking dajaning roh <sup>(1)</sup>, pramila tanpa raga; ingkang makaten poenika tetélanipoen, déné Hjang Kama oegi apeparab Manasya, artosipoen: ingkang kalahiraken wonten ing roh.

(36). Bokmanawi ingkang moengel: Anasúyam apyanugata leresipoen: Anasúyayâ anugata, sabab temboeng ingkang kapisan poenika boten anggaðahi teges.

(37). Temboeng: Tapâtyaya poenika tegesipoen: poendating mangsa bentèr, toemapaking mangsa djawah, poenika ngemoe raos pasemon: poepoeting pangangah-angah, sarta poepoeting panandang.

(38). Viçâkhâ kekalih, poenika namaning lintang kekalih ingkang ngawontenaken gegebengan ing remboelan, ingkang kaping 16.

(39). Oengel-oengelan ingkang kaseboet ing ada-ada poenika tjetjangkokan saking tjarijos kekidoengan Vançastha.

(40). Taraté ingkang katjarijosaken ing serat poenika, poenika bangsanipoen *Nymphaea esculenta*, ingkang sekaripoen manawi sonten megar, manawi sijang mingkoep.

(41). Temboeng: samudrarasanâ kedah kawaos: samudravasanâ.

(42). Ingkang dipoen wastani laki-rabi tjaraning Gandharva, poenika imah-imah ingkang boten mawi neða palilahing soedarma oetawi sanak saðèrèk, tjekap namoeng sanggem-sinanggeman pijambakan sarana kalahir ing kasagahan ing sih kaprasetyan.

(43). Pamertalipoen boten netepi moengel: sahyanam, nanging kadamel kados moengel: sasahyanam, makaten malih pamaosipoen Katavema ing temboeng Prakrit kados inggih moengel sasahyanam pekahaïssan, katitik saking pamertalipoen ing basa Sanskrit temboeng sasahyanam draxyâmi.

(1) Poenapa Kama?

(44). Ingkang dipoen wastani cakravaka poenika bangsaning peksi ingkang saba ing toja (*Anascasarca*) djaler kalihan èstrinipoen manawi sijang kempal, nanging samangsa sampoen toemapak daloe, ladjeng sami pepisahan, djalaran saking pangipat-ipat.

(45). Aruna poenika soroting srengéngé ing wantji maletèk, bilih teksih katingal abrit, oetawi ladjeng dipoen anggè pangaran-araning koesiring karétanipoen Sang Hjang Soerja.

(46). Pangangkahipoen ingkang nganggit, anggènipoen ngandaraken prakawis sontan-santoening dawahipoen pepestèn, ingkang djalaranipoen saking pandamelipoen Pandita moeda, poenika moenggoehipoen sanget boten namoeng wonten ing bab poenika kémawon, malah-malah toedjoenipoen memet sanget, awit ngangkah badé sagedipoen kasoemerepan, bilih pandamel waoe sampoen doemoegi ing mangsanipoen santoen; pangipat-ipat ingkang kalandoekekaken déning Durwasas badé andjalari dados sesandoengan déné begdjanipoen wanodya wirotama santoen doeka tjipta toewin sangsara.

(47). Sekar traté ingkang megar ing wantji daloe, poenika kaanggep kados katresnanipoen Sang Hjang Tjandra, samangsamanganipoen remboelan sampoen angsloep, sekar traté waoe inggih mingkoep, nanging inggih badé megar malih samangsa katresnanipoen sampoen moenggoep angèsemi.

(48). Kadjeng Çami poenika mempanan sanget, kagosok sawatawis kémawon sampoen moeroeb.

(49). Laxa poenika bangsaning balendok abrit (emak abrit) ingkang kanggé ngelak serat, temboeng Walandi: lak, poenika bokmanawi pamendetipoen saking temboeng Prakrit „lakha” saking temboeng Sanskrit „laxa.”

(50). Gesangipoen Brahmana poenika kapérang tiga, sapisan ing mangsanipoen dèrèng imah-imah, sarta marsoedi kawroeh ing serat-serat soetji, gesangipoen ingkang kaping kalih, sasampoening tamat pasinaonipoen, ladjeng imah-imah sarta angsal seseboetan: ingkang gadah grija. Ingkang kaping tiga saweg saged kalampahan manawi anak-anakipoen sampoen sami ageng sarta goemrantes manahipoen. Ing kala poenika saweg kénging loemebet ing asepen tapa brata amemati raga pijambak oetawi kalijan sémahipoen, amengkeraken karaméan ing donja.

(51). Peksi kokila oetawi bangsaning peksi koekoek ing Indoes-  
tan, poenika toemraping nagari ngrikoe kanggé otjéh-otjéhan.  
Ing serat rerenggan, kanggénipoen tijang Indoe: kados déné  
bangsa Walandi, nganggé peksi nachtegaal, ingkang kaanggep  
sami-sami peksi otjéh-otjéhan saé pijambak otjéhipoen. Manawi  
temboeng ngotjéh poenika ateges nirokaken witjantening ma-  
noengsa kados peksi méntjo, djaka toewa sapanoenggilanipoen,  
dados temboeng ngotjéh ingkang koela toemrapaken ing peksi  
kokila oetawi nachtegaal inggih klintoe, poenapa: moengel?  
oetawi singsot?

(52). Inkang sineboet: Guru poenika tijang sepoehipoen  
pijambak, goeroe ingkang moelang kawroeh agami toewin sanak  
sadèrèk sepoeih sanès-sanèsipoen.

(53). Candana poenika kadjeng tjandana ingkang awis regini-  
poen, toekoelipoen ingkang kajañ wonten ing pèrèngipoen paredèn  
Malaya oetawi ing pasitèn bandjar pandjangipoen Ghats ingkang  
kilèn oetawi Dekkhan.

(54). Avayacaritapurvam, kawaosa Avya caritapurvam.

(55). Goða-rentjana ingkang katandoekaken déning para apa-  
sara dateng para Brahmana, mriksanana pèngetan angka 15.

(56). Çesha poenika ratoening sawer ingkang manggèn ing  
naraka sap-sapan ingkang kaping pitoe ingandap pijambak, inggih  
poenika ingkang dipoen wastani: Pattala Çesha, ingkang asirah  
1000 waoe, njanggi boemi kita kalawan salah satoenggaling  
sirahipoen.

(57). Inkang dipoen wastani ing temboeng Sanskrit: Vaitálka,  
poenika sawenèhing abdinipoen Sang Nata ingkang pinatah ngoen-  
dangaken paméranging dinten, boten kénging kininten, bilih ing  
Indoestan kala ing djaman kinanipoen para Nata tjaranipoen  
(déné kawontenanipoen ing djaman sapoenika boten koela tjarijos-  
aken) ing sadinten-dintenipoen mawi kabagi ing wantji toemraping  
pandamelanipoen Sang Nata mawi kaoendangaken, oetawi para  
Nata inggih satiti anggènipoen anetepi ing kawadjanipoen dateng  
pangagemipoen pérangan dinten waoe, mitoeroet ing pranatanipoen  
pangrèh pradja. Mitoeroet satoenggaling tijang agami Brahma  
anama Canakya, pepatihipoen Sang Ratoe Candragupta ingkang  
djoemenengipoen Ratoe wonten ing Indoestan noenggil djaman  
kalihan Sang Praboe Iskandar Ngabdoel Karnèn (Alexander de  
Groote) sarta Seleucus, bilih tjaraning pambaginipoen dinten waoe  
sadinten kapérang ing 8 wantji, makaten malih daloenipoen. Ing

péranganing dinten ingkang kapisan, inggih poenika wiwit ing wantji éndjing paletèking srengéngé, wantjinipoen Sang Nata boesana; ing wantji ingkang kaping kalih: Sang Nata lenggah moetoesi prakawis; ing wantji ingkang kaping tiga; Sang Nata dahar sarapan; ing wantji ingkang kaping sakawan: Sang Nata nampèni oetawi maringaken pisoengsoeng; ing pérangan ingkang kaping gangsal: wantjinipoen Sang Nata klempakan kalihan para najakaning pradja anggali bab pangrèh nagari; ingkang kaping nem: wantjinipoen Sang Nata kèndel ngaso saha ladjeng sakarsanipoen; ingkang kaping pitoe: mriksani lampahipoen baris oetawi pangladining pradjoerit; ingkang kaping woloe: lenggah angadili prakawisipoen para gegolonganing pradjoerit. Déné paméranging dinten ing wantji daloe sasampoenipoen angsoep srengéngé, ingkang kapisan wantjinipoen anampèni serat-serat saking para tjarakaning pradja; ingkang kaping kalih: wantjinipoen dahar; kaping tiga: wantjinipoen maos serat soetji sarta ngasokaken salira; ingkang kaping sakawan sarta gangsal: wantjinipoen saré; ingkang kaping nem: wantjinipoen woengoe saré sapanoenggilanipoen; ingkang kaping pitoe: anggali prakawis wados kalihan para pinitados; ingkang kaping woloe: ngadjengaken srengéngé mletèk, wantjinipoen Sang Nata anetepi kawadjibanipoen agami, kados ta: memoedya sapanoenggilanipoen. Bab poenika sampoen tjoetjog kalihan pambagéning dinten ingkang dados wantjinipoen nindakaken kawadjibaning Nata ingkang kaseboet wonten ing serat angger-angger pradja Yájnavalkya B.I.v.s. 326-332.

(58). Saking panginten makaten: menggah pamatraping parikramanipoen Sang Nata poenika medal saking roemaos kawadjiban toewin kapantesan, boten namoeng saking reseping galih datang Sang Reshi kémawon, awit badé kawastanan ngoengkak krama toemrapipoen Sang Nata, sarta badé ngatingalaken pambekanoen para Reshi, bilih gadaha panganggep manawi tondak-tandoekipoen Sang Nata waoe sampoen mastinipoen kémawon kedah makaten, awit saking lelabeting kasaénanipoen para Reshi.

(59). Boten perloe koela pratélakaken ingriki. Kd.

(60). Temboeng: pávako oetawi langkoeng prajogi: pabako, poenika dédé temboengipoen Sanskrit: pavaka, pápaka oetawi pápa.

(61). Çaci-tirta inggih poenika padoesan soetji, ingkang kanggé pangénet-énet datang kasoetjianipoen dèwi Çaci, garwanipoen Baçara Indra. Çakravatara, artosipoen toemoeroenipoen Çakra oetawi Indra saking kaswargan.

(62). Inggang moengel: aparihata, kawaosa: aparihrtam.

(63). Kumuda poenika sekar traté inggang megaripoen ing wantji daloe, déné Pankaja poenika sekar traté inggang megar ing wantji sijang, pramila inggang satoenggalipoen dipoen anggé oepami kekasihipoen Sang Hjang Tjandra, satoenggalipoen keka-sihipoen Sang Hjang Arka.

(64). Temboeng: maçchaäsattunotti, koela waos: maçchiäbhat-tunotti.

(65). Parabhritikâ poenika oegi namaning èstrinipoen peksi kokila, inggih poenika peksi engkoek ing Inðoe, inggang kanggé pasemon déning laré èstri waoe.

(66). Sekar inggang kanggé bédoring djemparingipoen Sang Hjang Asmara inggih Sang Hjang Kâma oetawi Kamadéwa poenika: Açoka, Çirisha, sekar mango, sekar traté inggang biroe sarta inggang peñak, katrangan sanèsipoen boten koela katoetaken ingriki, djalaran kirang perloe toemraping para inggang boten marsoedi temboeng Sanskrit.

(67). Temboeng: sampéjaning Ratoe ('s Koningsvoeten) kanggé oepak-oepakipoen kaloehoeraning Ratoe inggang sineboet, saminipoen ing temboeng Walandi: aan de voeten van den troon = ing soekoening çampar, oetawi ing soekoening maligé (1).

(68). Temboeng mitramoe oetawi ingriki: mitranira, pikadjeng-ipoen, kados inggang kanggé ingrika-ngrika, kados kanggé tata-krami moerih raketipoen pawong-mitran oetawi sadérékan, kados ta: mitramoe, kätresnankoe sapanoenggilanipoen, ing tanah Djawi inggih nganggé temboeng inggang makaten: aqimoe = bodjokoe, anakmoe = anakko, sapanoenggilanipoen.

(69). Anggitan inggang mawi sekar poenika pertalaning tem-boeng Walandi saking serat inggang kawedalaken ing nagari Calcutta, doemogining lampahan inggang kaping nem, koela meksa boten saged ngampet wedaling pangginem koela dateng inggang kaseboet ing lampahan inggang kaping nem waoe, ing-gih poenika ing lampahan inggang kaping nem sadaja boten nilar seselan tjetjengésan oetawi sesembranan inggang nglang-koengi, inggih poenika inggang namoeng tjonðong kalihan kang-génipoen ing djaman kina kémawon, tinimbang kalihan kanggé-

(1). Kanggénipoen ing temboeng Djawi sami kalihan ing Inðoe: Sampéjan-dalem.

nipoen ing djaman sapoenika, wondéné ingriki ingkang saka-langkoeng mikantoeke poenika sesembrananipoen Sanumati, ingkang tansah soemela ing paginemanipoen lijan. Sanumati ingkang oepaminipoen kados koemandanging wedalipoen raosing manahipoen ingkang soemerep, anggènipoen tansah nimbang-nimbang wedaling pangraos getoen, ingkang kalahir saking sesambatipoen Sang Nata Dushyanta, ngantos doemoegi soemerepipoen tetéla bilih Dushyanta teksih kénging gadah pangadjeng-adjeng ang-salipoen pangapoenten, poenika goemantoeng wonten ing sih palimirmanipoen para Déwa. Para Déwa anggènipoen badé asoeng pangapoenten datang Sang Nata Dushyanta, samangsa sampoen saged ngjektosi, bilih Sang Nata sampoen saged tanpa mènghèng anggènipoen anglampahi panandang kalawan tobat roemaos kalintoe ing tindak, sarta koewawi nanggoelang sakatahing piawon kalawan panindak kaetamèn; pramilanipoen ing wingking samangsa sampoen doemoegi ing lelampahanipoen, Sang Nasa badé kawoengoe saking pangenglenging galih ladjeng pinatah mangsah ingadjoerit, nglawani para lelembat ingkang sami ambeg resah anggoða-rentjana datang para manoengsa sesaminipoen, kados ingkang katjarijosaken wonten ing wekasanipoen lampahan kaping nem.

(70). Kawontenanipoen wewarnèn ingawang-awang kados ingkang kapangandikakaken déning Sang Nata Dushyanta, poenika wewarnèn ing gegana ingkang kerep katingal wonten ing saganten weði; kerep kémawon para andon lampah kados soemerep toja wonten ing katebihan, ing woesanipoen tetéla bilih wewarnèn waoe boten kaana sajektos. Tetijang Indoe amatani wewarnèn poenika: kasataning sangsam (de dorst der gazel) (1) ing adeg-adeg waoe sampoen tetéla manawi temboeng: pothnikâmajalâm, kedah kawaos: pathi mkâmajalâm.

(71). Manawi katemboengaken sanèsipoen, kados poenapa kémawon bédaning tondak-tandoekipoen Sang Nata ing sadè-rèngipoen njébrataken Çakuntâlâ kalihan ing sasampoenipoen.

(1). Inggang dipoen wastani gazel, poenika bangsaning sangsam, nanging soengoenipoen boten ranggah namoeng kados soengoe ménda Djawi, nanging merit, pandjangipoen 25-36 c.m. inggih bangsaning antilopen. Ing serat Çakuntâlâ poenika oetawi ing serat tjarijosipoen Soeltan Akbar, koela nganggé temboeng: sangsam=randi, namoeng moerih gampilipoen, sanadyan sampoen koela soekani katrangan, koela inggih ragi getoen, déné boten koela loegokaken kémawon, soepados para maos saged priksa bilih kanggé-nipoen ing Indoestan, oetawi ing serat-serat temboeng Sanskrit, awit kinamakina gazel oetawi gazelle poenika kadamel pasemon woedjoeding pawèstri ajoe, kapendet saking tjikating tandangipoen, ngremenaken, mripatipoen saé, manikipoen tjemeng, dedeg pangadegipoen lendjang, péranganing badan sroewi-sroewi tjekapan, badanipoen gilig tjoemekel, tradjangipoen trintjing.

(72). Kapertal mitoeroet oengelpoen kitab soetji: Aditthi-rasohada.

(73). Poenika namaning lampah damel, willoedjengan enz. ingkang toemindak sasampoening tijang èstri wawrat karaos ébahing djabang.

(74). Boeboekan kadjeng tjanjana poenika prantos kanggé djampi ngajemaken sakit bentèr kagosokaken ing daða.

(75). Makaten poenika djedjoeloehipoen Baṭara Vishnu ing panitisipoen (Avatara) ingkang kaping sakawan, ing salebetipoen Avatara ingkang kaping sakawan waoe Sang Hjang Wisnoe amedjahi denawa anama: Hiranyakaçipu (1).

(76). Mitoeroet tjarijos, Sang Hjang Vishnu minta pasitèn datang satoenggaling denawa nama Mahabali, wijaripoen tigang djangkah, Mahabali inggih njoekani, sareng kadjangkah kaping tiga kémawon wijaripoen sampoen sawijaring djagad, djoemangkahhipoen sapisan sampoen ngempoeti djagad, djoemangkah kaping kalih ngempoeti awang-awang, kaping tiga langit. Angin Parivaha poenika namanipoen salah satoenggaling angin pepitoe ingkang kaseboetipoen wonten ing tjarijos kadéwan satoenggal-toenggalipoen anggaḍahi pandamelan sarta anggaḍahi margi pijambak-pijambak.

(77). Oengel-oengelan ing adeg-adeg poenika mitoeroet oengel-oengelanipoen serat ingkang mawi sekar: Vancastha.

(78). Pepèngetan tjarijosipoen tijang mangoen tapa ingkang anglankoengi mantep tékadipoen, sarta langkoeng santosa ing boedinipoen, kerep kémawon kawedaraken, sanadyan kirang leres tjarijosipoen, éwadéne asring oegi katoemrapaken datang tijang tapa ing donja ingkang limrah kémawon.

(79). Temboeng: nirvriti, kawaosa: nirvriti.

(80). Ingkang dipoen wastani Amrita poenika djampi ombèn-ombèn moerih langgengipoen gesang kita, boten saged pedjah-pedjah, sami kanggenipoen kalihan ingkang kaseboet ing tjarijosipoen kadéwan bangsa Junani (Griek) djampi ombèn-ombèn Ambrosia.

(1). Poenapa ingkang wonten ing ringgit Djawi, denawa Sakipoe oetawi Sekipoe (çakipu).

(81). Pétanganing wanda mitoeroet tjarijos mawi sekar: Apacchandāsika.

(82). Pangarang ing temboeng Walandi kangélan sanget anggènipoen njangkok paketjapanipoen, ing paketjapanipoen laré èstri waoe moengel: saundalāvannam, inggih poenika ingkang dodas djalaranipoen ladjeng katirokaken déning laré waoe moengel: saundalā, menggah tjetanipoen inggih poenika: Çakuntālā.

(83). Poenika panganggènipoen ramboet ingkang mangka tanda prihatos, déning pepisahan kalihan lakinipoen.

(84). Inggang dipoen wastani Rohini, poenika papan panggèning lintang-lintang ing gegolongan ingkang kaping 27, isinipoen lintang 5, wondéné ingkang linangkoeng pijambak anama Aldebaran, menggah toemrapipoen ing pasemon, ingkang kanggé ing tjarijos kadéwan, Rohini poenika sasaminipoen garwa 27, ingkang dipoen tresnani pijambak déning Hjang Tjandra, déwaning remboelan, inggih Hjang Sitaresmi.

85. Srengéngé poenika pendak woelan kaanggep sanès sanès woedjoedipoen.

(86). Kirang perloe koela patjak ing karanganipoen temboeng Djawi poenika.

(87). Ing serat-serat poenapa kémawon, awis sanget pinanggih larikan-larikaning pitemboengan ingkang ngewrat oengeloengelan ingkang aloesing pitemboengan, barèsing pikadjengan sarta aloesing beboedèn saged dados satoenggal kados ingkang pinanggih ing tjarijos Çakuntālā, langkoeng malih panginten koela, pangarang poenika ingkang pantes ingalembana bab anggènipoen saged ngraosaken pangroempakanipoen, gotak-gaçoekipoen kalihan pikadjenganipoen, kados ta: pangarang boten pisan-pisan poeroen ngatingalaken koemresik-resikipoen Çakuntālā oetawi patrapipoen Çakuntālā nalika pepanggihan kalihan Dushyanta, namoeng kasamoen ing sasrapadan. Sanèsipoen poenika boten koela katoetaken ingriki, awit koela rembag kados sampoen tjekap.

(88). Boten perloe koela patjak ingriki.

(89). Bharata oegi anggadahi teges: tijang ingkang dados ringgit, pramila oengeling oekara ingkang kaseboet ing adeg-adeg ingkang kantoen pijambak, poenika oegi pantes minangka pamoedji ardjā dateng para ingkang sami dados ringgit.

## ISINIPOEN.

	Katja.
Pamboeka . . . . .	9
Pènget . . . . .	14

### Kawitan.

1. <i>Dandang-goela 3 pada.</i> Poedjian . . . . .	15
2. <i>Sinom 11 pada.</i> Potjapanipoen tooneeldirecteur kalihan pawèstri ringgit tijang . . . . .	15
3. <i>Midjil 1 pada.</i> Rerepènipoen pawèstri ringgit tijang.	17
4. <i>Sinom 4 pada.</i> Ladjenging potjapanipoen tooneeldirecteur kalihan pawèstri ringgit tijang bab pamilihing lampahan . . . . .	17

### Lampahan ingkang sapisan.

5. <i>Pangkoer 17 pada.</i> Praboe Dushyanta nitih kréta, ngandikan kalihan koesir. Sang Praboe badé ndjemparing kidang ladjeng dipoen penggak déning tijang tapa . . . . .	18
6. <i>Asmarandana 27 pada.</i> Sang Praboe ngandikan kalihan tijang tapa bab kawontenanipoen pratapan ngrikoe.	21
7. <i>Midjil 27 pada.</i> Çakuntâlâ saktantjanipoen sami njirami wit-witan, ladjeng dipoen poeroegi ing Sang Nata . . . . .	25
8. <i>Kinanti 119 pada.</i> Sang Nata ngandikan kalihan Çakuntâlâ saktantjanipoen . . . . .	29
9. <i>Megatroeh 67 pada.</i> Sang Praboe ngandikan kalihan Vidushaka toewin Sénapati bab anggènipoen ambebedag . . . . .	44
10. <i>Dandang-goela 58 pada.</i> Sang Praboe dawoeh ngèndelakan anggènipoen sami ambebedag. Vidushaka kadawoehan wangsoel dateng nagari makili Sang Praboe.	52

### Lampahan anjelani.

11. <i>Dandang-goela 5 pada.</i> Potjapanipoen Brahmana nénéman kalihan Priyamvada. Brahmana nénéman ngalembana Sang Praboe, Priyamvada njarijosaken bilih Çakuntâlâ sakit. . . . .	65
---	----

## II

### Lampahan ingkang kaping tiga.

Katja.

12. *Midjil 64 pada.* Sang Praboe sekel ing galih, djalaran kasmaran dateng Çakuntâlâ, ladjeng moeroegi pang-génanipoen Çakuntâlâ. Çakuntâlâ saweg sakit dipoen tenggani para mitranipoen. . . . . 66
13. *Kinanti 85 pada.* Daoepipoen Sang Praboe kalihan Çakuntâlâ . . . . . 74

### Lampahan anjelani.

14. *Kinanti 40 pada.* Potjapanipoen Anasuya kalihan Priyamvada, ngraosi bab daoepipoen Çakuntâlâ. . . 85

### Lampahan ingkang kaping sakawan.

15. *Pangkoer 77 padu.* Çakuntâlâ sampoen anggarbini, badé dipoen soesoelaken garwanipoen dateng nagari. 91
16. *Megatroek 82 pada.* Çakuntâlâ biðal dateng nagari kairingaken tijang saking pratapan sawatawis. . . 103

### Lampahan ingkang kaping gangsal.

17. *Midjil 99 pada.* Sang Praboe manggihi tamoe saking pratapan ingkang ngeteraken Çakuntâlâ. . . . . 113
18. *Pangkoer 72 pada.* Praboe Dushyanta boten karsa nampèni Çakuntâlâ, awit Sang Praboe boten kêngetan bilih sampoen naté krama kalihan Çakuntâlâ. Çakuntâlâ dipoen sébrataken, ladjeng dipoen toeloengi ing Widadari . . . . . 126

### Pamboekaning lampahan ingkang kaping nem.

19. *Doerma 34 pada.* Poelisi njepeng tijang misaja oelam, djalaran manggih sesoepé agemipoen Sang Praboe. 138

### Lampahan ingkang kaping nem.

20. *Dandang-goela 68 pada.* Sang Praboe sakalangoeng kedoewoeng anggènipoen njébrataken Çakuntâlâ, malah ladjeng gandroeng . . . . . 144
21. *Sinom 83 pada.* Sang Praboe mriksani gambaripoen Çakuntâlâ, lan karanta-ranta ing galih déné dèrèng kagoengan poeta. Sang Praboe ladjeng dipoen resaja ing Hjang Èndra, kaðawoehan njirnakaken para danava ingkang ambek djail . . . . . 158

III

Lampahan ingkang kaping pitoe.

Katja.

22. *Asmarandana 111 pada*. Sang Praboe nitih kréta kagoenganipoen Hjang Éndra, badé njirnakaken mengsah, ladjeng pinanggih kalihan satoenggaling laré djaler ingkang sanjatanipoen poetraniipoen pijambak. 176
23. *Kinanti 104 pada*. Sang Praboe kepanggih kalihan Çakuntalâ garwanipoen . . . . . 193  
Pêngetan katranganipoen angka-angka ingkang mawi kakoeroeng ing akkolade. . . . . 208

---

*Ngleresaken kalepatan.*

Tembang *Kinanti* ing katja 74 poenika leresipoen angka 13, makaten oegi tembang tjanðakipoen ngantos doemoegi tembang *Dandang-goela* katja 144 poenika leresipoen angka 20.

**Serie No. 59c. Pakem Ringgit Poerwa IV.** Tj. 2. L. 54 k. 8°. (Rinengga ing gambar 9 idji). . . . . f 0,35.  
Isi tigang lampahan: 1 Obong-obongan balé sigala-gala, 2 Djalag Abilawa toewin 3 Kangsa.

**Serie No. 59d. Pakem Ringgit Poerwa V lan VI.** Kadadosaken saboekoe. Tj. 2. L. 49 k. 8°, (Rinengga ing gambar 20 idji). . . . . f 0,35.  
Isi nem lampahan: 1 Semar djantoer, 2 Djaladara rabi, 3 Alap-alapan Soertikanti, 4 Alap-alapan Banowati, 5 Alap-alapan Drosilawati toewin 6 Pandawa doelit.

**Serie No. 59e. Pakem Ringgit Poerwa VII lan VIII.** Kadadosaken saboekoe. Tj. 2. L. 58 k. 8°. (Rinengga ing gambar 16 idji). . . . . f 0,35.  
Isinipoen gangsal lampahan: 1 Koembajana, 2 Pedjahipoen Gandamana, 3 Kresna Poedjanga (Alap-alapan Setja boma), 4 Kresna kembang (alap-alapan Roekmini) toewin 5 Ambangoen taman Maérakatja (Kartanadi) oetawi alap-alapan Srikandi.


**Serie No. 82. Gara-gara.** R. Soeradi Dirdjasoebrata. Tj. 2. Dj. 54 k. 8°. (Rinengga ing gambar 20 idji). . . . . f 0,25.  
Petilan ringgit Poerwa lampahan bembang Koesoemasmara, wiwit medalipoen panakawan: Semar, Garèng toewin Pétroek, doemoegi prang gagal.

Leloetjonipoen Semar, Garèng toewin Pétroek ing serat poenika boten katerangaken ingriki. Sinten kepéngin soeka panggalhipoen toer goemoedjeng kekel kalajan wragad sakedik, maosa serat poenika.

**Serie No. 230. Tjarita lélampahané nabi Joesoep.** R. Sasrakoesoema. Dj. 50 k. 8°. (Mawi sekar). . . . . f 0,35.  
Petikan saking kitab Torèt, njarijosaken wiwit nabi Joesoep taksih timoer, soepena dipoen-soedjoedi ing lintang toewin remboelan, saladjengipoen siniksa dateng para kadang-kadangipoen, ngantos djoemenengipoen Nata wonten ing nagari Mesir.

Tjarijos adi poenika prajogi sanget dados waosanipoen tijang sepoeh oetawi waosanipoen para moeda, awit kadjawi ngleloeri tjarijosing para Nabi, iketaning sekar saé, kénging kadamel pepiridan.

**Serie No. 237. Lélampahan ringgit Poerwa.** M. Moedana. Dj. 51 k. 8°. . . . . f 0,40.  
Isi tjarijos ringgit Poerwa 6 lampahan: 1 Lahiripoen Gatoetkatja, 2 Praboe Wibisna ngoepadosi panoekmanipoen Batara Wisnoe, 3 Lahiripoen Abimanjoe, 4 Lisah Djajèng katon, 5 Srikandi dados djaler toewin 6 Makoeta-Rama.



Syracuse, N. Y.  
Stockton, Calif.

U.C. BERKELEY LIBRARIES  
  
C008260637

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / <https://hdl.handle.net/2027/uc.b4684484>  
Public Domain in the United States; Google-digitized / [http://www.hathitrust.org/access\\_use#pd-us-google](http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google)

